ОЗБЕКСТАН ССР ИЛИМЛЕР АКАДЕМИЯСЫНЫНГ
ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ФИЛИАЛЫ

ТАРИХ, ТИЛ ҲАМЬ АДЕБИЯТ ИНСТИТУТЫ

БАБАШ ИСМАИЛОВ

# КУНХОЖАНЫНГ ОМИРИ ҲАМЬ ТВОРЧЕСТВОСЫ

ҚАРАҚАЛПАҚ МАМЛЕКЕТ БАСПАСЫ
НОКИС—1961

www.ziyouz.com kutubxonasi

www.ziyouz.com kutubxonasi

## 1. ҚРИС

СССР Жоқарғы Советининг «Советлер Союзынынг халқларына үндеуинде» көрсетилгениндей-ақ «Уллы Октябрь революциясы минеткешлерди женгимпаз социалистлик қурылыс жолына алып шықты, олардынг құдретли доретушилик кушлерин иске қосты.»[1]

Уллы Октябрь революциясы алып берген азатлық, үлкен праволар менен кенг мумкиншиликлер арқалы озининг творчестволық кушлерин корилмеген дарежеде рауажландырған қарақалпақ халқы Совет власты жылларында озининг экономикалық ҳамь мадени турмысынынг барлық тарауында ажайып табысларға еристи.

Революцияға шекемги Қарақалпақстанда халқтынг куш-уқыбынынг байлауда болғанлығы, халқ талантларынынг осе алмай тұншыққаны, тек уллы Октябрьдинг ғана еркин рауажлануға жол ашқаны еки даурде жасаған еки улкен қарақалпақ шайрынынг—XIX асир қарақалпақ адебиятынынг енг улкен уакили Бердақ Қарғабай улынынг (1828—1900) ҳамь қарақалпақ совет адебиятынынг белгили уакили халқ шаиры Аббаз Дабыловтынг қосықларынан келтирилетуғын томендеги узиндилерде кута образлы турде корсетилген. Озининг «Болған емес» деген қосығында:

«Сбызғы болдым, саз болдым,
Уним шықпады аз болдым,
Палапан емес, ғаз болдым,
Қонарға кол болған емес...
...Гул болдым, гул жайнамадым,

---

[1] «Совет Қарақалпақстаны» газетасы, № 225 (7224), 11-октябрь, 1957—жыл.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ойшы болдым, ойламадым,
Булбил болдым, сайрамадым,
Ҳадисе аз болған емес»[1] деп жазган уллы шайыр

Бердақ, буған себеп етип «тастай тунекте жабыққанлығын,[2] озине заманлас жамиеттеги аур ҳамь азаплы омирди, еркин пкирлердинг қудалануын айтады. Сонынгменен бирге шаир озинен бурынғы ҳамь озине заманлас Кунхожа, Ажинияз сияқлы шаирлардынг-да бахытсыз, қайғылы омирде откенлигин корсетеди.[3] Ал, бзинг социалистлик заманымыздынг жыршысы Аббаз Дабылов Уллы Октябрь берген бахытты, қарақалпақ халқынынг кенг рауажлануына жол ашқанлығын, революция косеми уллы Ленинге халқ алғысын ҳамь миннетдарлығын билдире отырып, озининг «Мавзолей» деген қосығында блай дейди:

«Қарангғыдан атырып енг тангымды,
Ашып единг қусырылған жағымды,
Мумкин болса берер един жанымды,
Азатлыққа алып шыққан косемим.
Қарақалпақ едик азғантай улттан,
Азапты коп корген жуан жудырықтан,
Азат етип сондай гунглик, қуллықтан,
Қуаныш, бахытты берген косемим.[4]

Революцияға шекем тутас ел ямаса халқ спатында ҳеш кимге белгили болмаған Қарақалпақстан ҳазир рауажланған алдынгғы санаатына ҳамь алдынгғы қатар техникаменен қуралланған аулхожалығына, мазмуны бойынша социалистлик, формасы бойынша миллетлик мадениятына ие советлик республикалардынг бри.

Совет Қарақалпақстанынынг Совет властьы жылларында қаншелли тез патпенен оскенлигине мна бир ғана фактти келтирейик:

«Вестник воспитания» деген журналдынг 1906—жылғы есаплап қарап шамалауы бойынша, сол уақта жургизилген мектеп қурылысынынг патименен Орта Азия халқларынынг арасында сауатсызлықты сапластыру ушын енг кем дегенде 4600 жыл керек болған.[5] Бул шамалау, жо-

[1] Бердақ, «Тангламалы шығармалары». ҚҚМБ, Нокис, 1956-жыл. 26—бет.

[2] Бул-да сонда, 26—бет.

[3] Бул-да сонда, 30—бет.

[4] «Қарақалпақ поэзиясынынг антологиясы», ҚҚМБ, Нокис, 1956-жыл, 162—бет.

[5] В. М. Каирян. «Дружба народов СССР — источник могущества советского государства», «Знание» басласы, 1957—жыл, 28—бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

қарыда айтқанымыздай-ақ, Орта Азия халқларынынг ишинде-де халқтынг сауатлылығы жонинен артта қалған қарақалпақ халқы ушын асресе тиисли еди. Елимизде халқты бундай сауатсызлықта услап келген системанынг Октябрь революциясы тарепинен қулатылуы, социалистлик қурылыслар натижесинде бул шамалаудынг муғдары фантазиялық муғдарда қысқарды. «1939-жылдынг озинде-ақ Совет властынынг 22-нши жлында Қарақалпақстанда сауатсызлық тиқарынан сапластырылды»,[1] Қарақалпақстан—галаба сауатлылар республикасына айналды. Революцияға шекемги Қарақалпақстанда сауатлы адамды табу қандай қйын болған болса, ҳазир керисинше, сауатсыз адамды табу сондай қйын. Қарақалпақ халқы маденияттынг барлық тарауында улкен табысларға еристи, республикада улкен мадени революция иске асты, қарақалпақ халқынынг рухи кушлери корилмеген дарежеде тулленди, Уллы Октябрьден туылған қарақалпақ совет адебияты, бурынғы адебияттай тек поэзиядан ғана емес, ал сонынгменен бирге прозадан-да, драматургиядан-да, адебият критикасынан-да ибарат коп тараулы адебият болып рауажланды, Уллы рус халқынынг ҳамь басқа-да туысқан халқлардынг жардемименен, рус совет илимпазларынынг тиккелей қатнасыменен Қарақалпақстаннынг тарихында бринши рет илими макемелер пайда болып, жоқары квалификациялы илими кадрлары осип жетисти, илим—қарақалпақ совет маданиятынынг, халқ турмысынынг улкен бир болегине айналды, қарақалпақ халқынынг турмысында Октябрь революциясы алып келген жангалықтынг бреуи спатында 30-жылларда доreген жас театр искусствосы-да ҳазир Путкилсоюзлық дангққа ие бола баслады.

Совет власты жылларында қарақалпақ халқынынг жанга социалистлик маденияты дореп ҳамь рауажланып ғана қоймай, онынг революцияға шекемги неше асирлер дауамында, байлар ҳамь феодаллар, руханилар, сыртқы басып алушылар езуи астында дореген, халқтынг қайғылары менен аур турмысын суретлеген, халқтынг азатлық, бахыт ҳаққындағы арзу-арыманларын ,енг жақсы традициялары менен тлеклерин, гуреслери менен қаҳарманлықларын баян еткен маденият мирaслары-да жанга омир-

---

[1] «Торжество ленинской национальной политики» деген мақала. «Правда Востока» газетасы, 27-январь, 1957-жыл, № 21 (10081).



www.ziyouz.com kutubxonasi

ге ие болды. Қарақалпақ халқынынг бай аузеки творчествосынынг, қарақалпақ классик поэзиясынынг, шығармалары қарақалпақ совет адебиятынынг шығармалары менен бирге республикамыздынг баслауш, жети жыллық ҳамь орта мектеплёринде, орта ҳамь жоқары оқу орынларында адебият тарихы курсы спатында арнаулы фань болып оқытылмақта. Сонынгменен бирге олар қарақалпақ совет адебиятынынг улкен дереклеринен бреуи болып есапланады.

«Пролетариат маденияты,—деген еди Владимир Ильич Ленин 1920-жлы 2—октябрьде Путкилсоюзлық Коммунистлик жаслар Союзынынг съездинде сойлеген созинде,—ғайыптан болған нарсе емес, озлерин пролетариат мадениятынынг қанигесимиз деп айтатуғын адамлардынг ойлап шығарғаны емес... Пролетариат маденияты адамзаттынг капиталистлик жамиеттинг, помещиклик жамиеттинг, чиновниклик жамиеттинг езуинде жасаған уақытлардағы доретken блим хорланынынг нзамлы рауажлануы болуы тиис»[1].

Владимир Ильич Ленин усылайынша откендеги мадени мирасланрдынг жанга пролетарлық мадениятты жасау ҳамь рауажландырудағы зор аҳмиетин айтуменен бирге еле буннан бурынғы 1913-жылғы «Миллет маселеси бойынша критикалық заметкалар» деген минетинде капитализм тусында, улума қарама-қарсы класслар омир сурген жамиетлерде бир уақыттынг озинде минеткешлердингде, езушилердингде маплерин тенгдей баян ететуғын бирден— бир маденият болмайтуғынлығын ашып берип ҳамь усыған байланыслы откендеги мирастан қалай файдаланудынг жолын корсетип блай деп жазған еди: «Ҳазирги замандағы ҳарбир миллетте еки миллет бар... ҳарбир миллетлик маденията еки милли маденият бар...»[2] «Ҳарбир миллет мадениятында рауажланбаған болса-да, демократиялық ҳамь социалистлик маденияттынг элементлери бар, ойткени, ҳарбир миллетте минеткеш ҳамь эксплуатацияланушы масса бар, бул массанынг турмыс жағдайлары, созсиз демократиялық ҳамь социалистлик идеологияны туғызады. Брақ, ҳарбир миллетте буржуазиялық (ал копшилигинде болса черносатенлик ҳамь клерикаллық)

---

[1] Ленин, «О культуре и искусстве». «Искусство» Мамлекетлик баспасы, Москва, 1956-жыл, 287—бет.

[2] В. И. Ленин, Сочинения, Том XX, 4-изд. Госполитиздат, 16--бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

маденият-та бар, онынг устине ел тек «элемент» туринде ғана емес, ал устемшилик етуши маденият туринде барады... биз ҳарбир миллет маденияттынан тек демократиялық ҳамь социалистлик элементлерин ғана аламыз, алғанда-да оларды ҳарбир миллеттинг буржуазиялық маденияты на, буржуазиялық миллетшилигине тек ғана ҳамь созсиз қарама-қарсы қою ушын аламыз.[1] В. И. Ленинниннг бир миллет ишиндеги еки турли миллет, бир миллет маденияты ишиндеги еки турли маденияты ҳаққындағы бул данышпанлық талиматында откендеги мадени мирасқа жалпыламай емес, ал, критикалық қатнас жасау зарурлиги ескертилуменен бирге, бзинг жанга пролетарлық маденияттымыздынг дереклерининг бреуи болып есапланатуғын откендеги прогрессив маденияттынг улкен сияси —жамиетлик аҳмиети-де ашып корсетилген.

Сонлықтан-да мадени мирасларға, сонынг ишинде революцияға шекемги аузеки халқ творчествосынынг ҳамь жазба адебият уакиллерининг шғармаларын пропагандалауға, басып шғаруға, изертлеуге, сақлауға Совет властынынг брингши кунлеринен баслап-ақ улкен кеул болгенлиги толық табиғи ҳамь тусиникли нарсе.

Марксизм—ленинизм «Ҳарбир миллет, мейли улкен болсын, кишкене болсын, тек сонынг озине ғана тиисли ҳамь басқа миллетлерде ушыраспайтуғын спатлық озгешеликлерине, озь спецификасына ие, бул озгешеликлер ҳарбир халқтынг жержузилик маденият ғазинесине қосатуғын, оны толықтыратуғын ҳамь байытатуғын улеси болып есапланады»[2], деп қарайды.

Солай етип, откендеги адеби мираслар жержузилик маденияттынг жалпы ғазинесине улеслер қосқан ҳамь қосып отырған елимиздеги барлық халқлардынг усы улеслерининг бир болеги болуы жане олардынг озине тань озгешеликлерининг тикарғы коринислеринен бреуи болуы жағынан-да улкен аҳмиетке ие. Сонлықтан-да, 1948-жлы совет музыкасы ғайраткерлерининг ВКП(б) Орайлық Комитетинде откерилген совещаниесинде А. А. Ждановтынг айтқанындай-ақ «большевиклер... барлық халқлардынг, барлық даурлердинг мадени мирасларын, оннан совет жамиетининг минеткешлерин,

---

[1] В. И. Ленин. Сочинения. Том XX, 4-изд. 8—бет.

[2] «Большевик» журналы, 1948-жыл, № 7—2 бет. И. В. Сталинниинг Финляндия делегациясыменен гуррингинен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

минетте, илимде ҳәмь маденияттa рухландыратуғын болеклерин сайлап алу ушын критикалық козбенен озлестиремиз».

Адеби мираслардынг бул улкен аҳмиетли рольлерин турмысқа асыруда адебият илимининг тутатуғын орны кута улкен. «Искусство тарихы деген қандай қзықлы тарау,—деген еди Ленин А. В. Луначарскийге, — онда коммунист ушын не деген жумыс бар».[1]

Мне усы аҳмиетине байланыслы, басқа туысқан республикалардағы болғаны сияқлы Қарақалпақстандағы мадени революцияда-да адебият илимнинг дорeу ҳамь рауажлану процесси кута улкен орын тутты.

Қарақалпақстанда халқтынг аузеки бай творчествосын, адебият шғармаларын изертлеу, уйрену иси шын манисинде Октябрь революциясынан кейн ғана басланды, буларды изертлейтуғын, баҳалайтуғын адебият критикасы менен адебият илимининг озлери-де Уллы Октябрь революциясынан кеин, Коммунистлик партиянынг миллетлик сиясатынынг женгиси, революциядан қайта туылған қарақалпақ халқынынг социалистлик экономикасы менен мадениятынынг гуллеп рауажлануы туғызған жағдайлар менен қойған талапларынынг натижеси болып Совет власты жылларында рус совет илимпазларынынг жардеми ҳамь тиккелей қатнасуыменен дореди.

Дурыс, революцияға шекем-де рус ҳамь басқа-да туысқан халқлардынг алдынгғы қатарлы адамлары қарақалпақ халқынынг аузеки творчествосынынг байлығына қзығушылықпенен қарап, жоқары баҳа берди. Мсалы, еле откен асирдинг қырқыншы жылларында атақлы қазақ илимпазы Чохан Валиханов: «Қарақалпақлар саҳрадағы бринши шаирлар ҳамь қосықшылар болып есапланады»—деп жазған еди.[2]

Революцияға шекем қарақалпақ тлин бринши изертлеуши болып есапланатуғын, XX асирдинг басында қарақалпақ арасында болып, қарақалпақ аузеки халқ творчествосынынг бирқанша улгилерин жазып алған ҳамь олардынг гейпаларын бастырған рус илимпазы И. А. Беляев-та: «Этнограф Чохан Валиханов қарақалпақларды

---

[1] Цитата Б. Мейлахтынг «Ленин о культуре и искусстве» деген жинақақ жазған крис сознпен алынды. Госиздат «Искусство». 1956. Москва, 9—бет.

[2] Ч. Ч. Валиханов, Сочинения, изд. Русского географического общества, отд. этнографии 1904 г. Петербург, XXIX том 192-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

саҳрадағы бриншии шаирлар деп ҳамь қосықшылар деп дурыс айтқан екен» деп жазады.[1]

Брақ алдынгғы қатар адамлар арасында қарақалпақ халқынынг поэтикалық талантын усылайша танытқан аузеки халқ творчествосы байлықлары халқ шаирларынынг шғармалары Октябрь революциясына шекем дерлик илимге белгисиз болып, сондай-ақ қонгсы халқлардынг арасына, ҳаттеки қарақалпақ минеткешлерининг кенг массасына-да аз таралып келди. Хиуа ханлары, жергиликли амелдарлар жане руханилар халқтынг тлегин билдиретуғын шғармалар менен шаирларды қудалап келди. Буған откендеги қарақалпақ шаирларынынг омиринен кута коплеп мсал келтиру мумкин: озининг атақлы «Посқан ел» поэмасында қарақалпақ халқынынг ата журты Туркстанды таслап кетуине ел ишиндеги байлары менен бийлердинг, молла—ишанлардынг-да улкен себепши болғанлығын, олардынг сатқынлығы менен зулымлығын ашкаралағаны ушын ҳамь халқ мапин жырлағаны ушын классик шаир Жиен жрау Тағай уллы устем топарлар тарепинен кушли қудалауға ушрайды. Шаирдынг бул аур ауҳалға байланыслы журек сезимлери онынг» Хош болынг дослар» толғауында кута тасирли турде баян етилген.[2]

Ҳақиқатты айтқаны, жарлылардынг мапин жырлағаны ушын, шаир Кунхожанынг омири-де омир бойы азапақыретте, қйыншылықта отти.

Бул азапты Кунхожа жасаған XIX асирдинг енг улкен шаиры Бердақ-та басқа қарақалпақ шаирлары-да корди.

Халқ мапин жырлаған шаирлардынг азап-ақыретте жасауы революцияға шекемги даурде адеби мирасларға жасалған қатнастынг характерин кута айқын корсетип турады.

---

[1] «Протоколы заседания и сообщения членов Закаспийского кружка любителей археологии и истории Востока» вып. 3. Ашхабад. 1917-жыл 39—бет.

[2] ОзССР Илимлер Академиясы, Қарақалпақстан комплексли илим-изертлеу институтынынг фонды, қолжазба, ф. 75, № 1120, 222—227 бетлер.

(Қарақалпақстан Комплексли илим изертлеу институты (қысқарған турде ҚҚКИИ ямаса ККҚНИИ — бул ҳазирги ОзССР Илимлер академиясы Қарақалпақстан филиалынынг Тарих, Тил, адебият институты).



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дурыс, Қарақалпақстан территориясының бир болеги тиккелей Россия қол астына қарап, Аму дарья болими дузилгеннен кейн Россиянынг ҳукиметлик топарлары арасында жангадан қосылған улкени уйрену маселеси додалана баслады. коп отпей илими экспедиция — да жберилди[1]. Бунынг устине Россиянынг территориясы спатында Қарақалпақстан рус илиминиңг изертлеу объектисинен орын ала баслады. Сондай-ақ қарақалпақ жерине хызметке келип ислеген айрым рус адамлары-да улкени уйренуменен шуғыллана баслады. Мне усы жағдайларға байланыслы революцияға шекем-де қарақалпақ аузеки халқ творчествосынынг гейпара улгилери жазып алынып, бастырылып шғарылды. Мсалы, 1875-жыл Петербургта Н. Каразин тарепинен қарақалпақлар арасынан жазып алынған ҳаяллар патшалығы ҳаққындағы ертек.[2] 1901-жыл А. Росикова тарепинен Торткулде жазып алынған ертеклер[3], 1902-жлы Ташкентте фольклорист Абубакир Диваев тарепинен «Алпамыс» эпосынынг Жиемурат жрау Бекмухамед улынан жазып алынған варианты,[4] басылды, сондай-ақ Н. Остроумовтынг «Туркстан крайынынг жергиликли халқларынынг нақыл ҳамь мақаллары» деген ктабына,[5] профессор Березиннинг «Турк хрестоматиясы» деген ктабына-да[6] бирқанша қарақалпақ нақыл — мақаллары кирген. Буларға қоса Петербург университетининг студенти И. А. Беляевтинг қарақалпақ тлин изертлеу бойынша материаллар топлау мақсетинде қарақалпақлар арасында болып, бирқанша легенда, ертеклер менен дасьтанларды, сонынг ишинде қарақалпақ «Шежире»син жазып алғанлығын ҳамь онынг базыбреулерин 1917-жлы Ашхабадта дағазалан-

---

[1] Т. А. Жданко, «Очерки исторической этнографии каракалпаков», из-тво АНСССР Москва, 1950 г. Ленинград, 4—бет.

[2] «Древняя и новая Россия», 1875 г. 2—том.

[3] Журнал «Научное обозрение», Санкт—Петербург, 1901, № 10.

[4] Сборник материалов для статистики.., Сырдарьинск, обл. на 1902 г. Ташкент, 1902, 1—40 бетлер.

[5] М. Нурмухамедов, «Қарақалпақ совет адебиятынынг рауажлануына рус адебиятынынг тасири» деген минети, ҚҚМБ, Нокис, 1956-жыл. 9—бет.

[6] Н. Дауқараев, «Қарақалпақ адебияты тарихынынг очерклери», докторлық диссертациясынынг қолжазбасы, ОзССР Илимлер Академиясынынг баспасына 1957 жлы таярлаған варианты 7—бет. Комил. илим изертлеу институтынынг фонды



www.ziyouz.com kutubxonasi

ганлығын айту мумкин.[1] Қарақалпақ аузеки халқ творчествосынынг шығармаларын жазып алуға Қарақалпақстан жери Россияға қосылмастан бурынлары-да гейпара ҳарекетлер болған. 1740—41-жылларда Муравин ҳамь Гладышевлер Сыр дарьянынг томенги жағасындағы қарақалпақлардан бирли-ярым фольклорлық ҳамь этнографиялық материаллар, П. Рычков сол шамаларда бирқанша ертеклер менен легендалар жазып алған. откен асирдинг 40-жылларында Чохан Валиханов-та айрым фольклорлық материаллар жазып алған.[2]

Жазып алу, қысқартылған турде, гейуақта руоша жай аудармасы менен қосып дағазалаудан ибарат болған, бул жумыслардынг муғдары, усы айтып отилгениндей-ақ оғада аз болды. Онынг устине бул дағазаланған нарселердинг ҳешқайсысы-да халқтынг қарақалпақ адебиятын уйрену мапине хызмет ете алған жоқ, олар оқушылардынг қолына жетпеди-де. Усы ислердинг ози-де тек аузеки халқ творчествосынынг айрым дус келген улгилерин ғана озь ишине алды. Қарақалпақ классик шаирларынынг шығармалары улума қол тигизусиз қалды. Дурыс, жоқарыда айтылған. А. Беляевтынг жазып алған ҳамь дағазалаған ««Шежире»си Бердақтынг белгили «Шежире» поэмасынынг бир болими болған, брақ Беляев кимнен жазып алғанлығын айтпаған, Бердақтынг аты корсетилмеген,[3] Буннан басқа «адебият тарихы изертлеушилердинг тлек етуи бойынша, Бердақтынг озь шығармаларын ҳамь блетуғын созлерин жазып алу мақсетименен Бердақ шаир 1900 жыллардынг гуз айларында Аму-дарья отделининг начальниги арқалы Торткул қаласына шақыртылады. Брақ оған бара алмай, Нокистен кейн қайтып кетеди»[4], буған сол уақытта 73 жасқа келген шаирдынг коликсизлиги ҳамь науқаслығы себеп болады. Солай етип, қарақалпақ классик шаирлары шығармаларынынг революцияға шекем ҳешқандай фор-

---

[1] «Протоколы заседаний сообщения членов Закаспийского кружка любителей археологии и истории Востока,. «вып. 3,4 Ашхабад. 1917 г.

[2] М. Нурмухамедовтынг жоқарыдағы минети, 8—бет.

[3] И. Сагитов. «Бердақтынг творчествосы» деген минети. ҚҚМБ, Нокис, 1958-жыл. 8—бет.

[4] Аимбетов. «Бердақтынг омирбаяны туралы мағлуматлар», Бердақтынг «Танғламалы шығармаларынынг толық жинағы». ҚҚМБ, Нокис, 1950-жыл, 412 бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

мада-да изертлеу объектине киргизилмегенлигин коремиз.

Революцияға шекемги изертлеу объектисине тек қарақалпақ аузеки халқ творчествосы кирди дегенде-де мнаны ескерту керек: тек айрым улгилерди, онынг устине дус келгени бойынша ҳамь узинди туринде жазып алу жане дағазалаудан ибарат ислер қарақалпақ аузеки халқ творчествосы ҳаққында-да бир тутас тусиник беруге путкиллей уқыпсыз еди.

Революцияға шекемги изертлеушилердинг жумысларындағы қарақалпақ адебияты ҳаққындағы мағлуматлар қандай колемде болуына қарамастан, улкен илими, мадени аҳмиетке ие болғанлығын атап корсетуменен бирге, ол изертлеушилердинг «қарақалпақлар арасында узақ уақыт турып, онынг тлин ,адет—урпин теренг уйренип жазған емеслиги, олардынг қалынг минеткеш пухаралармен байланысы аз болғанлығы, олардынг кобирек байланысқаны жоқары қатламнынг адамлары... болғанлығы,» онынг устине қарақалпақлардынг озь ана тлине ылайықлы жазуынынг болмағанлығы, революцияға шекемги изертлеушилердинг материалларында фонетикалық ҳамь синтаксислик хателиклердинг гезлесуине себепши болғанлығы» ҳаққындағы филология илимлерининг докторы Н .Дауқараевтынг ескертуининг[1] кута орынлы екенлигин-де айтып оту керек. Бул жағдайлар, созсиз, жоқарыда санап келтирилген оғада аз сандағы фольклор улгилерининг-де идеологиялық жане тил жағынан белгили дарежеде устем класстынг мапине қарата озгериске ушырауына акелип соққан. Буған, мсал ретинде сонг белгили совет фольклористи болған Абубакир Ахметжанович Дибаевтынг 1902-жлы Ташкентте бастырып шғарған «Алпамыс» эпосынынг кейнги қатарларын келтирудинг ози-ақ жеткиликли. Эпостынг кейни томендеги қатарларменен аяқланады:

«...Алма баслы жасыл сона
Ҳаудиктинг колинде жақсы,
Даньдан саплы зоҳри пшақ,
Беглердинг белинде жақсы.
Патшанынг хызмети қуда хызмети.

---

1 Н. Дауқараев. Қарақалпақ фольклоры жонинде изертлеулер» «Қзыл Қарақалпақстан» газетасы. № 30. (4964) 13-февраль, 1948-жыл.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Хызметин қылғаным жақсы.
«Алпамыс»ты жаздырушы
Жиемураттынг тлинде жақсы...»[1]

Солай етип, революцияға шекем арнаулы адебият илими блай турсын, қарақалпақ адебиятынынг маселелерин шын манисинде, системалы ҳамь ҳақиқат илими мақсетте ҳамь илими дарежеде уйрену, баҳалау болмағаны сияқлы, онынг осуине, сақлануына ҳамь халқ арасына таралып пропагандалануына ҳешқандай мамлекетлик қзығу болған жоқ.

Адеби мираслардынг бирден — бир сақлаушысы-да, пропагандисти-де халқтынг ози, халқтынг ишинен жетисип шыққан халқ шаирлары, жрау — бақсылары болды. Халқ ҳамь халқтынг бул уакиллери халқлық фольклор шғармаларын жане классик шаирлардынг енг жақсы шғармаларын улкен қзығушылықпенен уйренип, ядлап ҳамь оларды теренг муҳаббатпенен, итиятлылықпенен сақлады, оларға котерингкиликпенен баҳа берди.

Сондай-ақ революцияға шекемги қарақалпақ адебияты, туысқан халқлардынг адебият уакиллери ҳаққында классик шаирлардынг шғармаларында коплеген баҳалы пкирлерди-де табу мумкин. Мсалы: Бердақ Қарғабай улынынг XIX асирдеги қарақалпақ шаирлары Кунхожа, Ажинияз ҳаққындағы[2], XIV асирдеги азербайжан шайыры Физули, XV асирдеги озбек шайыры Алишер Науайы, XVIII асирдеги туркмен шайыры Мақтымқулы ҳаққындағы пкирлери[3], XIX асирдеги белгили қарақалпақ шаирлары Отеш Алшынбай улы[4] ҳамь Омар Сугиримбет улынынг[5] Бердақ ҳаққындағы пкирлери, Кунхожанынг озь қосықларында Мақтымқулынынг атын жии қолланууы[6] ҳамь тағы басқалар олардынг адебият ҳаққындағы баҳалары ҳамь критикалық пкирлери болып есапланады. Сондай-ақ классик шаирлардынг аузеки халқ творчест-

---

[1] Сборник материалов для статистики Сырдарьинской области на 1902. 40—бет.

[2] Бердақ, «Тангламалы шғармалары». ҚҚМБ. 1956-жыл. Нокис, 18—19 ҳамь 30—бетлер.

[3] Усы ктапта—53—бет.

[4] Отеш «Танглаулы қосықлары». ҚҚМБ, Нокис — Чимбай, 1948-жыл.

[5] Омар Сугиримбет улы «Танглаулы қосықлар топламы». ҚҚМБ, Нокис. 1948-жыл. Мойнақ. 10—бет.

[6] Кунхожа, «Танглаулы қосықлар топламы». ҚҚМБ. Нокис, 1949-жыл. 33—54—56; 64—бетлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

восынан кенг турде файдалануы-да олардынг адебият ҳаққындағы пкирлерининг ажралмас улкен болеги

Албетте, халқтынг ҳамь халқ шаирларынынг адебиятқа болған козқарасын ашуда айқын мсал болып хызмет ететуғын, бзинг уақтымызда дореген қарақалпақ адебият илимининг рауажлануында, табыслы ислеуинде шешуши рольлерден бреуин ойнаған бул фактлар адебият критикасы-да, адебият илими-де емес еди.

Қарақалпақ адебияты ҳаққындағы илим жоқарыда айтылғандай-ақ тек Совет власты жылларында ғана, Коммунистлик партия менен Совет ҳукиметининг СССР халқларынынг маделиятын ҳартарепleме гуллендиру ҳаққындағы миллетлик сиясаттынг тиккелей натижеси болып дореди.

Қарақалпақ совет адебият илимининг дореуи ҳамь осуинде рус совет илимпазларынынг тиккелей қатнасы ҳамь адебият бойынша жергиликли илимпазларды тарбиялаудағы жардеми улкен роль ойнады. Рус илимпазлары СССР ИлимлерАкадемиясынынг хабаршы — ағзасы С. Э. Малов, профессор А. Соколов, профессор Н. А. Баскаков ҳамь басқалар еле 1927 — 1928-жыллардан баслап Қарақалпақстанда бирқанша фольклорлық тарихи-этнографиялық ҳамь лингвистикалық экспедициялар шолкемлестире баслады. Усы экспедицияларда откендеги адебият ҳаққында коп ғана баҳалы материаллар жиналу менен бирге, сонг белгили адебиятшылар болып жетискен, бул экспедициялардан сонг-да адеби мираслларды жинауда коп хызмет ислеген бирқанша жолдаслар даслепки илим изертлеу жумысынынг шнығуларын алды.

Қарақалпақ совет адебият илими тарауындағы жумыстынг рауажлануында республикада баспасоздинг туылуы ҳамь рауажлануы улкен аҳмиетке ие болды. 1924-жылдынг 5 — декабринен (сонг 1925 — жылдан баслап «Еркин қарақалпақ» деп аталған) қарақалпақ тлиндеги ҳамь қарақалпақ тарихындағы бринши газета «Бринши адым» газетасы[1] (ҳазирги «Совет Қарақалпақстаны» газетасы), 1931-жыл 10 — марттан баслап «Жас Ленинши» газетасы,[2] усы жылдынг 5 — майынан баслап «Со-

---

1 Н. Қары-Ниязов, «Очерки истории культуры Советского Узбекистана», изд. АНСССР, Москва, 1955 г. стр. 337.

2. «Қзыл Қарақалпақстан» газетасы, № 60 (1309), 14 март, 1936-жыл.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ветская Қарақалпакия» газегасы,[1] 1932-жылдынг 2 — июлинен баслап «Минет адебияты»[2] (ҳазирги «Амударья») журналы шға баслады. Бул баспасозь органлары откендеги адеби мираслардынг улгилерин, сондай-ақ олар ҳаққындағы мақалаларды дағазалауменен бирге, откендеги адеби мираслардынг жанга маденниятты жасаудағы тутқан роли ҳаққындағы ленинлик қағидаңы халқ арасында тусиндируши-де, сойтип бул иске массаны шолкемлестируши-де болды.

Қарақалпақ халқынынг откендеги адеби мирасларын жинау, сондай-ақ изертлеу иси айрықша совет жазушыларынынг Путкил союзлық бринши съездинен кейн қызғынлы қолға алынды. Съездеги уллы М. Горькийдинг фолыклорымызды жинангыз, оннан уйренингиз, оны ислеңгиз. Ол бизге, Союздынг шаирларына ҳамь прозаиклерине коп нарселер береди. Биз откендегини қаншелли жақсы билсек, ҳазирги озимиз доретип отырған истинг уллы аҳмиетин тағы-да ангсат тағы-да теренг турде ҳамь шадлықпенен тусинемиз.[3] деген шақырығын тек илими хызметкерлер ғана емес, республиканынг барлық интеллигенциясы—жазушылар, баспасозь хызметкерлери, муғаллимлер ҳамь студентлер қызғынлы қутлықлап, испенен жуап береди.

Совет жазушыларынынг Путкилсоюзлық бринши съездинен кейнги откен даурдинг ишинде қарақалпақ аузеки ҳамь халқ творчествосынынг барлық турлерининг улгилери, сонынг ишинде отызлаған дастанлар, Жиен жрау Тағай улы, Кунхожа, Ажинияз Қосыбай улы, Бердақ Қарғабай улы, Отеш Алшынбай улы. Омар Сутиримбет улы сияқлы классик шаирлардынг, откендеги қарақалпақ адебиятынынг рауажлануына улес қосқан Сарыбай, Аннақул, Гулмурат, Сдық Тоқпан улы, Қулмурат Қурбаналы улы ҳамь басқа-да белгили шаирлардынг шғармалары халқ аузынан жазып алынды. Бул материаллардынг копшилиги газета, журнал бетлеринде, адебият бойынша оқу ктаплары менен хрестоматияларда дағазаланғанлығына тоқтап отырмағаннынг озинде, коп

---

[1] Газета «Советская Каракалпакия» 5—мая 1956 г.

[2] М. Нурмухамедов, «Қарақалпақстанда адеби журнал», «Жас Ленинши» 15 — ноябрь, 1955, № 91 (2616).

[3] М. Горький «О литературе» Литературно-критические статьи изд-во «Советский писатель», Москва, 1955 г. 764 стр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

санда арнаулы топламларда, озь алдыларына ктап болып, антология, шаирлардынг шғармаларынынг топламлары туринде басып шғарылды, олардынг айрымлары рус, озбек ҳамь басқа-да туысқан халқлардынг тиллеринде-де аударылып кенг белгили болды. Ал, «Қырқ қыз» эпосы болса, путкил жержузилик адебияттынг енг ҳасыл шғармаларынан бреуи спатында бзинг уллы Союзымыздан сыртта-да кенгнен белгили. Буған мсал етип Францияныңг атақлы коммунист жазушысы, парахатшылық ушын гурестинг атақлы ғайраткери Луи Арагонныңг 1955-жлы «Совет адебиятлары» деген ктабында бул эпосқа кута жоқары баҳа берилгенлигин айтудынг озиақ жеткиликли. Луи Арагон «Қырқ қыз»дынг геройларын атақлы «Ролланд ҳаққында жыр» эпосынынг геройлары менен салыстырады, қаҳарманлық эпопея деп атайды.

Жумақлап айтқанда, Уллы Октябрь революциясынынг женгиси Коммунистлик партиянынг данышпанлық миллет сиясаты қарақалпақ халқынынг революцияға шекемги системалы изертленбей, уйренилмей киятырған ҳамь жоғалуға бет алған адеби мирасларынынг ажайып байлықларын сақлап қалды, оған жанга омир берди, оған кенг дангқ алып берди, туысқан халқлар арасында Уллы Октябрьден қайта туылған қарақалпақ халқын, белгили озбек совет шайыры Ғафур Гулам айтқандайақ, «қосықшылар, атақлы қыссаханлар, ширин созли шаирлар ели»[1] спатында танытты.

Қарақалпақ халқынынг бул мадени мирасларынынг составын-да XVIII—XIX асир ҳамь XX асирдинг басындағы атақлы қарақалпақ шаирлары — Жиен жрау Тағай улы, Кунхожа Ибрайым улы, Ажинияз Қосыбай улы, Бердақ Қарғабай улы, Отеш шаир, Гулмурат шаир, Омар Сугиримбет улы ҳамь басқаларынынг творчествосынан ибарат классик поэзия кута улкен орынды иелейди. Бул шаирлардынг творчествосы арқалы қарақалпақ адебияты жанга басқышқа котерилип, ондағы реалистлик бағдар айқынласты ҳамь адебияттынг тикарғы суретлеу методы спатында қалиплести, адебияттағы класслық гурес, демократиялық патриотизм мотивлери кушейди ҳамь откирлести, қарақалпақ турмысынынг озинде келип шыққаны сияқлы қарақалпақ адебиятында-да класслық жиклену айрықша айқынласты, халқ-

---

[1] «Қзыл Қарақалпақстан» газетасы, № 21 (7020), 27 — январь, 1957-жыл.



www.ziyouz.com kutubxonasi

лық адебият пенен халққа жат адебияттынг арасы буған шекемги адебиятпенен салыстырғанда анығырақ ашыла баслады, қарақалпақ адебиятынынг бир тутас миллетлик адебият болып қалиплесу процесси жузь берди, адебияттынг социаллық-жамиетлик аҳмиети жоқары дарежеге котерилди. Бул шаирлар революцияға шекемги Қарақалпақстаннынг барлық мадени турмысында улкен роль ойнады. Жалпы қаранггылық, сауатсызлық қаплап турған қарақалпақ халқында баспасозьде, мадени макемелер-де болмаған сол откен заманда булардынг барлығынынг хызметин усы шаирлар атқарды, олар халқтынг аузеки бай творчествосын, музыка мадениятын сақлаушылар, халқ арасында буларды ҳамь қонгсы халқлардынг адебиятын, хат, мадениятын таратушылар, улума алғанда, халқтынг мадени жақтан осуине озь мумкиншиликлери дарежесинде бирден-бир тасир етушилер болды.

Тағы бир улкен нарсе —бул шаирлардынг шғармаларында откен асирдеги қарақалпақ турмысынынг реаль ҳамь конкрет тарихи шынлығы, усы турмыс келтирип шғарған халқтынг енг прогрессив идеялары жамленген. Бул жағынан қарақалпақ классик шаирлары шғармаларынынг оғада улкен тарихи, блим беру жане тарбиялық аҳмиети бар.

СССР Илимлер Академиясынынг хабаршы — ағзасы, ОзССР Илимлер Академиясынынг ҳурметли академиги С .П. Толстов қарақалпақ классик шаирлары туралы блай дейди:

«XVIII асирдинг ахырындағы ҳамь XIX асирдинг бринши ярымындағы қарақалпақ халқынынг Хиуа ханларынынг зулымлық езуўшилигине қарсы қатанг гуреси бул гуреслердинг корнекли идеологлары болған Жиен жраў, Кунхожа ҳамь асресе Бердақ (1827 — 1900) сияқлы ажайып халқ шаирларын майданға келтирди, бул шаирлар озлерининг қосықларында ҳамь поэмаларында езуши ханларды ҳамь олардынг малайлары болып кеткен, қарақалпақ ярым феодалларын, руханиларды ашкаралады ,ол шаирлар милли азатлық гуресининг қаҳарманларын жырлады, халқтынг мунгын айтты ҳамь бирлесуге шақырды..»[1]

---

[1] С. П. Толстов, «Великая победа ленинско-сталинской национальной политики» деген мақаласы, журнал «Советская этнография» изд. АНССР Москва-Ленинград, 1950 г. № 1 стр. 7 — 8.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Екинши бир қарақалпақ тарихын изертлеуши белгили илимпаз, профессор П. П. Иванов-та қарақалпақ классик шаирлары шығармаларынынг қарақалпақ халқынынг тарихын жасауда улкен аҳмиетке ие болатуғынын корседи.[1]

Қарақалпақ классик шаирларынынг шығармаларын изертлеу жане уйрену бугинги кунги адеби практикамызда-да зарурли ис болып отыр. Законлы турде жии гезлесетуғын мсаллардынг бреуин келтирейик: 1946-жлы июнь айында болып откен қарақалпақ совет жазушыларынынг тортинши пленумы «Бзинг жазушыларымыз қарақалпақ адебиятынынг классиклери болған Бердақтан, Кунхожадан, Ажинияздан, сондай-ақ Аяпберген Мусаевтан коркем образлы етип жазуға уйренуи керек»—деп корсетеди.[2] Ал, усы пленумнынг озинде додаланған «Ҳазирги уақтағы қарақалпақ поэзиясы туралы» докладта-да рус адебиятынан жане туысқан халқлар адебиятынан уйренуменен бир қатарда, классиклерден уйрену қарақалпақ совет поэзиясын рауажландырудынг енг тикарғы дереклеринен бри етип корсетиледи.[3] Бул жағдай тап усы пленумнынг жумысына арналып берилген газета редакциялық мақаласында-да атап корсетилип, классиклерди пропагандалау жазушылардынг алдына улкен сияси аҳмиетли уазипалардан бри етип қойылады.

Қарақалпақстан совет жазушылары Союзынынг 1939-жлы болып откен екинши съездинде қарақалпақ совет поэзиясы туралы додаланған докладта откендеги адебиятқа улкен орын берилуи, 1954-жлы Бердақ творчествосы ҳамь қарақалпақ классик адебиятынынг маселелерин арнаулы турде додаланған республикалық илими конференция откерилуи ҳамь тағы басқа илажлар — қарақалпақ классик поэзиясынынг кунделикли адеби практикада ойнап отырған улкен ролинен дерек береди.

---

[1] «Советское Востоковедение» .изд. АН СССР. Москва—Ленинград. III ктап 1945-жыл; «Новые данные о каракалпаков» деген мақаласын қарангыз.

[2] «Қзыл Қарақалпақстан» газетасы. 12—июнь, 1946-жыл, № 115(4279).

[3] «Қзыл Қарақалпақстан» газетасы, 28—июнь. 1946—жыл, № 126(4290). Қарақалпақ совет адебияты тағы-да рауажлансын» деген мақала.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 2. КУНХОЖА — ҚАРАҚАЛПАҚ КЛАССИК ПОЭЗИЯСЫНЫНГ КОРНЕКЛИ УАКИЛИ

Жиен жрау Тағай улы, Кунхожа, Ажинияз Қосыбай улы, Бердақ Қарғабай улы, Омар Сугиримбет улы ҳамь басқа-да солар сияқлы шаирлардынг шғармаларынан ибарат болған революцияға шекемги қарақалпақ адебияты ҳақиқатында-да классик адебият, усы классик адебиятты дузетуғын жоқарыдағы шайырлардынг енг жақсы шығармалары ҳақиқатында-да классик шғармалар болып есапланады. Ойткени бул топардағы шаирлардынг творчествосына, «классылық искусствоны характерлейтуғын»... бзинг кунлеримизде-де озь аҳмиетин сақлап киятырған алдынгғы идеяларды жырлау, реалистлик бағдар, жоқары идеялылық, улкен жамиетлик хызмет, апуайылық ҳамь анықлық, образлардынг тусиниклилиги, жоқары дарежеде жетилискен коркемлик сияқлы енг жақсы белгилер»[1] тань болып, олар қарақалпақ халқынынг мадени рауажлануынынг белгили бир даурин дузди.

Маркслик-ленинлик эстетиканынг улкен теоретиклерининг бри А. В. Луначарский (1875—1933) коркем онер классиклерине томендегише анықлама береди:

«Енг апуайы формула мнадай болады: классиклер деп озь даурининг идеяларын, яғни сол даурдеги копшилик класстынг басшылық нормаларын барынша дальме — даль турде, сонынгменен бирге бирқанша кушли баянлайтуғын художниклер аталады. Шнында-да, егер биз усындай художниклердинг доретпелерин қандай болмасын, бир музейге жинасақ, бзинг коз алдымызда классикалық искусстволардынг барлық линиясы, яғни

[1] «Большая советская энциклопедия», 2-нши басылуы, 21 том, 382 — бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

барлық адамзат маданиятлары толқынларынынг дизбек линиясы турады».[1]

Мне усы козқарастан таллау жасағанымызда, жоқарыда аты аталған XVIII—XIX—асир қарақалпақ шаирларынынг озь шғармаларында қарақалпақ халқынынг аур турмысы, социаллық тенгсизлик, халқтынг милли жане социаллық еркинлик ушын гуреслери, турмыслық тлеклери ҳамь арьманлары тикарында келип шыққан *ҳамь олар жасаған замандағы минеткеш халқ массасы*нынг, демек копшилик класстынг маплерин баян еткен идеяларды жырлағанлығын коремиз. Бул шаирлардынг шғармалары, сонынгменен бирге, олардынг бул турмыс фактларын ҳамь даур идеяларын реаль турде ,барынша дальме — даль баян еткенликлерин айқын корсетип турады. Екинши жағынан, халқ турмысынынг реаль картинасын жасау, озь даурлерининг жоқары идеяларын котерип шғу арқалы олардынг шгармалары басқа халқлардынг классик шғармаларыменен-де унлес бола отырып, жоқарыда А. В. Луначарский айтқан «барлық адамзат маданиятлары толқынларынынг дизбек линиясы»на барып ушласады, рус А .С. Пушкин, Н. В. Ғоголь, Н. А. Некрасовлардынг, украин И. Франко, Т. Г. Шевченколардынг, англичан В. Шекспир, Ч. Диккенслердинг, немец В. Гете, Ф. Шиллердинг, озбек А. Науайы, қазақ Абай, И. Алтынсарин ҳамь басқа-да халқлардынг жане олардынг басқа-да шаир, жазушыларынынг, бай аузеки халқ творчестволарынынг ажайып шғармаларынан ибарат «классикалық искусстволардынг барлық линиясы»нынг бир болегин дузеди.

Мне, усы аҳмиетине байланыслы законлы турде бул революцияға шекемги қарақалпақ шаирларынынг[2] тутас

---

[1] А .В. Луначарский, «Статьи о литературе», Гослитиздат, Москва, 1957 г. 100 стр.

[2] Адетте адебият илимимизде революцияға шекемги қарақалпақ *адебиятын «XVIII — XIX асир қарақалпақ адебияты» деп атау* дастурь болып кеткен. Шынында, бул атама революцияға шекемги қарақалпақ адебиятын даур жағынан озь ишине ала алмайды. Ойткени, бул адебияттынг улкен бир болегин қурайтуғын Омар Сугиримбет улы (1879 — 1922), Аннақул (1860 — 1916), Тоқпан улы Сдық (1857 — 1917) ҳамь басқалардынг бир болек шғармалары XX асирдинг басларында дореди. Буған қосымша адебиятшы Қ. Аимбетовтынг «XX асирдеги қарақалпақ адебияты туралы» («Жас Ленинши» газетасы, 10 — ноябрь, 1956-жыл) деген мақаласындағы фактлар-да, асиресе, онынг Аяпберген Мусаев, Садық Нурымбетовлардынг революцияға шекемги шғармаларын XX асир адебиятына қосып уйрену ҳаққындағы *пкири дыққатқа ылайық.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

творчествосы адебиятшыларымыз, сондай-ақ тилши, тарихшыларымыз тарепинен орайлық баспа созьде-де, арнаулы сияси-адеби документлерде-де, оқу программалары менен оқу ктапларында-да қарақалпақ классик адебияты спатында, ал бул шаирлар озлери айрым созь болған жерлерде классик шаир ямаса қарақалпақ классик адебиятының уакиллери спатында баҳаланып журь.[1]

Ҳаммеге белгили болғаны сиярлы адебият сози конкрет коркем адебият манисинде қолланылғанының озинде-де озь ишине тек поэзияны ғана емес, сонынгменен бирге прозаны-да, драматургияны-да бирлестиреди. Тағы-да белгили бир халқтынг жалпы адебиятын созь еткенде, жазба адебиятпенен бирге аузеки творчествосын-да (фольклорын-да) онынг адебиятынынг составына киргизип созь ету мумкин.

Ал, қарақалпақ классик адебияты тек поэзиядан ғана ибарат болды. Онынг барлық уакиллери шығармаларын поэзияда доретти. Егер қарақалпақ аузеки халқ творчествосында ертеклер, легендалар, ҳартурли турмыс — салт жырлары, айтыс турлериндеги проза ҳамь драма элементлери болған болса, XVIII — XIX асир ҳамь XX асирдинг басларындағы қарақалпақ адебияты тутасыменен поэзиядан турады. Адетте қарақалпақ фольклорынынг эпослар сияқлы улкен шығармаларындағы қара созь араласып келу дастуринииг-де[1] революцияға шекемги қарақалпақ шаирларынынг поэма, роман сияқлы улкен шығармаларында сақланбай, бундай шығармалардынг-да тутас қосықпенен жазылғанлығын коремиз Мсалы: Жиён жраудынг «Посқан ел» поэмасы, Бердақтынг «Айдос би» «Ерназар би» поэмалары ҳамь «Ахмақ

---

1 «Қзыл Озбекстан» газетасы, 24 — январь, 1957-жыл, № 21 (9668). «Қорақалпоғистонлык азиз дустларға сузимиз» деген мақаланы, тарих илимлерининг кандидаты Р. Қосбергеновтынг «Положение каракалпакского населения в Хивинском ханстве в конце XIX нач. XX в.» деген диссертациялық жумысын (203-бет), тарих илимлерининг кандидаты С. Камаловтынг, «Қарақалпақлардынг XIX асирдеги Хиуа ханларына қарсы халқ азатлық гуреслери» деген минетин (ҚҚМБ, Нокис, 1955-жыл, 8-бет). А. Шамуратовтынг «Каракалпакская советская литература» деген мақаласын («Бюллетень Академии Наук УзССР», № 9 — 10, 1945-жыл, 27-бет), И. Сағитовтынг «Бердақтынг творчествосы» деген минетин (ҚҚМБ, Нокис, 1958-жыл, 22-бет). «Қарақалпақская классическая литература» деген мақаласын («Правда Востока» газетасы, 23 — сентябрь 1956-жыл, № 225 (9981) ҳамь басқаларды қарангыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

патша» романы ҳ, т. б. Сонлықтан биз революцияға шекемги қарақалпақ адебиятына онынг табиятын анық корсетип туратуғын қарақалпақ классик поэзиясы деген атаманы, ал бул даурдинг корнекли шаирларына қарақалпақ классик поэзиясынынг уакиллери деген атаманы қолланууды мақул деп есаплаймыз. Бул жерде айта кететуғын бир нарсе-бул атаманы қоллану басқа адебиятшыларымыз тарепинен-де ҳешқандай қарсыллыққа ушырасқан жоқ.[1]

Кунхожа Ибрайым улы усы қарақалпақ классик поэзиясынынг оғада корнекли уакили болып есапланады. Кунхожа озининг творчествосы менен қарақалпақ классик поэзиясынынг жазба адебият спатында қалиплесуине[2] ҳамь рауажлануына, жалпы қарақалпақ халқынынг сана-сезимининг, рухи омирининг осуине улкен улес қоса отырып, коплеген қарақалпақ классик шаирларынынг устазы, қарақалпақ халқынынг басқа-да қонгсы жасаған туысқан халқлардынг суйикли шаиры спатында улкен шаирлық дангққа жане халқ ҳурметине ие болды. Кунхожа озининг барлық омири, барлық творчествосы, барлық тлеклери ҳамь арьманлары бойынша минеткеш халқпенен тығыз байланысқан ҳақиқат халқ шайыры. ози жасаған даурдеги жамиетлик турмыстынг енг характерли шынлықларын коре алған ҳамь суретлей алған улкен реалист, халқтынг ақылдары, озь творчествосыменен халқтынг, елдинг мунгын мунглап, жрын жырлаған жалынлы демократ жане патриот болып есапланады. Онынг творчествосынынг характерлеуши белгилери-де шаирдынг жасаған заманынынг тасирименен орын алған ҳарьқандай кемшилик яки

---

[1] Мсалы, усы жумыстынг авторы бул атаманы «Бердақтынг шаирлық дангқы» («Совет Қарақалпақстаны» газетасы, 18 — декабрь, 1957-жыл, № 250 (7249), «Каракалпакская классическая поэзия» (Советская Каракалпакия» газетасы, 11 — май, 1958-жыл) деген мақалаларында, СССР Илимлер академиясынынг Этнография институтына материал есабында тапсырылған «Культурная жизнь каракалпаков» деген жумысында (1957-жыл) қолланды.

[2] Қарақалпақ классик поэзиясынынг *жазба адебият болып қалиплесу* жоллары туралы биз «Қарақалпақ классик поэзиясынынг жазба адебиятлық характери» деген арнаулы мақалада тоқтадық, қарангыз: «Аму дарья журналы» № 3. 1959 жыл, усы журналдынг гезектеги санында усы мақаланы додалауға жазылған мақалалардынг ҳаммесинде бул мақаланынг тиқарғы режелерининг барлығы тутасыменен тастиқланды — (И. Б.).



www.ziyouz.com kutubxonasi

шекленулерге қарамастан мне усы халқшылық, демократиялық, патриотлық мотивлер менен прогрессив реалистлик бағдар болды.

Толық праволы турде, халқ алдындағы хызметин, озининг барлық творчестволық омирин халқ мапин жырлауға арнағанлығын тусине отырып, Кунхожаның ози-де «Кунхожа боп атым кешти...», Кунхожа атағым қалды кейнимде», «Атым менинг халққа малим»...[1] деп жазып, озин қарақалпақ халқының улкен шайыры спатында атады.

Қарақалпақ классик шаирлары, сонынг ишинде атақлы Бердақ шаир оны улкен устаз шаир спатында тилге алады. Мсалы, Бердақ озининг «Омирим» деген қосығында Кунхожа туралы:

«Айтып созлерим тынглатып,
Кемис жерлерин ҳамь онглатып,
Бир ярым ай бирге жатып,
Ҳазь етип откен омирим»[2]

деп жазып, оған устаз спатында қатнас жасайды. Бердақтынг жақын урулас ағайинлеринен бреуининг берген тағы бир мағлуматы бойынша «Кунхожа олгенде Бердақ қатты қапа болып» Маған Кунхожадай болмақ қайда— деп айтқан екен».[3] Егерде Бердақтынг туылған уақыты 1827—жыл менен Кунхожанынг қайтыс болған уақытын (1880—жыл) есаплап қарайтуғын болсақ, бул Бердақтынг 53 жаслар дағы коп атақлы шғармаларын жазған уақытларындағы айтқан сози. Бул созлерден Бердақтынг озининг заманлас устаз шайырынынг творчествосына болған қаншели жоқары баҳасынынг ҳамь теренг ҳурметининг жатырғанлығын айыру қийын емес.

Тағы бир белгили қарақалпақ классик шаиры Отеш Алшынбай улынынг (1828—1902) атақлы «Бердаққа жуап» қосыгынынг қарақалпақ классик поэзиясынынг тарихында тутатуғын оғада улкен роли ҳаммеге малим. Мне усы қосықты қолжазба дереклерининг корсетуи бойынша Отеш шаир Кунхожанынг тапсырмасыменен жазған. Бул

[1] Кунхожа, Танглаулы қосықлар топламы, ҚҚМБ, Нокис, 1949—жыл. 26—28, 53—бетлер.

[2] Бердақ, Танглаулы шғармалары, ҚҚМБ, Нокис 1956—жыл 18—19 —бетлер.

[3] 1956—жылғы тарих—этнографиялық экспедиция материаллары, Қарақалпақстан Комплексли илим — изертлеу институтынынг фонды, А. Тореевтинг қолжазбасы, 50—бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

туралы қосықты буннан жгирма бес жыллар бурын жинаған С. Мауленов ҳамь Ш. Хожаниязовлар мнадай ескерту қалдырған: «Бул қосық Матеке ишан дегеннинг мешитинен тауып алынды. Кунхожа қартайған уақытта бул қосықты Бердаққа қарсы жаз деп Отешке тапсырған қусайды».[1] Бул жагдай Кунхожанынг Бердақ сияқлы, Отеш шаирға-да уллкен устаз болғанлығынан айқын гуалық берип турады. Отеш шаир озининг «Дуньядан кетти»[2] деген қосығында Жиен жраудан берги барлық атақлы қарақалпақ шаирларына биографиялық характеристика бере келип, Кунхожаны» шаирлықта сөзлери кута жоқары еди, заманнынг жағдайын дурыс корөетти» деп баҳалайды, онынг олимине байланыслы халқтынг аур қайғысы менен шаирлардынг шакиртлик қатнасларын томендегише суретлейди:

«...Халқ жлады сорлы Хожа олгенде...
Намазына халқ қалмай жиналды,
Қарақалпақ, қазағы-да қиналды,
Табытын шакирти қалмай айналды,
Арьманменен Кунхожа отти дуньядан...»

Кунхожанынг «табытын қалмай айналған» шакиртлерининг қатарына Бердақ, Отешлерменен бирге Омар Сугиримбет улы, Аннақул, Сарыбай сияқлы шаирларды-да киргизуге болады. Революцияға шекемги халқлық—демократиялық бағдардағы қарақалпақ адебиятынынг белгили уакиллери болған бул шаирлар-да бир жағынан Кунхожанынг жерлелеслери, екинши жағынан рухи шакиртлери спатында шаирдынг демократиялық, реалистлик традициясын дауам еттирди жане кушли рауажландырды.

Қарақалпақ совет шайыры Аяпберген Мусаевтынг белгили «Тарип» қосығындағы:

«Мир Алишер, Жиреншеге тақаббил,
Атақлы шаирлар қарақалпақта»[3]

деп теренг мақтанышпенен айтқан шаирларынынг бреуи Кунхожа болып есапланады. Ойткени, Кунхожа Аяпбер-

---

[1] Қарақалпақстан Комплексли илим—изертлеу институтынынг фонды, қолжазба, У—32, 52—бет.

[2] Қосықтынг толық тексти марҳум А. Бегимовтынг уй архивинде (И. Б.)

[3] **Аяпберген Мусаев,** Тангламалы қосықлары, ҚҚМБ, 1956 —**жыл, 37—бет.**



www.ziyouz.com kutubxonasi

ген Мусаевтынг енг суйикли шаирларынынг бреуи болған, ол Кунхожанынг қосықларын халқ арасында оқып журген»[1]... Ажинияз, Кунхожа, Бердақ шаирлардынг шығармаларын ядқа оқитуғын болған».[2]

Улума Кунхожаны Жиреншеге тенгеу Аяпберген Мусаевқа шекемде бар дастурь болған. Мсалы, Бердақ шаирлығынынг енг даслепки басланған жылларында озин (дурысырағы озининг болажақ шаирлық идеалын) таныстыру мақсетинде ози туралы:

> «... Жиреншедей созге шебер.
> Кунхожа деп қарағайсанг»[3]

деп жазған еди. Усылайынша Бердақ Кунхожаны қарақалпақ қазақ, қырғыз халқларынынг аузеки творчестволарында халқ даналығынынг символы болып есапланатуғын Жиреншеменен тенг қатар қояды, сол арқалы оны дана шаир спатында жоқары баҳалайды. Буннан Кунхожанынг атақлы қарақалпақ шаирлары тарепинен шаирлық дангқтынг жоқары критериясы етип усланғанлығы корinip тур.

Бзинг заманласларымыз, белгили қарақалпақ совет халқ шаирлары Аббаз Дабылов пенен Садық Нурымбетовлар-да қарақалпақ классик поэзиясынынг, сонынг ишинде Кунхожанынг бай традицияларын шебер дауам еттирип, рауажландырушылар болып есапланады. Сонлықтан олардынг Кунхожаны улкен созь шебери, устаз шаир спатында жии—жии тилге алуы жуда табиғи нарсе. Мсалы, озь шығармаларында А. Дабылов ҳақиқатшыл шаир Кунхожанынг аур тағдирин, брақ олмес творчествосын айтса,[4] С. Нурымбетов озининг «Бердақ шаир» поэмасында Кунхожанынг улкен устаз шаир спатындағы образын жасайды.[5] Белгили қарақалпақ совет жазушысы Ж. Ай-

---

[1] Автордынг 1956-жылғы адеби экспедиция уақтындағы қолжазбаларынан.

[2] Н. Дауқараев. Аяпберген Мусаевтынг олгенине 3 —жыл толу мунасибетименен жасаған доклад тезислери. Рукопись. 9 — том 12—бет.

[3] Бердақтынг 1958—жлы Т. Абдимуратов тарепинен жиналған қосықларынан, Қарақалпақстан Комплексли илим—изертлеу институтынынг фонды, қолжазба. 25—бет.

[4] А. Дабылов, «Женгислер йошы», қосықлар топламы, ҚҚМБ. Нокис. 1946—жыл, 13—бет.

[5] «Адеби альманах», № 10—11. Нокис, 1952-жыл, 106—107-бетлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

мурзаевтынг «Бердақ пьесасында Кунхожа Бердақтынг устазы, халқтынг ақылгой ҳамь суйикли адамы спатында болып есапланады.[1]

Белгили совет илимпазлары-да Кунхожаны корнекли классик шаир спатында жоқары баҳалайды. Мсалы, откен темада айтылғанындай-ақ СССР Илимлер Академиясынынг хабаршы—ағзасы профессор С. П. Толстов Кунхожаны қарақалпақ халқынынг Хиуа ханларынынг езушилигине қарсы гуресининг идеологларынан бри болған ажайып шаир, деп корсетеди.[2] Тағы бир шығысты изертлеуши атақлы ссвет илимпазы З. Э. Бертельс қарақалпақлар туралы» откен даурде бундай халқ бардеп кута аз сандағы қанигели адамлар билген бул халқ адамзат маданиятына кута ҳамь оғада баҳалы улес қосты» деп корсете отырып усы улести жасаған басқа қарақалпақ шаирлары менен бирге Кунхожаны-да жоқары баҳалаған.[3]

Қарақалпақ халқы озининг енг атақлы, енг суйикли шаирлары туралы туысқан халқларға айтқанда-да туысқан халқлар қарақалпақ халқынынг ажайып перзентлери туралы айтқанда-да бул ҳурметли дзимде, албетте, Кунхожанынг аты-да муҳаббатпенен аталады. Бул-да Кунхожанынг улкен шаирлық дангқынынг, халқ алдындағы хызметининг гуасы болып есапланады.

Мсалы, Ташкент қаласында 1957—жлы болып откен қарақалпақ адебияты ҳамь искусствосы декадасы ашылу мунасибетименен жазған кутлықлауында туысқан озбек халқынынг уакиллери—озбек искусствосы ҳамь адебиятынынг ғайраткерлери Кунхожаны қарақалпақ халқынынг ажайып перзентлеринннг бреуи спатында ҳурметпенен тилге алған болса,[4] Озбекстаннынг 15 жыллық тойы мунасибетименен туысқан озбек халқына қарақалпақ халқынынг атынан жазылған хатта Кунхожа, Бердақпенен бирге «заманнынг ҳақиқат жырларын жырлаған» халқ жыршысы спатында тилге алынады.[5]

Кунхожа—ҳақиқат халқ жыршысы ҳамь халқ азаматы спатында бундай теренг ҳурметпенен жоқары баҳаға ҳамь атақ—абройға толық мунасип еди.

---

[1] «Амударья» журналы, № 3. 1958-жыл.
[2] «Советская этнография» журналы, № 1. 1950 г. стр. 8.
[3] «Амударья» журналы, № 2, 1958-жыл, 75 бет.
[4] «Қзыл Озбекстан» газетасы, № 21. (9668) 24-январь, 1957-жыл.
[5] «Қарақалпақстан адебияты ҳамь искусствосы» журналы, № 6. 1939—жыл, 8—бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 3. КУНХОЖА ТВОРЧЕСТВОСЫН ИЗЕРТЛЕУДИНГ ҲАЗИРГИ ЖАҒДАЙЫ

Кунхожа—творчествосы оғада аз изертленген шаирлардынг бреуи. Тек усы жумыс ғана шаирдынг творчествосын арнаулы изертлеу бойынша енг даслепки адым болып есапланады. Бул, албетте, Кунхожанынг творчествосын изертлеу бойынша усы жумысқа шекем ҳешнарсе исленбеди деген созь емес. Откен бапта корсетилгениндейақ Кунхожа творчествосына адебиятшыларымыз жане тарихшыларымыз, басқа-да қанигелеримиз тарепинен берилген жоқары баҳалар, — созсиз шаирдынг творчествосын азлы—копли изертлеу ткарында айтылған пкирлер болып есапланады.

Кунхожанынг шғармаларын жинау 30-жыллардынг басларынан-ақ қолға алынды. Барлық қарақалпақ шаирларынынг шғармаларын жинауға болғаны сияқлы, бул иске-де қозғау салған нарселер— рус совет илимпазларынынг тиккелей қатнасы жане жардемименен Қарақалпақстан территориясында шолкемлестирилген адеби-лингвистикалық жане тарихи—этнографиялық экспедициялар, Қарақалпақстанда бринши илими макеменинг —1931-жлы Қарақалпақстан Комплексли илим—изертлеу институтынынг ашылуы болды. Бринши мартебе Кунхожанынг шғармаларын жазып алғанлар — Садирбай Мауленов жане Шамшет Хожаниязовлар болды. Олар Қарақалпақстаннынг арқа районларында, асресе, Мойнақ, Тахтакопир районларынынг территорияларында адамлардынг аузынан жазып алу, қол жазбалардан (олардынг озлерининг атауы бойынша «қысса ктап») коширип алу жолыменен Кунхожанынг қосықларын жинай баслады.

Кунхожанынг тикаргы шығармаларынынг жиналуы ту-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ралы бзинг қолымызда бар гейпара мағлуматларға тоқтап отейик:

Онынг «Қозим», «Жарымадым», «Жайлауым», «Арьманда» деген қосықларын 1930—жлы Тахтакопир районынынг 8—аулы Крупская атындағы колхозда турушы Шарапатдин Закир улынынг қысса ктабынан сол С. Мауленов пенен Ш. Хожаниязовлар жазып алады.[1] «Берман қара» деген қосығы 1937-жлы Тахтакопир районынынг Кок шоқат деген жериндеги Сайымбет Сейтек улынынг қолжазба қыссасынан 1937-жлы,[2] «Балам олгенде», «Менинг куним», «Қзыл қум», деген қосықларын Узын қайыр атауында турушы Есен Алланазар улы дегеннинг аузынан 1936—жлы,[3] «Бай баласы» деген қосық 1936-жлы,[4] «Олим» деген қосығы 1937-жлы[5] Тахтакопир районынынг екинши аулында турған колхозшы Даулетияр Қурбан улынынг аузынан, «Менинг балам», «Сазан ау», «Ақ қамыс» деген қосықлары 1935-жлы Мойнақ районынынг Қара теренг аулында жасаған Алибек Есенқул улынынг қол жазба қыссасынан 1935-жлы,[6] «Козим» деген қосығы[7] 1936-жлы Тахтакопир районынынг 8—аулындағы Муйтен богет деген жерде жасаған Худайберген Пирназар улынынг аузынан,[8] «Орақшылар» қосығы 1936-жлы Мойнақ районынынг Ақбеткей аулындағы балықшы Сулайман Қулым улынынг аузынан[9] «Шопанлар» қосығы 1936 жлы Тахтакопир районында жасаған дара минеткеш хожалық Бекберген Есентай улынынг аузынан,[10] «Умытпаопан» қосығы 1936 жлы Мойнақ районы Қара теренг атауындағы Алибек Есенқул улынынг аузынан[11] «Неге керек» қосығы 1937-жлы Мойнақ районынынг Ақбеткей аулында жасаған дара хожалық Нурман деген ғаррынынг аузынан[12] жа-

---

1 ҚҚКИИ-нынг қолжазба фонды, С—23, № 1080. 7—бет.

2 ҚҚКИИ-нынг қолжазба фонды, № 1096, 4—бет.

3 Бул-да сонда. 8—бет.

4 ҚҚКИИ-нынг қолжазба фонды, № 1096, 14—бет.

5 Бул-да сонда. 28—бет.

6 Бул-да сонда. 58-бет.

7 Кунхожанынг бул атпенен жазылған қосығы екеу: бриншиси «Жарық дунья кормей болдым арьманда» деп басланады ҳамь 11 буынлы қосықпенен жазылған, екиншиси «Жарқырайсанг тунги жанған...» деп басланады. Бул жердеги сонгғысы.

8 ҚҚКИИ-нынг қолжазба фонды, № 1096, 59—бет.

9 ҚҚКИИ-нынг қолжазба фонды, № 1096, 59—бет.

10 Бул-да сонда, 83—бет.

11 Бул-да сонда, 87—бет.

12 Бул-да сонда, 90—бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

зып алынған. Шаирдынг Тахтакопир районындағы Даулетяр Қурбан улынан жазып алынған «Бай баласы» қосығы Мойнақ районынынг 11-аулында турған Пиржан балықшы деген нинг аузынан-да жазып алынған. Сондай-ақ Пиржан балықшы Кунхожанынг «Сок санар», «Не болдым» деген қосықларын-да жаздырған.[1] Даулетяр Қурбан улынынг аузынан жоқарыда корсетилгенлерден басқа Кунхожанынг «Басты хор айлер», «Жау торғай», «Азулы» деген қосықлары-да жазып алынған.[2] Жоқарыда корсетилгендей-ақ Кунхожанынг «Балам олгенде», «Менинг куним», «Қзыл қум» қосықларын жаздырған Есен Алланазар улы-да, «Неге керек?» қосығын жаздырған Нурман ғарры-да Кунхожа шғармаларын жақсы блетуғын адамлар болған. Жазып алушылардынг сол 1935—1937-жылларда жазып, қалдырып кеткен мағлуматларына қарағанда бул адамлар, сондай-ақ Даулетияр Қурбан улы-да Тахтакопир, Мойнақ районларынынг территорияларында, Арал тенгизининг жағалауындағы атауларда кошип—қонып макан еткен адамлар болса керек .Олар озлери корсеткен адреслердинг ҳарь жлы ҳарь турли болуы усыны корсетеди.[3] Жоқарыда ҳарқайсысы озь тусында келтирилгенлерден басқа жинаушыларға Есен Алланазар улы 1936 — жлы май айында шаирдынг «Менинг балам», «Сазан ау», «Аққамыс», «Берман қара», «Маған керек»,[4] «Ушқан қус», «Олген балық», «Арба», «Қаратас» деген қосықларын жаздырған.[5] Нурман ғарры Кунхожанынг «Сағындым», «Жан анам қалды кейнимде» дейтуғын қосықларын блетуғын болған ҳамь «...бул қосықларды ауелде қыссалардан... (қолжазбалардан деп тусину керек—И. Б.) уйрендим» деп жинаушыларға жаздырған,[6] тлекке қарсы қосықларды биз ҳазирше ҳешбир фондтан таба алмадық.

Кунхожа қосықларын жақсы блетуғынлардынг бреуи спатында Алимбет Бекберген улын-да атап корсету мум-

---

1 Бул-да сонда, 96—бет.

2 ҚҚКИИ-нынг қолжазба фонды, Ф—75, № 1120.

3 ҚҚКИИ-нынг фондындағы № 1080, 1096, 1120-нщы қолжазбаларда, берилген мағлуматларды қарангыз.

4 Бул қосық бурын Бердақтынг топламларына киргизилип келди. Шнында, жинаушылардынг бурынғы туль нусқа материаллары бойынша Кунхожаники. Сонгғы жылларда Бердақ топламларын баспаға таярлаған айрым жолдаслар устиртин қарап Бердақ шғармаларынынг арасына қосып жберген.

5 ҚҚКИИ-нынг фонды, қолжазба, Ф—75, 595-бет.

6 Бул-да сонда, 576 —бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

кин. Алимбет—жазып алушылардынг (Ш. Хожаниязов), қалдырған мағлуматы бойынша Тахтакопир районынынг 2—аул «Таза нур» колхозынынг адамы болған, ал, акеси Бекберген—шаир адам болып, 1891—жлы қайтыс болған. Алимбет Кунхожанынг «Корерсенг», «Сергиздан» қосықларын жаздырған. Бул қосықты ол акесинен уйренген.[1] Бул жерде, адебият изертлеушилеримизднинг дыққатына ескерте кететуғын бир нарсе биз Қазақ ССР Илимлер Академиясы Орайлық Илими библиотекасынынг фондында деп корсеткен № 853-папкадағы қарақалпақ классик шаирларына тиисли материаллар бурын Қарақалпақстан комплексли илим-изретлеу институтынынг фондында болған материаллардынг бир кишкене болеги болуға тиисли ҳамь бул материаллар ол библиотекаға С. Бекназаров тарепинен тапсырылған. Материалдынг қалган тикарғы болеги (шамаменен бес жузь беттей, ойткени, бары 500-нши беттен аржағы) ҳазир Нокисте-де, Алма-атада-да жоқ. Онынг устине С. Бекназаровтынг ҳамь классик шаирлардынг шғармаларын тикарғы жинаушылар болған Ш. Хожаниязов ҳамь С. Мауленовлардынг Қарақалпақстан Комплексли илим изертлеу институтынынг фондындағы почерклерин салыстырып қарап пкир жургизгенде, Алма-ата библиотекасындағы почерк сонгғы екеуиники. Усы қолжазбанынг ишиндеги Кунхожанынг Айтымбет Сереке улынынг аузынан 1938-жыл 5-январь куни жазып алынған «Жгирма бесте» деген қосығынынг кейнинде Ш. Хожаниязовтынг аты корсетилген-де. Тағы бир жағдай Н. Дауқараевтынг минетлеринде, классиклердинг шғармалары бар қолжазба спатында жии-жии келтирилетуғын «фонд № 217» деген қолжазба-да ҳазир ҳеш жерде жоқ: Уллы Уатандарлық урыстан бурынғы жылларда қарақалпақ классик шаирларынынг, сонынг ишинде Кунхожанынг-да шғармаларын жинауға тиккелей қатнасқан адебиятшылар Қ. Аимбетов пенен О. Кожуровлардынг 1939—1940 жылларда «Қарақалпақ адебияты ҳамь искусствосы» журналында дағазаланған № 4 (37), № 5 (38), № 6 (39) № 1 (40)», № 2 (41)») «Қарақалпақ адебиятынынг турлери» деген мақаласында-да Кунхожанынг ҳазир ҳешбир библиотеканынг қолжазба фондында жоқ «Науайы, Фирдауси геройлары ушырасатуғын «қо-

---

[1] Казақ Илимлер Академиясы Орайлық Илими библиотекасынынг фонды. № 853, 113—114—бетлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

сықлары еске алынады. Бул жағдайлардынг бари жиналып Кунхожанынг С. Мауленов жане Ш. Хожаниязовлар тарепинен еле 1937 жылларға шекем жазып алынған қосықлары-да бизге толық жетпей журген болуы керек деген законлы гуманды келтирип шығарады. Буны С. Мауленов, Ш. Хожаниязовлардынг жазып алуларынан кейин жургизилген экспедициялардынг материаллары-да белгили дарежеде тастиқлайды.

Мсаллар келтирейик:

1939-жлы май—июнь айларында откерилген адеби экспедиция уақтында Қ. Аимбетов ҳамь О. Кожуровлар Қонграт районындағы Абдиуайт Абдуллаев деген ксиден Кунхожанынг «Кел-кел Хожа, озинге кел...»[1] деп басланатуғын қосығын жазып алған. Мазмунына қарағанда қосықтынг жазып алынған тексти толық емес. 1954-жлы откерилген адеби экспедиция уақтында Мойнақ районынынг 6—аулсовети Калинин атындағы колхозда турушы 81 жасар Аби улы Наубет деген ғаррыдан «Бишара кеулим қыл талап...» деп басланатуғын қосық жазып алынды[2] Мазмуны бойынша тарихи жане автобиографиялық улкен мағлумат беруи керек бул қосықтынг-да тексти толық емес. 1956-жлы Мойнақ, Кегейли, Чимбай районларынынг территориясында ОзССР Илимлер Академиясы сол уақтағы Қарақалпақстан экономика ҳамь маданият институтынынг тарих болими менен СССР Илимлер Академиясы Хорезм экспедициясынынг этнография отряды бирлесип откерген тарих-этнография экспедициясы дауамында Чимбай районында узинди туринде Кунхожанынг «Сен хожамсанг, мен қулынгман...» деп басланатуғын қосығы ҳамь оған тусиник жазып алынды.[3] Бир белгилеп отетуғын нарсе автобиографиялық характерге ие бул қосықтынг тексти басқа жерлерден-де тап усылайынша бирнеше мартебе жазып алынған ҳамь ондағы шаирдынг омирине тиисли мағлуматлар басқа информаторлар, сонынг ишинде, шаирдынг жақын аулатлары, усы жумыс авторынынг шаирды жақсы блетуғын онынг ауллаcлары, жақын аулатларыменен жекке сойлесу уақтында алған мағлуматларға толық сайкес келеди. Бул қосықта онынг баласыз болғанлығы, қзынынг соқыр болып қалып,

---

[1] ҚҚКИИ-нынг фонды. А—36, 84—85—бетлер.

[2] ҚҚКИИ-нынг фонды. 1954-жылғы адеби экспедициянынг материаллары. Г. Есемуратовтынг қолжазбасы. 16-бет.

[3] ҚҚКИИ-нынг фонды. А. Тореевтинг қолжазбасы. 14—бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

соған коз тлеп Хожахмет Яссауидинг аулиесине барғанлығы созь етиледи. Усы 1956-жлы Мойнақ районынынг екинши бир тарепинде ис алып барған тарихи-этнография отряды Смет Абдирасулиев деген ғаррыдан узинди туринде Кунхожанынг қолжазбаларында жоқ тағы бир қосығын жазып алды.[1] Смет Абдирасулиев Кунхожанынг Айхожа деген инисининг шаулығы, ол жаздырған қосықты Кунхожа баласы олгенде шғарған. Бул Кунхожанынг турмысында болған факт ҳамь бул ҳаққында онынг «Балам олгенде» деп аталатуғын қосығы-да, баласынынг ҳалсизлигин, аурулығын айтатуғын «Менинг балам» деп аталатуғын қосығы-да бар.

Жоқарыда аталған 1956-жлы Мойнақ, Кегейли, Чимбай районларынынг территорияларында откерилген тарихи—этнография экспедициясы дауринде табылған шаирдынг жекке омирине тиисли гейпара мағлуматларменен бирге тағы бир кишкене кута қзық материал бар.[2] Бул Кунхожанынг хан «Менинг он—еки мушемди мақта» дегендеги айтқан қосығынан узинди. Узиндиде ханнынг шаш—сақалы, кози аяғы туралы айтылған орынлар ғана бар. Бзингше, қосық бурын сол он еки мушенинг барин созь ететуғын толық текстке ие болған болуға тиисли. Бул мағлуматты берген Есенгельдиев Усақ, ҳазир Чимбай районында, ози Кунхожанынг уруынан — қалқаман. Усы экспедиция дауринде Чимбай районынынг территориясында Кенгес тухым мал совхозында жасайтуғын 87 жасар ғарры (уруы қолдаулы-қурама) Бектурды Серекеев мнадай қзық мағлумат береди: «Айдос (қадимги Айдосби) еки инисин олтиргенде, Бегистинг, Мыржықтынг (Айдос бидинг ози олтирген инилери) ҳаялларына Кунхожа жлау уйреткен екен...»[3]. Брақ, бунынг тексти жоқ.

1955-жлы Шоманай, Хожели районынынг ҳамь Туркменстан ССР-нынг Гоне-Ургенч районынынг территориясында Қарақалпақстан экономика ҳамь маденият институты тарепинен откерилген адеби-тарихи экспедиция уақтында Кунхожанынг «Қазынынг итине шғарған қосығы» табылды, онынг қазақ ақыны. Шерниязбенен айтысы-

---

[1] ҚҚКИИ-нынг фонды. «Материалы историко-этнографического экспедиционного отряда 1956 г. рук. Шалекенов У. Х.».

[2] ҚҚКИИ-нынг фонды, Х. Есбергеновтынг қолжазбасы, № 19 запись, 26—бет.

[3] ҚҚКИИ-нынг фонды, жоқарыдағы Х. Есбергеновтынг қолжазбасы, запись 19, 23—бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

нан узинди жазып алынды.[1] Дурсырағы бул айтыс емес, ал Шернияздынг бир тойда жырлауына жасы улкен шаир спатында Кунхожадан сораған рухсатына жуап. Буны тусиниклерименен бирге жаздырған Шоманай районынынг сол уақтағы Киров атындағы колхозында турушы Дошекен ғарры Нурымбетов деген кси.

1957-жлы Тахтакопир, Қараозек, Кенгес районларынынг территориясында откерилген комплексли адеби-тарихи—лингвистикалық экспедиция Кунхожа творчествосынынг қазақ ақынларыменен байланысы бойынша тағыда қосымша материаллар берди: Қара—озек районынынг орайында турушы Отепберген Есенғазиевтынг (миллети-қазақ) берген мағлуматы бойынша Кунхожа қазақ ақыны Кудери ақынменен айтысқан; Есенғазиев экспедиция қатнасушыларына Кунхожанынг «Аллияр тақсыр ханымыз...» деп басланатуғын қазақша жазылған қосығын-да жаздырған.[2] Усы Есенғазиевтынг айтуы бойынша Кунхожа қазақша басқа-да коп қосықлар жазған.[3] Сонгғы экспедициялар дауринде табылған бул мағлуматлар-да ҳақиқатлыққа тура келетуғын фактлар. Бирли-ярым қысқа далиллер келтирейик: усы жумыстынг авторынынг ози Мойнақ районынынг Қазақ дарья участкасында туратуғын Кунхожанынг жақын аулатларынан бреуи Емберген деген ксименен сойлесип қарағанда ол Кунхожанынг кете Шернияз деген қазақ ақыныменен айтысынынг болғанлығы, бул айтысты ол еле бала уақытларда Жумабай деген қазақ жраудынг Қазақ дарьяға келип айтып жургенлиги, Кунхожанынг Шерниязды излеп-пе я баспаналап-па, қулласы Шернияз жаққа—Қазақстан жерине барып жургенлиги ҳаққында айтып берди. Қарақалпақстан Комплексли илим-изертлеу институты библиотекасынынг фондында сақланатуғын бир қолжазбада бурын адебиятшыларымыз елестирмей журген Кунхожанынг атына жазылған еки қосық бар: бреуи Кунхожанынг Улбике деген қазақ қыз ақынменен айтысы деп корсетиледи-де, екиншиси «Насият» деген қосық болып, бул Кунхожанынг озь

[1] ҚҚКИИ-нынг фонды. 1955-жылғы экспедиция материаллары, А. Каримовтынг жазбасы, 3—4 бетлер.

[2] ҚҚКИИ-нынг фонды ,1957-жылғы экспедиция материаллары, А. Пахрадиновтынг қолжазбасы, запись № 19; 45, 46—бетлер.

[3] Усы экспедиция материаллары, А. Каримовтынг қолжазбасы. 58—бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

қосығы спатында корсетиледи.[1] Бунынг кейингиси уақиялы қосық, брақ мазмун шығармайтуғын узинди туринде. Қосықты 1946-жылы жазып алған С. Бекназаровтынг соз қолжазбанынг озинде қалдырған ескертуи бойынша;»... изи қута коп екен..., брақ» қолжазба жойтылғанлықтан— информатор изин айта алмаған». «Насият» деген қосық-та Улбикеменен айтыста қазақша қосық қурылысыменен («...Айтайын бир насиҳат қулағынг сал»—3—4—4-11), ал «Айтыс» қосығы қазақ тлин кенг қолланумененен жазылған. Онынг устине Улбике болса экспедиция материалларындағы Кунхожа айтысқан белгили Кудери ақын менен-де айтысқан қыз ақын. Кудери менен Улбикенинг айтысы еле откен асирде рус изертлеушилери тарепинен дағазаланған-да еди.[2]

Мне усындай жардемши материаллар Кунхожанынг қазақ ақынлары Шерният, Кудерименен айтысларынынг шыннан-да болуы мумкин деген жумаққа алып келеди. Бул шаирлар болсын, сондай-ақ Улбике болсын жасаған даурлери бойынша-да, жерлери бойыншада Кунхожа менен ушраса алуы мумкин болған. Кудери-де, Улбике-де XIX— асирде жасаған ҳамь айтысқа коп қатнасқан ақынлардан,[3] белгили қазақ адебиятшысы Е. Исмаиловтынг тастиқлауы бойынша «Кудери туби Туркстан, Сыр бойынан болып, Арқаға барып сингискен хожа»,[4]... Улбике-Сыр бойынан»[5]. Озининг Улбике менен айтысында Кудери хожанынг:

«...Танымасанг Улбике тағы алақай,
Қарақалпақ, қазаққа пир хожангмын...»[6]

деп айтқан сози-де дыққатқа ылайық нарсе. Кунхожа базбаяғы усы заманнынг адамы ҳамь Сырбойында, Туркстанда болған. Сонлықтан онынг Улбикеменен-де Кудериме-

---

[1] Қолжазба № 1081, С-42, 45—72-бетлер.

[2] «Образцы народной литературы тюркских племен, живущих в южной Сибири Джунгарской степи», собраны В. В. Радловым, част III, киргизское наречие, Санк—Петербург, 1870 г. стр. 34 — 38.

[3] С. Муқанов «Қазақтынг XVIII—XIX—асирдеги адебиятынынг тарихынан очерктер», 1—болим, ҚазОгиз, Алма-Ата, 1942—жыл, 173 бет .

[4] Қазақ ССР Илимлер Академиясы Орайлық Илими библиотекасынынг фонды», Айтыс, XIX—XX—асирдеги қазақтынг белгили ақынларынынг айтыс «оленгдери» деген қолжазба Д—19, 580—бет.

[5] Бул-да сонда, 623—бет.

[6] Қазақ ССР Илимлер Аадкемиясы Орайлық илими библиотекасынынг фонды, «Кудери хожаменен Улбикенинг айтысы», деген қолжазба, № 251, 8—бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

нен-де ушрасуы, сол уақыттағы шаирлық—ақынлық салттынг тартиби бойынша айтысқа тусуи мумкин нарсе. Белгили болғанындай-ақ қарақалпақ классик шаиры Ажинияз-да Шернеязды улкен шаир спатында тилге алады.

«...Кем емеспен қзыл тилге Шерниязда...»[1]

дейди ол қазақ ақыны қыз Менгешпенен айтысқанда.

Демек, Шернияз откен асирде-ақ қарақалпақлар арасында аты малим қазақ ақынларынан бри болған. Сонлықтан онынг Кунхожаменен ушрасуы-да, басқа-да творчестволық қатнасқа тусуи-де толық мумкин жағдай. Тлекке қарсы, Кунхожанынг Кудери ақынменен, Шерниязбенен айтысларынынг текстин табу ҳазирше мумкин болмады.

Шаирдынг творчествосын изертлеу жумысынынг екинши болеги болып есапланатуғын-онынг шғармаларын басып шғару иси ҳазирше басланғыш жағдайында.

Енг бриниши мартебе дағазаланған Кунхожанынг белгили «Кун қайда» қосығы. Ол 1938—жлы Ш. Хожаниязов ҳамь С. Мауленовлардынг жазып алуында «Адеби альманах»та басылып шықты.[2] Сол жлы адеби журналда шаирдынг «Туйе екенсенг» қосығы «Туйе» деген атпенен басылды.[3] Буннан сонг онынг «Жайлауым», «Умытпаспан», «Туйе екенсенг», «Орақшылар», «Шопанлар», «Байбаласы», «Жарымадым», «Не болдым», «Ел менен» деген белгили қосықлары «Қарақалпақ халқ творчествосы» деген ктапта дағазаланды.[4] Тап усы жлы Кунхожанынг «Орақшылар», «Шопанлар», «Умытпаспан», деген қосықлары бриниши мартебе рус тлине аударылды.[5] Шаирдынг «Елменен» қосығы екинши мартебе Уллы Уатандарлық урыс жылларында революцияға шекемги қарақалпақ адебиятынынг енг кушли патриотлық шғармаларынынг бреуи спатында «Қырқ қыз» эпосы, Бердақтынг «Халқушын», «Амангелди», «Ерназар би», Жиен жраудынг «Посқан ел», Ажинияздынг «Бозатау» шғармарыменен

---

[1] Ажинияз Қосыбай улы, Танглаулы қосықлар топламы, ҚҚМБ, Нокис—1949 жыл, 50—бет.

[2] «Адеби альманах». Бриниши ктап, ҚҚМБ, Торткул—1938—жыл. 62—63—бетлер.

[3] «Женгис ҳауазы» журналы. № 4, 1938—жыл 65—66—бетлер.

[4] «Қарақалпақ халқ творчествосы» ҚҚМБ, Торткул—1940 — жыл, 31—40—бетлер.

[5] «Возрожденный народ», альманах каракалпакской литературы, ККГосиздат, Турткуль—1940 г., 18—24 стр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

нен бирге «Халқ батырлары» деген топламға кирди.[1] 1941-жыллардан баслап шаирдынг «Елменен», «Туйе екенсенг», «Умытпаспан», «Неге керек», «Кун қайда?», «Бай баласы», «Орақшылар», «Шопанлар», сияқлы қосықлары V—VII класслардынг «Уатан адебияты» хрестоматияларына крип киятыр. 1952 жыллардан баслап қарақалпақ орта мектеплерининг V — VII —класслардағы адеби оқу курсына қосымша онынг «Ақ қамыс» қосығы-да кирди. Шаирдынг тикарғы қосықлары, бриншн мартебе 1952—жлы шыққан қарақалпақ адебиятынынг тарихи курсы бойынша 9-класслардынг хрестоматиясына, бринши мартебе 1954-жлы шыққан 8-класслардынг хрестоматиясына-да кирди ҳамь ҳазир-де онынг шғармалары сол 9-класслардынг адебият хрестоматиясында, дағазаланып киятыр. 1956-жлы бринши мартебе шыққан «Қарақалпақ поэзиясынынг антологиясы» на шаирдынг «Жайлауым», «Орақшылар», «Туйе екенсенг», «Елменен», «Қамыс», (дурысы «Ақ қамыс» болуы керек еди—И. Б.), «Неге керек?», «Не болдым?» қосықлары киргизилди.[2] Бул қосықлар сондай-ақ 1959-жлы озбек тлинде шыққан «Қарақалпақ поэзиясынынг антологиясы»на-да кирди. Бул Кунхожа шғармаларынынг озбек тлине бринши аударылуы болып есапланады.

Кунхожанынг қосықлары озь алдына ктап болып бринши мартебе 1949-жлы Қарақалпақ Мамлекетлик баспасы тарепинен «Танглаулы қосықлар топламы» туринде басылып шықты. Бул топламға шаирдынг бурын «Қарақалпақ халқ творчествосы» атлы топламда дағазаланған қосықлары менен бирге жангадан бринши матребе «Сазан ау», «Ақ қамыс», «Берман қара», «Олген балық», «Арба», «Менинг куним», «Қзыл қум», «Ярым хош енди», «Менинг балам»; «Сок санар», «Қаратас», «Олим»; «Арьманда». «Ким блер»; «Ешким бар»; «Кунхожа»,[3] «Коринбес», «Бараалмас», «Жетимнинг ҳақын жеп қойма» деген қосықлары болып, барлығы 30 қосық кирди. Бул қосықларда жоқарыда корип откенимиздей 30-жыллардынг басында орталарында жиналған шғармалар.

---

[1] «Халқ батырлары». II—болим, ҚҚМБ, 1943—жыл.

[2] «Қарақалпақ поэзиясынынг антологиясы», Нокис, 1956-жыл. 62—69—бетлер.

[3] Бзингше ктапты баспаға таярлаушылар бул қосықтынг атын «Кунхожа» деп қате қойған. Шнында бул дерсклер бойынша анықланғанда ««Қашан корермен», «Болар-ма екен» деген еки қосық болуы тиис—И. Б.).



www.ziyouz.com kutubxonasi

Озбекстн ССР Илимлер Академиясы Қарақалпақстан Комплексли Илим Изертлеу институты библиотекасынынг, Қазақстан Илимлер академиясы Орайлық илими библиотекасынынг фондында бар қолжазбаларды, яғни Кунхожа шғармаларын жинаушылардынг сол уақытлардағы қолжазбаларын уйренип қарау бринши гезекте Кунхожа шғармаларынынг жиналғанларынынг озининг коп болегининг дағазаланбай жургенлигин, екиншиден, айрым адебиятшылардынг устиртин қатнас жасауынан Кунхожанынг айрым шғармаларынынг басқа шаир атына откерилгенлигин, сондай-ақ елеули-елеули текстологиялық кемшиликлерди, Кунхожанынг жарық кормей киятырғач шғармаларынынг коп болғанлығын корсетти. Ис жузинде бул шғармалар Кунхожанынг творчествосы ушын-да, жалпы откендеги қарақалпақ адебиятынынг тарихы ушында улкен аҳмиетке ие. Олар шаирдынг «Ойда», «Басты хор айлер»,[1] «Жау торғай», «Азулы», «Заман», «Изимбет», «Донгыз қабақ», «Ушқан қус», «Қайтып кел», «Козим», (...«Жарқырайсанг тунги жанған...» деп басланатуғын тури), «Балам олгенде», «Келин», «Суға кетти», «Коринбес» «Қобыз», «Ким едингʔ»[2] «Жгирма бесте», «Корерсенг», «Сергиздан», «Малым барда», деген қосықлары.

Кунхожа қосықларынынг 1960-жылғы басып шғарылған қосықлар топламында бул кемисликлердинг барлығы мумкин болғанынша толықтырылды.[3]

Кунхожа шғармаларын жинаушы С. Мауленов ҳамь Ш. Хожаниязовлардынг туль қолжазбасы бойынша Бердақ шаирдынг шғармалары спатында дағазаланып журген «Маған керек», «Жаз келерме?» (қолжазбада «Керек маған», «Яз келер-ме?»), «Тойда» қосықларынынг ҳақиқат авторы-да Кунхожа. Айрым жолдаслар илими дереклерменен ислеу маселесине женгил қарап, қате турде бул қосықлардынг авторын Бердақ деп озгертип жазып жберген.[4] Бундай жағдай тағы бир басқа қолжазбаменен тастиқланады. Бул Бердақтынг лирикалық қосықларынынг 1939 жлы баспаға таярланған топламынынг машинкаға басты-

---

[1] ҚҚКИИ-нынг фонды, қолжазба Ф 75, ҳартурли бетлеринде.

[2] ҚҚКИИ-нынг фонды, қолжазба, С—23, № 1096, ҳартурли бетлерде.

[3] Кунхожа Ибраим улы. «Қосықлар», Нокис — 1960 — жыл ҚҚМБ.

[4] ҚҚКИИ-нынг фонд, қолжазба № 1080, С—23, ҳартурли бетлерде.



www.ziyouz.com kutubxonasi

рылған қолжазбасы. Бунда Бердақ қосықларының дэимин («мазмунын») дузуши дурыс турде дзимге «Жаз келер-ме?», «Мағап керек», қосықларын киргизбеген. Ал кейнинен екинши бреу бул еки қосықты, сондай-ақ Кунжожаның «Козим» («Жарық дунья кормей болдым арьманда»... деп басланатуғын тури), «Ушқан қус» ,«Ақ қамыс» қосықларын-да автордынг атын сзып таслап, Бердақтынг атын жазып жберген,[1] қосықлардынг кейниндеги жинаушылардынг ескертулерине-де хеш итибар бермеген. Ҳақиқатында тупь қолжазбадағы сиақлы, усы машинописьтинг озинде-де аты аталған қосықлардынг қайдан, кимнен жазып, алынғанлығын айқын ескерткен.

Тағы бир ескертетуғын нарсе Ф — 75 ҳамь С — 23 № 1080-ншп қолжазбалардынг ишинде Бердақтынг қосықлары-да, Кунхожанынг қосықлары-да бар, олардынг екеуин-де жинаған бир адамлар, яғни С. Мауленов пенен Ш. Хожаниязов. Олар адамлардынг аузынан жазып алуы ямаса қысса даптерлерден коширип алуы бойынша озь уақтында ҳарь қосықтынг авторын шатастырмай жазып қалдырған. Ал, Бердақтынг топламын 1940-жлы баспаға таярлауға қатнасқан айрым жолдаслар устиртин қарап Кунхожанынг айрым қосықларын Бердақтынг атына откерип жберген. Ал, Бердақ шғармаларын баспаға таярлау, изертлеу исименен шуғылланған, қарақалпақ адебияты бойынша сабақлықлар, программалар жазған, хрестоматиялар дузген жолдаслар, сонынг ишинде усы жумыс авторынынг ози-де даслепки изертлеушилердинг изименен кетип қалған. «Жаз келер-ме?» «Маған керек» қосықларынынг қате турде болсын. Бердақтынг атыменен ктап оқушылар арасына таралып кетуи-де бурын жберилген қатени дузетуди иркип келди. Бул жберилген қате Кунхожа шғармаларынынг 1960—жылғы басылуында дузетилди.

«Тойда», «Жаз келер-ме?». «Маған керек», «Козим» қосықларын ҳақиқат озь авторына беру— онынг авторынынг творчествосына берилетуғын илими баҳаны тағы-да толықтырады. Бул қосықларды законлы авторына алып беру Бердақ творчествосынынг уллы аҳмиетине ҳешқандай-да зиян келтирмейди. Сол сияқлы бул қосықларды биз Кунхожағада онынг дангқын улкейту ушын алып бер-

---

[1] ҚҚКИИ-нынг фонды қолжазба № 1080, С—23, ҳартурли бетлерде.



www.ziyouz.com kutubxonasi

меймиз. Кунхожа бул қосықларсыз-ақ улкен шаир. Бул илажды биз илими ҳақиқат ушын ислеймиз.

Тупь қолжазбадағы малуматтынг устине текстологиялық жумыс жургизип қарайтуғын болсақ-та бул қосықларға Кунхожанынг авторлығы коп нарселерменен тастиқланды. «Козим» қосығын алайық:

Бул қосық жазушылар С. Мауленов, Ш. Хожаниязов тарепинен шаирдынг «Жарымадым», «Арьманда» қосықларыменен бирге Шарапатдин Закир улы дегеннинг қысса ктабынан жазып алынған.[1] Қосықта шаир козининг соқыр болып қалғанлығын айта келип:

—«Козим кормес, мени ғаплетлер басты,
Откердим азапта жетпис бес жасты...[2]

деп жазады. Бердақтынг 1940--жылғы топламына кирген туринде—де даль усындай.[3]

Бизге Кунхожанынг қартайғанда, 80—жасқа шығып олгени-де, сондай-ақ Бердақтынг козден қалмағаны-да, 73 – жаста қайтыс болғаны-да малим. Мне усыған қарамастан Бердақ шығармаларынынг 1950—жылғы баспасын таярлаған жолдаслар-да бул қосықты Бердақтынг топламына киргизген ҳамь текстти Бердақтынг жасына тенгеу ушын 75 дегенди 71 деп озь бетлеринше озгерткен:

«Откердим азапты жетпис бир жасты...»[4]

«Жаз келер-ме», «Маған керек», «Тойда», «қосықларынынг қай қайсысында-да Кунхожанынг поэтикалық почеркин тастиқлайтугын белгилер табылады-да, керисинше бикарлайтуғын ҳешқандай белги жоқ.

Откендеги бир шаирдынг қосығын екинши бир шаирдынг топламына блип болсын, билмей болсын, қуллаоы надурыс турде киргизип жберу тек бизде ғана ушырасқан жағдай емес. Мсалы: Туркмен классик шайыры Мақтымқулынынг 1926—жлы басылып шыққан топламына екинши бир туркмен классик шаиры Шабенденинг «Гоззалим» деген қосығы крип кеткен,[5] ал рус шайыры А. Полежаев-

---

[1] ҚҚКИИ-нынг фонды, қолжазба № 1080. С—23. 7—бет.
[2] ҚҚКИИ-нынг фонды, қолжазба № 1080, С—23, 6—бет.
[3] Бердақ Толық жинақ. 1940—жыл, 132—бет.
[4] Бердақ Танглаулы шығармаларынынг толық жинағы. ҚҚМБ Нокис—1950—жыл, 89—бет.
[5] Б .А. Гаррыев «Мақтымқулы ве онынг ватанлылығы» 1943—жыл, Ашгабат, 22—бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

тынг «Ожесточенный» деген қосығынынг бир улкен узиндиси «И дышет все в создании любовью» деген атпенен озь алдына қосық туринде екинши бир рус шаиры А. Н. Плещеевтинг қосықлар топламына (Библиотека поэта, малая серия, Ленинград, 1957 г.) крип кеткен.[1] Бул еки жағдайда-да қателик дузетилип, аты аталған қосықлар олардынг ҳақиқат авторларына алып берилген. Барлық адебият илиминдеги бул дастурь бизде-де булжытпай қолланылуға тиисли.

Кунхожа шғармаларынынг аудармалары ҳаққында-да бир—еки созь айтып кету орынлы. Жоқарыда корсеткенимиздей-ақ рус тлине онынг тек «Орақшылар», «Шопанлар» (аударушы В. Стрельченко), «Умытпаспан» (аударушы С. Бассин) қосықлары ғана аударылған ҳамь усы аудармалардынг ози-де 1940-жлы «Возрожденный народ» атлы оғада аз тиражлы альманахта шғуыменен қалып кетти. Солай етип қарақалпақ классик адебиятынынг енг улкен уакиллеринен болып есапланатуғын бул шаирдынг творчествосы туысқан халқлардынг ктап оқушыларынынг-да, адебиятшы, илимпазларынынг-да дыққатына усынылмай киятыр.

Қарақалпақ классик поэзиясы туралы туысқан халқлар ктап оқушыларына-да, адебиятшыларына-да ҳақиқат толық тусиник пайда ету ушын бул кемшиликти сапластыру, тез уақыт ишинде Кунхожа шғармаларынынг басқа туысқан халқлар тлине аударылуына, бринши гезекте рус тлинде басылып шғуына ерису заруръ. Шаирдынг ҳазирги бар азғана аудармаларынынг сапасы-да жақсы емес; оларда Кунхожа шғармаларынынг коркемлик озгешеликлери, «Шопанлар», «Орақшылар», «Умытпаспан» қосықларына тань болған милли жане даурлик колорит сақланбаған. Аудармалар Кунхожанынг ықшам, жупкер, тасирли қосықларынынг аудармасынан коре ,уйқасқа тусирилген подстрочникке уқсайды. Коп орынларда оригинальдағы мазмун томенлетилип, озгертилип жберилген. Мсалы:

«Ийнинде кунлик шапаны,
Пақалға тырналып саны,
Барқулла қиналып жаны
Алызда журь орақшылар»[2]

деген куплеттинг аудармасын қарангыз:

---

[1] Журнал «Вопросы литературы» 1958—жыл, № 1, стр. 225.

[2] Кунхожа, Танглаулы қосықлар топламы. ҚҚМБ. Нокис. 1949—жыл, 19—бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Жаркий ветер вздул халат (?).
Ноги голые спешат,
И колючки их язвят,
День и ночь идут жнецы...[1]

Бул жерде гап аудармадағы мазмуннынг азлығында, оригинальға аз сайкес келуинде ғана емес, ал суретленип отырған уақыттынг, адамлардынг енг характерли бир картинасын ашып берип турған «Ийнинде кунлик шапаны» деген дизбектинг путкиллей тусип қалғанында-да болып тур. «Умытпаспан» қосығынынг аудармасында-да мнадай қатарлар бар:

«...И я подумал в этот час:
На троне хан—глупее нас...»[2]

Ал, бунынг қарқалпақшасы мнадай:

«Мен ойладым сол уақытта:
Хан ақылсыз деп тахтта...[3]

Солай етип аудармадағы қатарды толтыру жане уйқас ушын «глупый» дегеннинг орнына «глупее» деп алынған созь—қосықтынг откирлигин путкиллей кемитип тур.

Кунхожа хаққында даслепки пкирлер айту 1939—1940 —жылларда басланды. Бул Кунхожа шғармаларынынг баспа созде дағазалана баслануыменен келип шықты. Буған шекем баспасозде Кунхожа туралы онынг дағазаланған бирли—ярым қосығынынг алдына берилген «XIX—ақирдинг бас тезинде жасаған шаир» деген тусиниктен басқа хешнарсени ушратпаймыз. Кунхожанынг 1939 — жылларға шекем илими—адеби жамиетшиликке улкен шаир спатында белгили болмай киятырғанлығын мна бир жай, факттен-ақ коруге болады: 1939 — жлы январь айында болып откен ҚҚАССР интеллигенциясынынг бринши съездинде шғып сойлеген созинде адебиятшы Қ. Аимбетов: «Ажинияздан басқа Кунхожа, Мамбетнияз, Кулмурат, тағы-да басқа бирнеше шаирлар болған...»[4] деп корсетеди хамь олардынг творчествосын изертлеуге шақырады.

---

[1] «Возрожденный народ», Турткуль, 1949 г. 18—стр.
[2] Бул-да сонда. 24—бет.
[3] Кунхожа. Таңглаулы қосықлар топламы, ҚҚМБ, Нокис — 1949—жыл, 15—бет.
[4] «Қзыл Қарақалпақстан» газетасы, 3—январь 1939—жыл.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дурыс, буннан бурын-да Кунхожанынг аты аталатуғын жумыслар бар. Мсалы, профессор А. А. Соколов ози басшылық еткен 1934—жылғы этнографиялық—лингвистикалық экспедиция дауринде 14 шаирды анықлағанлығын айта келип, солардынг ишинде Кунхожаны-да атайды, буларды, «...ҳазирги тарих архивине тапсырылатуғын қарақалпақ феодал ҳамь сауда капиталистлик жамиетшилигининг класслық маплерин баян етушилер...» деп корсетеди. Ал, екинши бир орында ол Кунхожаны «XIX—асирдинг 70-жылларындағы феодал шаиры»[1] деп атайды. Бул пкир Кунхожа творчествосын надурыс характерлейтуғын, шаирдынг шғармаларын теренг изертлемеуден келип шыққан қате пкир екенлигин далиллеп отыруға-да ҳазир мутажлық жоқ.

Кунхожа творчествосын, онынг революцияға шекемги қарақалпақ адебиятынынг тарихындағы улкен орнын илими жақтан дурыс баҳалау жолындағы даслепки ҳарекетлерди Н. Дауқараев, О. Кожуров ҳамь Қ. Аимбетов жолдаслардынг жалпы қарақалпақ адебиятынынг маселелерине арналған 1939—40 жылларда ғы жумысларында коремиз: Н. Дауқараев 1939—жлы қарақалпақ совет жазушыларынынг екинши съездинде жасаған докладында қысқаша Кунхожанынг «Кун қайда», «Шопанлар», «Орақшылар», «Умытпаспан», «Елменен», «Неге керек»? сияқлы белгили қосықларына улума ҳамь қысқаша анализ жасайды, усылар тикарында «Кунхожа озининг қосықларында халқтынг басындағы қайғыны, азапты, езушиликти жырлаған, патшаларға, аталық-билерге—езушилерге налет айтқан шаир» деп жумақ жасайды.[2] Докладшынынг екинши жумағы: «Кунхожа омирининг ахырғы кунлеринде қайғыға, уайымға, жлауға, дуньядан тунгилуге салынады, пессимистликке туседи. Қудайға жалбарынады...»[3] деген пкир. Шаирдынг омири ҳаққында Н. Дауқараев «Кунхожа XIX—асирдинг басында омир сурген адам «деген нен басқа мағлумат бермейди. Ол шаирдынг шын аты Жиемурат, ал Кунхожа адеби лақабы болса керек[4] деген шамалауды айтады. Кунхожанынг аты ҳаққында барлық адебиятшыларда-да такрарланып келген,

---

[1] Фонд ҚҚКНИИ—рукопись, С—59, стр.—18.

[2] «Қарақалпақ адебияты ҳамь искусствосы» журналы. № 3. (36) 1939—жыл, 50—53—бет.

[3] Бул-да сонда, 53—бет.

[4] Бул-да сонда, 50—бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ал ҳақиқатында дурыслыққа сайкес келмейтуғын бул пкирде тап усы шамалаудан басланып кетсе керек.

Солай етип, Кунхожаның минеткеш халқтынг шаиры, откендеги қарақалпақ адебиятынынг улкен бир уакили спатындағы баҳасы бринши мартебе, Н. Дауқараевтынг усы докладында берилген. Ал, Н. Дауқараевтынг Кунхожаны путкиллей пессимист спатында баҳалауы шаир творчествосындағы айрым қарама қарсылықлар менен онынг дереклерин теренг анализ жасамаудан келип шыққан бир жақлы пкир болып есапланады. Н. Дауқараевтынг бул доклады (гейпара тезислери озгертилип, толықтырылып) «Қарақалпақ поэзиясы» деген атпенен «Дружба народов» альманахында-да басылып шықты. Бул мақаласында ол Бердақ, Ажинияз, Кунхожаларды феодализм жыршысы деп атаушылықты қатты қаралайды.[1] «...Кунхожа халқ қайғысы менен аур турмысынынг жыршысы болды. Ол ҳақиқатты ашық пкир айтып, ел басқарушыларды айыплады»[2] деп корсетеди. Н. Дауқараевтынг усы мақаласындағы—Бердақ, Ажинияз-бенен бирге Кунхожа қарақалпақ поэзиясынынг тикарын салушы болды[3] деген пкири, бзингше, усы маселеде ҳазир-де дурыс пкир болып есапланады.

Қ. Аимбетов пенен О. Кожуровтынг «Қарақалпақ адебиятынынг турлери» деген мақаласында бринши мартебе шаирдынг шығармалары жане экспедиция материаллары тикарында Кунхожанынг омирине тийсли гейпара мағлуматлар, сондай-ақ Кунхожа творчествосынынг Н. Дауқараев созь етпеген екинши бир аҳмиетли тарепи—қосық қурылысы маселеси созь етиледи[4]. Мақалада Кунхожанынг»... қай жылы туылғаны, қай жылы олгени малим емес. Брақ халқ аузындағы созлерге қарап 1799 — 1800 жылы туылған деп шамалауға болады. Буны басқа бир материаллар-да дурыслайды...»,[5] деп кросетиледи. Мақала авторларынынг айтуы бойынша Кунхожа «... сексен жасларында, шамадан 1880—жыллары... олген»[6] 30-жылларға

---

[1] «Дружба народов», альманах, книга 3. 1939 г. Москва, 316—бет.

[2] Сонда, 318—бет.

[3] Сонда, 319—бет.

[4] «Қарақалпақ адебияты ҳамь искусствосы» журналы, № 2 (41) 1940—жыл, 50—55—бетлер.

[5] Бул-да сонда, 50—бет.

[6] Бул-да сонда, 51—бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

тиисли басқа дереклерде-де халқ аузындағы сөзлерге, информаторлардынг мағлуматларына қарай Кунхожаны 1799—жлы туылып, 1880—жлы қайтыс болған деп тастиқлау гезлеседи. Тлекке қарсы, сол жыллардағы жинаушыларға ҳамь изертлеушилерге Кунхожаны 1799—1880 жылларда жасады деп тастиқлауға тикар болған халқ аузындағы сөзлер, информаторлардынг мағлуматлары, К. Аймбетов пенен О. Кожуров көрсеткен басқа бир материаллар ҳешбир қолжазбада сақланбаған. Сра, олар информаторларменен сойлесип отырған уақыттынг озинде таллау жасап Кунхожанынг туылған, қайтыс болған жлын анықлап алғанда, сөзлердинг өзин жазбай қалдырып кеткен болса керек.

Кунхожа ҳаққында буннан сонгғы «Қарақалпақ халқ творчествосы» топламында, белгили тарихшы П. П. Иванов пенен А. С. Морозованынг минетинде,[1] П. П. Ивановтынг «Каракалпаки» деген мақаласында,[2] сондай-ақ адебият хрестоматияларында берилген мағлуматларда-да тикарынан алғанда Н. Дауқараев О. Кожуров, Қ. Аимбетов берген мағлуматлар такрарланады.

1948—жлы «Қзыл Қарақалпақстан» газетасында адебиятшы С. Бекмуратовтынг «Қарақалпақ адебиятынынг мектеби кимнинг атрапында болды деген маселеге»[3], жазушы Х. Сеитовтынг «Қарақалпақ адебиятынынг мектеби Бердақтынг атрапында болды»[4] атлы мақалалалары басылып шықты.

Еки мақаланы-да газета редакциясы «пкир алысу ретинде» дағазалаған.

Кунхожа творчествосын изертлеуге ҳешқандай жангалық-та, улес-те қоспаған бул еки мақала-да Кунхожа твор чествосы адеур сөзь етиледи ҳамь бир—брине уқсас, сонынг менен бирге бир—брине қарама—қарсы қателерге жол қойылады. С. Бекмуратов революцияға шекемги қарақалпақ адебиятында адебият мектеби Кунхожанынг атрапында болды деп тастиқлайды ҳамь өзинииг бул пкирин

---

[1] **П. П. Иванов, А. С. Морозова «Каракалпаки» рукопись,** 1941—1944 г.г Ленинград—Ташкент; ҚҚКИИ-нынг фонды, 9 (С 526) И—20, 61—бет.

[2] «Советская этнография». IV. 1940 г. М. Л., из-тво Ан СССР, стр. 42.

[3] «Қзыл Қарақалпақстан газетасы, 10-февраль 1948—жыл, № 28

[4] «Қзыл Қарақалпақстан» газетасы. 14 май 1948—жыл, № 94 (4770).



www.ziyouz.com kutubxonasi

далиллеу ушын басқа шаирлардынг хызметин томенлетудинг есабынан Кунхожаға тиисли болмаған (уллы шаир болу ушын Кунхожа зару-де емес) хызметлерди жазады; ал, Х. Сеитов-та «Қарақалпақ адебиятынынг мектеби Бердақтынг атрапында болды, деген озь пкириң: далиллеу ушын тап усы методты қолланады, қаттеки, «Кунхожа... шын мағанада классик-те емес» деген жумаққа-да келеди. Еки мақалаға-да тенгдей тань тағы бир кемшилик—олар озь пкирининг теориялық дурыслығына-да, фактлардынг дурыс таллау жасалынуына-да ҳеш итибар бермейди, алдан озлери белгилеп алған тезисти тастиқлау ушын логикасыз, байланыссыз пкирлерди урып—жығып айта берген.

«...Қарақалпақ адебиятындағы классик шаирлардынг творчестволарын тексерип, козден откерип, адебияттағы ролин анықлап қарақалпақ адебиятына қосқан жанталық нормаларын (?), поэзиялық формаларын (?) есапқа алып қарасақ, адебият мектеби Кунхожа атрапында болғанын коремиз»—деп жазады С. Бекмуратов. Бул санап отилгенлердинг бари конкрет неден ибарат, қандай роль, қандай норма, қандай форма ҳаққында созь баратырыпты?—бунынг бари мақала авторынынг озь кеулинде ғана қалған. С. Бекмуратовтынг адебият мектеби Кунхожанынг атрапында болды дегенде келтиретуғын далили: 1) Кунхожа 7—8—11 буынлы, 4—қатарлы, озь ара байланыслы, уйқаслы, нама қосығын бринши болып доретти», 2) «Кунхожа Бердаққа кенгес берген», 3) «Ози жасаған даурде бир қатар шаирға устазлық еткен», ол олгенде шаирлар қиналған, 4) Кунхожа—қарақалпақлар Хорезмге келген уақтағы бринши шаир», 5) «Хиуаға оны Мадемин хан шақыртады, усынынг ози-ақ онынг белгили адам екенлигин далеллейди—дегенлерден ибарат. Бул айтылғанлардынг базы бреулерининг адебият мектеби маселесине путкиллей қатнасы болмаса, базы бреулери қарақалпақ адебияты тарихынынг фактларына—да сайкес келмейди.

Улума искусствода, сонынг ишинде адебиятта адебият мектеби дегенимиз «...қандай болмасын бир созь шеберининг шакиртлери ҳамь исин дауам еттирушилери топарынан ибарат адеби бағдар, ағым»[1] болып есапланады. «Гейде бул терминлерменен онынг тар манисинде, басқа жазушылар ушын коркемлик шеберлик мектеби болып

[1] «Большая Советская энциклопедия», второе издание, том 48, стр. 82.



www.ziyouz.com kutubxonasi

хызмет еткен қандай болмасын бир уллы жазушы творчествосынынг озгешеликлерин (идеялық, коркемлик козқарасын, образларын, суретлеу қуралларын) анықлайды».[1]

Адебият мектеби ҳаққындағы мне усы анықламалар тикарында С. Бекмуратов корсеткен далиллер ҳешқандай аҳмиетке ие болмай қалады. 7—8—11 буынлы, 4 қатарлы қосықлар тек Кунхожадан басланады, сондай-ақ айрым адебиятшылардынг Бердақтан басланады деп есаплауы дурыс емес. Бул классик шаирлардынг қай-қайсысынынг шығармасынан-да бурын дореген аузеки халқ творчествосынынг бир спыра улгилеринде, эпосларда қосықлардынг бул улгилери ушрасатуғынлығы—мсал келтирип тусиндирип отыруды талап етпейтуғын факт.

Х. Сеитовтынг мақаласында-да қате жане ерси пкирлер толып атыр. Онынг пкиринше «...Кунхожанынг шығармасынынг стилименен уллы классик шаир Бердақтынг шығармаларынынг стили арасында жер менен аспандай айырма бар...» (?) Тек Бердақ ғана «...адебиятқа мазмун, форма киргизди»; «...ҳазирги шаирлар ушын Бердақ, Кунхожадан уйренудинг хажети жоқ ҳ. т. б. Х. Сеитов адебият мектеби Кунхожанынг атрапында болды деген пкирди бикарлау ушын Кунхожаны» омирден тунгилип қараған» шаир спатында характерлейди, онынг адебият тарихындығы улкен ролин-де, онынг творчествосынынг халқ арасына кенг таралау фактын-да бикарлайды. Мсалы, ол классик шаир деген терминге надурыс жане— шымштырық анықлама бере келип, бул туралы озь пкирин «классик деп халққа танылған белгили шаирды ямаса жазушыны айтамыз» деп жумақлайды ҳамь озининг усы анықламасы тикарында «Кунхожаны шын манисинде классик-те емес» деп тастиқлайды. Қарақалпақ халқы-да, онынг улкен шаирлары-да ҳурметпенен тилге алатуғын, жузь жыллар дауамында шығармалары халқ ядында пухталықпенен сақланып киятырған шаирды сол халққа белгисиз шаир деп баҳалау, албетте қате.

Енг ерси бир нарсе, С. Бекмуратов-та , Х. Сеитов-та қарақалпақ адебиятында адебият мектеби болды дегенде, қарақалпақ адебиятынынг материалларына, адебият мектеби ҳаққындағы теориялық тикарларға негизленбейди, ал, басқа адебиятларда адебият—мектеби болғанлығына ғана негизленеди. Мсалы, Пушкиннинг, Абайдынг. Нау-

---

[1] Л. Тимофеев и Н. Венгров «Краткий словарь литературоведческих терминов». Госучпедгиз РСФСР, Москва, 1955 г, стр. 161.



www.ziyouz.com kutubxonasi

айының мектеби бар, сонлықтан қарақалпақ адебиятында-да бреудинг мектеби болуы керек деп қарайды. Албетте, бул илими далил емес. «Классик жазушы —ол озь дауринииг алдынғы идеяларын саулелендиретуғын, коркемлик жақтан жетилискен, халқ арасында кенг малим болған ҳамь халқ маданиятынынг ғазинесине кирген шғармалар дореткен жазушы»[1] Кунхожа творчествосы усы талапларға толық жуап беретуғын шын манисиндеги классик.

Кунхожа «...жоқары коркемликтеги ҳамь теренг мазмунлы шғармалар дореткен XIX-асирдинг енг атақлы, белгили жане суйикли шаирларынынг бреуи[2] спатында Н. Дауқараевтынг «Қарақалпақ адебияты тарихынынг очерклери» деген 1946—жылғы кандидатлық ҳамь 1951-жылғы докторлық диссертациясында-да созь етилди. Н. Дауқараев озь диссертацияларында улума ҳамь қысқа турде болса-да Кунхожа шғармаларынынг тикарғы мотивлерине, коркемлик озгешеликлерине тоқтап, Кунхожанынг қарақалпақ адебиятынынг ири уакили спатындағы ролин белгилеп отеди. Н. Дауқараев тарепинен Кунхожанынг 1949—жлы басылып шыққан «Танглаулы қосықлар топламы «на жазылған крис созде-де тикарынан онынг диссертациясындағы пкирлер баян етилген. Усы жлы Кунхожанынг топламына газетада «Критика ҳамь библиография «рубрикасы астында рецензия басылып шықты.[3] Брақ бул мақалада я жанга мағлумат, я жанга пкир болып ҳешнарсе жоқ тикарынан топламнынг крис созиндеги мағлуматлар такрарланады. Бул рецензияға ҳаттеки топламнынг крис созиндеги «Кунхожа умитсизликке, қайғыға тустидеген бир жақлы баҳа-да озгериссиз откен.

Кунхожанынг омири жане творчествосы туралы усы жумыс авторы-да бирқатар жумыслар иследи. Олардынг гейпарасы газета бетлеринде ҳамь адебият сабақларында дағазаланды.[4]

---

[1] Л. Тимофеев и Н. Венгров «Краткий словарь литературоведческих терминов». Учпедгиз РСФСР. Москва 1955 г. стр. 61.

[2] Н. Дауқараев. «Очерки историй Каракалпакской дореволюционной литературы». стр. 223.

[3] «Қзыл Қарақалпақстан» газетасы. 24 — июнь, 1949 —жыл № 122 (5056)

[4] Б. Исмаилов. С. Ахметов «Қарақалпақ адебияты», ҚҚМБ 1955—жыл, 8—класслар ушын, 251—287—бетлер. екинши басылуы, 1957—жыл. 168—201—бетлер; Б. Исмаилов, С. Ахметов «Қарақалпақ адебияты». ҚҚМБ, 1958—жыл, 9—класс, 77—96—бетлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Брақ буларда-да коп ғана архив жане экспедиция материаллары есапқа алынбаған, таллау Кунхожаның тек 1949—жылғы топламына кирген қосықлар бойынша ғана жасалған.

Бзинг усы жумыс ғана Кунхожаның творчествосын арнаулы изертлеу бойынша даслепки адым болады» дегенимиздинг маниси-де мне усында.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 4. КУНХОЖАНЫНГ ОМИРИ ҲАҚҚЫНДА МАҒЛУМАТЛАР

Басқа-да откендеги қарақалпақ классик шаирлары сияқлы Кунхожанынг омири ҳаққында-да озь уақтында жазылып қалған жазба документлер, биографиялық мағлуматлар бзинг қолымызда жоқ, бундай мағлуматларды арнаулы турде шаирдынг ози-де жазбаған, қалдырмаған.

Сонлықтан Кунхожанынг омирине тиисли материаллардынг тупь дереги болып онынг озь шғармалары, шаир ҳаққында оған заманлас басқа шаирлардынг айтқанлары, шаирдынг аулатларынынг, басқа-да оны жақсы блетуғын информаторлардынг илими экспедициялар дауринде берген мағлуматлары хызмет етеди. Халқтынг суйикли ҳамь улкен шайыры болған Кунхожа ҳаққында бундай мағлуматлар оғада коп жане слар жақын 50—80 жыллардынг (Кунхожа ҳаққында мағлуматлар жинау 1930-жыллардан басланды) халқ тарепинен ыхтиятпенен сақланған естеликлери опатында еле жанга ҳамь ҳақиқат.

Кунхожа—қарақалпақ халқы Хиуа ханлары тарепинен зорлық пенен Хорезмге коширип акелинип орналастырылғаннан кейнги бизге малим бринши шаир ҳамь онынг творчествосы тутасыменен қарақалпақ халқынынг Хиуа ханларынынг қол астындағы аур турмысыменен байланыслы.

Ҳазир енди расмилесип кеткен пкир бойынша Кунхожа 1799—жлы, туылып, 1880—жлы 81 жасында қайтыс болған. Кунхожанынг сол расмилесип кеткен туылу, кайтыс болу жылларынынг, улума алғанда, дурыс келегуғынлығын онынг қосықларында ушырасатуғын айрым тарихи адамлардынг атлары-да тастиқлайды. Мсалы, шаирдынг 1954—жлы Қарақалпақстан экономика ҳамь маденият институты тарепинен шолкемлестирилген экспедиция уақ-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тында узинди туринде жазып алынған бир қосығында (информатор Мойнақ районынынг 6—аулсоветиндеги Калинин атындағы колхоздан 85 жасар Наубет Аби улы деген кси) Аллақулыханнынг аты аталады:

«...Бул асирде бязим болды,
Хиуахи шаҳарь азим болды,
Аллақул Хорезм болды
Ол шғып, инсапдан бугин»[1]

Тарихи дереклер бойынша Аллақулы 1835 — 1842 — жылларда ханлық еткен Хиуанынг ханы. Аллақулы ханнынг атын шаирдынг басқа қосықларында-да коремиз.

Ал, шаир озининг белгили «Туйе екенсенг» қосығында Мадемин ханнынг, сондай-ақ Мадрейм ханнынг атын атайды:

«Шынгғыс ханнан беррегирек,
Мадеминнен аррағырақ,
Қиип откен зер-зербарақ
Мадрейм ханды блермисенг?
...Патшанынг сенсенг жас малы,
Уқсаған малға дусмалы,
Мадемин ханнынг бас малы,
Жети атасын блермисенг?...»[2]

Тарихи мағлуматлар бойынша Мадемин (Мухаммед Амин) 1845—1855-жыллардағы Хиуанынг ханы ҳамь мне усы Мадемин ханнынг шақыруыменен Кунхожа Хиуаға алдырылып, қосық айтқан. Ал, Мадрейм (Мухаммед Раҳим) болса 1810—1825—жыллардағы Хиуанынг ханы.

Басқа қарақалпақ классик шаирларынынг қосықларында ушырасатуғын гейпара қатарлар, сондай-ақ экспедициялар уақтында информаторлардынг Кунхожа туралы басқа классик шаирларға байланыстырып берген мағлуматлары-да, шаирдынг усы жыллар арасында жасағанлығын тастиқлай алады.

Мсалы, Бердақ Қарғабай улынынг «Омирим» деген қосығында мнадай қатарлар бар:

...Жгирма бес, жгирма алты,
Аға беглер дунья қалды...
Белгили халққа ншаны,

---

[1] ҚҚКИИ-нынг фонды, экспедиция материаллары. Г. Есемуратовтынг қолжазбасы, 16—бет.

[2] Кунхожа, Танглаулы қосықлар топламы. ҚҚМБ. Нокис, 1949—жыл, 17—бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ядымда тур ҳарь қашаны,
Қартайғанда Кунхожаны,
Корген кунлерим-кунлерим,
...Келди енди жгирма сегиз...»[1]

Асты сызылған созлерге итибар берип қаранғыз: қосық бойынша Бердақ Кунхожаны жгирма жети жасында корген, ойткени, юл алдында жаспа-жас айтып келип, жгирма бес—жгирма алтыдан жгирма сегизге атлап кетеди, сонда ортадағы Кунхожаны корген жасы жгирма жети жас болады. Бердақ 1827-жлы туылған. Сонда онынг Кунхожаны корген жлы 1854—жыл. Егер Кунхожаны 1799—жлы туылды десек, Кунхожа бул жлы елу бес жаста болады. Адетте, бул жастағы адамлар қартайған адамлар деп аталынады.

Бердақтынг «Кормедим» деген қосығындағы (бул қосық шаирдынг 1950 ҳамь 1956 — жылғы топламларында «Кордим» деп аталады жане оларда орынсыз қысқартулар жасалған, айрым озгерислер киргизилген:

«...Бердимурат еткил тарип,
Баяны жоқ сен-де ғарип,
Ҳақ таалаға жалбарып,
Созь айтқан шаирны кордим...
Менинг созим бари манли,
Блер оны ақыл канли,
Меннен-де коп ақыл памли,
Аларны коз блан кордим»[2]

деген қатарлардынг-да, бзингше, Кунхожаға тиккелей қатнасы бар. Бердақтынг «ҳақ таалаға жалбарып созь айтқан шаир» деп отырғаны, озинен-де «ақыл памли» деп есапланғанларынынг бри Кунхожа болуға тиисли. Бундай атамалар Кунхожанынг омириндеги айрым фактлерге-де, Бердақтынг Кунхожаға жасаған қатнасынынг рухына-да сайкес келеди. Тағы бир нарсе, Бердақтынг бул «Кормедим», деген қосығы 1930-жлы Ш. Хожаниязов, С. Мауленовлер тарепинен Шарапатдин мақсым Закир улы дегеннинг қысса ктабынан коширип алынған. Тап усы ксининг қысса ктабынан Кунхожанынгда бирқанша қосықлары жазып алынған.

---

[1] Бердақ. Тангламалы шғармалары. ҚҚМБ. Нокис, 1956—жыл, 18—19—бетлер

[2] ҚҚКИИ-нынг фонды, қолжазба, С—23. № 1080, 29—30-бетлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Улума қайсы информатордынг мағлуматын алып қарамайық, Бердақтынг озь қосықларында ушырасатуғыны сиақлы Кунхожанынг Бердақтан бурын болғанлығын, екеуининг арасындағы оғада тғыз силасықты, жасы улкенлик—жасы кшилик қатнасты айрықша белгилеп отетуғынлығын коремиз. «Бердақ Кунхожаменен корискен»,— дейди Бердақтынг Айымхан деген қзынынг баласы Уббинияз Сейтниязов,—брақ екеуи айтысыпты, я бреубреуин ермеклеп қосық жазыпты деп еситпедим»[1].

Бундай пкирлер я Кунхожаға жақын, я Бердаққа жақын ямаса откендеги турмыс ҳаққындағы анггимелерди жақсы блетуғын басқада коплеген информаторларда гезлеседи.

Ҳазир Қонграт районында турушы, қарақалпақ классик шаиры Ажинияз Қосыбай улынынг уруласы ҳамь оны блетуғын, озинингде шаирлығы бар Абдуллаев деген ғарры озининг 1937—жлы берген информациясында Кунхожанынг перзентсизлиги, қартайғанда козли болғанлығы, баласынынг куйигименен қайғыға тускенлиги ҳаққындағы анық фактларды айта келип «Кунхожа... Ажинияздан бир —еки мушел бурын откен» деп мағлумат берген.[2] Халқтынг есабында бир мушел он ушь, он еки жастан алмасып келе береди. Ал, Ажинияз 1824—жлы туылған. Сонда А. Абдуллаевтынг Кунхожа Ажинияздан бир еки мушел, демек, жгирма бес жаслардай бурын откен дегени дурыслыққа толық сайкес келеди.

Кунхожа ҳаққында озь пкирлерин ҳамь билгенлерин жазып беруди сорағанда Қарақалпақстан халқ жрауы Қияс Хайратдинов усы жумыс авторына шаирдынг аур турмысы ҳаққындағы мағлуматларға толық сайкес келетуғын материаллarменен бирге, онынг бурын дағазаланбаған бир қосығын-да жазып берди. Бул қосықты Қияс жрау жанга, жраулықты уйренген жыллары Қазақ дарья бетте Юсуп қтай деген ксиден жазып алып айтып журген. Усы қосықта:

«Куним сеннен кешти Арал тенгиз,
Ашлық — жаугершилик—жыл-жылдан егиз,
Сексен бир жыл сеннен ауқат еттик биз,
Арал тенгиз сеннен жоқты арьманым».

---

1 1957—жылғы, Комплексли экспедиция материаллары, ҚҚКИИнынг фонды. А. Каримовтынг қолжазбасы. 30—бет.

2 ҚҚКИИ-нынг фонды, 1937-жыл май айында Қ. Аимбетов, О. Кожуров; жинаған материаллар, қолжазба. А—35, 58—бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

деген қатарлар бар. Қосықтағы: «жеткен жери бир алланынг парьманы», «...Бир жарылмай омирим болып тур ада» деген қатарларға қарағанда бул қосық шаирдынг кута қартайған жылларында жазылған. Мне бул моментлердинг-де шаирдынг туылған, қайтыс болған жылларын анықлауда аҳмиети зор.

Кунхожанынг жақын ауладларынынг берген мағлуматы бойыншада Кунхожа онынг ҳазирги ауладларына тортинши атаға тура келеди. Кунхожанынг Айхожа деген инисининг шаулығы Смет Абдирасули улынынг (ол 1959—жлы 83 жасында қайтыс болды) берген мағлуматы бойынша Кунхожанынг арғы акеси Ибат деген киси, оннан Ибраим, Шоқ деген еки бала болған, Ибраимнынг Кунхожа, Нурхожа, Айхожа деген ушь баласы болған, Айхожанынг баласы Ернияз, Ернияздынг баласы Абдирасули. Абдирасулининг баласы Смет.[1] Яғный буны томендеги таблицада корсету мумкин:




[1] 1956—жылғы тарихи этнографиялық экспедиция материаллары, ҚҚКИИ-нынг фонды, қолжазба, 257-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Илим бойынша ҳарбир аулад жигирма бес жылға есапланады, сонда бул жағынан-да Кунхожаның жасаған жыллары 1799—1880—жыллар болды деген пкир толық дурыслыққа келеди.

Солай етип, шаирдың туылу, қайтыс болуының ҳазир қабыл етилип журген жылларының улума дурыс келетуғынлығын коремиз. Мумкин бес — он жылға болмаса оннан-да азға яки копке алшақлық болар, брақ бул шаирдың омири ҳаққындағы мағлуматлардың составында-да, шаирдың творчествосын баҳалау ушын-да шешуши принципиаль аҳмиетке ие емес.

Шаирдың омирине тиисли тағы бир нарсе — оның шын аты ҳаққындағы маселе. Усы уаққа шекемги Кунхожа тилге алынатуғын барлық материалларда шаирдың шын аты Жиемурат, ал Кунхожа адеби лақабы деп тастиқланып журипти.

Бзинг бул маселеге кеул болуимиздинг себеби, гейпара жолдаслар арасында неге Кунхожа деп лақап қойылғанлығын, ол создинг этимологиясын излеп ауереленушилик, сондай-ақ қудалаудан озин сақлау ушын Кунхожа озине жасырын лақап тағып алыпты-мыс деп вулгар турде тастиқлаушылық ушырасады.

Ҳақиқатында булардың бари-де, бзингше, қате. Кунхожа шаирдың адеби лақабы емес, шын аты.

Кунхожаның шын аты Жиемурат деп енг даслеп шамалаған адебиятшылар шаирдың «Арьманда» деген қосығындағы мна қатарларға тикарланған:

«...Жиемурат атынг жане Кунхожа
Бул дуньядан отер болдынг арьманда...»

Сонгғы адебиятшылар болса, соның ишинде усы жумыс авторы-да ҳешқандай талғаусыз даслепки айтылған шамалауды шамалау ретинде, ҳатте, гейде созсиз тастиқлау ретинде дауам еттирип келе берген.

Ал, Кунхожаның шғармаларын бул маселени анықлау ушын теренгирек уйренип қарау-Жиемурат шаирдың ози емес, бирге талап ислеген, улума бирге болған бир жолдасы екенлигин айқын корсетеди.

Мсаллар келтирейик:

«Ашығынг бар еди талмадай бойы,
Қатарынан артық ақыл ҳамь ойы,
Болар деп қуанып жақсылық тойы,
Жиемурат коретугын кун қайда?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жиемурат, сенингменен едим дос,
Жер айдасам бирге барып салдым қос,
Жоқшылықтан мне бугин қалдынг бос,
Ашығынга жететуғын кун қайда?

Қайғыдан қарайып қайнаған иши,
Блектен майрылып жоқ болған куши,
Сайымбетжан единг бизлерден кши,
Сақтынг сынбай журетуғын кун қайда?

Қасымдағы еки бирдей жолдасым
Қайғылыққа тусги менинг бул басым,
Козден кол-дарья боп ақтылар жасым,
Бул дуньяға шыққанынгнан не пайда?[1]

Белтили «Кун қайда?» қосығынан келтирилген бул узинди бойынша Жиемурат, Сайымбет екеуи—шаирдынг бирге журген жолдаслары («...қасымдағы еки бирдей жолдасым») ҳамь Жиемурат жоқшылықтан озь мақсетине жете алмаған шаирдынг озиндей жарлы. «Ашығынг бар еди талмадай бойы.., Жиемурат коретуғын кун қайда?», *«Жиемурат сенингменен едим дос...»*, Жоқшылықтан мне бугин қалдынг бос «деген қатарлардан Жиемурат пенен шаирдынг екеуи еки басқа адам екенлиги ап—айқын коринип тур.

Кунхожа озининг «Ким единг?» деп аталатуғын тағы бир қосығында:

«...Бар-ма, сенинг откен кунинг есингде.
Сорлы Жиемурат бурын ким единг?»[2]
...Кысқарт созди коп сойлеме Кунхожа,
Бурын ойлан сенинг озинг ким единг?»[3]

деп жазып, Жиемурат пенен озининг атын қатарына қолланады. Бундағы Жиемурат-та онынг жолдасынынг, ал Кунхожа—шаирдынг озининг аты.

Улума Жиемурат деген атты Кунхожа озининг коп қосықларында келтиреди. Усындай еткенлигин ол «Басты хор айлер» қосығында арнап ескерткен-де:

Жиемурат единг танде қуатым,
Аҳ урғанда белде дарьман мадетим,
Сени айтпақ уйренискен адетим,
Шаир Хожа аганг дат-бирьян айлер.

---

[1] «Адеби альманах», бринши ктап, ҚҚМБ, 1938—жыл, Торткул, 62—63—бетлер.
[2] ҚҚКИИ-нынг фонды қолжазба С—23. № 1096, 76-бет.
[3] ҚҚКИИ-нынг фонды, қолжазба С—23. № 1096, 78-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул узиндиден Жиемурат пенен Кунхожанынг екеуи еки басқа адам екенлиги тағы-да айқынырақ коринип тур.

Шаирдынг «Олим» деген қосығында:

«...Корген сонг тынглар-ма Кунхожа кози...[1]

деген қатар бар.

Ишиндеги мазмунынынг бағдарына қарағанда, сондай-ақ конкрет қатарлар бойынша-да шаирдынг бул «Олим» қосығы онынг жас уақтында, адеби творчествосынынг даслепки басланған жылларында жазылған. Шаир қосықта кута жастан ата-анасынынг олип, озинен кши балаларды бағудынг илажын таба алмай дағдарысқа тусkенлигин созь етеди, қосықтағы шаирдынг оқушыларға, тынглаушыларға «ағалар—» деп ундеу етуи, «озимнен улкеннинг тлин алайын»[2] деген сияқлы қатарлары онынг бул қосықты кута жас уақта жазғанын айқын корсетип турады. Сондай-ақ қосықта шаир озининг аур жағдайын айтып-айтып келип: «Менинг бул гапимди кимлер жазарлар»[3] деп жазады. Бул гап онынг еле озин-ози шаир деп мойынламағанлығын англатып турады. Демек, бул моментлер-де шаирдынг шын аты Жиемурат, ал Кунхожа—адеби лақабы деген пкирдинг, мейли ол тастиқлау болсын, мейли ол шамалау болсын, қате екенлигин далиллейди.

Шаирдынг белгили «Олим» қосығында-да:

«Тынгла созлеримди Жиемурат аға,
Бир басқа аламат болды яранлар...
Жиемурат жина есингди тезден...[4]

деген қатарлар бар. Шаирдынг 1949-жылғы топламына киргизилмей таслап кетилген бул қатарлардан-да Жиемурат шаирдынг озь аты емес, ал жолдасынынг аты екенлиги айқын коринеди.

Усы жумыс авторы сойлесип қараған Кунхожа аулатларынынг ҳамь шаир туралы мағлуматлар билетуғын адамлардынг қай—қайсысыда шаирдынг шын аты Жиемурат болды деген шамалауды узил—кесил бикарлайды.

---

[1] Кунхожа, Танглаулы қосықлар топламы, ҚҚМБ, Нокис, 1949 - жыл 44—бет.

[2] Бул-да сонда, 51—бет.

[3] Кунхожа, Танглаулы қосықлар топламы ,ҚҚМБ. Нокис, 1949 жыл

[4] Қолжазба Ф—75, фонд ҚҚКНИИ



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонгғы экспедиция материаллары, сонынг ишинде, Кунхожанынг озинииг жақын ауладларынынг бир ауыздан тастиқлап берген мағлуматлары бойынша бурын айтылып журген «шаирдынг акесининг аты белгили емес «деген тезис-ге енди озь-озинен тусип қалады. Жоқарыдағы таблицада корсетилгениндей-ақ шаирдынг акесининг аты Ибрайм.

Кунхожанынг акеси Ибрайм-да оғада камбағал адам болған. Ол кута ерте уақыттан қайтыс болды-да, балаларына озине омир бойы жолдас болған жоқшылық азабынан басқа ҳешнарсени мирас етип қалдыра алмады.

Кунхожанынг анасы-да кута жастан олген.

Шаир озининг бул аур жағдайын, жастан ата—анадан айрылып жетим қалғанлығын, сонынгменен бирге, озинен киши жетим балаларды бағудынг-да озь мойнына тускенлигин жии—жии еске тусиреди:

„Анадан жетим қалыппан
Қангғырған жетим болыппан...»[1]
*(„Не болдым")*

Бул жерде тек анасынынг ғана емес, ал акесининг-де олгенлигин айтып отыр. Ойткени, халқ тусинигинде «қангғырған жетим» деген созь дизбеги адетте аке менен ананынг екеуининг де олгенлигин, онынг устине кута жастан олгенлигин англатады. Шаир озининг «Арьманда» деген қосығында блай деп жазады:

**Атам олди раҳатимди коре алмай,**
Шалқып, шады—қуррам болып журе алмай...»[2]

Бул узиндидеги «Атам олди раҳатимди коре алмай»— деген қатар-да шаирдынг акесининг жастан олгенлигин анық корсетеди.

Озининг жетимлик аур жағдайын Кунхожа усы ҳадисеге арнаулы турде бағышлап жазған «Олим» деген қосығында тағы-да айқынырақ суретлейди:

«Ата-анам олди, туысқан қалды,
Бул палек басыма аламат салды,
Ағалар бул олим ақлымды алды,

---

[1] Кунхожа, Тангланулы қосықлар топламы, ҚҚМБ, Нокис, 1949—жыл, 29—бет.

[2] Бул-да сонда, 52—бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кейниме тусип бул залым олим.
Шулап баллар қалды ата-аналап,
Мен журермен қайсы жерди паналап,
Бирнещенинг ырысқалын шамалап,
Келдилер басыма аға бул олим.
.. Зар жлап отырған уйимнинг иши,
Менинг жайым жер толенинг муйеши,
Еки ул бар аға озимнен киши,
Не қларман енди бугин ағалар.
...Кетти ишкен асым бари уласып,
Отырғанда бала-шаға шуласып,
Ғамгун болып ҳаммелери жласып
Отырғанда арьмандаман ағалар...»[1]

Бул жердеги Кунхожанынг «туысқан қалды», «шулап баллар қалды ата-аналап» деп отырғаны жоқшылық азабынынг устине жетимлик азабына гриптар болған Кунхожанынг озь туысқанлары, ал Кунхожанынг буны тағы-да конкретлестирип «еки ул бар... озимнен киши» деп отырғаны таблицада корсетилген шаирдынг Айхожа, Нурхожа деген инилери.

Усы жумыс авторы белгили қарақалпақ совет халқ шайыры, Озбекстан халқ жыршысы Аббаз Дабыловтан Кунхожанынг омири ҳаққында билгенлерин жазып беруди отингенде, ол: «Кунхожа ата—анасынан оғада жас уақтында жетим қалады. Онынг басқа кауендери болмайды... турмыстан кута қсылады, гейпара уақытлары озининг атасынынг қабирине барып журеди. Бир сапары атасынынг басына барып жатқанда тусь кореди. Тусинде атасы оған бир қылқа тон кигизеди. Мне усы уақыттан онда шаирлық йош, қосық жазудағы талап кун сайын орлеп кете береди. Онынг қосықларын еситкен минеткеш халқ усы кунлерден баслап енг жақын қауендер болады»—деп жазып берди.

Буны Аббаз аға, халқ арасынан... ғаррылардан еситкен... англимеси «спатында айтады ҳамь бул мағлуматтынг Кунхожада шаирлықтынг пайда болуы ҳаққындағы болегине, бул ангыз шынлыққа туры келмесе-де, озининг суйикли шайырынынг талантын жоқары баҳалау мақсетинде пайда болған халқ доретпеси болуы мумкин» деп ескерту жасайды.

Солай етип қарақалпақ классик поэзиясында. онынг уакиллерин-де жақсы блетуғын адамлардынг бри болған

[1] Кунхожа. Танглаулы қосықлар топламы, 1949 — жыл, Нокис, ҚҚМБ, 44—45 ҳамь 49—бетлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

А. Дабылов берген жоқарыдағы мағлумат-та Кунхожаның омирине тинсли оның жастан жетим қалуы, жастан аур турмысқа грипгар болуы ҳаққындағы шаирдың озь шғармаларынан ҳамь информаторлардың материалларынан алынған мағлуматларды толық тастиқлайды

Бзингше, Кунхожада шаирлықтың пайда болуы ҳаққындағы антыз анггименинг-де озиншелик шынлығы бар. Бул шынлық албетте, шаирлықтың тусинде киген қылқа тоннан келип шғуын-да емес, ал оның аур турмысының тикарында келип шғуында ҳамь усы себепли минеткеш халқ жыршысы болуында.

Кунхожа қиын турмысқа, жетимлик кунге туспестен бурын-ақ душакер болган, ата—анасы бар уақтан-ақ барлық жарлы балалары сияқлы кута жасынан жалланып аур минет ете баслаған Шаир озининг қосықларында бул жағдайында-да бирнеше мартебе ескертеди.

Мсалы, шаирдың коп тарeплеме автобиографиялық характерге ие «Корермен», «Болар-ма»? деген қосықларында (бул қосықлар Кунхожаның 1949-жылғы топламында қате турде бир қосыққа бирлестирилип «Кунхожа» деген атпенен дағазаланған) мнадай куплетлерди оқимыз:

«...Он жыл болды елден кеттим,
Хиуада хызмет еттим,
Елди сағынып зар еттим,
Халқымды қашан корермен...
Бес жыл аралап қазақты,
Басыма салып азапты,
Аман-есен қарақалпақты,
Корер кунлер болар-ма екен...
«...Жети жыллар жургенлерди,
Азап—ақырет коргенлерди,
Айтар кунлер болар-ма екен?[1]

Бул қосықлардың ишиндеги «Паяны жоқ бул дунья, қашан анамды корермен», «ядымнан атам кетпейди...», «...ата-ана козин корип, журер кунлер болар-ма?»... «Бул журистен ҳаял алып...» деген сияқлы қатарлар бул қосықлардың шаирдың жас уақтында, еле ата-анасы бар уақтында жазғанлығын корсетсе, екинши жағынан ҳамь енг тикарғысы шаирдың кута жас уақтан баслап ауыр минетке, жалшылық омирге дус болғанлығын айқын кор-

---

[1] Кунхожа, Танглаулы қосықлары. 1949-жыл, 58—59—60-бетлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

сетип турады. Шаир озининг «Ойда» деген қосығында-да: «Мен кеткели болды жетти жыл, жетти ай...»деп кунликшилик омири туралы айта келип, блай деп жазады:

«Илажым жоқ қалдым байға тангылып,
Дастимнен нағып-ау қалдым жангылып,
Изде қалған ата—анамды сағынып,
Елжиреп кеуилим турмайды ойда»
(„Ойда")

Бул мсалдан-да онынг ата-анасы бар уақытлардан-ақ жат жерлерде жургенлиги англасылады.

Кунхожанынг бул кунликшилик, жалшылық турмысы онынг барлық омиринше дауам етти. Шаир озининг туып-оскен жеринде-де, басқа жақларға барып-та жерсиз, малсыз қарақалпақ жарлысынынг корген азабын корип, шеккен минетин шекти. Шаирлардынг сарьдары дарежесиндеги шаирлық-та (қарангыз: «Озим едим шаирлардынг сарьдары», Кунхожа топламы, 1949-жыл, 63-бет), атақлы бақсылықта Кунхожанынг турмысын таминлей алмады.

Кунхожа халқ турмысын шеберликпенен суретлей алған откир созли шаир ғана емес, қарақалпақ даласын озь ҳауазыменен жанглатқан бақсы-да болған. Шаирдынг халқ пухталық пенен сақлап келген ажайып қосықлары, оған заманлас, оннан сонг откен, оны устаз спатында тилге алған шаирлардынг айтқанлары, халқтынг естелиги онынг улкен шаирлығын далиллесе, онынг атақлы бақсы болғанлығын тастиқлайтуғын мағлуматлар-да коп.

Мсалы, информаторлардынг мағлуматы бойынша «Кунхожа кута-жақсы бақсы-да болған, улкен тойлардағы бас сауға-да соған берилетуғын болған»[1] (информатор Серекеев Бекдурды, 87 жаста, уруы қолдаулы-қурама, Кенгес тухым мал совхозында турады).

1955-жылғы Шоманай районынан жазып алынған бир мағлуматта-да Кунхожа улкен бақсы спатында созь етиледи. Бир тойда Кунхожаменен ушырасып қалған белгили қазақ ақыны Шернияз тойда қосық айту ушын оннан жас кшилик ретинде рухсат сорайды (информатор Нурымбетов Дошекен, 58 жаста, уруы қият-балғалы)[2].

---

[1] Фонд ККҚНИИ-та АН—УзССР. Материалы историко-этнографической экспедиций 1956 г., проведенной совместно каракалпакским этнографическим отрядом Хорезмской экспедиции АНСССР. стр. 30.

[2] ҚҚКИИ-нынг фонды, А. Каримовтынг қолжазбасы, 3—4 бетлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шаирдынг атақлы «Умытпаспан» қосығы бойынша-да оны Хиуа ханы тек шаир спатында емес, ал бринши гезекте бақсы спатында шақыртқан ҳамь оны бақсы спатында снаған.

Шаирдынг «Қобыз» деген қосығындағы:

«Жрау сени қолға алып,
Турли-турли жолға салып,
Ҳарь намангды ойға салып,
Бул қосықты айттым қобыз»[1]

деген қатарлардынг-да жоқарыдағы маселеге қатнасы бар.

Айрым адебиятшыларда Кунхожаны тиккелей бақсылар қатарында санаушылық-та ушырасады. Мсалы: С. Бекмуратов «Бердақ қарақалпақ халқынынг композиторы» деген мақаласында[2] қарақалпақ адебияты жане музыкасынынг белгили уакиллери туралы созь ете келип блай деп жазады: «Булардынг ишинде Жиен, Халмурат, Қазақбай, Шангқай, Нурабылла, Қурбанбай, Бекимбет, Есемурат, Арзыкор, Изимбет, Хожамберген, Қияс сияқлы толыпатырған халқ қадирлеген атақлы жраулармен бирге, Муса, Ақымбет, Тоқымбет, **Жиемурат (Кунхожа)**, Ешбай, Ҳурлиман, Суйеу, Бердақ, Қаражан, Ешан ҳамь Жапақ сияқлы коплеген дангқлы бақсылар ҳамь Ажинияз, Жангабай, Абдимурат, Ешим сияқлы шаирлар бар...»

Бул келтирилген узиндидеги Кунхожаны (Кунхожаны ғана емес) тиккелей бақсылардынг қатарына (шаирлар озь алдында дзилип берилген жерде) жатқару албетте қате. Кунхожанынг қарақалпақ маданиятынынг тарихынан улкен атақ алудағы хызмети бринши гезекте бақсылық емес, ал шаирлық. Ол ози-де озин усылай атайды. Шаир деген аттынг озин биз бринши мартебе Кунхожаға байланыслы еситемиз. Шаирлық дастурди адебиятқа акелуши де сол. Сол Кунхожадан баслап шаир деген тусиник-те жикленип, ҳақиқат шаирларда усы хызмет бринши гезекли аҳмиет тутты. Сонлықтан Кунхожанынг тикарғы хызметин бақсылыққа жатқару асыра силтеу болады. Брақ, биз-де буны айтқанда Кунхожа улкен бақсы болды деген жоқарыдағы озь пкиримизди ҳеште бикарламаймыз.

Жоқарыда келтирилгенлерден басқа-да бирқанша фактлар онынг ҳақиқатынан-да бақсы болғанлығын, бақ-

---

[1] ҚҚКИИ-нынг фонды, қолжазба С—23, № 1096, 65-бет.
[2] «Жас Ленинши» газетасы, 17—декабрь 1950—жыл, 60 (691).



www.ziyouz.com kutubxonasi

сы болып ғана қалмай, оның жалпы қарақалпақ музыка маданиятына-да белгили улесининг болғанлығын корсетеди. Мсалы, Кунхожанынг «Жайлауым» деген қосығы узинди туринде белгили —«Айтелай», «Адынгнан» намаларына айтылып,[1] коптен халқ арасын-да киятырғанын айтпағанда, халқ арасында, қарақалпақ бақсылары арасында ҳазир-де кенг белгили болып айтылып журген «Кунхожа» намасы деген нама бар. Бул намаға шаирдынг белгили «Елменен» қосығы айтылады.

Филология илимлерининг докторы Н. Дауқараев-та озининг докторлық диссертациясында Кунхожанынг бақсылық касипке ие болғанлығын, озь шғармаларын музыка инструментининг жардемименен-де атқарғанлығын тастиқлайды.

Ол тек Кунхожанынг ғана емес, XIX асирдеги басқа-да қарақалпақ шаирларынынг усындай болғанлығын атап корсетип бунынг себебин халқтынг ғалаба сауатсызлық жағдайында шаирлардынг озь шғармаларын таратуынынг талап етуименен келип шыққан деп тусиндиреди.[2]

Кунхожанынг бақсы спатындағы хызметин тикарынан усы позициядан тусиндиру бзингше-де дурыс деп есаплаймыз.

Брақ, улкен шаирлық я бақсышылық болып, бул еки касиптинг ҳешқайсысы-да шаирдынг кун корис жағдайын минимум дарежеде болса-да таминлей алмады. Тлинен ширин созь қуйылған шаир, атақлы бақсы бола тура онынг мутажлықта жасауынынг себеби-ол минеткеш халқтынг жрын жырлады ҳамь минеткеш халқ ушын жырлады, ал минеткеш халқта озь жыршысын суйетуғын, ҳурмет ететуғын журек болғанменен, оған жардем берер жағдай болмады, малы бар, ҳалы барларды мақтап кун коруди шаирдынг халқты суйген ҳадал журеги қалемеди. Шаир озь шғармаларында озининг бул жағдайы туралыда айтқан:

> «...Тенгизге ау салсақ, сра балық жоқ.
> Бизди асырар шады-куррам халқ жоқ.
> Мен сорлыға, ғариплерге жарық жоқ,
> Қарангғы думанда қалдым яранлар...»[3]
> („Олим")

---

[1] Фонд ККҚНИИ-та АН УзССР, рукопись II—85, «100 каракалпакских мелодий».

[2] «Очерки истории дореволюционной каракалпакской литературы» рукопись, 23, 221—бетлер.

[3] Кунхожа. Танглаулы қосықлары. 1949-жыл, 46-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Озь қара басынынг раҳати ушын байларға, билерге ҳамь ханға жарамсақланып, оларды мақтаушы, оларды мақтау ушын турмысты бурмалап корсетуши шаирларға Кунхожа ғазепненен қарады, сонынгменен бирге озине заманлас дауирде сондайлардынг орын алып жургенлигин қайғыруменен айтады.

Кунхожанынг «Олим» қосығындағы:

«Шаирлардынг қалем алып жазғаны,
Адамнынг-да шаян шағып азғаны,
Тулпарлардан ябылардынг озғаны,
Ажеп тауир заман болды яранлар».[1]

ҳамь «Бара алмас» қосығындағы:

«Шаирлар тарип етип журь,
Ақыл—ушым кетип тур...»[2]

деген қатарларында шаирдынг мне усы сезимлери баян етилген болып, бундай шаирлардынг откен жамиеттеги устем топарлар тарепинен қадирлену жағдайы-да қарақалпақ адебиятынынг тарихында болды. Разбек Қоразбек улынынг (шамаменен 1905—1910—жыллары олген), Қазы Мауликтинг революцияға шекемги творчествосы буған айқын мсал болып хызмет ете алады. Мсалы Разбек Қоразбек улы озь қосықларында байлық, ханлық салтанатты, урулық шекленушиликти таripледи. ал Қазы Мауликтинг қосықларында жеке бастынг зауқ-сапасы, тар интимлик муҳаббат кеширмелери баян етилди. Мне усындай шаирлардынг шғармаларын таратуға устем топарлар ҳешқандай тосқынлық жасаған жоқ. Мсалы, 80 жастан отип кеткен А. Даулетмуратов деген информаторменен (озь айтуы бойынша Разбек Қоразбек улынынг жақынлары) сойлесип қарағанда, ол блай деди: «Ол уақта Кунхожаны коп айттыра бермеди. Онынг созлери унамады болса керек. Разбек Қоразбек улы сияқлылардынг сози коп шғатуғын еди». Ал Қазы Мауликти алатуғын болсақ, ол озининг шғармаларын арнаулы қыссахан, катиблер арқалы-да таратқан.

Бундай шаирлардынг ҳурметте болуы тек қарақалпақ турмысында емес, басқа халқлардынг турмысындағы-да сонынг ишинде Кунхожа омир сурген жыллардағы Хиуа ханлығынынг турмысында-да кенг орын алған жағдай

---

[1] Кунхожа. Танглаулы қосықлар топламы. 1949—жыл. 46—бет.
[2] Бул-да сонда. 62—бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

болды. Мсалы, озине заманлас адеби турмысты бақлап отырып, белгили қазақ илимпазы Ш. Уалиханов-та: «Озине атақ ҳамь дунья жинайтуғын «ақынлар болғанлығын айтқан еди.[1]

1819—1820-жылларда Хиуада болған Н. Муравьев ханменен сойлесуди кутип жатырғанда онынг қасына жалығып қалмасын деп акелинген Молла Сейд деген кси туралы мнадай мағлумат береди:

«Молла Сейд ханлықтынг жоқары дарежели чиновниклери берген сый-сауғалардынг есабында жасайтуғын болып, сл тунлерди соларменен бирге откерген, шахмат ойнаған, қосық шғарған, ктаплар оқыған, гурринглер сойлеп берген ҳамь тағы сондайлар»[2]—деп жазады.

Н. Муравьев бундай типтеги адамлардынг тек сарайда ғана емес, ханлықтағы барлық бай адамлардынг қасында болатуғынлығын корсетеди: «Ханлықтағы бай адамлардынг жақынларынынг ишинде, адетте... бардлар туриндеги қосық айту, ертеклер, сазда ойнауменен озь хожейнине зауқы-сапа берип отырған адамлар, гейде бурынғы уақта откен атақлы батырлардынг ерликлерин мақтап қосық шғаруға миннетли адамлар болды...»[3]

Эксплуататорлардынг жрын жырлаған, оларға хошаметгойлик билдирген шаир жрау ҳамь бақсылардынг устем топарлар арасында ҳурметте болып халқ жырын жырлаған шаир, бақсы жраулардынг ауыр турмыста болғанлығын Хиуа тарихын корсететуғын «Фирдавсул иқбал» («Бахыт бағы») атлы белгили тарихи ктаптынг авторы Хиуа ханынынг сарайында жасаған шаир ҳамь тарихшы, брақ демократиялық тенденцияда болған Мунис Хорезмийде (1778—1829—жылларда жасаған) озининг «Шуара» («Шаирлар»), «Созь» деген қосықларында атап корсеткен еди. Ол шаирлардынг хорлықтан қан жутатуғынлығын, ақыл—парасатлы адамлар болуына қарамастан камбағаллықта, мутажлықта омир суретуғынлығын, жеуте нан таппай, уйине келген миманды кутуге-де шамасызлығын, олардынг материаллық жане рухи жақтан қиналатуғынлықларын шебер жане исенимли турде суретлейди. Со-

[1] «Труды отдела народного творчества Института языка и литература АН КАЗССР», Выпуск 1, Алма-ата, 1955 г. стр. 32.

[2] «Путешествие в Туркмению и Хибу, в 1819 и 1820 годах гвардейского генерального штаба капитана Николая Муравьева...», часть первая, Москва, 1822 г. стр. 129.

[3] «Путешествие в Туркмению и Хиву в 1819 и 1820 годах... Николая Муравьева...», стр. 121—122.



www.ziyouz.com kutubxonasi

нынгменен бирге ол ханға, амелдарларға хызмет еткен шаирлардынг ғана таминленген турде жасауын айтып, оларға ғазеп билдиреди.[1]

Бул келтирилген мсаллардынг барлығы Кунхожанынг улкен шаир ҳамь бақсы бола турып, ауыр турмыста жасауынынг ози айтқан себебин толық тастиқлайды.

Халқтынг фольклорлық шғармаларында-да жрау, бақсылардынг материаллық турмысынынг томенлигин, бул касиплердинг оларға материаллық жақтан жартулы хешнарсе келтире алмағанлығын тастиқлайтуғын мағлуматларды коремиз. Мсалы: «Муйтен жгити менен қтай қзынынг айтысы» деген бир айтыста қыз:

> «Халқ аралап журеди жрау, бақсы,
> Бир табақ ас болады қоналқасы»[2]

дейди создинг орны келгенде. Айтыстынг ишиндеги мазмуына, онда Бердақ ҳамь Отешлердинг атынынг аталуына қарағанда, айтыс солардынг заманларында шыққан.

Бул жерде созь, албетте, барлық материаллық байлықты озь қолында топлаған бай жане амелдарлардынг жрын жырлап, солар» берген сый-сауғалардынг есабында жасайтуғын» ҳамь сонлықтан қурғын омир сурген шаир, бақсылар ҳаққында емес, ал халқ шын кеулден суйип ҳурметлесе-де, беруге ҳешнарсеси жоқлықтан жане бай, амелдарлардынг қудалауынан мутажлықта жасаған» қоналқасы бир табақ ас «ғана болған шаир, бақсылар ҳаққында баратыр.

Мне усындай шаир, бақсылардынг бреуи болған Кунхожа кун корис, бала-шағасын асырау ушын озь уақтында бар болған барлық талаплармен шуғылланды. Ол балықшылық-та етти, жерсиз, малсыз жарлы спатында онынг коз тиккени—кюл, тенгиз болды. Ол бул касиптингде ауыр азабын корди. Мсалы шаирдынг озининг ауыр турмысы, илажсызлығы туралы созь ететуғын «Сазанау» қосығынан, онынг тикарғы кун корис дереги етип балықшылықпенен шуғылланғанлығын-да коремиз:

> «Қайығы жоқ жекен салда
> Таянаман таяуды.

[1] «Озбек адебияты тарихы», орта мектеплердинг VIII—IX—класслары ушын сабақлық. Учпедгиз. Ташкент. 1950— жыл. 281—283 — бетлер.

[2] Қазақ ССР Илимлер Академиясы Орайлық илими библиотекасынынг фонды, қолжазба № 852, 135—бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Басқа нарсе жоқ ғой қолда,
Салмасам мен колге ауды...»[1]

Сондай-ақ шаирдынг «Олген балық», «Ақ қамыс» қосықларыда онынг балықшылық касибинен, кол жағалап жасаған омиринен дерек береди.

Брақ-та халқтынг «Аштынг ауы журмес» дегениндей-ақ балықшылық касип-те шаирдынг кун корисин таминлей алмады. Сонлықтан ол озинииг туып-оскен жеринде кун коре алмай, басқа жерлерге талап излеп кетип, XIX —асир қарақалпақ турмысында оғада кушли дарежеге котерилген эксплуатациянынг барлық ауырманлығын корип, жалшылық турмыстынг барлық азабын шекти, Хиуа, Ургенч тарeплеринде болып, бай жер иелерининг қолында диқан журди, қазақ арасында болып, шаруа байлардынг малын бақты.

Шаир озининг бул жағдайын «Кун қайда», «Болар-ма екен», «Қашан корермен», «Ешким бар» ҳамь басқа-да коплеген қосықларында ашық корсетеди, улума онынг қайсы шғармасында болмасын кунликшилик турмысты ҳақиқат озь басында тиккелей кеширген адамнынг созин еситу мумкин.

Мсалы, онынг белгили, «Кун қайда» қосығы тутасыменен жалшылық турмысты суретлеуге арналған. Қосықтағы:

«Ордық орақ, шаптық отын, қаздық жап,
Тердик масақ, ийнимизге салдық қап,
Жас омирлер гулдей солды болып сап,
Бул журистен енди бизге кун қайда?
Куни—туни ордық лшен, салыны,
Гуздинг куни жыйдық пискен тарыны,
Омиринше бир тоймады қарыны,
Аш, жалангаш биз сорлыға кун қайда?»[2]

деген қатарларда шаир озининг ауыр жағдайда ҳамь мутажлықта жумыс ислегенин, байлардынг барлық жумысын ислеп, барлық кушин сарп етсе-де я жеп—ишерге, я киер киимге жалшымағанлығын созь етеди. Дурыс, қосықтағы бул қатарларда тиқарынан алғанда сол уақтағы улума езилген минеткешлер турмысынынг суретленуи, солардынг қайғы—ҳасиретлерининг баян етилуи болса-да (ша-

[1] **Кунхожа.** Танглаулы қосықлар топламы. 1949-жыл, 34-бет.
[2] «Адеби альманах», бриншн китап, ҚҚМБ, 1938—жыл, Торткул, 62—бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ир қосықта олардынг базы—бреулерининг атын-да атайды) бунынт бир жағы тиккелей Кунхожанынг озь басына-да тиисли. Шаир «Қашан корермен», «Болар-ма екен» деген қосықларында-да тиккелей озининг жалшылық омирин корсетуге арнаған. Бул қосықларда ол елден узақ шет журтларда талап етип журген уақытларындағы ауыр турмысын, елди сағыну сезимлерин, байлардынг берген азап-ақыретлерине намысланауын, ҳақы ала алмай қиналғанлығын, журген жылларыменен журген жерлерин толық жане избе—из атап корсетеди.

«Он бес жыл журип алынған,
Рейм аға бир ешким бар»—

деп жазады шаир «Ешким бар» деген қосығында. Бул жерде-де жоқарыдағы сияқлы шаирдынг жалшылардынг минет ҳақысынынг оғада томен екенлигин, байлардынг жерсиз—сусыз ҳамь озь тришилигининг бирден—бир дереги етип қара минетин сатып журген жалшыларды коп ислетип, аз ҳақы толейтуғынлығын, сонлықтан олардынг 10—15 жыл дауамында жалғыз ешки ауыстыра алатуғынлығын корсету ушын жазған болса-да, екинши жағынан бул фактлардынг озь қара басына-да қатнасы бар.

Шаирдынг путкиллей басқа темаға арнап жазған шғармаларында-да онынг ози бастан кеширген жалшылық, кунликшилик турмыстынг изи жатады.

Мсалы, шаирдынг «Қзыл қум» қосығы озининг тутас мазмуны бойынша табият лирикасы. Шаир қосықта туылған елининг бир болеги Қзыл қумнынг коринисин муҳаббатпенен суретлейди. Мне усы қосығында-да;

«Мунарланып коринесенг алыстан,
Не қиын ислеринг отти ғой бастан...»

деген қатарларды оқимыз. Бул қатарлар, созсиз, шаирдынг озининг атақлы «Шопанлар» қосығында суретлеген шопанларынынг бреуи болып. Қзыл қумда қайысып қой баққан ауыр жылларынынг естелиги.

Бул жерде усы қосыққа байланыслы айта кететуғын бирнарсе, «Шопанлар» қосығындағы сияқлы шопанлардынг омирин, спатларын ҳамь сезимлерин ажайып дарежеде толық жане коркем суретлей алуға шаирдынг кушли поэтикалық таланты ғана емес, ал ҳамь енг тикарынан онынг усы турмысты озь басынан кешируи себепши болды десек, бул ҳеш-те асыра силтегенлик, адеби про-



www.ziyouz.com kutubxonasi

цессте тиккелей бастан кеширудинг кушин арттырып жбергенлик болмас еди.

«Қзыл қум» қосығындағы сияқлы Кунхожанынг «Жайлауым» қосығындағы озининг туылып — оскен жерин суретлей келе айтқан:

...Ҳақиқат жайлауым болмады менинг
Олгенше арьманынг боларман сенинг...

деген қатарлары-да, онынг озининг туылып-оскен жерлеринде кун коре алмай, шет журтларда талап етип журген сергизданлық омиринен мағлумат береди. Бул ҳаққында, яғни туып-оскен жерлерининг турақлы макан бола алмағанлығынынг себеби балық аулап кун коре алмау ҳамь сусызлық болғанлығын шаир тап усы қосығынынг озинде айтады.

Брақ, бул ауыр минетлер, коп еллерде болып кушин сату шаирдынг материаллық турмысын жонлеуге ҳешқашан-да жардем етпеди, онынг ози-де, семьясы-да омир бойы мутажлықтынг панжесинде азап шекти, ашлық, жалангашлық азабы олардынг устинде мудамы донип турды. Солай етип ол озь омирин қарақалпақ жарлыларынынг бреуи спатында жоқшылықта, ауыр минетте, журттан-журтқа гезип дарбедерликте откерди.

Шаир озь турмысынынг ауырлығы ҳаққында-да ҳарбир қосығында ескертеди. Бул нарсе — шаирдынг ауыр турмыс жағдайынынг омир бойы озгермеген улкен бир турмыс ҳақиқаты спатында оны қоршап турғанлығынынг тасири.

Шаирдынг қосықларынан гейпара ғана мсаллар келтирейик. Бул мсаллар онынг жағдайын толық жане конкрет фактларда айқын корсетип турады.

«...Жасым жетлей питти исим,
Нарсе қалмай тусти тсим,
Жоқшылықтан кетти есим,
Шғып дуньяға не кордим»
(„Не болдым")[1]
«...Сауарға болмады жалғыз сырым...»
(„Олим")[2]

Ал, шаир «Арьманым» деген қосығында (бул қосықты жумыс авторына Қарақалпақстан АССР халқ жрауы Қияс Хайратдинов жазып берди) революцияға шекемги

[1] Кунхожа, Танглаулы қосықлар топламы, 1949—жыл, 30—бет.
[2] Бул-да сонда, 50—бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

қарақалпақ турмысында орын алған жалланып ислеудинг «шерекшилик», «ярымшылық» деп аталған турлерименен шуғыллланғанлығын, усы жолменен еккен егинининг питпей қалып қатты қыйншылыққа ушыраған лығын; бундай турмыстынг тек бир сапарғы, бир жылғы «бахытсыз жағдай» емес, ал омирлик жолдас болғанлығын, «қудайдынг омир бойы қрын қараған лығын» жазады:

«...Омиринше қрын қарады қуда.
Дунья қзығынан айледим жуда,
Бир жарымай омирим болып тур ада,
Омирде бир кирмей дингке—дарьманым».

Озь турмысынынг шдап болмаслық ауыр жағдайда отипатырғанлығынан туған сезимлерди ашық англататуғын қатарлар шаирдынг «Не болдым», «Сазан ау», «Ақ қамыс», «Менинг куним», «Менинг балам», «Сок санар», «Олим», «Арьманда» сияқлы қосықларында-да коплеп ушырасады.

Шаирдынг ауыр турмысы, асиресе, онынг «Жарымадым» деген қосығында толық, конкрет ҳамь арнаулы турде созь етиледи:

«Бул дуньяға шыққалы мен,
Қарным тойып жалшымадым,
Бул дуньяға шыққалы мен
Жарымадым, жалшымадым.

...Мен отырман ҳайран болып,
Кокирегим дартке толып,
Уйимде бар жаман тулып,
Тулыпқа-да жарымадым.

Балаларым отыр жалангаш,
Куйикпенен ағарды шаш,
Атамнан қалған жунь шанаш,
Шанашқа-да жарымадым.

Улкен асым тран шабақ,
Сап жейтуғыным жекен табақ,
Таба алмадым басқа тамақ,
Бир жутымға жарымадым.

Қыппа жалангаш суйгеним,
Дуньядан сойтип куйгеним,
Болмады менинг дегеним,
Бир жутымға жарымадым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

...Болмады сорлыда парық.
*Аяғымда жаман шарық.*
Астымдағы атым арық.
Коликке-де жарымадым...»[1]

Кунхожа болып аты кешкен, «аты халққа малим болған» XIX—асирдинг ҳамь улкен шайыры («шаирлардынг сарьдары»), ҳамь улкен бақсыларынынг бреуи Кунхожанынг турмыс ауҳалы мне усындай болған.

Шаир озининг ауыр турмысын айтуменен бирге, бунынг конкрет себеплерин-де айтады. Бул — адамды адам эксплуатациялауға тикарланған класслық жамиет тартиплерининг минеткешлер басына салған ауырманлықларынан, халқ мапин жырлаған прогрессив шаирлардынг устем топарлар тарепинен қудалауға ушырауынан ибарат социаллық себеп болды. Мсалы, шаир бул туралы жоқарыдағы «Жарымадым» деген қосығында:

*«Жарымай дунья барына,*
Бенденинг қарамай ҳалына,
Жане басқанынг малына,
Талап етип қарамадым.

Мақтамадым аталықты,
Сойтип еттим хаталықты,
Ол ҳамь етти жаманлықты,
Сол азаптан жарымадым.»[2]

«Қурысын бул дунья, раҳать кормедим,
Тенги—досымменен ойнап кулмедим,
Шуғыллардынг созлерине ермедим,
Сонынг ушын кеттим, мне, арьманда»[3]

деп жазады.

Солай етип шаир аш-жалангашлықта, ауыр минетте жасады, брақ озь заманындағы гейпара шаирлардай байларға жалтақлап, олардынг малына коз тикпеди, қара басынынг мапи ушын бай-аталықты мақтамады, турмысын ҳеш онгламаса-да шопан болып, дицан журип, кунликшилик етип ҳадал минетпенен тришилик етти. Бай — аталықтынг жаманлық етуи-де, шуғыллардынг

---

[1] Кунхожа, Тангдаулы қосықлар топламы, 1949—жыл, 26, 28—бетлер.
[2] Бул-да сонда, 28—бет.
[3] *Кунхожа. Тангдаулы қосықлар топламы, 1949—жыл, 52—бет.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

угити-де шаирды таза жолдан қайтара алмады. Ел билеген амелдарлар, сонынг ишинде Хиуанынг ханы-да шаирдынг халқ турмысынынг реаль суретлеуин халқ тарепинде турып тартынбай созь ететуғын тлин гурмеуге, азатлықтынг, жақсы куннинг арьманын айтып жангғыратуғын ҳауазын бууға басқа жоллармен-де ҳарекет етти, озь тареплерине тартып, озь жыршысы етуге-де урынды. Брақ, олар, Кунхожаны озининг журеги сияқлы мунгға ҳамь арьманға, жалынлап тутанып киятырған наризалық отына толы миллион журектен айырып ала алмады.

Устем топарлар қуғынға ушырату, турмыстан қсу, зорлық корсету арқалы-да оны алған бағытынан қайтаруға, озь жыршылары етуге урыныпкорди. Брақ, бул илаж-да натиже бермеди. Хан менен амелдарлардынг қанша зорлығына тусип, мазақлауына, хорлығына грип-тар болса-да, минеткеш халқ турмысынынг ишинде, турмыс жағдайы бойынша-да, дунья козқарасы, сезимлери бойынша-да усы минеткеш халқтынг бир уакили болып оскен жане жасаған шаир, халқтынг созин айтқан шаир болып қала берди.

Мсалы 1845—1855-жыллар арасында Хиуада ханлық еткен Мадемин ханлық сорамындағы барлық атақлы шаир, бақсыларды жинап, озининг ҳамь ханлықтынг сань — салтанатын мақтатпақшы болады.

Бундай нарселер XIX асир Хиуа ханларынынг турмысында адетке айналған бир жағдай болған. Буны озь жумысларында шғысты изертлеуши белгили тарихшылар-да корсетеди. Мсалы, академик В. В. Бартольд озининг «Туркстаннынг мадени омирининг тарихы» деген минетинде... XVI — асирдеги Хорезмге қарама-қарсы «XIX — асирдеги Хиуа ханлары адептен-ақ адебиятқа деген гейпара умтылушылық таба алды...»[1] деп жазады. В. В. Бартольд буған тикарғы далил етип Мунис Хорезми менен Агеҳилерге Хиуа тарихын жазу жумысы тапсырылғанлығын келтиреди.[2]

Мунис Хорезми менен Агеҳилердинг Хиуа тарихынынг маселелерин баян еткен «Фирдаусил иқбал», «Гульшанидаулет» шғармаларынынг мазмуны-да, тарихи уақиялар-ға ҳамь тарихи адамларға берилген тусиниклер-де XIX

---

[1] В. В. Бартольд «История культруной жизни Туркестана» и-тво АН СССР. Ленинград, 1927, стр. 112.

[2] Бул-да сонда, 112—113 бетлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

асирдеги Хиуа ханларынынг «маденияtқа деген гейпара умтылушылықлары»нынг характерин айқын корсетип турады. Мунис Хорезми менен Агеҳилер озбек классик адебиятынынг тарихында халқлық — демократиялық бағдардағы шаирлар болғанменен, озлерининг бул ктапларында тарихи уақиялар менен тарихи адамларды расми сарай тарихшылар҆ спатында ҳамь ханлық — аристократиялық позициядан тусиндиреди жане баҳалайды. Масеселенинг булай болуында енг тикарғы роль ойнаған нарсе, албетте, олардынг жекке дунья козқараслары ғана емес, ал, олардынг алдына ханлық сарай тарепинен қойылған қатанг талап болды. Тарихшы Т. А. Жданко 1954-жылғы қарақалпақ тил илими ҳамь адебият илйми бойынша болып откен конференциядағы жарыс созинде қарақалпақ тарихынынг мсалында Мунис Хорезми ҳамь Агеҳилердинг тарихи уақияларға берген баҳасынынг халқлық баҳаменен сайкес келмейтуғынын айта келип, блай дейди: «... Мунис ҳамь Агеҳилер сияқлы Хиуа тарихшыларын алатуғын болсақ, олар сарай адамлары болды, ханларға хызмет етти. Бул жағдай олардынг тарихи ҳадиселер менен искерлерди баҳалауына тасир тигизди».[1]

Қулласы, Хиуа ханларынынг «маденияtқа умтылудағы» бирден—бир козде тутқан мақсетлери озь сань—салтанатларын мақтау, мадени қуралларды озь идеологиясын тарату ушын файдалану болды. Бул мақсетти иске асыру ушын олар сый—сауганы-да хошаметти-де, зорлықты-да тенгдей қолланды. Бул иске пухара халқтынг ишинен шыққан шаир ҳамь бақсы адамларды тарту, қандай жолменен болмасын ондай адамларға озь жрын жырлату сарай ушын тағы-да тиимлирек болатуғын еди. Ойткени, сарайдынг нанын жеп, сарайдынг шапанын жамылып, сарайда жатып—турып журген шаир ҳамь бақсылардынг созинен горе, халқтынг озь арасынан шғып, озь арасында журген шаир, бақсылардынг созине кобирек инануы мумкин еди. Сонлықтан-да ханлар ҳартурли банелер-менен ҳамь бир жағынан озлерининг жеке зауқы-сапа маплерин қанаатландыру ушын-да сейллер, той, базим кешелерин—шолкемлестирип, оларға бийлер, амелдарлар ар-

---

[1] Қарақалпақ тли ҳамь адебиятынынг гейпара маселелери)» 1954—жылғы тил хамь адебият бойынша илими конференциянынг материаллары») ҚҚКИИ-нынг фонды, қолжазба, Т. А. Жданконынг созинен 5—бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

қалы озь сорамындағы жерлерден бақсы, шаирларды алдыратуғын болған.

Кунхожа ҳаққында мағлумат берушилердинг барлығы бир ауздан тастиқлап айтып киятырған ҳамь барлық қарақалпақ адебиятшылары тарепинен газета, журнал мақалаларында, адебият сабақлықлары менен хрестоматияларында жазылып киятырған шаирдынг Хиуаға бару сапары-да мне усы жоқарыда айтылған жағдайда болған.

Бурынырақтағы бир дағазаланған материалларда мнадай-да мағлумат бар: «Хиуа ханы XIX асирдинг аяғы XX асирдинг басларында Хорезмди мақтап жазған жақсы қосықларға байрақ дағазалайды. Буған тум—тустағы шаирлардынг коби қатнасады.

Сол кунлериКунхожа бул хабарларды еситип,Хиуа ханына барады, сойтип Хорезм ҳаққында жуда қымбатлы қосық шғарады. Хиуа ханы корип, усындай-да мақтау болама деп, корсеткен нарсени бермей, Кунхожаға ози арық, арқасы жауыр, бир кози соқыр бир туйе береди...»[1]

Журналда дағазаланғаны болмаса, қайдан алынған дереги-де, жазып алынған авторы-да белгисиз бул мағлумат бзингше ҳақиқатлыққа ҳешқандай сайкес келмейтуғын мағлумат болып есапланады. Профессор П. П. Ивановтынг «Каракалпаки» деген мақаласында келтирилетуғын»... Кунхожа усы асирдинг басында (?) Хиуа шаирларынынг конкурсында қатнасыпты деген гап бар»[2] деген мағлумат-та тап усы сияқлы ҳақиқатлыққа сайкес келмейтуғын мағлумат болып есапланатуғынын-да усы жерде айта кету керек. Бул мағлуматты Кунхожанынг белгили «Умытпаспан» қосығынынг ози-ақ бикарлайды.

Бул қосығында анық созь етилуинше шаир Хиуаға барудан бас тартады, брақ хан жасаул жберип, оны зорлықпенен қалаға алдырады, барғаннан сонг айтқан қосығы-да ханға жақпайды, ойткени ,ол Хиуаны-да, ханды-да мақтамайды. Ханнынг-да, ханлық тартиплердинг-де елдеги жаман ақыбетлерин озь козименен корип, ози-де тиккелей жапасын шегип журген шаир оны мақтай-да алмайтуғын еди. Сол сапары ханнынг алдында айтқан қосығы спатында узил—кесил ашым-айрық болған қосық бзинг қолымызда ҳазирше жоқ. Брақ, усы сапарғы Хиуаға барғанында

---

[1] «Женгис ҳауазы» журналы, № 4, 1938—жыл, Торткул, 65—бет.

[2] «Советская этнография», сборник статей IV, из-тво АН СССР, Москва—Ленинград, 1950 г. стр. 42.



www.ziyouz.com kutubxonasi

не корип, не айтқанлығын арнаулы турде созь ететуғын «Умытпаспан» қосығынан қандай қосық атқаны коринип тур.

Тағы-да бир кеул аударатуғын нарсе, хан озин мақтатуға зорлап шақырта отырып, мақтаған адамды жазғыруы ҳеш-те мумкин емес нарсе. Екинши жағынан, оны Хиуаға алдыратуғын хан — Мадемин хан болып, ол «XIX асирдинг аяғы XX асирдинг бас уақларында-да» емес, усы асирдинг (яғни XX асирдинг) басында-да емес, ал 1845 — 1855-жыллар арасында ханлық еткен.

Кунхожанынг Хиуаға шақыртылуы, асресе, оны ханнынг қорлап қуып жбергу (бир спыра ғаррылар «қорлап туйе берипти» деп ғана емес», «қуып жберипти» деп мағлумат береди) факты қарақалпақ халқынынг арасына оғада кенг таралған.

Дурыс, шаирдынг омирине тиисли болған басқа-да коплеген мағлуматлар усындай характерге ие. Брақ Кунхожаны ханнынг қорлау фактын бул факт ҳаққында мағлумат берушилердинг барлығы улкен ызаменен айтады. Усы фактты сойлеп беруши ҳарбир адамнынг созинен, арадан жузь жыллар отсе-де ҳешқандай пасенглемеген ыза ҳамь ғазеп айқын сезилип турады. Кунхожанынг Хиуаға сапарынынг манисин ашуда болсын, онынг сол сапарда айтқан қосықларынынг мазмунын анықлауда болсын бул жағдайдынг-да аҳмиети улкен.

Ҳазирги уақта Кунхожанынг коплеген уруласлары жасайтуғын Чимбай районынынг Кенгес тухым мал совхозынынг территориясында турушы Бектурды Серекеев деген ғарры (қолдаулы уруынынг қурама тиресинен, 87 жаста) 1956-жылдынг июль айында тарихи этнографиялық экспедициясынынг қатнасушыларына мнадай мағлумат береди:

«...Кунхожаны хан шақыртып айттырғанда, Кунхожанынг айтқан қосығын лап қылып жберди деген...»[1]

Кунхожанынг ози-де «Умытпаспан» қосығында:

> «Бақсыларға байрақ берди,
> Жақсыларды жаман корди,
> Лапкой деп шауқым котерди,
> Мен оларға ҳеш жақпадым...»[2]

деп жазған еди.

---

[1] ҚҚКИИ-нынг фонды, Х. Есбергеновтынг қолжазбасы, полевая запись № 19.

[2] Кунхожа, Танглаулы қосықлары, 1949-жыл.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бунда Кунхожаны ханнынг ҳамь хан амелдарларынынг лапкой деп атауында тикарғы себеп болған нарсе, албетте, шаирдынг ханға жақпайтуғын турмыс шынлығын ашып айтқанлығы болып есапланады. Шаирдынг «Умытпаспан» қосығынынг озинде тартынбаслық жане шеберликпенен, онынг устине барлық нарсе озь атыменен аталып конкрет турде ашып тасланған шынлық буған далил болып хызмет ете алады.

Гейпара экспедиция материаллары бойынша ханнынг Кунхожаны лапкой деп атауында конкрет бир себеплерде болған қусайды.

Бул себеплер-де ҳақиқатты жек корген ханнынг наҳақ турде ҳақиқатшы шаирды қорлағанлығы, оны Хиуаға зорлап шақыртып алып ,сози жақпағаннан сонг қуып жбергенлиги, Кунхожанынг ханды жек корип, шынлықты айтқанлығы ҳаққындағы фактларға ҳешқандай қарама-қарсы келмейди. Мсалы, Кунхожанынг кута жақын уруласы Есенгелдиев Усақ деген кси (ҳазирги Чимбай районынынг Ильич атындағы болиминде туратуғын совхоз рабочий) 1956-жылғы тарихи — этнографиялық экспедиция отрядына мнадай мағлумат береди:

«Кунхожа Айдостынг уақтында болған, оны хан шақыртып, менинг он еки мушемди мақта депти, сонда Кунхожа айтыпты:

> «Шашу — сақалынг сап-сары,
> Козинг перузадек жузик козиндей,
> Қол-аяғынг қып-қзыл,
> Қумбызға пискен гузедей..»

Қосықтынг кеини бар екенлиги онынг жазылу банесинен-де, мазмунынан-да айқын коринип тур. (Қарангыз: он еки ағзанынг ушеуи ҳаққында ғана созь бар). Брақ, қосықтынг кейнин Усақ Есенгелдиев-те, бул маселе туралы мағлумат берген басқа адамлар-да билмейди. Булай болуы-да толық мумкин нарсе. Ойткени, бул қосықты шаирдынг тек озь жақынларына ғана айтқан болуы, ал онынг жақынларынынг басқа адамларға тарата бермеген болуы, сонлықтан қосықтынг халқ арасында кенг таралмай қалған болуы мумкин. Қосықты тек шаирға оғада жақын урулас адамнынг блуи-де белгили дарежеде усы пкирди қуатлайды.

Экспедициялар уақтында сойлесилген айрым адамлардынг айтуы бойынша Кунхожа Хорезм ҳаққында қо-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сық шығарыпты, брақ бул қосық ханға унамай хан Кунхожаға лапкой деп айтыпты деген мағлуматлар-да бар. Брақ бул қосықтынг тексти-де, жалпы мазмуны-да ҳазирше малим емес. Ханға жақпағанына қарағанда, албетте, ол ханнынг озин ямаса онынг сиясаты менен тартиплерин мақтаған қосық болмауға тиисли.

Мадемин ханнынг берген силығы-да қосықтынг қандай болғанлығын айқын корсетип турады. Озин ҳамь ханлық тартиплерди мақтап дийдине жеткенлерге ат-тон, силық еткен хан Кунхожаға кози соқыр, арқасы жауыр ғарры туйе береди. Бул арқалы хан оны копшилик алдында ермеклемекши, пантъ берип хорламақшы болады. Брақ ҳақиқат пантти ханнынг ози жейди. Кунхожа сол жердинг озинде ханды олтире кулки ететуғын белгили «Туйе екенсенг» қосығын шығарады.

Кунхожа озининг атақлы «Умытпаспан», «Елменен» қосықларын-да усы Хиуа сапарынан кеин ҳамь коп жағынан тиккелей усы сапарынынг тасирименен жазған. Бул қосықларында, шаир Хиуанынг қанлы картинасын, ханнынг зулымлығынан ҳамь ақылсызлығынан халқтынг кунининг «қассап янглы дарменен» отипатырғанлығын айтады.

Бундай қосықлардынг авторынынг хан алдында айтқан қосығынынг-да, созсиз, усындай мазмунда болғаны сияқлы (ойткени, ол сарайдан сыртта, озь аулында-да ханнынг ғазебинен қашып қутыла алмас еди), онынг алдағы омирининг-де бурынғыша мутажлық, қудалау астында отуи турған гап еди. Ҳақиқатында-да солай болды: Хиуадан келгеннен сонг шаирдынг турмысы бурынғыданда қиынласады, оны қудалау кушейеди, қосықларын халқ арасына таратуға тиым салынады, би-аталықлар, дин иелери онынг қосықларына патуа баспайды. «Созим патуасыз болды, сойтип ишим дартке толды» деп озь қосықларынынг халқ арасына тарауын тарауын қадаған етушилерден налынады шаир усы кунлерде жазған қосықларында.

Шаир озининг бул ауыр ауҳалларын бирқанша қосықларын-да теренг қайғыменен тилге алады. Мсалы онынг қосықларындағы:

> «...Мен жларман бул дуньяда зар-зар,
> Басымды саудаға салсам жоқ базар,
> Залымнан, беглерден кордим коп азар,
> Бир басқа бир заман болды яранлар...



www.ziyouz.com kutubxonasi

«...Дин Хорезмге парьман айлеген,
Удайына отирик созь сойлеген,
Залым болып ели—журтын билеген,
Залымлардан айра тусир яранлар...
Кунхожа атағым қалды кейнимде,
Жаллатлар журь барьҳа менинг кейнимде...»[1]

деген қатарлар, созсиз, онынг басына тускен усы ауыр кунлер менен қудалаулардынг ескерткиши. Бул келтирилген узиндилердеги айрым қатарлардан бул аур қысқылар оны турған жерлерден басқа жақларға бас алып кетуге шекем мажбурлегенлиги, елде омир суруге оған материаллық жақтан ғана емес, рухи жақтан-да мумкиншилик қалмағанлығы айқын коринип тур. Оны бул кунге салғанлар отирик сойлеп, осекайтып залымлықпенен ел билегенлер болды. Мне усылардынг зулымлығынан елде аяқ басқандай жер қалмағанлықтан, мутажлыққа, жарлылыққа қоса, власть тарепинен қудаланған шаир ҳақиқатында-да басқа еллерге кетуге мажбурь болды.

Кунхожанынг макан еткен жерлери ҳазирги Тахтакопир районынынг арқа батыс тарепиндеги, Тахтакопир ҳамь Қараозек районларынынг аралықларындағы, Мойнақ районынынг Қазақ дарья участкасынынг Арал тенгизи жағаларына жақын жерлердеги Тербенбес, Кок озек, Айырша, Жалайыр деген жерлер болған. Бул орынлар айрым қарақалпақ классик шаирларынынг шығармалары бойынша-да, революцияға шекемги ҳамь революциядан сонгғы изертлеушилердинг минетлери, экспедициялар уақтында топланған мағлуматлар бойынша-да «... қарақалпақлардынг Туркстаннан кошип келгендеги бринши орналасқан жерлери болып есапланады»[2] 1873-жылларда қарақалпақлар жасаған жерлерде болып, изертлеу жургизген А. В. Каулбарс-та озининг «Низовья Аму дарьи» деген ктабында усы жерлерди жазып корсетеди.[3] Бул жерлердинг атын қарақалпақ классик шайыры Жиен жраудынг қарақалпақлардынг Туркстаннан Хиуа ханлығы-

---

[1] **Кунхожа, Танглаулы қосықлар топламы, ҚҚМБ, Нокис,** 1949-жыл, 46, 51, 52 — бетлер.

[2] **Н. Дауқараев,** «Очерки дореволюционной каракалпакской литературы», рукопись, стр. 225.

[3] **Низовья Аму-дарьи», Описания по собственным исследованиям в 1873 г. генерального штаба полковником бароном А. В. Каулбарсом (Записки императорского русского географического общества, том девятый), Санкт-Петербург, 1881 г. стр. 45, 110, 119,** 129, 134, 224.



www.ziyouz.com kutubxonasi

нынг территориясына кошу уақиясын созь ететуғын атақлы «Посқан ел» поэмасында-да ушыратамыз:

«...Арадан еки кун откенде,
Куладық бир тенгизге,
Айыршанынг устинен...
Қоныс бастық сойерге...
Мунгайтпас деген атауы...
Онынг батыс жағында,
Тербенбес деген бар екен,
Ол-да биик қум екен,
Еки жағы қамыслық,
Шбыны-да мол екен...»[1]

Кунхожанынг усы жерлерде мақан еткенлигин онынг белгили «Жайлауым» деген автобиографиялық характердеги қосығынан коремиз. Қосықтынг конкрет жер атларын корсететуғын енг характерли орынларынан узиндилер келтирейик:

«Ата журтым Туркстаннан келгели,
Ата-бабам қоныс басқан жайлауым...
...Қамыс орып алтау-жетеу орақлы,
Терис тобе, Узын қайыр жайлауым...
...Ержан атау менен шғысы Ырза,
Тенгизлерде ауқат еткен жайлауым...
...Балық аулап Тоқтас, Мантық бойынан...
Жайлауым Жалайыр копир ҳамь Богет...[2]
Су келер-ме деген бизде бар умит...
Ауелҳа оскеним Кок озек бойы...
Бекбан шағыл, Жанга судынг[3] бойлары.
Шарқырауық, Муйтен богет жайлары...
Кол саға, Айырша, Тербенбес тенгиз
Асресе Айыршада оскенбиз...»[4]

Кок озек бойы ҳаққында ол жерди халқтынг егин егип, шаруашылық етип, балық аулап, анг аулап жайлағанын суретлейтуғын белгили Аннақул шаирдынг-да

---

[1] «Қарақалпақ поэзиясынынг антологиясы». ҚҚМБ. Нокис — 1956-жыл, 50 — бет.

[2] Тарихи адебиятларда Қара богет, Қос богет деген атлар бар. «Богет» солардынг бреуи болуға тиисли. (И. Б.).

[3] «Жанга су» деп Жанга дарьяны айтқан болуы тиисли, тек Кунхожада емес, басқа-да улума тарихи адебиятларда бундай атама кута жии ушырасады (И. Б.).

[4] Кунхожа. Танглауды қосықлары, 1949-жлы, 9—10 бетлер. Бул узиндидеги асты сзылғанлардынг барлығы Арал тенгизи бойларындағы Тербенбес, Жалайыр, Кок озек бойы сияқлы жерлерге сбайлас орналасқан жерлердинг атлары.



www.ziyouz.com kutubxonasi

(1860 — 1916) жылларда жасаған) «Қок озек бойы» деп аталатуғын қосығы бар[1].

Илими экспедициялар уақтында жиналған тағы бир авторы белгисиз қосықта халқтынг Кок озек бойын сусызлықтан таслап кошкенлиги айтылады:

«...Ултанынгнан қудық қазып су ишти,
Устингнен спырылып ел кошти,
Даулетинг басынгнан тайды Кок озек...»[2]

Улума алғанда Кок озек адебиятларда кенг белгили болып, ол ҳаслында су жолынынг аты. Усы су жолынан пайдаланып отырған еллер-де Кок озек атыменен аталған. А. В. Каулбарстынг корсетуинше ҳазирги. «Қуаныш жарма бурын Кок озек деп аталып келген.[3]

А. В. Қаулбарс Айыршанынг кол болғанлығын, усы Айыршада ҳамь онынг атрапында бирқанша майда атаулар болғанлығын, оларда қарақалпақ ауллары орналасқанлығын жазады.[4]

Кунхожанынг «Жайлауым» қосығындағы атаулар-да мне усы атаулар болуға тиисли.

Шаир мне усы атауларды макан тутқан ҳамь усы жерлердинг бреуинде туылған-да. Шаирдынг кута жақын урулас ағайинлеринен бреуи Емберген Доспанов бизге «Кунхожа Жанта дарьяда отырғанда туылды» деген мағлуматты кута кесип айта отырып, шаирдынг макан тутып жасаған жерлери спатында онынг «Жайлауым» қосығында шаирдынг ози корсеткен жерлери атады.

Шаирдынг усы «Жайлауым» қосығынынг озинде «Хақиқат жайлауым болмады менинг» деп қайғыруменен айтқанындай-ақ, ол озининг туып-оскен маканында тура алмады. Буған жоқарыда корсеткенимиздей жалшылық, кунликшилик омирменен бирге, шаирдынг би, амелдарлар тарепинен қудалануы, асресе, бул қудалаудынг шаирдынг Хиуа сапарынан кеин айрықша кушейтилуи себеп болды.

Онынг «Коринбес» қосығындағы:

---

[1] «Қарақалпақ халқ творчествосы», ҚҚМБ Торткуль, 1940-жыл, 201 — бет.

[2] Фонд ҚҚКНИИ. рукопись «Материалы экспедиции С. Камалова», запись А. Туреева, стр. 27.

[3] «Низовья Амударьи...» стр. 477.

[4] Бул-да сонда, 110, 119-бетлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Жерди, кокти қайғы-ҳасрет қаплады,
Бул думаннан менинг елим коринбес.
Мен етермен куни-туни аҳу-зар,
Қайғылықтан ата макан коринбес.
...Сақалым ағарды туспеди олжа,
Мақтымқулы мағриптей алдынгды болжа.
Жасы жетип ауере болған Кунхожа,
Қозинг жумылғанша елинг коринбес[1].

деген қатарлар мне усындай себеплерменен елден айра тускен шаирдынг ғаррылық уақытларында-да дауам еткен дарбедерлик омиринен гуалық береди.

Экспедиция материаллары, сондай-ақ Кунхожаны блетуғын адамларменен жеке сойлесулер онынг ҳазирги Қазақстан территориясынынг коп жерлеринде болғанлығын тастиқлайды. Дурыс, бундай мағлуматлардынг копшилигинде Кунхожанынг басқа жақларда болуын тикарынан шаирдынг семьялық қайғысыменен бала сорап аулиеге барғаны, соқыр болып қалған қзынынг козин «сорағаны» ҳамь тағы басқаларға байланыстырушылық коп ушырасады. Солай болғанменен усындай мағлуматлардынг ишинде-де шаирдынг халқ жыршысы спатындағы ролин корсететуғын моментлерге тиисли орын бериледи.

Мсалы, усындай характердеги ҳартурли мағлуматлар бойынша Кунхожа Туркстан тареплерге барған, Қзыл орда, Ақтобеде-қазақ арасында болған. Қанияз Байниязов деген ғаррынынг (уруы анна, Чимбай районынынг 3—аулсовети, 79 жаста) айтуы бойынша «Кунхожанынг баласы болмаған. Ол ҳаялы менен барлық караматлы жерлерге барған. Соннан бир соқыр қызлы болған. Усыдан кеин ол Хожаҳмет Яссеуидинг қабирине барып зиярат етеди[2] «Қ Байниязов Кунхожанынг Хожахмет Яссеуи қабирининг басында айтқан қосығынынг текстин-де жаздырған. Ол блай:

«Сен хожамсанг, мен қулынгман,
Қул дегенши ози жоқ
Алларабил нашарынг бар,
Иларада кози жоқ.
Сол нашарға коз бермесенг,
Дуньянынг маған ҳази жоқ...»[3]

---

[1] Кунхожа, Танглаулы қосықлар топламы, ҚҚМБ, Нокис, 1949-жыл, 60 — 61 — бетлер.

[2] ҚҚКИИ-нынг фонды, 1956-жылғы тарихи — этнографиялық экспедиция материаллары, А. Тореевтинг қолжазбасы, 14 — бет.

[3] 1957-жылғы комплексли илими экспедиция материаллары. ҚҚКИИ-нынг фонды, А. Каримовтынг қолжазбасы, 53-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қара озек районынынг орайында турушы Есенғазиев Отепберген деген ғаррьі-да (миллети қазақ): «Кунхожа Туркстанда қазақ арасында болған адам» деп мағлумат береди. Тағы-да ол Кунхожанынг» ақпа шаир болғанлығын, қара созди қалай айтса, қосықты-да сондай айтқанлығын» айта келип, «ол қарақалпақтынг шаиры, брақ қазақ ишинде браз жасаған, қазақша-да браз қосық жазған... Ол қазақ ишинде жасағанында Қзыл орда-да жайлаған... Онынг Қудери ақынменен айтысы бар еди» деп корсетеди. Усы О. Есенғазиевтынг берген мағлуматы бойынша»... қазақларға салық коп тускен, сонда ханнан сорап халқты салықтан қутқараман деп Кунхожа ханға барған.» Сондағы онынг ханға айтқаны мнау болған (қосық тексти кута коп болған ,брақ информатор умытып кеткен):

«Аллияр тақсыр ханымыз,
Алдынга келди қарашынг.
Арызды қабыл алынгыз..
Бзинг елде Нурбай бар.
Нурбайдынг журген жеринде,
Жлау менен ойбай бар.
Толеген деген жорға бар,
Шонгмурын деген молла бар,
Атына жем салуға,
Алтыннан қылған дорба бар.
Кели туби деп алады.
Кеусеним деп алады...»[1]

Ал, Қара озек районынынг орайында турушы Қазақбаев Лепес деген информатор (миллети қазақ, жасы 60 та): «Кунхожа адай, табын уруларынынг арасында «Донгыз тау» деген жерде, ҳазирги Ақтобе областында мектеп молласы болған» деп корсетеди.[2]

«Кунхожанынг жети қзы болған. Хожамет Яссеуиге, Ҳаким атаға, Тоқпақ атаға барған, картайғанда уллы болған»[3] деген мағлумат береди. Мойнақтынг Атау кошесинде турушы Садық улы Турдымурат (жасы 69 да, уруы қият балғалы).

---

[1] 1957-жылғы комплексли илими экспедиция материаллары, ҚҚКИИ-нынг фонды. А. Пахрадиновтынг қолжазбасы, 45 — 46 — бетлер.

[2] 1957-жылғы комплексли илими экспедиция материаллары, ҚҚКИИ-нынг фонды, А. Каримовтынг қолжазбасы, 53-бет.

[3] 1954-жылғы экспедиция материаллары. ҚҚКИИ-нынг фонды. Г. Есемуратовтынг қолжазбасы, 52 — бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул мағлуматларда аталатуғын Хожаҳмет Яссеуидинг қабири-де белгили болғандай-ақ Туркстанда.

Мне усылай қандай етип тусиндирилсе-де Кунхожаның Туркстанда болу, улума ҳазирги Қазақстан территориясының браз жерлеринде болу фактын Кунхожа туралы мағлумат берушининг барлығы-да тастиқлайды.

Жоқарыда аты бирнеше мартебе аталған Емберген Доспанов-та бизбенен сойлескенде Кунхожаның Қзыл ордада болу фактин тастиқлай отырып, блай дейди:

«Кунхожа бабамыз қазақ кете Шернияз деген ақынменен кута тату дос болған. Уақты-уақты Шернияз жаққа, Қзыл ордаға, барып келип турады екен. Сол барып келип жургенинде айтысыпты дейтуғын екеуининг айтысы-да бар еди. Бул айтысты бизлер бала кунлеримизде қазақ Жумабай жрау деген бзинг аулға келип «Кете Шернияз бенен Кунхожаның айтысы» деп жырлап журуши еди».

Биз Емберген аға айтқан Жумабай жрау дегенди изертлестирип қарағанымызда, ол жраудынг Мойнақта, Ургеде, ҳақиқаттан-да болғанлығын, онынг ҳақиқаттан-да Шернияздынг қосықларын айтқанлығын анықладық. Шерниязбенен ушырасуынынг толық итималы бар. Бундай дейтуғынымыздынг себеби, бриншиден, жоқарыдағы экспедиция материалларынан анықланғанлығындай-ақ Кунхожа Ақтобеде болған, Шернияздынг ози-де усы Ақтобенинг адамы ҳамь онынг атақлы Исатай-Мақамбет котерилисине қатнасы-да усы Ақтобеменен байланыслы. Мсалы, Шернияз ҳазирги Ақтобе областынынг Ойыл волостында туылған ҳамь онынг балалық, жаслық жыллары-да усы жерде откен, ер жете келе Исатай, Мақамбетлерге барып қосылған[1] (ескерте кететуғын бир нарсе, бул жерде озь уақтында қарақалпақ классик шайыры Ажнияз Қосыбай улы-да болған еди, — қарангыз: Ажинияз Қосыбай улы, «Танглаулы қосықларынынг топламы», Нокис, 1949-жыл, «Шықты жан» қосығы). Шернияз XIX асирдинг 30-жылларындағы қазақтынг Киши жузь шаруаларынынг Исатай Тайман улы басшылығындағы котерилисининг актив қатнасушыларынан бреуи болған уақтында-да усы Ақтобе областынынг Ойыл, Қйыл атрапындағы қазақ-

---

[1] «История Казакской ССР», из-ство АН КазССР, Алма-Ата, 1957 г. том I, стр. 371 — 372.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ларды котерилиске шақырушы шаир...»[1] болған. Екинши-ден, Қзыл орда-да (бурын Ақмешит деп аталған) Туркстан сияқлы Сыр дарья бойының қалаларынан болып, Туркстанға жақын ҳамь сол уақытларда қазақтынг Кши жузи жайлаған территорияға кирген. Тарихи адебиятлардан белгили болғанындай-ақ Исатай-Мақамбет баслаған котерилисшилер женгилиске ушырағаннан кеин Ишки орданы таслап шығып, Кши жузь территориясына отип, браз уақытлар дауамында усы жерде болады.[2] Ескерту. Бул Ишки орда ямаса Бокей ордасы деп аталған ханлық 1801-жыллары Кши жуздинг ханы Айшуақпенен келисе алмаған Бокей хан дегенинг бирқанша аул, уруларды ертип, Орал дарьясынынг арғы жағына кошуименен дузилген. Исатай-Мақамбет котерилиси-де усы орданынг территориясында болады. Усы Ишки орданынг территориясында женгилиске ушырағаннан кеин котерилисшилер Кши жуздинг қадимги озь территориясынынг жерлерине отеди. Мне усы Кши жузь территориясына ауысқан котерилисшилердинг ишинде котерилистинг актив қатнасушыларынан ҳамь котерилиске халқты шақырушылардан бреуи болған Шернияздынг-да болуы мумкин. Котерилистинг женгилисине ушырау уақты XIX асирдинг 40-жыллары. Мне усы жолменен-де Кунхожа ҳамь Шернияздынг ушырасуы мумкин. Тағы бир нарсе, сол уақларда, ҳазирги Қзыл орда (бурынғы Ақмешит) атрапында қарақалпақлар-да жасаған болуға тиисли .Мсалы, А. В. Каулбарстынг жазуынша Ақмешит қорғанынынг озин қоқанлылар»... Ақмешит атрапынан жанга дарья бойларына Хиуа тареплерге... кошкен қарақалпақ ҳамь қазақларды Сырға қайтуға мажбурлеу мақсетинде 1871-жлы салынған.[3]Ози туып-оскен жерде қатты қысқыға ҳамь қудалауға ушыраған Кунхожанынг сол қарақалпақларға баспана излеп барған болуы-да, сойтип, оларменен қонгсы отырған қазақ арасында-да болып, ози сияқлы солар арасында озиндей баспана излеп журген Шерниязбенен ушырасуы-да толық мумкин нарсе.

Сондай-ақ Шернияздынг озининг-де. Хиуа ханлығы-

---

[1] Х. Суйиншалиев, Б. Сахариев, Э. Дербисалин, «XIX асир қазақ адебияты», Алма-Ата, 1957-жыл, 13 — бет.

[2] «История Казахской ССР», из-ство, АНКазССР, 1957 г. Алма-Ата, том 1, стр. 333—334.

[3] А. В. Каулбарс. «Низовья Амударьи»... стр. 224.



www.ziyouz.com kutubxonasi

нынг территориясында болғанлығы ҳаққында мағлуматлар бар. Бул мағлуматлар бойынша «...котерилистен кейин Шернияз Махамбетпенен бирге 1838 — 1839-жыллары Хиуа еллеринде журген қусайды»[1].

Бул жоқарыда созь етилгенлердинг барлығы жиналып Кунхожанынг қазақ арасында, Туркстан, Қзыл орда (Ақмешит), Ақтобе тарeплерде болғанлығы ҳаққындағы экспедиция мағлуматларын толық тастиқлайды. Халқ арасында созь етилетуғын Кунхожанынг Шернияз, Кудери ақынменен, *Улбикеменен ушырасуы ҳәмь айтысларыда* Кунхожанынг усы қазақ жерлерине еткен сапарлары дауринде болуға тиисли.

Кунхожа менен Шернияздынг айрым қосықларында ушырасатуғын базыбир оғада жақын уқсаслық-та еки шаирдынг ушырасқанлығы ,творчестволық байланыс жасағанлығы ҳаққындағы мағлуматларды толықтыра туседи. Мсалы, Қазақ ССР Илимлер Академиясы Орайлық *библиотекасынынг фондында Шернияз ҳаққында мынадай* аңгимелер бар: «...Шернияз ханнынг аулына ҳаялы олип немеурин (жардем) сорап барғанда, хан оған аузында тси жоқ ғарры туйе береди. Сонда туйенинг алдына келип Шернияз айтады:

Е, ассалаумаалайкум туйемисенг,
. . . . . . . . . . . . . . . . . . .
Мен журсем жетегиме журермисенг,
Туйедей коп жасаған коринесенг.
Қаратай, Шуман ханды блемисенг?
Туйе болып тағы ози жуап береди:
...Сен журсенг жетегинге журемен-ау,
Жете алмай орта жолда олемен-ау
Қаратай Шуман ханды айтасанг-ба?
Нуралы ханды-да блемен-ау».[2]

Бул қосықты Кунхожанынг белгили «Туйе екенсенг» қосығыменен салыстырып қарау, еки қосықтынг шғу объекти менен себебининг, асресе суретлеу приемынынг кута жақынлығын корсетип турады.

Емберген аға Кунхожанынг туркмен ишинде болған-

---

[1] **Профессор Қ. Ж. Жумалиев. «Қазақ эпослары менен адебият тарихынынг маселелери». Алма-Ата 1958-жыл, 375-бет; «Известия АН КазССР» серия филологии и искусствознания», выпуск 1 (П), 3 — бет.**

[2] Қолжазба 822 (р), 6—7-бетлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

лығын-да айтады. Бул-да толық мумкин жағдай. Ойткени, тарихи изертлеулер хан тарепинен озь елинде қудаланған Хиуа ханлығы сорамындағы бир халқ адамларынынг екинши халқ арасына барып баспана тапқанлығы ҳаққындағы коп ғана фактлерди бледи. Бул ҳадисе—қазақ, қарақалпақ, озбек, туркмен халқларынынг арасындағы тарихи дослықтынг коптен дауам етип киятырған дастури болған. Мне усы дастурь бойынша Кунхожанынг-да баспаналап туркменлер арасында болған болуы толық мумкин нарсе. Кунхожа шғармаларында Мақтымқулы традицияларынынг айрықша кушлилиги, онынг Мақтымқулыны кута жақсы блетуғын ҳамь енг коп тилге алатуғын қарақалпақ шаирларынан бреуи болуы, бзинг бул шамалауымызда тағы-да реалластыра туседи. Тап усы жерде, орны келип отырғанда мна бир жағдайды-да белгилеп оту заруръ: Ҳазирги уақта ОзССР Илимлер Академиясы Қарақалпақстан филиалынынг фондында Қарақалпақ халқ шаиры Аббаз Дабылов жазып тапсырған Мақтымқулынынг қосықлары бар. Баспаға туспей-ақ аллеқашанлары коп тарепleме қарақалпақшаласып кеткен бул қосықлар Тахтакопир тарепте туылып — оскен Аббаз Дабылов тарепинен Қарақалпақстаннынг арқа районларынан, яғни озь уақтында Кунхожа жайлаған жерлерден жазып алынған. Бул жағдай, бриншиден, бизди еле Кунхожа уақытларынан (мумкин, кобирек Кунхожанынг хызметименен) таралып киятырған қосықлар емес-пе екен деген шамалауға, екинши жағынан, Кунхожанынг Мақтымқулы шғармаларын туркменлер арасында коп болып, теренг уйренген болуы мумкин деген пкирге алып келеди. Бул пкирлердинг екеуи-де жиналып келип, Кунхожа туркменлер арасында болды деген мағлуматты тастиқлайды.

Емберген Доспанов Кунхожанынг ел аралап кетуининг бир себебин онынг баласынынг олимине байланыстырады: «...баласы олгеннен кейн оны куйик котерип ел аралап кеткен», — дейди ол. Бул-да толық ҳақиқатқа сайкес келетуғын мағлумат. Сонгғы жыллардағы илими экспедиция уақтында жиналған бирқанша мағлуматларда қатарына усы факт созь етиледи. Мсалы: Смет Абдирасулиев (Кунхожанынг туысқан инисининг шаулықлары) мнандай мағлумат береди:

«Кунхожанынг Мамыт деген жалғыз баласы болған. Ол Кунхожадан бурын олген. Сонда Кунхожа олген баласынынг басына барып қосық-та айтқан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

«..Ақ Мамытым ҳамь бер десе қайтып бер,
Мен нешик берсем ҳамь сен-де сойтип бер,
Ақ Мамыттынг малы-мулкин ертип бер,
Ауелҳа тусимде еки дурь бердинг,
Еки дурдинг брин алдынг, брин бер...»

деп қосық-та жазған.

Баласынынг олими ҳаққында Кунхожанынг озининг белгили «Балам олгенде» деп аталатуғын қосығы-да бар.

«Менинг балам
Олди еки жасында,
Бере алмадым озим шдам
Коп жладым басында»[1]
«.. Олди балам
Маған енди келмейди,
Жласам-да қудай маған бермейди»[2]

деп жазады шаир бул қосығында. Кунхожанынг 1949-жылғы танглаулы қосықлар топламын баспаға таярлаған жолдаслар бул куплеттинг кеинги қатарын «ҳешким маған бермейди» деп озлеринше озгертип жберген. Шаирдынг озь баласынынг олимине арнап жазған басқа-да қосықлары гезлеседи. Улума баласынынг олими Кунхожанынг омиринде ошпес аур из қалдырған ,ҳаттеки онынг қосықларындағы коплеген қайғылы моментлерге кушли тасир тигизген бир жағдай болған. Шаир бул туралы» бул қайғы тарқар-ма екен бул омирим ишинде?», «баламнынг олими қуанышымды саплады,... айрылмайтуғын қайғы етти...», «балам олгели,.. олилердинг бримен деп жазады.

Шаирдынг белгили «Елменен» қосығындағы:

«Перзентсиз муҳминге тил тигизбенглер,
Перзентсиздинг куни кешер зарменен..»

деген қатарлар-да созсиз, онынг баласы олип, перзентсизлик қайғысын шеккен аур сезимлерин баян етеди.

Шаирдынг «Козим» деген қосығы бойынша ҳамь басқа-да қосықларында ушырасатуғын айрым қатарлар бойынша Кунхожанынг қартайғанда козден қалғанлығы англасылады.

«Козим олай кормесликтен айықса,
Корер едим шар тарепти, жаҳанды,
Барлық денем кеселинен жазылса,
Айланар ем коймай шолин дуньяны»

деп жазады ол «Козим» деген қосығында.

---

[1] Кунхожанынг 1949-жылғы топламы, 40—41-бетлер.
[2] ҚҚКИИ-нынг фонды, қолжазба С — 23, 1060, 2-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кунхожанынг жақын аулатларынынг, сонынг ишинде-де айрықша Смет Абдирасулиевтинг айтуынша бундай қатарлар, шаирдынг физикалық жағдайын емес, ал тикарынан онынг рухи жағдайын баян ететуғын болса керек.

«Бзинг акемиздинг айтуына қарағанда,— дейди Смет ғарры,—Кунхожа соқыр болып жер сипалап қалмаған. Брақ жалғыз баласынынг олиминен кеин коп қайғыру натижесинде, жоқшылық натижесинде кози хатты англамайтуғын болған»[1]

Қудалану, уй машқаласынынг аур қайғысы, рухи қиналулар ҳамь жоқшылық шаирды ҳарьтарепleme қартайтты, барлық омири аур азап, қайғы ишинде отти, шаирдынг озь созименен айтқан да»... қайғысыз куни отпеди...», «жасы жетпей питти иси, нарсе қалмай тусти тси, жоқшылықтан кетти еси...», солай етип омирининг ахырына шекем тенгсизлик, аур турмыс жапасын шегип, 81 жасында қайтыс болады. Брақ, атақлы шаир, халқтынг жрын жырлап, мунгын мунглаған жоқары адамгершиликли азамат спатында онынг естелиги халқ ядында мангиге сақланып қалды. Қарақалпақ халқы, жазу — сзудынг, баспасоздинг, жазылып қалған документлерининг болмауына қарамастан уллы шаирдынг атын-да, онынг бастан кеширген омири ҳаққындағы мағлуматларды-да, онынг ажайып доретпелерин-де атанынг ядынан баланынг ядына, баланынг ядынан ақлық—шаулықлардынг ядына коширип жазып, адули ғазине опатында бзинг дауримизге сақлап алып келди.

Кунхожа туралы халқ арасына басқа-да характердеги коплеген анггимелер-де бар. Бул ангимелерде Кунхожанынг ҳурметли, халқ жасы улкен деп-те, ақыллы, адамгершиликли деп-те сылаған адам боғанлығы белгилеп корсетилип отырады. Бундай анггимелерде онынг тапқырлығын, сол заматы қосық шғарып айта беретуғын кушли шаирлығын, халқ арасындағы, сонынг ишинде белгили шаирлар арасындағы шаирлық дангқын корсетуге-де улкен коул болинеди.

Бул нарсе Кунхожанынг улкен халқ шаиыры спатында Мир Алишер Науайы, Мақтымқулы, Кемине ҳамь басқалар сияқлы халқ шғармаларынынг суйикли геройына айналып кеткенлигин корсетеди.

---

[1] «Материалы историко-этнографического экспедиционного отряда, 1956 г. (рук. Шалекенов У. Х.), стр. 258.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ондай англимелердинг гейпаралары томендегише:

«Бир қазы гирендесименен[1] киятырса алдынан Кунхожа шығады. Киятырған қазының изинде жекен арқан таққан, устин жабулаған бир копек ити-де бар екен. Ол қазы алдынан шыққан Кунхожаға:

— Мусылманлық неше испенен дурыс болады? — деп сорау береди.

— Мусылманлық ушь испенен дурыс болады.— дейди Кунхожа. Сонда қазы «мусылманлық бес испенен дурыс болады» деп Кунхожаны жазаламақшы болғанда Кунхожа:

— Тақсыр, бес истинг тортиншиси-малдан, бастан закат беру дегени маған тиисли емес, озим камбағалман, ал бесинши кабаға бару, бул-да маған тиисли емес, мен кабаға бару туе, уйге зордан барып журмен— дейди. Сонлықтан усы екеуинен басқасын орынлаған адам мусырман болады, дейди. Усы себепли қазы тарепинен Кунхожаға тоғыз дурре соғуға буйырылады. Қазынынг қасындағы гирендеси бунынг надурыс екенин бледи хамь қазыдан соранады. Қазы Кунхожаға қане бизлерге бир нарсе спатлэп жазып бересенг — дейди. Кунхожа қайсынглы спатлайын деп сорайды. Қазы қасымдағы копекти спатлап бэр дейди. Сонда Кунхожанынг айтқаны:

Қазым хақ сақласын коз бенен тилден,
Тахажип шул иттинг алты аяғы бар,
Неше қулағы бар шанг дойнағы бар,
Мисли адам кби козде жасы бар,
Кунде—кунде қанту—набат ашы бар,
Коктен ушқан қусқа дарталашы бар,
Мисли ануар герданында оқы бар,
Хаслын сорасанг Иран, Туранынг сағы,
Рузимда, Қайсарда жоқ бунынг хеш тенги,
Сенде қоймас журттынг инақу—беги,
Садеп данданы бар, қуп додағы бар.
Қазым бул итингди итдек корменгиз,
Бахасына жузин бер, елу берменгиз,
Кунхожа айтар қашар-ғапыл журменгиз,
Буннан артық қайсы иттинг шахы бар.[2]

Бул англимеден шаирдынг камбағаллық жағдайы-да, оған устем топарлардынг, устэм топарларға онынг козқа-

---

[1] Гиренде — бул материалды жазып алушынынг ескертуи бойынша «жазаны орынлаушы».

[2] 1955 жылғы адеби—тарихи экспедиция материаллары, А. Каримовтынг қолжазбасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

расы-да, шаирға тань болған теренг ақыл, тапқырлық пенен откир юморлық табият-та коринип тур. Шаирдынг кушли шаиршылық таланты, қосықты турған жеринде-ақ шғарып сала берушилик уқыбы басқа бирқанша англимелерде-де айтылады»... Кунхожа туралы гуррингглерде — дейди Қарақалпақстан халқ жрауы Қияс Қайратдинов,— Кунхожа аққан булақ болған деп-те айтады».

Гейпара англимелерде Кунхожанынг жас жгит уақтынан-ақ коринген тапқырлығын, қатар — қурбыларынынг арасында абройлы болғанлығын, ҳазилкешлигин ҳамь шаирдынг басқа-да шаирлық жане адамгершилик белгилерин характерлейтуғын эпизодлар созь етиледи.[1]

Қонграт районынынг орайында турушы Есберген Ырзабеков деген кси (жасы 80 де, уруы ашамайлы-сақу) бир урудынг шғысы ҳаққында тусиндирип отырып, озининг пкирин кескин тастиқлау ушын — бул туралы Кунхожа айтқан деп мнандай қосық текстин келтиреди:

«Сақу блен қабасан,
Гулли ашамайлыға ағасанг,
Бул созимнинг манисине,
Бреуинг ат мингизип,
Бреуинг тон жабасанг...
Бабанг сенинг Жадикти,
Туби онынг қадикти...»

Бул жағдай-да халқтынг Кунхожанынг созин улкен авторитет етип қарағанлығынан дерек береди.

Кунхожанынг омир баяны ҳаққындағы гуррингглердинг кейнинде, тағы бир маселеге тоқтап отуди мақул деп есаплаймыз. Бул маселе Кунхожанынг XIX асирдеги қарақалпақ халқынынг Хиуа ханларына қарсы гуреслерине тиккелей қатнасушы спатында қатнасуы ҳаққындағы маселе.

Адебиятшы Н. Дауқараев революцияға шекемги қарақалпақ поэзиясы туралы жазған бир мақаласында басқада революцияға шекемги қарақалпақ шаирлары сияқлы Кунхожаны-да қарақалпақлардынг халқ азатлық гуреслерине оғада белсенип қатнасқан[2] деп жазған еди. Шнында онынг» қарақалпақ халқынынг Хиуа ханларынынг зулымлық езушилигине қарсы XVIII асирдинг ахыры, XIX асирдинг басындағы аяусыз гуреслерининг идеологла-

---

[1] «Материалы историко-этнографического экспедиционного отряда Каракалпакского института экономики и культуры АНУзССР», Полевая запись № 19.

[2] «Дружба народов», альманах, книга 3, Москва, 1939 стр. 316.



www.ziyouz.com kutubxonasi

рынан» (С. П. Толстов) бреуин ғана емес, ал сонынгменен бирге, сол халқ котерилислерининг тикелей актив қатнасушыларынан-да бреуи болғанлығын, тастиқлайтуғын бирқанша мағлуматлар бар.

Усындай мағлуматлар бойынша Кунхожа Айдосбидинг атыменен байланыслы қарақалпақлардынг 1827—1828-жылғы котерилисине тиккелей қатнасқан болса, керек. Мсалы, Бектурды Серекеев деген Кунхожанынг уруынан шыққан бир ғаррынынг (87 жаста, Кенгес тухым мал совхозында турады) айтуынша «Кунхожа, Айдос озининг Бегис, Мыржық деген еки иинсин олтиргенде, солардынг ҳаялларына жлау уйреткен»[1]

Ал, тағы бир халқ анггимелери бойынша Хиуа ханнынг нокерлери Айдостынг изинен жетип, оны алдаулықпенен қолға тусирип олтирген уақта, қолға тускенлердинг бреуи айтқан екен дейтуғын:

«Хожам саған не болды,
Шағалалы колдей шалқымай,
Корғасындай балқымай..[2]

деп басланатуғын бир қосық бар. Усы хожа, бзингше, Кунхожа болуы итимал. Ойткени, Бегис ҳамь Мыржықтынг олимине ашынып олардынг ҳаялларына жлау уйретип қосық шғарған шаирдынг хан тарепинен алданған Айдосқа қосылып котерилиске араласуы толық мумкин нарсе ҳамь бул котерилис болған жыллар Кунхожанынг нағыз ғайратына минген жас жгит уақытлары.

Тарихи материаллар бойынша 1828—1829-жылғы котерилистинг Кунхожа жасаған жерлерде болғаны-да, котерилисшилер составынынг улкен болегин қолдаулы уруы тутқанлығы-да белгили. Сондай екен, ханды ҳамь ханлық сиясатты барлық журегименен жек коретуғын, озининг бул сезимин озь шғармаларында тартынбастан жырлаған, басқа қатардағы адамларға қарағанда-да козқарасы адеур жоқары белгили шаир бола тура, Кунхожанынг котерилис болған жерде жасай турып, котерилис жасаған елдинг, урудынг ишинде бола турып, халқ котери-

---

[1] 1956-жылгы тарихи—этнографиялық экспедиция материаллары. ҚҚКИИ-нынг фонды, полевая запись, № 19, 23—бет.

[2] Бул-да сонда, А. Тореевтинг қолжазбасы, 14—бет, (информатор Б. Қаниязов, уруы Анна, Чимбай районы).



www.ziyouz.com kutubxonasi

лисинен шетте қалуы путкиллей мумкин емес нарсе. Ози шақырған идеяға барлық халқ котерилип атырғанда, оннан шетте қалғанда, Кунхожа уллы шаир-да бола алмас еди, суйикли шаир спатында халқ ядында сақланбаста еди.

Кунхожаның Айдос заманында болғанлығын копшилик информаторлар айтады, онынг устине Кунхожанынг озининг атын қысқартып тек «Хожа» ямаса «Хожа шаир» деп атап салушылығы онынг браз қосықларында гезлесип отырады.

Мсалы:

**«Кел—кел Хожа озинге кел,**
**Намартписенг, бидартписенг...»**
**(Аты белгисиз қосық)**[1]

**«Хожа шаир қожбанглайды,**
**Браз адам англамайды...**
**...Шаир Хожа баслар созин,**
**Тарип еттирип озин...»**
**(«Ким блер»)**[2]

**«...Шаир Хожа ҳарып-талма бел байла...»**[3]
**«...Сорлы Хожа, сор тубинен ким единг...**
**«...Шаир Хожа ойлан ҳақтынг исине...»**
**(«Ким единг»)**[4]

**«...Шаир Хожа ҳаққа мнажат етер...»**
**(Елменен)**[5]

Тағы бир қзық деталь, Кунхожанынг 1954-жылғы адеби экспедиция уақтында жазып алынған мнандай қосығы бар:

«Айдосби кешти алемнен
Аллақулы хана келдим,
Айрылдым ширин паренгнен,
Куйе-куйе жана келдим».[6]

Аллақулынынг 1825 — 1842-жылларда ханлық еткен Хиуа ханы екенлигин жоқарыда айттық. Мне усы жағы-

---

[1] ҚҚКИИ-нынг фонды, қолжазба. А—36, «—бет.
[2] Кунхожа, Танглаулы қосықлар топламы, 1949—жыл, 55—56-бетлер.
[3] Кунхожа, Танглаулы қосықлары, 1949—жыл 61-бет.
[4] ҚҚКИИ-нынг фонды, қолжазба, С—23, № 1096, 76. 78—бетлер
[5] Бул-да сонда, 422-бет.
[6] 1954-жылғы адеби экспедиция материаллары, Г. Есемуратовтынг қолжазбасы. 22—бет. (информатор Садық улы Турдымурат, 69—жаста, уруы қият балғалы, Мойнақ).



www.ziyouz.com kutubxonasi

нан қарағанда-да қосық тарихи жақтан дальме — даль келеди ҳамь Айдостынг бир жгити спатында қолға тусип «Хожам саған не болды...» деп журген ҳақиқаттан-да Кунхожа болуы керек деген пкирге алып келеди. Бунынг устине Кунхожанынг «Қайтып кел», «Ярым хош енди» дейтуғын қосықларында шаир озининг олим қаупи донип турған бир тутқынлыққа душакер болғанлығын айтады:

«Мойныма тусип тур зулым қурығы,
Шбын жанға бунынг еткен хорлығы,
Жазықсыз душпаннынг еткен зорлығы,
Кетсем тез келермен ярым хош енди.
Залымлардынг тустим кеше қолына,
Айдады залымлар сабап жолына.
Адамзат шға алмай онглы-солына,
Кетер болдық суйген ярым хош енди.
Басларыма тусти менинг бул думан,
Аман қутыларым болып тур гуман,
Нағайбил озиме қаларым аман,
Қайтып келгенимше ярым хош енди.
...Арьманменен отер болдым дуньядан...
...Душпан бундай қылды енди не ҳамал,
Олеғойсам умытпағыл ойынга ал,

(«Ярым хош енди»)[1]

Бул мағлуматлардынг барлығын жамлеп пкир жургизгенде, Кунхожанынг Айдосбидинг атыменен байланыслы халқ котерилисине қатнасу факти тарихи ҳақиқатлыққа толық сайкес келеди.

Биз бул жерде шаирдынг озь шғармаларына, ҳартурли жыллардағы илими экспедициялардынг материалларына Кунхожанынг жақын аулатларыменен озимиз жеке сойлескенде алынған мағлуматларға, Кунхожаға заманлас шаирлардынг шғармаларында ушырасатуғын гейпара фактларға тикарланып, солардынг барлығын системаластыра отырып, шаирдынг биографиясын бар материаллар дарежесинде мумкин болғанынша толығырақ баянлауға ҳарекет еттик. Шаирдынг шғармаларын изертлеу сияқлы омирин изертлеу бойынша-да жумыс еле дауам еттириле беруге тиисли.

---

[1] Кунхожа, Танглаулы қосықлар топламы, 1949—жыл, 38—39—бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

### 5. *Кунхожа жасаған даурдинг тарихи-адеби характеристикасы*

Кунхожа жасаған ҳамь озь творчествосын доретке XIX асирдеги қарақалпақ турмысы тарихи адебиятларда, асресе сонгғы жылларда кенг турде ашып берилмекте. Сонынгменен бирге XIX асирдинг тарихи характеристикасы ҳаққында коп ғана мағлуматлар Н. Дауқараевтынг «Революцияға шекемги қарақалпақ адебияты тарихынынг очерклери» (Ташкент, 1959-жыл), И. Сағитовтынг» Бердақтынг омири ҳамь творчествосы» сияқлы арнаулы адеби изертлеулеринде-де келтириледи.

Бул изертлеулерде даурдинг адеби характеристикасына-да улкен кеул болинген. Булай болуы толық законлы ҳамь зарурли нарсе. Уллы критик В. Белинский айтқандай-ақ» ...адебият халқ тарихынынг аҳмиетли тарауы»[1] болғанлықтан адеби процесслерди оларды туғызған тарихи жагдайларды созь етпей турып тусиндиру қиын. «Шаирға мазмунды онынг халқынынг омири береди»[2] дейди тағы-да Белинский. Сонлықтан-да ҳарбир шаирдынг творчествосынынг мазмунын тарихи жақтан дурыс тусину, дурыс баҳалаудынг бринши улкен шарти—оны шаир жасаған даурдинг материаллық, сияси-экономикалық жағдайларыменен байланыста изертлеу болып есапланады.

Анау я мнау жазушынынг творчестволық қалиплесуине ози жасаған даурдинг материаллық, сияси-экономикалық жағдайлары менен бирге ол жазушыменен заманлас дорепатырған жамиетлик идеялар-да, адебиятта, халқтынг кейпи, сана—сезими-де шешуши тасир

[1] В. Г. Белинский, Сочинения в 3-х томах, Москва, 1949 г., Том, I, стр 703.
[2] Бул-да сонда, том 3, стр. 44.



www.ziyouz.com kutubxonasi

тигизеди. Бул жағдай анау я мнау жазушының творчествосына ғана емес, ал улума адамзат тарихында белгили орын тутатуғын барлық жамиетлик идеяларға-да тиисли қағида болып есапланады. Ҳарбир халқтынг адебиятынынг, жалпы рухи маданиятынынг мсалында тастиқланатуғын бул тарихи фактты марксизм-ленинизм классиклери-де, рус революцион-демократиялық критикасы-да озь уақтында корсеткен еди.

Мсалы, К. Маркс пенен. Ф. Энгельс озлерининг «Ағарту» (просвещение) даурининг тарихи роли-деген мақалаларында XVIII асир француз ағартушылары теорияларынынг дереклери туралы айта келип: «Ҳарьқандай жанга теория сияқлы ол тамырларыменен материаллық фактларға бэйланыслы болғаны-менен, бурын бар идеялар запасынан келип шғуы тиис еди»[1] деп жазады.

Демек, бул қағиданы биз адебиятқа конкрет қолланғанымызда, анау я мнау шаирдынг, жазушынынг озь шғармаларында котерип шыққан анау я мнау идеясын турмыста, халқта бар болған пкирлер, идеялар тикарында соларды жумақластырып котерип шғатуғынын коремиз.

Н. А. Добролюбовтынг «...турмыстынг сорауларына адебият турмыстан тапқаныменен жуап берди...»[2] деген пкири-де усыны тастиқлайды.

Солай етип анау я мнау шаирдынг творчествосынынг мазмунын тарихи жақтан дурыс тусину, дурыс баҳалаудынг екинши бир улкен шарти-онынг творчествосын ол жасаған даурдинг характерли жамиетлик идеяларыменен, адеби турмысы менен, жалпы рухи турмысыменен тғыз байланыста уйрену болып есапланады.

Бул еки жағдай сонынгменен бирге биз уйренуимиз, изертлеуимиз тиисли ҳарбир шаирдынг творчествосынынг дереклери болып-та есапланады.

Усы козқарастан биз-де Кунхожа жасаған даурдинг тарихи жанс адеби характеристикасына қысқаша тоқтап отемиз. Бунда, албетте жоқарыдағы тарихи жане адеби изертлеулерге тикарланғанменен, оларда айтыл-

---

[1] К. Маркс, Ф. Энгельс, «Об искусстве», Госиздат, «Искусство Москва—Ленинград, 1938, стр. 255.

[2] Н. А. Добролюбов. Полное собрание сочинений, том. I, стр. 208



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғанларды орынсыз такрарламауға ҳамь онынг устине Кунхожанынг творчествосына қатнасы бар тикарғы масел́елерди ғана созь етуге ҳарекет етемиз.

Откен темада айтқанымыздай-ақ Кунхожа Жанга дарья бойларында туылған ҳамь онынг тикарғы творчестволық омири қарақалпақ халқынынг Хиуа ханлығынынг территориясында жасаған даурименен байланыслы болды.

Қарақалпақ халқы Жанга дарья бойына XVIII—асирдинг орталарында келди. Оған шекемги қарақалпақлардынг жасаған жери —Сырдарьянынг орта ҳамь томенги жағына жақын территория болған. Бул жерлерде қарақалпақлар қазақлармене аралас отырып, қазақ ханларынынг ҳамь феодалларынан сияси, экономикалық ғарезлиликте жасаған. Бул қарақалпақлар жасаған территория халқтынг аузеки естеликлеринде-де, адебият шғармаларында-да сондай-ақ ҳазирги бирқатар тарихи адебиятларда-да «Туркстан» деп жургизиледи. Туркстанменен қарақалпақ халқынынг бирнеше асирлик омири байланыслы. Тарихи мағлуматлар бойынша бул жерде қарақалпақлардынг тикарғы массасы XVI асирдинг ақырларынан XVIII асирдинг орталарына шекем жасаған.[1] Жиен жраудынг Туркстанды «Ата журты Туркстан» деп атауынынг-да маниси мне усында.

Узликсиз жаугерщиликлердинг, турмыстынг басқа-да неше турли аурманлықларынынг айдауыменен, шаир Бердақ озинииг «Болған емес», деген қосығында теренг қайғырып айтқанындай-ақ бир жерде жузь жыл қоныс баспаған[2] қарақалпақ халқынынг Туркстандағы омири-де булгиншиликке ушырады. Буған себеп болған тарихи ҳадиселер томендегилерден ибарат еди:

Бриншиси, 1723—жылғы жунгғар басып алушылығы. Жунгғарлардынг XVIII асирлердинг басында оларменен қарсы урыста қазақ ханы Тауке нинг ериокен женгислери арқалы тоқтатылған ҳарекети қайтадан котериледи. 1723-жлы жунгғар Хун— тайсчиси («хун тайсчи», — «амир», «хан» дегенлер сияқлы титул—И. Б.) Цеван Раданнынг аскерлери қазақ ханлығына топылыс жасайды... жунгғарларға қарсы туруға куши жетпеген қазақлар булинген

1 С. Камалов. «Қарақалпақлардынг XIX асирдеги Хиуа ханларына қарсы халқ азатлық гуреслери» 9—бет.

2 Бердақ. Тангламалы шғармалары, 1956—жыл, 28—бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

аулларынан ушь тарепке қарай: Кши жузь батысқа—Хиуаға ҳамь арқаға—Жайық ҳамь Эмба жағаларына, Орта жузь—Орта Азиянынг орайлық областьларына—Самарканд ҳамь Бухараға кетеди, Улкен жузь—Жунгғариядан ғарезли болып қалады».[1] Қазақ халқынынг ядында онынг аузеки халқ творчествосында аталатуғынындай-ақ» ақтабан шубырынды жыллары» деген атпенен оғада аур из қалдырған бул булгиншилик қазақлармен қонгсы, аралас отырған қарақалпақ халқында улкен булгиншиликке ушыратты. Бул булгиншилик салдарынан қарақалпақлар жайлап отырған Сырдарьянынг ямаса Туркстан атрапын жунгғарлардынг басып алуына байланыслы қарақалпақлар-да мажбури турде екиге болинип, онынг бир болеги қазақларменен Сырдарьянынг жоқарғы жақларына кетти ҳамь жунгғарлардан ғарезли жағдайға тусти, бир болеги—Сырдарьянынг томенги жақларына—Арал тенгизи жағалауларына қарай аусты ҳамь бурынғыша кши жузь ханларына ғарезли жағдайда қалды.

Қарақалпақлардынг «жоқарғы қарақалпақлар», томенги қарақалпақлар» болып болинуи-де усы уақияға байланыслы. Қарақалпақ фольклорынынг енг ири естеликлери болған эпосларды изертлеушилердинг дерлик барлығыда ол эпослардынг дорелу тикарында XVI—XVIII асирлердеги жунгғар (қалмақ) басып алушылығынынг, сонынг ишинде усы сөзь етилип отырған басып алушылықтынг-да жатқанлығын айтады.

Ҳазирше бизге малим адеби естеликлер бойынша пкир жургизетуғын болсақ, қарақалпақ халқынынг бул уақтағы омирининг, асресе эпосларда, кобирек сауленгенлигин коремиз.

Екинши —1743—жылғы қазақтынг Кши жузининг ханы Абулхаирдынг қарақалпақларға жасаған топылысы. Кушли қонгсыларынынг топылысларынан, булгиншиликке ушыратушы жии-жии жаугершиликлерден қутылу ушын Россия сиақлы кудретли мамлекеттинг қарауында болу мақсетин ойлаған» томенги қарақалпақлар» 1743-жлы Россия патшалығынынг пухаралығына қабыл етуди арыз етип Петроградқа озь уакиллерин жбереди. Бул арыз бунынан ози-де мапьдар болған Россия патшалығы тарепинен қабыл етиледи. Бул факттан»... қарақалпақлар рус пуха-

---

[1] Т. А. Жданко, «Очерки исторической этнографии Каракалпаков», Москва—Ленинград, 1950, стр. 130.



www.ziyouz.com kutubxonasi

рашылығын қабыл ету арқалы озининг тасиринен шығып кетеди деп ғана емес, сонынгменен бирге қарақалпақларды ози ушын Россияға кушли ауқамласқа айналады...»[1] деп қорққан, қарақалпақлардынг Россия пухарашылығына тиккелей отип, қазақ феодалларына толейтуғын салықты рус мамлекетине толеуин жақтырмаған.[2] Киши жузь ханы Абулхайыр қарақалпақларды шабады. «1723—жылғы жунгғарлардынг қазақларға жасаған топылысы қазақ халқынынг тарихында қандай қайғылы кунлер болса, қарақалпақ халқынынг тарихында-да тап сондай қайғылы кунлер болған»[3] бул топылыстынг натижесинде қатты булгиншиликке ушыраған қарақалпақлардынг тикарғы болеги Сырдарья бойынан бротала котерилип, сол 1743-жлы Жанга дарья бойларына, Хорезм шегараларына қарай кошеди, тек азғантай болеги ғана жоқарғы қарақалпақларға ауысады-да, оғада азғантай болеги Сырдарья бойында бурынғы орынларында қалады. Ал, 1762-жыллар ға келип Орта жузь ҳамь Киши жузь ханларынынг тоқтамаған узликсиз топылысларынынг ақибетинен Сырдарья бойында қалған бул азғана қарақалпақлар-да Жанга дарья бетлерге кошеди. Солай етип 1723—1762-жыллар дауамында болған усы тарихи ҳадиселер натижесинде қарақалпақ халқы озининг коп асирлик маканы Туркстаннан ажралады. Қарақалпақ классик шаиры Жиен жрау озининг «Посқан ел» поэмасында «Ата журты Туркстан, Онда-да макан етпеди» деп мне усы тарихи фактларды корсеткен. Улума «Посқан ел» поэмасы қарақалпақ халқынынг усы Туркстаннан Жанга дарья бойларына, Хорезм территориясына жақын жерлерге посып кошуиндеги трагедиялық жағдайын, сондай-ақ Жанга дарьядағы даслепки омирин сауделендирген ҳазирше бзинг қолымызда бар енг улкен адеби естелик болып есапланады.

Созь етип отырған дауирдеги «жоқары қарақалпақлардынг» турмысы ҳаққында ҳазирше бизге белгили адеби шғарма—Бердақ Қарғабай улынынг «Амангелди» поэмасы. Бул поэмада қарақалпақларға Қоқан ханларынынг корсеткен зулымлығы, оған халқ наразылығы суретленеди.

Қарақалпақ халқынынг Жанга дарья оазисинде жа-

---

[1] П. П. Иванов, «Очерки по истории караклапаков», «Материалы по истории каракалпаков». 1935 г. стр. 67.
[2] «Материалы по истории каракалпаков» стр. 215.
[3] С. Камалов, «Қарақалпақлардынг XIX асирдеги Хиуа ханларына қарсы халқ азатлық гуреслери», 23—бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

сау дауири «томенги» қарақалпақлардынг» тутас составын алғанда XVIII-асирдинг 40 жылларынан XIX асирдинг басларына шекемги 60—70 жылдай уақытты озь ишине алады. Тарихи изертлеулердинг енг сонгғы тастиқлаулары бойынша Жанга дарьядағы дауирде қарақалпақлардынг орайласқан мамлекети болмаса-да, қарақалпақлар бул даурде қазақ ханларынынг-да, Хиуа ханларынынг-да, сондай-ақ араллы озбеклердинг қарауында-да болмаған, уру бирлеспелеринен ибарат арыслар басында турған билер арқалы басқарылып, басқа ханлықлардан ғареэсиз жасаған ҳамь араллы озбеклерменен ауқам жасай отырып Хиуа ханларынынг басып алушылығына қарсы, қазақ султанларынынг басып алушығына-да қарсы гуресип келген.[1]

Қарақалпақ халқынынг Жанга дарья оазисиндеги турмысы-да қатты турмыс аурманлығы астында отти.

Бул жерде халққа бир жағынан жангадан егислик жерлерди озлестируге, екинши жағынан, қазақ султанларынынг узликсиз топылысларына қарсы, Хиуа ханларынынг қарақалпақларды озь қол астына қаратып алу ушын жасаған тмискеленулери менен атланысларына қарсы озь ғарезликлерин қорғауға тура келди. Бул қазақ султанлары ҳамь Хиуа ханлары тарепинен узликсиз жургизилген жан—жақлы топылыслар, сонынгменен бирге қарақалпақларды су жолларын ҳамь егислик жерлерди кобейту мумкиншилигинен айыру блай турсын, қайтама оларды жылдан—жылға қысқартып барды. Бул жағдай қарақалпақ уруларынынг озь ишинде-де, жер, су дауларын қоздырып отырды. Сонынг салдарынан айрым қарақалпақ урулары XVIII асирдинг 70-жылларында-ақ Хиуа ханларынан жер сорап, сонынг территориясына жақын жерлерге-Кок озек бойларына қонысланады. Қарақалпақлар арасындағы урулық алааузлылықлардынг, жер, су ушын даулардынг кушейуинен мапьдар болған Хиуа ханлары ҳарь турли жолларменен халқ бирлигине иритки салып барады. Урулық тартыслар, билердинг озь жеке маплери ушын халққа еткен сатқынлықлары арқалы кушсизленген халқты Хиуа ханлары енди бротала озь қол астына қаратып алу ушын шешуши илажлар коруге отеди. Қарақалпақларды бир — брине душпан лагерьлерге боледи. Қарақалпақлар жасаған жерлерге аскери атла·

---

[1] С. Камалов, «Завоевание каракалпаков Хивинскими ханами», стр. 18—19.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ныслар жасайды. Қарақалпақ халқын бағындыру ушын жасалған бул илажларда Хиуа ханлары мал—дунья, ҳамел—дарежe ушын бурыннан-ақ хан тарепине отип, халқ малине сатқынлық еткен Есентелди маҳрем, Айдос би, Орынбай би, Аймурза би сияқлылардан кенг файдаланады. Олар ханға озлерининг сатқынлық, халқ бирлигине иртки жасаушылық ҳарекетлерименен-де, тиккелей әскери атланысларға қатнасуменен-де жардем береди.

Хиуаның ханы Мухаммед Рахимнинг коп санлы аскерменен ҳамь хан тарепине откен қарақалпақ билерининг жардеми, қатнасыменен 1810-жлы Жанга дарья қарақалпақларынынг устине, 1811—жлы Қонграт қарақалпақларынынг устине жасаған улкен атланыслары натижесинде қарақалпақ халқынынг Хиуа ханлығынынг қол астына бағындырылу процесси бротала иске асады. Қарақалпақларды бағындырып алған Хиуанынг ханы ҳеш кешеуиллетпей уру басы билерге—ҳарьқайсысынынг ханға садықлық, халққа сатқынлық бойынша еткен хызметлерине қарай жер су, амел-дарежe, ал минеткеш халққа — аур салғырт ҳамь қуллық минет мусаллатларын инам етеди.

Мине усы уақиядан баслап қарақалпақ халқы тарихынынг Хиуа ханлары қол астындағы даури басланады.

Қарақалпақлардынг Хиуа ханлығынынг қол астына бағындырылу тарихын изертлеген барлық тарихшылар бул уақияда озь жеке маплери ушын халқ бирлигин бузған уру басы билердинг сатқынлық ҳарекетлерининг шешуши роль ойнағанлығын белгилеп отеди.

«Айдосби,—деп жазады профессор П. П. Иванов,— бағындырылған халқтынг феодал басқарушыларынынг басып алушылардынг устем класыменен қаншама тез ауз жаласып кетуининг айқын мсалы болып козге туседи.»[1] П. П. Ивановтынг конкрет Айдосби туралы айтқан бул пкири ол сияқлы басқа қарақалпақ билерине-де толық тисли.

Уру басы билердинг, катқуда, руханилардынг жер, дунья-мал, ҳамел—дарежe ушын халқ малине сатқынлық еткенлигин, олардынг халқ бастан кеширген сансыз азапақыретлерге себепши болғанлығын XVIII асир дауамында қарақалпақ халқынынг басына тускен барлық ауыр уақияларға заманлас ҳамь барлығынынг ишинде болған

1 «Материалы по истории каракалпаков» стр. 75—76.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жиен жрау-да озининг «Посқан ел» поэмасында ашық—айқын корсеткен еди.

Байлар, бийлер, руханилар қарақалпақ халқы Хиуа қол астына қарағаннан кейн Хауанынг ханлық администрациясы менен абден ауз жаласып, озь халқын езуде, талауда ханлықтынг садық хызметкерлерине айналды. «Хиуанынг басқарушылары,—деп жазады тарихшы С. Камалов,—Қарақалпақлардынг феодал басқарушыларын сатып алу ҳамь чинлерменен озь тарепине тартып алып ҳамь мусылман руханиларыменен бирликте сондай аур набыт етуши ҳамь шафқатсыз эксплуатация системасын дузди, бул халқты путкиллей аш—аптадалыққа тусирип жберди»[1]

Бул тарихи мағлуматлар қарақалпақ халқынынг жамиетлик турмысында класслық социаллық кескинликлер, класслардынг жамиетлик маплери арасындағы қарама — қарсылықлардынг ертеден-ақ кушли орын алып киятырғанлығын корсетсе, сонынгменен бирге устем топарлардынг бурыннан-ақ барлық маселеде озин халқ массасына жеркенишли етип киятырғанын корсетип турады ҳамь халқ турмысында кенг жане ашық орын алған бул фактларды айқын турде корип, сезип отырған Жиен жраудан баслап XIX асир қарақалпақ шаирларынынг творчествосын бриктиретуғын қарақалпақ классик поэзиясынынг бир белгиси болып адебияттағы социаллық, класслық мотивтинг откирлесуине бул тарихи жағдай, созсиз, шешуши тасир тигизген.

Хиуа ханларынынг езушилиги астында омир сурген XIX асир—қарақалпақ халқынынг тарихындағы енг қиын дауры болды. Бурын озь ишиндеги уру басылардынг кушли езушилигининг, олар арасындағы талас тартыслардынг, басқа-да ҳархилы жаутерлшиликлердинг зардабын шегип киятырған халқ, XIX асирден баслап озининг милли ғарезсизлигин путкиллей жойытып, сияси жақтан-да, экономикалық жақтанда, қулласы, озининг барлық турмысыменен артта қалған деспотлық мамлекетлерден бри болған хиуа ханлығынынг жургизип отырған сиястынан толық ғарезли болып қалды. Бул жағдай минеткешлер массасынынг езушилерининг санын кобейтип, бурынғы уру басылардынг устине залым ханнынг озинен, онынг маҳрем—моҳирдар-

---

[1] С. Камалов, «Завоевание каракалпаков хивинскими ханами», стр. 44.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ларынан баслап салғырт жинаушылар, молла-ишанларға шекемги ҳартурли чиндеги езушилер қосылды. Булардынг барлығынынг жонь—жосақсыз, мазмунсыз кеул ашулярына, уй—иши салтанатларына ашкоз дунья паразлығын қанаатландыруға, узликсиз урыс—қағысларына жумсалатуғын есап—сансыз қаржылардынг барлығы халқтынг мойнына тусти, бул ушын халқтан ҳешқандай законменен шекленбеген салғыртлар ондирилди. Хиуа ханлары салықларынынг шексиз улкен ауырлығын айрықша ханлықтынг жангадан бағындырылған пухаралары болған қарақалпақлар тартты.

«Қарақалпақларды женгип алынған халқ спатында қарап ханлық ҳукимет налог зулымынынг барлық аурманлығын солардынг мойнына салды».[1]

Қарақалпақларды женгип алынған халқ спатында ауыр салыққа гриптар етилгенлигин откен асирде дипломатиялық ислерменен Хиуаға сырттан келген адамларда айқын коре алған. Мсалы, «Қарақалпақлар, — деп жазады 1842—жлы рус миссиясын басқарып Хиуаға келген Данилевский деген кси,— басқа қаумлерге қарағанда-да оларды путкиллей булгиншиликке ушырататуғын налогтынг ауыр жутин котереди».[2] Бул налоглардынг тури оғада коп болған. Мсалы: ханлық тарепинен жыл сайын жерден алынатуғын салғырт, малдан алынатуғын закаттан басқа, усир, птир, «тутин пулы», «шапар пулы», «кесир пулы», деп аталған неше турли налоглар болған. «Тутин пулы» жаққан от ушын, «кесир пулы» откен жылдынг салығын уақтында толей алмай қалған жағдайда ондирилген, усир птирди дин хызметкерлери алған «Шапар пулы» ҳаркимнен бир тенгте муғдарында ханнынг салық жинаушыларына толенген. Ханнынг басқа салық жинаушылары-да ханлық ғазнадан арнаулы минет ҳақы алмай, усы «шапар пулы» туринде халқтан ондирип алған. Ал салық ондирерде хызмет ететуғын шапарлардан басқа сайыпкер, жасаул, арқаншы, шбықшы деп аталатуғын неше турли амелдарлар болған, бул жумысқа албетте мурап, билер-де қатнасқан».[3]

---

[1] «Материалы по истории каракалпаков», стр. 86.

[2] П. П. Иванов, «Материалы по истории каракалпаков», 1935 г. стр. 81.

[3] Қосбергенов Р. «Положение каракалпакского населения в Хивинском ханстве в конце XIX в. нач. XX в». рукопись кандидатской диссертации. фонд ҚҚНИИ, стр. 58.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Солай етип, коп турли салықтынг устине салықлардан тыс коп турли шғынлар қосылып, салық толеушилердинг шғыны айтып болмаслық дарежеде ауыр болған.

Бул налог ҳамь шғынлардынг устине қарақалпақлар Хиуа ханынынг еки мынг атлы нокерин барлық ат—жарағы, азық—ауқаты, минет ҳақысыменен таминлеп туруға миннетли болған. Бул ҳарь жлы 100 мынг—140 мынг тиллаға тускен ҳамь басқада салықлардай етип ондирилген.[1]

Хиуа ханлары жургизген урыслардынг саны қаншелли коп болған сайын, қарақалпақлардынг Хиуа ханынынг еки мынг атлы составындағы нокерин таминлеуге жумсайтуғын харежети-де соншелли артып отырған. Ал, тарихи изертлеулердинг тастиқлауы бойынша, озь атрапындағы еллерге аскери атланыслар жасау Хиуа ханларынынг турмысындағы ҳамь сиясатындағы ент тикарғы нарсе болған. Буны мна бир факттан-ақ айқын кору мумкин: «Ози ханлық еткен дауирдинг барлығын Мухаммед Амин урыста откерген. Ол сегиз мартебе урыспенен Хорасанға барған ҳамь туркменлерменен урысқан»[2]. Тарихи мағлуматлардан белгили болғандай-ақ Мухаммед Амин 1845—1855—жылларда он жыл ханлық еткен Хиуанынг ханы.

Бул—барлық Хиуа ханларынынг «искерлигине»—тань жағдай болған.

Салық ондиру, сонгынгменен бирге, кескин класслық характерге ие болды, тикарғы аурыманлықты минеткешлер массасы котерди. Тарихшылардынг Хиуа ханларынынг архивлерин—изертлеп анализ жасауынынг корсетуи бойынша ханлықта налог кута турпайы характерге ҳамь айқын класслық характерге ие болған. Жердинг сапасы, егиннинг пту—питпеуи есапқа алынбаған, ири жер иелери, дин хызметкерлери, хан амелдарлары менен хан нокерлери салықтан азат етилген.

Ханнынг расми тартибининг ози жери коплерге салықты женгиллетуге муапық етип дузилген. Мсалы: жер иелери ушь тикарғы топарға болинген: 10 танаптан артық жери барларға 3 тилла, 10 танапқа шекем —2 тилла, 5 танапқа шекем—1 тилла.[3]

---

[1] ««Материалы по истории каракалпаков», стр. 81—82.

[2] Веселевский, «История Хивы с древнейших времен...». стр. 333.

[3] М. Ю. Юлдашов «Некоторые выводы из анализа документов Хивинских ханов», «Известия АН УзССР, «серия обществ. наук. I, 1958 г. 10 стр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Салық ондируди озь козлерименен корген ҳамь озлериде аурманлығын котерген қарақалпақ классик шаирларынынг озь қосықларында берген мағлуматлары бул расми тартиптинг-де бирнеше мартебе арттырылғанын корсетип турады .Мсалы Бердақтынг белгили «Салық» қосығындағы томендеги қатарларға итибар берингиз:

«Былтырғыдан быйыл жаман,
Қалай—қалай болды заман.
Ғарип —қасер қалмай аман,
Он тилладан келди салық...»[1]

Бердақтынг «Салық» қосығы озининг мазмуны байынша XIX асирдинг 50—жылларынан кейнги жағдайды созь етеди. Буны биз мна конкрет ҳадисеге салыстырып блемиз: «1855—жылларға шекем Хиуа ханлығында налог натура туринде ондирилген-де, мамлекеттинг экономикасында жузеге келген озгерислерге муафық хан сарайы 1856 жылдан баслап болатуғын харжыларға натура орнына ақшаменен толеуге отеди...»[2]

Егерде буған қоса Хиуа ханлығындағы тикарғы ондирис қуралы болған жердинг болистирилу системасыменен таныссақ, салықлардынг кута турпайы ҳамь кеокин класслық характери тағыда айқынласа туседи. «Архив документлери,—деп жазады тарихшы М. Ю. Юлдашов жоқарыда аты аталған мақаласында,—Хиуада ири жер иелерининг қолында егислик жерлердинг 10 нан 9 болегинен кобирегининг болғанлығын корсетеди. Феодаллар енг жақсы егислик жерлерди, отарларды, су жолларын (водоем) озь қолларына алған, ирригация системаларыда соларға тиисли болған».[3]

Автор Хиуадағы енг бринши феодал ханнынг ози болғанлығын, онынг туысқанлары менен амелдарларынынг, дин хызметкерлерининг ири жер иелери болғанлығын, ханнынг блайша ханлық атына бекитилген жерден-де озь меншигиндеги жердей файдаланғанлығын айта келип, «феодаллар класына қарама—қарсы формальлық жақтан азат, ал ис жузинде ғарезли, путкиллей ҳуқуқсыз, жер

---

[1] Бердақ, Танглаулы шығармалары 1956-жыл, 43-бет.

[2] М. Ю. Юлдашов. «Некоторые выводы из анализа документов Хивинских ханов». стр. 7.

[3] М. Ю. Юлдашов. «Некоторые выводы из анализа документов Хивинских ханов», «Известия» АН УзССР, 1, 1958—жыл стр. 6.



www.ziyouz.com kutubxonasi

иелери менен феодаллық езудинг барлық турлерименен байланған диқанлар классы болды... Диқанлар класы барлық егислик жердинг 10 нан 1 болегинен азын иеледи ҳамь салық шығынларынынг барлық ауырманлығын котерди»[1] деп корсетеди. Бул диқанлар-да қурғын, орта жарлы деп ушь топарға болинген ҳамь усы мулк жери бар диқанлардынг 17 проценти ғана қурғын болып, 83 проценти аз жерли болған» ҳамь путкиллей жерсиз арендаторлар ғана емес, ал усы мулк. жери бар диқанлардынг барлығыда кута мутажлықта жасаған жане бирдейине бротала булгиншиликке ушырау қаупинде болған».[2]

Жер иелеудинг-де, салық ондирудинг-де бул кескин класслық системасы қарақалпақ турмысында тағы-да айқынырақ ҳамь ауырырақ турде коринген.

Ханлық орайдан узақта орналасқан птырангқы қарақалпақ уруларын басқаруды ози ушын женгиллестиру, асиресе қарақалпақлардынг халқлық бирлигине иритки салып, ҳарбир уруды дарама-дара услау мақсетинде Хиуа ханлары кута сумлықлы сиясат қолланды: жер—суды тутас урулардынг атына болди, ҳарь уруды озь ишинен шыққан билерге басқартты, салықларды-да урулардынг атына салды, класслық—социаллық жикленуди усы урулық общиналық, қабықпенен, буркеуге, класслық кескинникти урулық—патриархальлық тартиплерменен жумсартуға ҳарекет етти. Бул жағдайға устиртин қараған XIX асирдинг гейпара саяҳатшылары қарақалпақлар туралы».. бул жердегилердинг барлығы байғуслар (жарлылар) ҳамь бул жерде бай адамлар жоқ» деген жумаққа-да келген.[3]

Саяҳатшылардынг бундай жумаққа келуине, созсиз, қарақалпақ халқынынг Хиуа ханлары қол астындағы турмысынынг қайсы уақытпенен салыстырғанда-да айрықша жарлылық жағдайға тусуи, елдинг массалық қамбағалласуы законлы турде тасир еткен. Халқтынг узақ жыллар дауамында неше турли машақатпенен озлестирилген егислик жерлери Туркстанда, Жанга дарьяда қалды. Қарақалпақларды озь қол астына қаратып ханлықтынг ишине коширип алған Хиуа ханлары оларға батбақлық, шол-

---

1, 2 —М. Ю. Юлдашов «Некоторые выводы...», стр. 6.

3 П. П. Иванов, «Новые данные о каракалпаках» (исторические заметки), «Советское востоковедение» III, Москва — Ленинград. 1945 г. стр. 63.



www.ziyouz.com kutubxonasi

лик, тоғайлық сияқлы не жаман жерлерди ғана берди, бундай жерлерди озлестиру омир бойы қонгсы ханлықлар тарепинен узликсиз топылысларға ушырап, барлық мал—ҳалинен айрылған, қаламасы Хиуа ханлары тарепинен таланған ҳамь Хиуа ханларынынг қол астына отуден бурынғы уақытларға қараганда-да ауыр салықларға жолыққан халқ ушын айтып созь жеткере алмаслық дарежеде қиын болды. Сонлықтан ол уақтағы қарақалпақ турмысын корген ҳарьқандай сырт адамнынг козине тасланатуғын нарсе халқтынг ғалаба жарлылық, машақатлы омирининг картинасы еди. Олар гейде усы картинанынг колентгкесинде қарақалпақ омириндеги класслық айырмашылықларды англамайтуғын еди.

Профессор П. П. Иванов озининг «Қарақалпақлар ҳаққында жанга мағлуматлар»[1] ҳамь «Қарақалпақ тарихынынг очерклери»[2] деп аталған минетлеринде откен асирдеги саяҳатшылардынг қарақалпақларды жалпыламай қамбағал деп атағанлығы жонинде бирқанша мсаллар келтирип, «...Ҳақиқатында қарақалпақлар арасында класслық жиклену бул маселе ҳаққында жол—жонекей сорап алынған мағлуматлар ғана жинап улгерген саяҳатшылардынг тусинигинен коре анағурлым кобирек айқын характерде болды» деп корсетеди[3] ҳамь тарихи дереклер, атап айтқанда, Хиуа ханларынынг архивлери тикарында XIX асирдеги қарақалпақ турмысында класслық жиклленудинг айқын социаллық-экономикалық ҳадисе болғанлығын, егислик жерлер жузеки турде урулардынг атларына жазылып болистирилгенменен, ҳақиқатында бийлердинг, байлардынг, руханилардынг ҳамь хан хызметиндеги адамлардынг файдалануында болғанлығын, ири мал иелеушилердинг-де усы топарлардынг адамлары болғанлығын корсететуғын конкрет фактлар келтиреди. Мсалы: қазаяқлы уруынынг атына 11 мынг танап жер бекитилген, ал усы урудынг бии Абдулланынг 6370 танап жери болған.

Усы бир мсалдынг ози-ақ жерди уру атына болудинг козабаға бир нарсе екенлигин, ҳақиқатында жердинг ҳақиқат иелеушилери устем топар адамлары болғанлығын айқын корсетип турады.

---

[1] «Советское востоковедение», III, Москва—Лечинград, 1945 г.
[2] «Труды института Востоковедения АН СССР, т. VII. 1935 г.
[3] «Советское востоковедение», III, 1945 г. стр. 66.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мне усындай басқа-да коплеген тарихи дереклерди анализ жасай отырып профессор П. П. Иванов Орта Азиядағы басқа халқлардай-ақ қарақалпақларда-да «урулық общинанынг оған қарайтуғын жерге ҳамь мал жайылатуғын отарларға болған власты отирик еди, ҳақиқатында барлық жерлер феодал уру басшыларынынг қол астында болған» деп корсетеди.[1]

Усылайша расми ханлық документлерде уру атына болинген жер-су, ҳамь малдынг ҳақиқатында «...урудынг мулки емес, ал жеке семьянынг мулки...»[2] болуына қарамастан салғыртлар тутас урулар атына есапланылып, қатал турде шангараққа болинип толенди. Бул тартиптен ҳамь ханнынг озлерине берген праволарынан, ал, халқтынг путкиллей ҳуқуқсызлығынан пайдаланған жергиликли амелдарлар салықтынг барлық ауырманлығын минеткешлер массасынынг мойнына салып ғана қоймастан, салықларды бирнеше мартебе арттырып-та ондирди.

Салықлардынг бундай айқын класслық характерин қарақалпақ классик шаирларынынг қосықларындағы бул маселеге арнап жазылған томендеги қатарлар айқын корсетип турады:

«Халқ сораған аталыққа
Исин журитип хаталыққа,
Куш берип онбес салыққа,
Халқты постырған шул керек».
(Ажинияз, «Керек»)[3]

«Ондиреди аш халқтан,
Жетим жлайды сонлықтан.
Бай аман қалды салықтан
Доҳмет толеу болды салық»
(«Бердақ» «Салық»)[4]

Қарақалпақ минеткешлери бул жерсизлик, малсызлық, ауыр салықлар азабынынг устине ҳарь жлы ханлыққа тиисли жапларды қазу ушын миннетли ҳамь ҳақысыз хызмет иследи. Халқ ядында «хан бигары» деген атпенен ауыр из қалдырған бул озиншелик салғыртқа қарақалпақ-

---

[1] «Советское востоковедение», III — 1945 г., стр. 67.

[2] Р. Косбергенов «Положение Каракалпакского населения в Хивинском ханстве в конце XIX нач. XX веков,» рукопись диссертации стр. 125.

[3] Ажинияз Қосыбай улы, Танглаулы қосықлары топламы, ҚҚМБ. 1949-жыл 12 — бет.

[4] Бердақ, Танглаулы шғармалары, 1956-жыл, 40-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

лар ҳамь жлы алты мынг адам беруге тиисли болған.[1] Хан бигары халқ басына тускен енг ауыр азаплардынг бреуи спатында адебиятта-да саулеленип қалған. Қазу ауырманлығы ҳаққында копшилик қарақалпақ шаирлары, мсалы Бердақ, Аннақул ҳамь басқалар қосықлар жазған. Бул-да ханлық қазулардынг халқ турмысын ауырлатуда басқа қиыншылықлармененн бирқатарда қаншелли орын тутқанлығын корсетип турады. Минеткеш халқ тек ханнынг жабын емес, ондай расми законластырылған болмаса-да ҳамь олардан аз емес дарежеде бийдинг-де, байдынг-да, катқуда руханилердинг-де жабын қазып, тамын салып тегин минет еткен.

Тарихи изертлеулер қарақалпақ турмысында орын алған диқан журу, егин шерик болу, жарымшылық, кунликшилик, майына, сутине колик алып пайдалану, когине ғалле қарыз алу, сауын, бреудинг малын бағып, хызметин ислеп сутинен пайдалану, толь жары, асырау (жетим балаларды асырап, олардынг минетинен пайдалану), «комек» деп аталған онлаған турли эксплуатация формаларын корсетеди.

Айналып келгенде, булардынг барлығы-да байдынг брин еки етип, жарлынынг минетин арзанлатып, оларды белшесинен қарызға батырып отырған.

Усы турмыс машақатларынынг ҳаммесин озь мойнына котеру-халқтынг турмыс ауҳалын адам шдамаслық дарежеде ауырластырды, аш-аптадалыққа, жалангашлыққа салды. Турмыстынг қиыншылығына шдамаған коп-коп қарақалпақ жарлылары туылған маканларын таслап жат еллерге талап излеп кетти, кунликши болып жалланды, шопан болып жалланды, брақ қайда барып, не талап ислесе-де озлерининг тришилик жағдайларын жақсырта алмады, минеткеш жарлы халқ тенгизде толқын қысқан қайықтай тенгселди.

Жерсиз, малсыз жарлылардынг саны барған сайын арта барды, усыған байланыслы озь минетин сатушы жалшылардынг санында арта барды, бул олардынг минетлерининг тағы-да арзанлауына алып келип отырды, путкиллей илажсыз қалған неше мынглаған қарақалпақ жарлылары озининг ҳамь оған жабысып отырған семьясынынг олмес ауқатын таминлеу ушын енг сонгғы барыозь куўшлерин базарға салды.

[1] Р. Косбергенов «Положение каракалпакского населения в Хивинском ханстве», рукопись, стр. 162.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Изертлеушилер «...XIX асирдинг орталарында Хиуа, Ургенч, Хожели, Қонграт, Чимбай қусаған қалаларда» кунликши базары «деген арнаулы базарлар болған»[1] деп корсетти.

Солай етип, қарақалпақ классик поэзиясынынг уакиллерине, сонынг ишинде онынг енг улкен шаирларынан бреуи болған Кунхожаға В. Белинский айтқандай «озь халқы турмысынынг берген мазмуны» мне усындай шегинен асқан социаллық тенгсизликтинг, жер-сусыз, малсыз халқ массасынынг ашлық-аптадалық, сергизданлық омирининг, адамды адам эксплуатациялаудынг, неше турли сумлықлы формаларынынг, женгип алынған халқ спатында Хиуа ханлары тарепинен қарақалпақ халқы дус болған милли езудинг азап-ақыретлерининг ауыр картиналары еди.

Хиуа ханлары тарепинен халқ рухи қуғынлықта-да жасады. Халқты қарангғылықта, наданлықта услау ушын, олардынг дыққатын озлерининг социаллық ҳамь ауыр турмыслық жағдайларын тусинуден шетке аудару, оларға озь турмыс ауҳалы туралы ойлануға-да пурса бермеу ушын Хиуа ханлары ҳартурли реакцион урулық — патриархальлық дастурлерди кушейтуменен бирге, халқ арасына дини инанымларды кенг таратуға айрықша итибар берип отырды. Хиуа ханлары тарепинен қарақалпақлар арасына руханилардынг оғада коп жберилуи, ханлықтынг дин хызметкерлерине, мешитмедреселерге жерди сақилықпенен берип, оларды ҳарьқандай салықлардан азат етуи сияқлы фактлар ханлық администрациясынынг сиясатында халқ устинен болған озининг деспотлық властын кушейту қуралы спатында динге қаншелли итибар берилгенлигин айқын корсетеди. Ҳаддентыс жарлылық, аш-аптадалық салдарынан ҳақиқат адамша омир суру мумкиншилигине ие болмаған халқ массасын тағыда неше турли шеклеулерге гриптар ететуғын, рухи қамбағаллыққа суйрейтуғын дин ис жузинде эксплуататорлар қолындағы рухи езу қуралы еди. Бул туралы В. И. Ленин диннинг минеткешлер массасынынг мапине-де, келешегине-де зиянлы екенлигин характерлей келип блай дейди: «Дин мудамы басқалардынг исин ислеу, мутажлық ҳамь жалғызлықпенен туншыққан минеткешлер массасы усти-

---

[1] Н. Давкараев, рукопись, том II стр. 36, фонд ККҚНИИ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

не барлық жерде тускен рухи езудинг турлеринен бреуи болып есапланады»[1].

В. И. Лениннинг «...Диқанлардынг барлық откен омири оған баринди жане чиновниклерди жек коруге уйретти»,[2] — дегениндей-ақ қарақалпақ халқынынг жоқарыда баян етилген ауыр турмысы олардынг журегинде ашы қайғы-мунгменен бирге езушилерге, Хиуа ханларынынг ҳамь озь ишиндеги ҳамелдарлардынг жауызлық тартиплерине қарсы жалынлы ғазепти ҳамь ошпенли жеккорушиликти-де тутандырып отырды, ханлық администрация менен халқтынг маплери мауасасыз турде соқлығысып турды. Қарақалпақ халқы Хиуа ханларынынг ауыр салғыртларына қарсы, милли езуге қарсы халқтынг ғарезсизлиги ушын бирқанша котерилислер жасады. Қарақалпақ халқынынг тарихында кенг белгили 1827-жылғы, 1858 — 1859-жыллардағы котерилислер Хиуа ханларынынг ауыр салғыртларына ҳамь милли езушилик зулымына қарсы халқ наразылығынынг турткиси ҳамь ҳарекетке келтируи менен келип шыққан еди. Бул котерилислердинг барлығы-да Хиуа ханлары тарепинен трагедиялық турде бастырылды. Бул исте ханға ҳамь ханнынг чин ҳамь шекпенине озь халқынынг мапин сатқан ел ишиндеги уру басы феодаллардынг, руханилардынг сатқынлық, хиянетшилик, ыдыратушылық ҳарекетлери шешуши жардем корсетти. Бул котерилислер женгилиске ушыраганменен халқтынг класслық сана-сезимининг осуине улкен жардем тигизди. Халқтынг барлық эксплуататорларға болған ғазеби тағыда арта тусти, патриархаль — урулық ҳамь дини қабықлардынг буркеуинде халқты алдап, оған хиянет етип журген озь ишиндеги класслық, социаллық душпанларды халқ тағы-да айқынырақ танынгқырады, сонынгменен бирге халқ, котерилисининг ханлық ҳукиметти, барлық езушилерди састырғанын корип, мамлекет турмысында озинынг улкен куш екенлигин-де тусине баслады.

Котерилислер қаншелли қанлы турде бастырылмасын, халқтынг козин коп нарселерге ашты. Бул — котерилислердинг улкен объектив тарихи — прогрессив натижеси еди.

М.Горький белгилеген халқ массасынынг енг уллы

---

[1] В. И. Ленин, Сочинения, том 10, стр. 65.

[2] Ленин «О культуре и искусстве», из-гво» «Искусство» 1956 г. стр. 75.



www.ziyouz.com kutubxonasi

оптимистлик спаты — қарақалпақ халқынынг-да енг жақсы спатларынан бреуи болды. Қарақалпақ халқы қандай қиын кунге тускенде-де жақсы омир ҳаққындағы арзу-арьманнан, келешекке умитленип қарау идеясынан қол узген жоқ, умитсизликке халқ жаман белги спатын-да бирдейине жазғырап қарады.

Қонгсы ханлықлардынг узликсиз топылысларына. табият кушлерине қарсы гуреслерде, социаллық ҳамь милли езушиликке қарсы гуреслер дауамында халқтынг дослығы, минет суйгишлиги, адилликти, миирбанлықты, ҳадаллықты (кенгпейиллиликти) ҳамь басқа-да жоқары адамгершилик белгилерин ҳурметлеу, зулымлық, сатқынлық, дуньяпаразлық, сутхорлық, ҳарам тамақлық усаған енг пась белгилерди жеркенишпенен жек кору, туған елди теренг сую сияқлы спатлары жетилисип ҳамь кенгейип барды.

Минеткешлер массасынынг кунделикли турмысында, гуресинде, ҳартурли жамиетлик топарларменен қатнасында бурынғы асирлерге қарағанда-да айқын коринип отырған бул оянған класслық сана-сезим менен моральлық спатлар — қарақалпақ классик поэзиясынынг барлық уакиллерине тань болғаны сияқлы Кунхожаға-да «озь халқы турмысынынг берген мазмунынынг» тағы бир улкен состав болеги болды.

Мне усы «халқ турмысы берген мазмун» — қарақалпақ классик поэзиясынынг XIX асирдеги ири уакиллери Кунхожа, Ажинияз, Бердақ, Отеш, Омар сияқлы шаирлардынг шғармаларынынг идеялық тикарын дузди, олар халқтынг ауыр турмысын жане гуреслерин, турмысқа наразылық кейплерин ҳамь бахытлы турмысты алдан куткен оптимистлик арзуларын, патриотлық жане гуманистлик сезимлерин корип ҳамь теренг уғынып озь шғармаларын дорету арқалы минеткеш халқтынг ҳақиқат жыршылары болып жетисти. Оларды қайғыртып мунгайтқан-да, олардынг журегин наразылық отыменен жалынлатқан-да, оларды эксплуататорлар менен эксплуатациялық тартиплердинг қас душпаны етип жетистирген-де мне усы жағдайлар болды. Олардынг шғармаларындағы халқты гуреске шақыру, гейде халқ котерилислерининг трагедиялық ақыбетлерин корип не ислерин билмей умитсизлену мотивлери-де жоқарыда созь етилген халқ турмысындағы ҳамь халқ санасындағы тарихи конкрет жағдайларға байланыслы келип шықты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

XIX асир қарақалпақ классик шаирлары қарақалпақ аузеки халқ творчествосынынг енг жақсы традицияларын дауам еттире отырып, халқтынг адам шдамаслық ауыр турмыс азапларын, онынг алдағы бахытлы омир, социаллық ҳамь милли азатлық ҳаққындағы енг жақсы идеяларын жырлаушылар болды. Бул шаирлардынг творчестволары минеткеш халқтынг сана-сезимининг оянуында, олардынг езушилерге қарсы гуресинде улкен роль ойнады. XIX асир қарақалпақ шаирларынынг оғада улкен хызмети— олар адебияттынг социаллық-класслық аҳмиетин жоқары дарежеге котерип, социаллық тенгсизлик, эксплуататорлардынг минет адамларын езуи маселесин откир ҳамь конкрет турде котерди, минеткешлер массасынынг класслық душпанларын айрықша купппенен ашкаралады. Олардынг барлығы-да устем топарлардынг ҳешқандай қудалауынан тартынбастан ашықтан-ашық озлерининг минеткеш халқ тарепинде туратуғынлықларын, эксплуататорларды ҳамь олардынг тартиплерин барлық журеклерименен жеккоретуғынлықларын айтты озлерине заманлас болған дузимге халқтынг протестин ҳамь халқлық оптимизмди баян етти.

XIX асир қарақалпақ шаирларынынг шығармаларында руханилардынг сумлықлы ислерин, олардынг иплас мнез —қулқларын ашкаралау, оларды минеткешлерди езушилер топарынынг уакиллери, ханлық властьтынг адамлары екенлигин ашу айқын козге туседи. XIX асир шаирларынынг айрым руханилардынг, дини орынлардынг ипласлық сыр — спатларын аяусыз ашкаралайтуғын қосықлары, ол қосықлардынг авторларынынг динге, қудайға исенушилер болуына қарамастан, массада стихиялық характердеги болса-да динге критикалық козқарасты кушейтти, масса алдында диннинг, дин адамларынынг абройын томенлетти.

Озь уақтында К. Маркстинг корсеткениндей-ақ «ҳарбир даурде устем класстынг пкирлери устем пкирлердинг мангызы, яғни жамиеттинг устем материаллық кушинен ибарат класс сол уақыттынг озинде онынг устем рухи куши-де болады, озь қарауында материаллық ислеп шығару қуралларына ие класс усынынг арқасында рухи ислеп шығару қуралларын-да озь қарауында услайды, сонлықтан-да оған усынынг арқасын-да сол уақыттынг озинде



www.ziyouz.com kutubxonasi

рухи ислеп шығару қуралы жоқлардынг пкирлери улума бағынған болады»[1].

Сол сияқлы XIX асир қарақалпақ турмысында-да устем пкир, устем идеология-ханлық администрация расми турде жургизип ҳамь қуатлап отырған реакцион дини идеология ҳамь реакцион феодаллық, урулық — патриархальлық дастурлер менен тартиплер болды. Бул устем идеология, созсиз, сол асирдинг продукты болған XIX асир қарақалпақ адебиятына-да салқынын салды. Соған қарамастан XIX асир қарақалпақ адебияты, ол арқалы баянланған классик шаирлардынг омир, адамлар тағдири, адамлар келешеги, дин ҳамь басқалар ҳаққындағы козқараслары дини феодаллық устем идеологияға қарама-қарсы прогрессив, демократиялық идеология-да болды. Бул идеология халқтынг озь турмысынан ҳамь озь тусиниклеринен келип шыққанлықтан, халқтынг озь маплерин баян еткенликген кенг халқ массасын қамтыған халқлық идеология болды. Блайынша айтқанда қарақалпақ адебияты қарақалпақ халқынынг санасы («адебият халқтынг санасы» деген термин). В. Белинскийдики—И. Б.[2] қарақалпақ халқынынг барлық ақыллық омирининг жамленуи, («адебият... халқтынг барлық ақыллық омирин жамлейди» деген термин Н. Г. Чернышевскийдики—И. Б.)[3] болды.

XIX асир шаирлары революцияға шекемги Қарақалпақстанынг барлық мадени турмысында шешуши роль ойнап, олар қарақалпақ арасында баспа созь-де, ҳеш қандай мадени макемелерде болмаған дауирде олардынг барлығынынг хызметин атқарды, халқ арасында бай фольклор шығармаларын, қонгсы халқлар адебиятын, хат мадениятын таратушылар, халқтынг мадени осуине бирден-бир тасир тигизушилер болды.

«...Сияси еркинлиги жоқ халқта, — деп жазған еди атақлы рус революцион-демократы А. И. Герцен, — адебият-бирден бир трибуна, усы трибунадан ол халқ озь

---

[1] К. Маркс, Ф. Энгельс. «Об искусстве, «Госиздат «Искусство» Москва — Ленинград, 1938 г. стр. 22.

[2] В. Г. Белинский, Сочинения в трех томах, 1948 г. том II, стр. 95.

[3] Н. Г. Чернышевский. Полное собрание сочинений, том III, стр. 303.



www.ziyouz.com kutubxonasi

наразылыгынынг ҳамь озь ҳужданынынг ҳауазын еситуге мажбурлей алады».[1]

Герценнинг бул анықламасы XIX асир қарақалпақ адебиятынынг қарақалпақ халқынынг турмысындағы жамиетлик сияси хызметин ҳамь тарихи аҳмиетин харакгерлеп корсетуге оғада муапық келеди.

Дореунне, қалиплесуине ҳамь рауажлануына жасы улкен устаз шаир спатында-да, реалист халқ жыршысы спатында-да ози улкен тасир жасаған бул адебият — сонынгменен бирге Кунхожа творчествосынынг тикарғы дереклеринен-де болды.

Қарақалпақ халқынынг аузеки бай творчествосы-да, Кунхожанынг тикарғы творчестволық дереклеринен бри болып, онынг поэзиясы сол халқлық фольклорда жырланған адули идеяларды жане прогрессив традицияларды теренг озлестире ҳамь рауажландыра отырып ости.

Минет адамынынг ауыр турмыс жағдайын суретлейтуғын халқ қосықлары, адилликти, дуры созлиликти, ҳақ ниетлиликти, ҳадаллықты адулейтуғын, маккарлықты, жауызлықты, эгоистликти қаралайтуғын, бай хиялменен, келешекке исеним, оптимизмменен суғарылған ертеклер, халқ парасатлылығынынг ҳамь тапқырлығынынг улгиси болған Жиренше шешен созлери, халқтынг зулым сықмар, байларды, ҳарам тамақ, топас, қара журек молла-ишанларды олтире кулки астына алатуғын антиклерикалық анггимелери, ауладлар тажрибесинен халқтынг турмыс тажрибесинен туылған ел, адамгершилик ҳаққындағы ойларын ықшам жане коркем турде баян ететуғын халқ даналығынынг ажайып кориниси болған нақыл-мақаллар, халқтынг демократиялық тлеклери менен патриотлық сезимлерин, сырт ел басқыншыларына болған ғазепли жеккорушилигин, ел ушын гуреокен батырлардынг ерлиги менен жақсы адамгершилик спатларын суретлейтуғын халқтынг адил ел басқарушылар ҳаққындағы идеалларын баянлайтуғын дасьтанлар, халқ творчествосынынг барлық улгилери-барлық қарақалпақ классик шаирларына болғаны сияқлы Кунхожаға-да улкен творчестволық азық берди.

Кунхожа жасаған даурдинг адеби турмысынынг айрылмас бир болеги-қарақалпақ адебиятынынг қонгсы

---

[1] А. И. Герцен. Полное собрание сочинений и писем, том VI, 1919 г. стр. 350.



www.ziyouz.com kutubxonasi

халқлар адебиятларыменен байланыслы, қонгсы халқлар адебияты шғармаларынынг қарақалпақ халқы арасында таралу маселеси болып еспланады.

Қарақалпақ халқынынг откендеги барлық рухани омирининг улкен кориниси болған бул адеби фактор, сонынгменен бирге, қарақалпақ классик шаирларынынг, сонынг ишинде Кунхожанынг-да творчествосында белгили роль ойнаған творчестволық факторлардан бреуи-де болды.

1957-жлы Ташкент қаласында болып откен шғысты изертлеушилердинг Путкилсоюзлық бриншии конференциясында сойлеген созинде Н. А. Мухитдинов блай деп корсеткен еди:

«... Илимди ҳамь искусствоны рауажландыруға дуньянынг басқа еллерининг халқлары сияқлы Шғыстынг барлық халқлары-да озь улеслерин қосты, буны ислегенде олар озь-ара байланыс жасап, бир-бреуине жардем берип, бир—бреуинен енг жақсы тажрибени алып иследи».[1] Сонлықтан дейди тағы-да Н .А. Мухитдинов: «Шғыс халқларынынг маденияты ҳамь мадени мираслары ҳаққында айтқанда, шғыс халқларынынг ҳарбрининг мадениятынынг озинше бир характерге ие екенин, брақ онынг басқа халқлардынг маденияtыменен озь-ара байланыста рауажланғанын ҳамь байығанын, жержузи маденияты-нынг органикалық болеги екенин атап корсету керек»[2].

Изертлеулер бул пкирди жан-жақлама тастиқлайтуғын мсаллардынг откендеги қарақалпақ адеби турмысында оғада коп екенлигин корсетеди. Қарақалпақ халқынынг арасында тли-де, турмысы, қонгсылық қатнасы-да жақын, ҳартареплеме тағдирлес болып жасаған озбек, туркмен, қазақ халқлары адебиятларынынг коп ғана улгилерименен бирге азербайжан, тажик адебиятларынынг-да, сондай-ақ иран, араб, ҳинди адебиятларынынг-да бирқанша улгилери таралып келген.

«...Қарақалпақлар Куншығыстағы коп халқлардынг адебиятынан ертеден-ақ хабардар, — деп жазды шаир И. Юсупов, — ажайып «Мынг бир тунь» ертеклерин, ҳинд халқынынг «Тотынамасын», фарсы классиклери Фирдауси менен Ҳафизды қарақалпақ ерте заманлардан бледи. Ал араблардынг «Калила ҳамь Димна» атлы

---

1 «Совет Қарақалпақстаны» газетасы, 15-июль, 1957-жыл.
2 Бул-да сонда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ертек ктабын, Абуль Фараждынг ҳикметли сөзлерин оқыған қарақалпақ оқушысы олардан озине жаслай таныс коп нарселерди табады. Коп ғана қарақалпақ ертеклерининг жапакеш қаҳарманлары сизге Қтайды ҳамь Мсырды, Бағдад пенен Балх уалаятларын аралатады»[1].

Шнында да Иран-Тажик адебиятынынг уллы классиги Фирдаусидинг ажайып «Шаҳнамасы» қарақалпақ жеринде кута кенг таралған. Ал, «Қалила ҳамь Димна» атлы ҳинд адебиятынынг улкен классиги Бедильдинг-де (1644—1721) шғармасы бар екенлигин есапқа алсақ, қарақалпақ халқынынг арасында таралған адебият классиклерининг саны тағы-да арта туседи. Улума Бедиль Орта Азияда оға-да кенг таралған адебият классиклерининг бреуи болған.

Қарақалпақ халқы XII асирде жасаған уллы азербайжан шаиры Низамиды-да жақсы билген ҳамь суйип оқыған.

Низами шғармаларынынг қарақалпақ арасында ертеден таралуы толық мумкин-де жағдай болған. Ойткени, «...XIII — XIV — асирлерден баслап-ақ Низами шғармалары озбек тлине аударыла баслады. XIV асирдинг орталарында Хорезмли Қутб деген шаир «Хысрау ҳамь Ширин»ди, XV асирде Хорезмли Мир Ҳайдар деген шаир «Маҳзанул асрар» ды озбек тлине аударды»[2]. Озбекстан адебиятшысы Р. Мажидийдинг XIX асирде Кунхожаға заманлас жасаған Хорезм шайры Агаҳий ҳаққындағы томендеги мағлуматы-да кута кеул аударарлық факт болып есапланады. Ол Муҳаммад Риза Агаҳийдинг шғыстынг уллы шаирлары Садийдинг «Гулистан»ы, Жамийдинг «Бахаристан»ы, «Юсуп Зулайха»сы, Низамийдинг «Жети сулу»ы, Хысрав Дехлауидинг шғармалары сияқлы жгирмалаған шғармаларды озбек тлине аударғанлығын айта келип», «...озининг кенг дунья козқарасы, блим ҳамь творчествосы менен Агаҳий ози три уақтында-ақ халқ арасында абройлы ҳамь тасирли адам болған, онынг ғазеллери жазылуыменен халқ бақсыларынынг атқаруында суюшиликпенен жырланған, масса арасында

---

[1] И. Юсупов. «Сауир—Шгыс шамалы» мақала «Совет Қарақалпақстаны» газетасы ,8—октябрь, 1958-жыл.

[2] К. Убайдуллаев, Б. Исмаилов, С. Ахметов «Қарақалпақ адебияты» 8 — класслар ушын сабақлық; ҚҚМБ 1950-жыл, 195-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

тарқалған»[1] деп жазады. Агаҳийден азырақ бурынырақ откен Мунис Хорезмидинг бир «Маған» деген қосығынынг озинде Низамий, Жамий, Хожа Ҳафыз Шеразий, Фердауси, Ҳақаний, Садий, Бедиль сияқлы бирқанша шғыстынг атақлы шаирларынынг атлары аталады ҳамь Мунис оларды ози коп оқып улги алған устаз шаирлар спатында тилге алады[2].

Бзингше бул шаирлардынг, сонынг ишинде Низамидынг-да шғармалары хорезмлилер арасында болғаны сияқлы, олармен бир ханлықтынг составында турған кута жақын қонгсы, мадени турмысы жағынан тғыз қатнасып отырған қарақалпақ халқынынг арасында-да кенг белгили болуы толық мумкин нарсе еди.

Бул жерде келтирилип отилуи керек бир қзық нарсе, қарақалпақ аузеки халқ творчествосында Жиренше атыменен байланыслы бир легендадағы Жанибек хан ҳамь Жиреншенинг бирге аңғға шғып баратырғанда гоне тамда отырған еки баюлыны коргенлиги ҳаққындағы анггиме Низамийдинг «Маҳзанул асрар»ындағы («Сырлар ғазинеси») Анушируан патша туралы айтылған анггимеменен барлық қурылысы, барлық мазмуны бойынша сайкес. Бреуинде Жанибек Жиреншени, бреуинде Анушируан — уазирин сойлесип отырған баюлылардынг не айтысып отырғанлығын блуге жумсайды ҳамь олар: «баюлылар қуда тусисип қалынг малға гоне там сорасып отыр екен, қалынг толейтуғын баюлы: патшамыздынг усы зулымы болса, елдинг бари гоне там болады, гоне тамнан ғам жеме деп атыр екен», деген жуапты алып келеди, буны еситкен Жанибек ҳамь Анушируан зулымлық сиясатларын сезип жонлеседи[3].

Азербайжан классик шаиры Мухаммед Физулидинг (XVI асир) уллы озбек шаиры Алишер Науайынынг (1441—1501) қарақалпақ халқынынг арасында қаншелли кенг таралғанлығын Бердақтынг белгили «Излер едим» қосығындағы:

«Шар ктап» тан тура қаштым,
Науайыдан сауат аштым,

---

[1] *«Озбек тли ва адебияты масалалари»* журналы, 1958-жыл, № 3, 56-бет.

[2] **Шермухаммед Мунис**, Тангламалы асарлар, Ташкент, 1957-жыл, 17-бет

[3] Салыстырып карангыз: «Қарақалпақ халқ творчествосы» ҚҚМБ, Торткул, 1940-жыл, 41-бет ҳамь Э. Бертельс «Низами»; Из-тво «Молодая гвардия», 1947 г. стр. 86.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Физулидан дурлер шаштым,
Дилуарларды излер едим»[1]

деген қатарлар кута айқын корсетип турады.

Усы жерде жол бойы айта кететуғын бир нарсе Орта Азиядағы, сонынг ишинде қарақалпақ жериндеги дини мектеплерде Науайы, Ҳафыз, Физули, Бедиль сияқлы шаирлардынг шығармалары оқытылған[2]. Албетте, олар надурыс тусиндирилген. Соған қарамастан «Шар ктап» тан қашып Науайы, Физулыларға айрықша зеин қойған Бердақ сияқлы шаирлар олардынг творчествосы туралы коп нарсе ала алған ҳамь олар озлери зауқланған нарселерди халқ арасына-да таратқан.

Қарақалпақ халқы қазақ халқыменен-де кенг адеби байланыста болды. Ажинияз бенен қазақ ақыны Қыз Менгештинг айтысы, қазақ жгити Мансур менен қарақалпақ қзы Даменинг айтысы, биз жоқарыда созь еткен Кунхожа менен қазақ акыны Шернияздынг қатнасы, коп ғана қазақ қыссаларынынг ерте уақтан қарақалпақ арасына таралуы бунынг айқын мсалы болып хызмет етеди. Қарақалпақ халкынынг арасында асиресе туркмен фолькорынынг шығармалары-да кенг таралған. Қонгсы халқлар фолькоры менен адебият шығармаларынынг қалай таралғанлығын кору ушын XIX асир қарақалпақ шаиры Отеш Алшынбай улынынг бир ғана «Гулзиба» косығынынг озин алып қарайық. Онда белгили шығыс дастанлары геройларынынг барлығынынг дерлик аты жирген, онынг устине автор қысқа созлерде ҳарбир геройдынг енг характерли белгилерин даль корсете алған:

«...Адамзат емес, шуҳбалы,
Ҳақбезирган янглыды...
Кормегенлер танг калғандай
Лайли-Мажнун пир[3] янглыды...
Бирнешелер[4] тарих еткен,
Хавазасы балентке жеткен,
Ашықлардынг бри откен,
Зуҳре-Таир янглыды... .

---

[1] Бердақ, Тангламалы қосықлар, 1956-жыл, 53-бет.

[2] Ибрагим Муминов «Из истории развития общественно-философской мысли в Узбекистане», Госиздат, УзССР, Ташкент, 1957 г. стр. 49.

[3] Басылған топламда қате турде «пир» деген созь «бир» болып кеткен (И. Б.)

[4] Басылған топламда «бир нарселер», дурысы «бирнешелер» болуы керек (И. Б.).



www.ziyouz.com kutubxonasi

Алты сан алаштынг корки
Корсенг қыз Жпек янглыды...[1]

Булардан басқа қосықта Юсуп ҳамь Зулейханынг, Фарҳад ҳамь Шириннинг, Баҳрам ҳамь Гуландамнынг, Ҳамра менен Ҳурлиқанынг, Қыз Мнайымнынг, Ғарип ашық ҳамь Шаҳсанемнинг атлары аталады.

Булардағы Ҳақбезирген атақлы «Гор уғлы» дасьтанынынг бир шақабынынг, Қыз Мнайым, Ҳамра менен Ҳурлижалар—қонгсы туркмен халқынынг «Нажеп оғлан», «Ашық Ҳамре» сияқлы дасьтанларынынг, Баҳрам менен Гуландам уллы озбек классик шаиры Алишер Науайынынг «Жети сулу» («Сабъаи сайяра») поэмасынынг геройлары болып есапланады. Қалғанларын алатуғын болсақ, та сол атлары менен аталатуғын туркмен, қазақ дасьтанларынынг,Алишер Науайынынг поэмаларынынг геройлары. Фарҳад ҳамь Шириннинг, Лайли ҳамь Мажнуннынг атлары Отешке Азербайжан классик шаирлары Низами ҳамь Физули шғармалары геройларынынг аты спатында-да белгили болуы мумкин.

Қарақалпақ халқынынг арасында Алишер Науайы менен туркмен халкынынг уллы шаиры Мақтымқулынынг шғармалары айрықша кенг таралған.

«Алишер Науайы қарақалпақ халқына-да коптен бери белгили шаир,— деп корсетилген еди республикалық «Қзыл Қарақалпақстан» газетасынынг уллы шаирдынг 500 жыллық юбилейине арнап берилген бас мақаласында, —ол халқтынг ядында уллы гуманист, ҳақиқатлықты, адилликти жақлаушы зулымлыққа ҳамь езушилике қарсы гуресши спатында сақланып келди. Қарақалпақ халқынынг белгили классик шаирлары: Бердақ, Ажинияз, Кунхожа, Аяпберген ҳамь басқалары Науайыны озлерининг устазы деп билген»[2].

Адебиятшы И. Сағитов-та «Науайы ҳамь қарақалпақ адебияты деп аталатуғын («Қзыл Қарақалпақстан» газетасы, 1948 жыл 15-май, № 95 (4771) мақаласында Науайынынг қарақалпақ арасында ертеден таралуын, Науайы ҳаққында «Султан Сойин мырза ҳамь Муралы шер» аты менен қарақалпақ арасында бирқанша ангыз созлер тараганлығын, бундағы Муралы шердинг—Алишер Науайы,

[1] Отеш. Танглаулы шғармалары. 1949-жыл. 46—50-бетлер.
[2] «Қзыл Қарақалпақстан» газетасы. 1948-жыл. 15—май, № 95 (4771).



www.ziyouz.com kutubxonasi

Султан Сойин мырзанынг белгили патша Ҳусайн Байқара екенлигин, бул ангыз созлерде халқтынг Муралы шерди ақыллы, адил адам, минеткешлерди қорғаушы спатында, ал Султан Сойин мырзаны—залым, езуши спатында дурыс характерлеп беретуғынын корсететуғын бирқанша фактлар келтире отырып, «...қарақалпақ халқынынг атақлы шаирлары Кунхожа, Ажинияз ҳамь Бердақ Науайыдан коп нарселерди уйренди» деп жазады.[1] Авотр конкрет Науайынынг Кунхожаға тасирин созь еткенде ел— халқ темасын, залым патшаларды ашкаралу менен адил ел билеушилерди арьман ету мотивлерин созь етуде коп жақынлық барын, бул тарауда Кунхожанынг озинен бурын откен уллы шаир Науайыдан коп нарселерди уйренгенлигин ескертеди.[2]

Қарақалпақлар арасынан жиналған айрым англимелерде уллы шаирдынг Султан Ҳусайнменен қатнасынан басқа, онынг жекке омирине тиисли эпизодлар-да созь етиледи ҳамь булар оэбек халқынынг арасына таралған усындай англимелерменен мазмунлас келеди.[3] Бул жағдай-да Науайынынг қарақалпақ арасында кенг таралғанлығын, озине суйикли шаир спатында халқтынг онынг омирининг барлық тарепименен қзыққанлығын характерлеп турады.

Мақтымқулы шғармаларынынг қарақалпақлар арасында кенг таралғанлығын еле революцияға шекемги рус изертлеушилериде корсеткен еди. Мсалы, рус изертлеушилеринен бреуи И. Беляев 1907-жлы «Туркстан ведомостьларында» дағазалаған «Интересная рукопись» («Қызықлы қолжазба») деген мақаласында «Мақтымқулынынг туркменлер арасында уллы дангққа иелиги блай турсын, ҳаттеки онынг шғармалары ҳамь аты Арал тенгизининг бойларында-да, қарақалпақлардынг арасында-да кенг таралған» деп корсетеди.

---

[1] Мақала авторы бул пкирлерин озининг «Уллы гуманист шаир» деп аталған Алишер Науайынынг туылғанына 500 жыл толуына арнап жазған мақаласында-да келтиреди. Қарангыз: «Қзыл Қарақалпақстан» газетасы, 1948—жыл, 24—март. № 59 (4736).

[2] «Қзыл Қарақалпақстан» газетасы, 1948-жыл, 15 — май, № 95 (4771)

[3] Салыстырып қарангыз: И. Юсупов жинаған «Қарақалпақ легендалары ҳамь нақыл-мақаллары» қолжазба 10—91. ҚҚКИИ-нинг фонды жане Э. Э. Бертельс «Навои», Из-во АН СССР, Москва, Ленинград, 1948 г., стр. 261.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Революцияға шекемги қарақалпақ тлин бринши мартебе изертлеуши рус илимпазы. И. А. Беляев қарақалпақлар арасынан қарақалпақ фольклорынынг улгилерименен бирге Мақтымқулынынг коп шығармаларын жазып алғанлығын айтады.

Шнында-да Мақтымқулы шығармаларынынг қарақалпақ арасына таралмаған жери жоқ. Қарақалпақлардынг қайсы жерине барсанг-да Мақтымқулыны билмейтуғын адамды гезлестиру қиын, онынг аты, коп шығармалары халққа тап қарақалпақ классик шаирлары Бердақ, Кунхожа, Ажинияз ҳамь тағы басқалар дарежесинде кута кенг таныс. Халқ арасында Мақтымқулынынг атына байланыслы англимелер-де бар. Қарақалпақ совет шайыры И. Юсуповтынг «...туркмен классиги Мақтымқулы илгериде-ақ Қарақалпақстаннан озининг екинши шаирлық уатанын тапты...»[1] деген пикири оғада дурыс анықлама болып есапланады.

Қарақалпақ классик шаирларынынг шығармаларындағы мағлуматлар Мақтумқулы творчествосынынг XIX асирден баслап-ақ барлық улкен аҳмиетименен белгили болғанлығын корсетеди. Мсалы бир Кунхожанынг-ақ қосықларын алатуғын болсақ, Мақтымқулынынг атын бирқанша жерлерде ушыратамыз.

«...Мақтымқулдай алдынг болжа
Ауере болған Кунхожа»—

*(„Туйе екенсенг")*

«Мақтымқулы мағрип отти дуньядан,
Арьманменен жоллар салып қиядан,
Оте алмай богетсиз тенгиз, дарьядан,
Омиринше куни отти зарменен.

...Мақтымқулы мағриптей алдынгды болжа,
Олген сонг аларсанг тлингнен олжа,
Қысқарт созди сорқайнаған Кунхожа,
Олгенингше хошласып кет елменен»

*(„Елменен")*

Шаир Мақтымқулынынг атын озининг «Арьманда», «Ким блер» «Коринбес», «Бара алмас», «Жетимнинг ҳақын жеп қойма» сияқлы қосықларында-да такрарлайды.

---

[1] И. Юсупов «СССР халқларынынг адебиятын уйренейик», мақала. «Совет Қарақалпақстаны» газетасы. 13 — октябрь, 1957-жыл. № 206 (7205).



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кунхожаның аты аталған қосықларында Мақтымқулының аты аталып ғана қоймастан, ал онынг омири ҳамь творчествосынынг тиқарғы белгилери — «омиринше куни зарменен откенлиги», туркмен поэзиясында жанга жол ашуы, «жанга туркмен поэзиясынынг тиқарын салуы»[1] («арьманменен жоллар салып қиядан»), турмыс фактларына жан—жақлама анализ жасаудан келип шыққан халқлық философиялық теренглик, «Мақтымқулыдай алдынг болжа»); Мақтымқулы шығармаларынынг халқ арасындағы олмес дангкы («олген сонг аларсанг тлингнен олжа») кута дурыс баян етилген.

Бул бойынша енг тиқарғы белгилеп отилуи тиис харектерли нарсе—ханнынг сань—салтанатына, атақ—абройына жеркенишпенен қараған Кунхожа, халққа хызмет етип, сол ушын-да халқ ядында олмей қалуға сазуар болған Мактымқулынынг дангқына теренг ҳурметпенен қарайды, Мақтымқулынынг исин, омирин озине жақсы улги етип услайды. Мақтымқулыдай халққа пайдалы, адамларды омир суруге уйренетуғын кейинге созь қалдыруды жақсы бақыт деп тусинеди.

Мақтымқулынынг жекке турмысында кеширген ашы тағдирин (ол омиринше жарлылықта кун кеширген, жаста мал бағып, сонг зергер болып, қара минетименен кун кеширген, бирнеше мартебе иран басқыншыларынынг қолына бенде болып тусип, бенделик азабын шеккен) ҳамь халқ турмысына байланыслы болған қайғы—мунгларын, сонынгменен бирге онынг халқ арасындағы улкен абройын Бердақ-та корсетеди, ол Мақтымқулынынг озименен пикирлес ҳамь тағдирлес болғанлығын айтады:

«Мақтымқулы шаир еди,
Дос-яраны мақтар еди,
**Ол-да мендей сорлы еди,**
**Келгей ахыры ақыбет»**

*(„Ақыбет")*

XIX асирдинг тағы бир улкен шайыры Отеш Алшынбай улы озининг атаклы «Бердаққа жуап» деген қосығында Мақтымкулыны «Тилге келсе олгенлерди сойлетти» деп баҳалайды, ал Бердақ қайтыс болғанда жазған қосығында, Бердақтынг уллылығын айрықша белгилеп корсету

---

[1] «Антология Туркменской поэзии», Москва, 1949 г, 11 бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ушын критерия етип Мақтымқулыны алады, «Шаирлықта отпес Мақтымқулы оннан»—деп жазады.

Бердақ, озининг творчествосы ушын программалық аҳмиет атқаратуғын қосықларынан болған «Излер едим» деген қосығында блай деп жазады:

Мақтымқулыны оқығанда,
Айтар едим ҳарь заманда,
Кемис бар-ма беглер онда?—
Созин тауап қлар едим».

Экспедиция материаллары бойынша «Бердақтынг қзы атақлы бақсы Хурлиман-да... Бердақтынг қосықларымenен бирге, Мақтымқулынынг қосықларын айтқан».

XIX асирдинг тағы бир атақлы шайыры—Ажинияз қарақалпақ арасында Мақтымқулы шғармаларын таратушы-да болды. Ажинияздынг туылған ҳамь омир сурген жерлеринде (ҳазирги Қарақалпақстан АССР ынынг Мойнақ, Қонграт районларынынг территориялары) откерилген адеби экспедициялар—ол жерлерде Мақтымқулы шғармаларынынг кенг жайылғанлығын, оларды Ажинияздынг белгили дарежеде аударып, гейде елеули қосымталарда қосқанлығын корсетеди.

Мақтымқулы шғармаларынынг қарақалпақлар арасында таралуында Кунхожа, Ажинияз сияқлы қарақалпақ классик шаирларынынг туркменлер арасында болуы, айрым туркмен бақсыларынынг хызмети улкен роль ойнаған. Мсалы, экспедиция материалларынынг анықлауы бойынша Ажинияз қарақалпақ тарихындағы белгили «Боз атау» уақиясына байланыслы туркмен арасында ушь жылдай болған. Талап излеп жане ханнынг, жергиликли амелдарларынынг қуғынынан бас паналап Кунхожа-да туркменлер арасында браз уақыт болған. Ал, туркмен Суйеу бақсы, озбек Ешбай бақсы, қарақалпақ Муса дегенлер қарақалпақлар арасында тенгдей белгили, тенгдей қадирли болған.

Биз Мақтымқулынынг қарақалпақ арасында таралуы ҳаққындағы маселени браз кенгирек турде «Мақтымқулы қарақалпақ адебиятында» деген мақалада созь еткен едик.[1] Улума қарақалпақ — туркмен адеби байланысы,

---

1 «Совет Қарақалпақстаны» газетасы, 21—сентябрь, 1957—жыл. № 190 (7198) ҳамь «Муғаллимлер газетасы», Ашхабад, 22—январь 1959—жыл, № 4 (367).



www.ziyouz.com kutubxonasi

бзингше, арнаулы турде изертлеуди талап ететуғын ҳамь керек маселе болып есапланады.

XIX асир қарақалпақ шаирларынынг творчествосын созь еткенде, албетте кеул болинуи керек тағы бир тикарғы маселе, қарақалпақ шаирларынынг творчествосына Қарақалпақстаннынг Россияға қосылуы сияқлы улкен тарихи факттынг ҳамь прогрессшил рус мадениятынынг тигизген унамлы тасири ҳаққындағы маселе болып есапланады. Сонгғы жылларға шекем қарақалпақ адебият илиминде, сондай-ақ тарих илиминде-де бул маселеге жетерли кеул болинбей келди, айрым жолдасларда анау ямнау қарақалпақ шайырынынг шғармаларында Черньшевскийдинг ямаса Добролюбовтынг, Некрасовтынг пкирлерине уқсас пкирлер, қатарлар бар-ма, қарақалпақ шаирларынынг шғармаларында рус жазушыларынынг атлары, фамилиялары ушыраса-ма, жоқ-па?—деп қарау, демек усындай жағдайлар ушыраспаса, Қарақалпақстаннынг Россияға қосылуы сияқлы тарихи факттинг адебиятта-да ойнаған созсиз улкен ролин тусинбеу жағдайлары ушырасты.

Керисинше, айрым адамларда революцияға шекемги қарақалпақ шаирлары творчествосынынг аҳмиетин тек ғана оларға рус адебиятынынг тасирименен баҳалап, олардынг творчествосы ушын халқтынг ишки социаллық турмысын тикарғы фактор спатында қарамау қатеси-де орын алды. Тарих илимлерининг кандидаты А. П. Савицкийдинг «Қарақалпақ кунделигинен» деген мақаласында мне усындай қатеге жол қойылды.[1]

Россия қол астына отуге, руслармен дослыққа умтылу коп заманлардан берли қарақалпақ халқынынг улкен мамлекетлик ҳамь турмыслық арьманларынан бреуи болды.

Тарихи дереклердинг корсетуи бойынша қарақалпақ халқы еле Киев Русы дауирлеринен-ақ русларменен тғыз байланыста ҳамь дослық қатнаста жасаған, Туркстанда жасаған уақларда-да коп мартебе Россия пухарашылығына отуге ҳарекет еткен. Усы максетте Россия ҳукиметине арнаулы уакиллер-де жберген. Россиянынг коп ғана расми хызмет адамларынынг берген мағлуматларында, басқа-да тарихи дереклерде қарақалпақлардынг Россия қол астына оту тлегининг мудамы сақланғанлығы айрықша

---

[1] Журнал, «Звезда Востока», № 12, 1953 жыл.



www.ziyouz.com kutubxonasi

белгилеп корсетиледи. Қарақалпақ халқынынг бул тлегининг иске асуын 1723—жылғы жонгғарлардынг шабуылы, 1743-жылғы қазақ султаны Абулхаирдынг шабуылы, Хиуа ханларынынг басып алушылық ҳарекетлери, 1855—1956-жылғы ҳамь 1858—1859-жылғы халқ котерилислерин қанлы турде бастыруы, сондай-ақ феодаллық Хиуа ханлығынынг ийнинде турған англичан империалистлерининг тмискеленулери узилиске тусирди.

Халқтынг басқа-да арьманларыменен бир қатар озь творчестволарыменен халқтынг усы арьманларынынг-да жыршылары болған қарақалпақ классик халқ шаирларынынг коз қарасынан халқтынг бул тлегининг-де улкен орын алуы толық табиғи ҳамь тиисли жағдай еди.

Қарақалпақ халқынынг коптен киятырған улкен мамлекетлик ҳамь турмыслық арьманларынан бри болған Россия пухарашылығына оту тлеги тек 1873-жлы иске асты.

Усы жлы Хиуа ханы ҳамь рус армиясынынг командующиӥи арасында дузилген договор бойынша Амударьянынг арқа жағындағы қарақалпақ жери Россия қол астына отип, Туркстан генерал—губернаторлығынынг карауындағы Амударья болими дузилди, бул договор бойынша дарьянынг қубла жағындағы қаракалпақ жерлери бурынғыша Хиуа ханынынг қол астында қалғаныменен, Хиуа ханынынг озн Россия патшалығына барлық жағынан-ғарезли, онынг вассалы спатындағы ханлық болып қалды.

Қарақалпақ жерининг Россия қоластына отуи копшилик халқ массасынынг қуатлауына ие болды ҳамь урыссыз турде иске асты. Орта Азия ҳамь Қазақстанынг басқа-да халқларына болғанындай қарақалпақ халқынынг сол уақыттағы тарихи тағдири ушын-да, асресе онынг тарихи перспективасы ушын-да улкен прогрессивлик аҳмиетке ие болған бул жағдайдынг халқ массасынынг қуатлауына ие болып жане урыссыз иске асуында жоқарыда айтқанымыздағыдай, оғада узақ уақытлардан берли дауам етип киятырған рус — қарақалпақ қатнасықлары, халқ массасынынг озь-ара дослыққа, парахатшылықта жасауға умтылу сезими, қарақалпақ халқынынг ҳамь онынг алдынғы қатарлы уакиллерининг ҳартурли феодаллық урыслар жане талаушылықлардан қутылу ушын Россия сияқлы улкен елдинг пухарашылығына оту жолында бирнеше сапар ислеген ҳарекетлери шешуши роль ойнады.

Россия қоластына отуге байланыслы қарақалпақ



www.ziyouz.com kutubxonasi

халқынынг экономикалық турмысында-да, сияси жағдайында-да, мадени турмысында-да, Қарақалпақстандағы ел басқару системасында-да бирқанша озгерислер пайда болды. Қарақалпақ халқынынг енг типичный артта қалған феодаллық — деспотлық ханлықлардан есапланған Хиуа ханынынг қоластынан шығып, оған қарағанда коп мартебе рауажланған, капиталистлик рауажлану жолына тускен, экономикасы, сияси жағдайы, маденияты бойынша жер жузиндеги алдынгғы еллердинг бринен есапланған Россия мамлекетининг қоластына отудингози улкен нарсе еди. Россиянынг Орта Азия ҳамь шғыс халқлары ушын улкен прогрессивлик роль атқаратуғынлығын, қарақалпақ жери Россияға қосылмастан жгирма жыллар бурын Ф. Энгельс-те 1852—жлы 28—майда К. Маркске жазған хатында бул туралы блай деп корсеткен еди: «Россия шнында-да... Шғыс жонинде прогрессивлик роль атқарып отыр... Россиянынг устемлиги Қара тенгиз ҳамь Каспий тенгизи, Орта Азия ушын цивилизациялық роль атқарып отыр».[1] Россияға қосылғаннан кейн Қарақалпақстан Россиядағы экономикалық рауажланудынг толқынына тартылды, елдинг ондирис кушлерининг осуи бурынғыға қарағанда тезленди, даслепки майда санаат орынлары пайда бола баслады, сауда—сатлықтынг затлық жане территориялық шенгбери-де кенгейди, диқаншылықта, балықшылықта жангалықлар жузь берди, ақша-товар қатнасы ости, елдинг ондируши кушлерининг рауажлануына кесент жасап келген, Хиуа ханлары тарепинен саналы турде қуатланылған патриархаль — рулық қатнаслар, феодаллық болшекленулер сындырыла баслады. Хиуа ханлығынынг турмысында адетке айналып кеткен озь— ара феодаллық, урысларға, шеттен болған топылыслардан халқ басына кунделикли донип турған урыс, булгиншилик қауиплерине дерлик тиым салынды. Енг улкен бир нарсе—басқа-да Орта Азия халқлары сиқлы қарақалпақ халқы қул қлу ушын тмискеленип журген англичан—американ империалистлерининг қаупинен манггиге сақланып қалды .Бул жағдай қарақалпақ халқынынг тарихи перспективасы ушын оғада улкен аҳмиетке ие болды. Усы тарихи перспектива жағынан қарағанда қарақалпақ жери сол уақыттан баслап-ақ манггиге Россияға қосылып, рус халқы буннан сонгғы барлық тарихи уақияларда, со-

---

[1] Маркс, Энгельс, шгармалары, XXI том, 211—бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

нынг ишинде уллы Октябрь Социалистлик революциясы жылларында-да, шет— ел интервентлерине ҳамь ишки контрреволюцияға қарсы гурес жылларында-да қарақалпақ жерине Россиянынг законлы болеги спатында жардем корсету правосына ие болды ҳамь усы жардемди корсетти.

Россия патшалығы тарепинен қарақалпақ жеринде халқ арасында «Орыс жол» деп аталып кеткен бирқанша жоллар-да салынды, бул жағдай қарақалпақлар жасайтуғын районлардынг озь-ара қатнасын кушейтуде улкен роль ойнады.

Россияға қосылғаннан кейн бурынгы деспотлық, ҳешнарсеменен шегараланбаған ханлық ел басқару системасына қарағанда адеуир прогрессив характерге ие болған ел басқару системасы дузилди, ауллық общество, волостьлық, уезд сияқлы бир—брине қарайтуғын административлик болинулер, белгили мамлекетлик закон тикарындағы жазба турде жумыс жургизу пайда болды. Бул законлар қаншелли реакцион, қаншелли халқтынг мапине қарсы қаратылған, эксплуататор класслардынг минеткешлерди езу қуралы болса-да, не дегенменен ханлық системасынынг ҳешнарсеменен шекленилмеген, хан ҳамь жергиликли амелдарлар қалай қалесе солай шеше беретуғын деспотлық законлардан парқ ететуғын еди. Бринши мартебе қарақалпақ тарихында административлик болимлердинг басында туратуғын ақсақал яғни старшина (ауллық общество нынг басында турушы амелдарлар), болыс яғни волостной правитель (волостьтынг басында турушы амелдар) закон бойынша сайланып қойылатуғын болды. Бул сайлаулар жузеки болса-да ҳамь созсиз патша администрациясы менен жергиликли амелдарлардынг жане байлардынг еркине бағынса-да, халқтынг сана—сезимин оятуда, олардынг озь кушин тусинип, озь правосы ушын гуресу сезимин оятуда улкен роль ойнады.

Қарақалпақ халқынынг мадени турмысында жане кунделикли уй турмысында-да бирқанша жангалықлар болды: жалпы блим беретуғын «русско-туземная школа» деп аталған мектеплер, ветеринария пунктлери жане аурухалар ашылды. Булардынг саны кута аз болса-да оларға тек бай адамлардынг балаларынынг ғана қолы жете алса-да, олар тек дини қарғангғыллыққа тикарланып қурылған мешит, медреселерге, тауип, порхан, молла —ишаланлардынг ауру емлеуине салыстырғанда жангалық еди. Чимбайда, Нокисте, Шораханда бирли—ярым жанга типтеги



www.ziyouz.com kutubxonasi

жайлар (мсалы, мектеп, гарнизон, аурухана жайлары) салынды. Қарақалпақ халқынынг турмысына печь, самоварь ҳартурли гезлемелер, тгу машинасы ҳамь тағы басқалар сияқлы Россия фабрикалары жане заводларында исленген жанга нарселер, рус турмысындағы бар нарселер қурал—сайманлар араласып кетти. Рус илимпазлары, жазушылары, патша администрациясы тарепинен қарақалпақ жерин изертлеу, қарақалпақ адебиятынынг улгилерин жазып алу бойынша аз колемде болса-да бирли ярым жумыслар иследи.

Қарақалпақ жерининг Россияға қосылуы усындай прогрессив аҳмиетке ие болды дегенде белгилеп отилуи тиис тағы бир нарсе—сол уақлардан баслап-ақ қарақалпақ минеткешлерининг рус халқы менен байланысынынг осуине жағдай дузилди. Рус патшалығынынг мақсетине, сиясатына, ислеген ҳарекетлерине қарама — қарсы халқлар арасындағы байланыс кушейип барды. Россияға қосылу қарақалпақ халқынынг басқа қонгсы халқларменен, мсалы, озбек, туркмен, қазақ халқларыменен экономикалық ҳамь мадени қатнасынынг кушейуине-де улкен тасир етти.

Халқ турмысында иске асып атырған бул жанғалықларға озлерининг барлық омирлери ҳамь творчестволарыменен халққа байланыслы болған, созь етип отырған даурде қарақалпақ адеби турмысында бурынғыша улкен орын тутқан Кунхожа, Ажинияз, Бердақ, Отеш ҳамь Омар сияқлы шаирлардынг битареп қарап қалуы, ҳаттеки, унамсыз қатнаста болуы объектив ҳеш мумкин жағдай емес. Бул ҳаққындағы адебиятшы И. Сағитов, М. Нурмухамедов, Г. Есемуратовлардынг ҳамь басқа-да жолдаслардынг пикирлерин[1] биз-де озь тарепимизден толық қуатлаймыз. Бул пикирлерде келтирилетуғын 1858—1859—жылғы Бозатау котерилисине руслардынг тлеклеслик козқарасы, усы сапар Арал бойларына келген Бутаков басқарған экспедицияға қарақалпақлардынг жақсы козқарасы, Бердақтынг рус администрациясы тарепинен 1900—жлы Тортқулге шақырылу факты, Бердақтынг олимине Отеш шаир

---

[1] И. Сағитов «Бердақтынг творчествосы», Нокис, 1958 — жыл, 52—54—бетлер, М. Нурмухамедов «Қарақалпақ совет адебиятынынг рауажлануына рус адебиятынынг тасири», Нокис, 1956—жыл, 5—12—бетлер, М. Нурмухамедов, Г. Есемуратов, «Бердақ ҳаққында жанга мағлуматлар», мақала, «Қзыл Қарақалпақстан» газетасы 24—сентябрь, 1954—жыл.



www.ziyouz.com kutubxonasi

жазғандай-ақ рус уакиллерининг қатнасу факты, Хиуа ханлары тарепинен тутқынға алынған Бердақтынг қызы—бақсы Хурлиманды рус властьларынынг араласып қутқаруы, Отеш шаирдынг «Кордим» деген қосығында руслар келгеннен кейинги айрым жангалықларды корсетуи сияқлы фактлар—созь етип отырған маселе бойынша толық дыққатқа ылайық фактлар болып есапланады.

Тлекке қарсы, биз-де ҳазирше бул фактларға улкен фактлар қосу мумкиншилигине ие емеспиз.

Сонлықтан озимиздинг гейпара пкирлеримиз бенен толықтырууларымызды келтиру менен ғана шекленемиз.

Бриншиси, Қарақалпақстан Россияға қосылғаннан кейн қарақалпақ территориясында бринши рет пайда бола баслаған санаат карханаларыменен бирге туыла баслаған рабочий класынынг арасында жергиликли ҳалқ уакиллерининг-де, сонынг ишинде айрым белгили қарақалпақ шаирларынынг-да болу факты; мсалы, Омар шаир Мойнақтағы балық ондириси карханаларында ҳамь Қзыл орда тареплердеги темир жолда ислеген.[1] Омардынг шғармаларында озине шекемги басқа қарақалпақ шаирларына қараганда-да—озине заманлас Сдық, Кулмурт шаирларға қараганда-да жалланып ислеуши қарақалпақ жарлыларынынг аур турмысы кута теренг суретленеди, байлардынг, дин иелерининг, созь етип отырған даурде кушейе барған саудагер, сутхорлардынг қылуалары откир турде ашкараланады. Бунда созь етип отырған даурдеги бурынғыға қараганда-да кушейген класслық қарама — қарсылықлар жане ол ҳаққындағы осе барған, айқынласа барған халқ тусинигименен бирге шаирға озининг рабочийлық жағдайы-да улкен тасир еткен болуға тиисли.

Екиншиси, Отеш шаирдынг жоқарыда аталған автобиографиялық характерге ие «Кордим» деген қосығындағы рус аскерлерининг жаунгерлигин баян ететуғын:

> «Урыс десе жаннан кешкен,
> Баҳадыр палуанды кордим»,

деген қатарлардынг русларға болған жалпы қарақалпақ халқынынг қозқарасын баян ететуғын пкир спатында козге тусуи.

---

1 К. Бердимуратов. Омар шаир ҳамь онынг идеясы «мақала «Қзыл Қарақалпақстан» газетасы, 1948—жыл, № 66 (4772).



www.ziyouz.com kutubxonasi

Откен асирдинг ахырында Қарақалпақстанда болған рус жазушысы Н. Каразин озининг «Амудинг томенги жағында» деген жол очерклери спатындағы шғармасында Амударья округининг начальниги полковник Иванов деген ҳаққында блай жазады:

«Жергиликли адамлар Иванов туралы блай дейди: «Бул сары—сақал»—бул жердинг жолбарысы. Ол, оны кутпеген жердеч топылыс жасайды: ол соққыны қатты береди, оннан ҳешнарсе жазалаусыз қалмайды. Онынг жайына парахатшылық жолменен бар, ол қумайды, жыллы кутип алады, силық-та береди. Урыс ниетименен барма ,кейнинен коп зарын шегуге тура келеди. Онынг солдатлары аз, брақ ол солдатлар адам емес, ал шайтаннынг балалары, оларға қарсы ҳаттеки қарғысынг-да тасир етпейди. «Сары сақал» барин бледи, еситеди, онынг жузь кози бар, оны алдау мумкин емес. Мен тарепинен далме—даль анықлықпенен аударылған бул созлер ҳамь гаплер Ивановтынг озин жане тактикасын оғада айқын спатлап береди...»[1].

Бул узиндини келтиргендеги белгилеп отетуғын бир қзық нарсе Отеш шаирдынг қосығынан келтирилген жоқарыдағы рус аскерлерининг жаунгерлиги, уқыплылығы ҳаққындағы пкирлер Н. Каразин тарепинен халқ арасындағы ангимелер спатында келтирилген мағлуматтағы пкирлерменен сайкес келеди.

Ушиншиси, Бердақтынг «Ахмақ патша» романынынг дореу жағдайы. Бул шғарма—созь етилген даурдеги енг улкен шғарма болды. Озининг тиккелей арналуы бойынша Хиуа ханларынынг деспотлық иплаexistsлықларын, оған болған халқтынг кушли наразылығын суретлеуге арналған бул шғарма шаир тарепинен қарақалпақ жери Россия қол астына откен кеинги жылларда ҳамь қарақалпақ жерининг Россияға қараған территориясында жазылды. Қарақалпақ тарихын ҳамь Бердақ творчествосын изертлеуши тарихшылар менен адебиятшылар: Бердақ шаирдынг «Ахмақ патша» сияқлы колемли ҳамь идеялық жақтан оғада откир болған шғарманы жазуында қарақалпақ жерининг Россияға қосылу фактининг шешуши аҳмиетке ие болғанлығын, усы улкен тарихи ҳадисе натижесинде ғана шаирдынг деспот ханды айрықша кушпенен

---

[1] «Вестник Европы», журнал истории—политики — литературы, том II, март, 1875 г. Санкт Петербург, 215—216 бетлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ашкаралайтуғын усы шғарманы жаза алуға мумкиншилик алғанлығын кута дурыс корсетеди. Албетте, бул патша администрациясы Бердаққа ханларды ашкаралайтуғын шғармалар жазуға рухсат берди деген созь емес. Маселе мнада: Шаир оны узликсиз қудалап журген деспот ханнынг тиккелей қол астынан Россия пухарасы спатында озин бирқанша еркин сезип, ханға болған барлық ғазебин ҳамь ханнынг ипласлығын ашкаралауға арналған барлық созин айқын етип сыртқа шғара алды.

Тортиншиден, откендеги гейпара реакцион бағыттағы Қоразбек Разбек улы, молла Сейдабулла сияқлы шаирлардынг шғармаларында русларға қарсы дини—реакциялық мотивлер айқын турде баян етилгенде,[1] бундай козқараслардынг Кунхожа, Ажиниз, Бердақлар сияқлы бир—де классик шаирда гезлеспеуи-де улкен кеул аударарлық факт болып есапланады. Бул жағдай созсиз классик — шаирлардынг бул тарихи ҳадисеге унамлы қатнаста болғанлығын корсетип турады.

Бесиншиден, қазақ ҳамь озбек адебиятшыларында кута жии айтылатуғын рус адебияты шғармаларынынг Орта Азия халқлары арасында олардынг қара созьбенен баян етилген сюжетлик мазмуны туринде кенг таралуы ҳаққындағы пкирлери, бзингше, қарақалпақ турмысы ушында толық мумкин жағдай болып есапланады. Шнында-да шғыстынг коп ғана улкен шғармаларынынг ертек туринде таралуы сияқлы рус адебияты шғармаларынынг-да усы жолменен қарақалпақ арасына келуи толық мумкин нарсе. Қазақ халқынынг «Қыз Жпек», «Қозы Корпеш Баян сулу» сияқлы фольклорлық шғармаларыменен бирге, откен асирде-ақ қазақ ақынлары тарепинен озлеринше бирнеше вариантлары жасалған Пушкиннинг «Евгений Онегини»[2] келуи-де мумкин.

Енг жумағында бул маселе туралы басқа адебиятшылар сияқлы бзинг-де айтатуғынымыз мнау: қарақалпақ жерининг Россияға қосылуы қарақалпақ халқынынг барлық омирине болғаны сияқлы адебиятынада, созсиз прогрессив тасир етти. Конкрет фактларда буны ашу қарақалпақ адебият илимининг турақлы уазипаларынан бреуи болуға тиисли.

---

[1] Сборник каракалпакских дореволюционных поэтов записанных К. Аймбетовым в 1934 г., рукопись, фонд ККНИИ.

[2] Е. Исмаилов, «Ақындар», 1957. Алма-ата.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарақалпақ жерининг Россияға қосылуынынг екинши тарепин-де естен шығаруға болмайтуғынлығы тусиникли нарсе.

Бул прогрессивлик аҳмиетке ие болған жангалықлардынг ҳешбрин-де Россия патшасы ҳамь онынг ел басқару администрациясы минеткеш халқтынг турмыс ауҳалын жақсарту мақсетинде ислеген жоқ. Буларды ислегенде олар патшалық колониялық тартиплерди орнату, бағындырылып алған елде озь устемлигин беккемлеу, халқты аяусыз эксплуатациялап, патшалық ғазинени ҳамь устем класстынг қалтасын толтыру мақсетин ғана козде тутты. Адам шдамаслық ауыр эксплуатация бурынғыша дауам етип қала берди, халқ массасынынг турмысы барған сайын ауырласты. Патша администрациясы халқты наданлықта, қаранггылықта, дини фанатизмде услау сиясатын тикарғы сиясат спатында дауам еткизди. Бурынғы ел ишиндеги амелдарлардынг, байлардынг, дин иелерининг устине халқ мойнына мусаллат болып патша чиновниклери, коп санлы саудагерлер қосылды.

Октябрь революциясына шекем патша Россиясы халқлардынг тюрьмасы, патша ҳамь онынг администрациясы менен законлары минеткеш халқтынг душпаны жане туншықтурушысы болды.

Қарақалпақ жери Россия патшалығы қоластында болған дауирде-де Хиуа ханлығы тусындағыдай барлық жер, су эксплуататор класслардынг қолында болды, жерсизлик, законсызлық азабын шегу, ашлық—аптадалық, озь кушин арзанға сату—бурынғыша қарақалпақ жарлыларынынг турмысындағы адетке айналған ислер спатында дауам етти.

Сонынг менен бирге Россия самодержавиеси ози басып алған еллерде, сонынг ишинде қарақалпақлар арасында поплық, буржуазиялық маданиятты таратуға ҳарекет еткенлиги, солай етип усы маданиятты белгили муғдарда таратқанлығы-да факт.

Албетте, бул жағдайлар, халқ арасында рус адебияты шығармаларынынг тарауына-да, сондай-ақ патшалықтынг узақ тупкирлеринде жасаған, сияси—жамиетлик коз қарaслары жетилиспенен қарақалпақ шаирларынынг Россияға қосылу ҳадисесининг прогрессив ролин теренг тусинуине-де улкен тосқынлық жасады.

Улума алғанда рус маданиятынынг қарақалпақ арасы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

на кенг таралуы Уллы Октябрь революциясынан кейин ғана иске асты.

«Созь шебери—Толстой,—деп жазған еди В. И. Ленин, —ҳаттеки Россиянынг озинде оғада азшылыққа белгили. Онынг уллы шығармаларын ҳақиқат ҳамменинг қолы жетерлик ету ушын миллионлағанларды ҳамь он миллионлағанларды қарангғылыққа, жудеушиликке, каторгалық минетке гриптар еткен жамиетлик стройға қарсы гурес ҳамь тағы-да гурес, социалистлик аударыспақ керек.[1]

Рус маданиятынынг откен асирде қарақалпақ арасына қалай таралғанлығын анықлауда В. И. Лениннинг бул сози басшы документ болып хызмет етеди.

---

[1] В. И. Ленин, Сочинения том 16, стр. 293.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 6. ҚУНХОЖА ТВОРЧЕСТВОСЫНЫНГ ИДЕЯЛЫҚ ХАРАКТЕРИСТИКАСЫ

Қарақалпақ классик поэзиясы халқлық —демократиялық идеяларменен суғарылған реалистлик адебият болды. Қарақалпақ классик шаирлары озь дауирлерининг алдынгғы қатардағы адамлары, озь халқынынг суйикли перзентлери спатында озлерининг жекке маплеринен халқ мапин жоқары қоя отырып, озь шғармаларыменен минеткешлер массасынынг тарепинде турып, зулымлыққа қарсы гурести, олардынг шғармаларында демократиялық бағыт откир ҳамь басым болды. Буларға ерису ушын олар озь дауирлерининг енг алдынгғы идеяларыменен, халқтынг сол дауир ушын тань болған сезимлери, кейплери ҳамь енг ҳасыл тлеклерименен жасады, дауирдинг характерли шынлықлары болған халқтынг ауыр турмысын, ел басқарушы устем топарлардынг зулымлығын, оларға деген халқ наразылығын ашып берди.

Қарақалпақ классик шаирлары творчествосынынг бул характери, олар ашқан турмыс картиналары, олар жасаған унамлы, унамсыз образлар дауирдинг характерин ашып бере алушылықларыменен реалистлик искусствонынг адебият илиминде қалиплесип кеткен шартлерине толық сайкес келеди.

«Реализм не?—деп сорау қояды Горький ҳамь ози жуап береди:—қысқаша айтқанла шынлықтынг объектив суретленуи болып, бунынг ози турмыс ҳадиселерининг, адам қатнасларынынг ҳамь қасиетлерининг араласпасынынг ишинен енг бир жалпы аҳмиетлисин сайлап алады ҳамь солардан турмыстынг картинасын, адамлардынг типлерин доретеди».[1]

---

[1] М. Горький, «История русской литературы», Москва, 1939 г.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Биз қарақалпақ классик шаирларының шығармаларын бир тутас адеби процесс етип алдымызға қойып қарасақ, онда дауир шынлығының объектив суретленуи ҳамь енг аҳмиетли, енг характерли фактларды сайлап алып жасалынған турмыс картинасы менен адам типлерин коремиз.

Ҳақиқаттан-да козге айқын тасланып турған усы спатларына қарай қарақалпақ классик поэзиясына арналған тикарғы минетлерде ол реалистлик адебият спатында характерленеди.[1]

Брақ гейде қарақалпақ классик поэзиясын реалистлик адебият спатында характерлеуге айрым жолдаслар салмақлы далилсиз, ҳаттеки ҳешқандай далилсиз—ақ екиленип қарайды.

Қарақалпақ классик поэзиясында поэзиядан басқа жанрлардың, асиресе турмысты барлық теренглиги ҳамь тутаслығыменен кенг суретлеп беретуғын проза жанрының болмауынан ҳарбир адеби шығарма, ҳарбир шаирдынг творчествосы арқалы кирген тажрибе ҳамь усылларды жамлеп, қосып рауажландырып баратуғын баспасоздинг, ктап басып шғару исининг болмауынан, сондай-ақ қарақалпақ турмысының революцияға шекемги экономикалық жақтан ҳамь мадени жақтан артта қалушылығына байланыслыда реализмнинг барлық шартлерименен толық жетилиспей қалуы-да мумкин.

Брақ бул қарақалпақ классик поэзиясындағы реализмди ҳешқандай-да бикарламайды. Онынг устине адебият илими реализм жержузилик адебиятта улума бирликке ие болуменен бирге, ҳарбир халқтынг адебиятында онынг дорелу даури ҳамь объектине қарай ҳартурли корминиске, озгешеликлерге ие болады деп қарайды.

Л. Н. Толстойдынг немец жазушысы Октав Мирбоға жазған бир хатындағы «...улумалық идеалды искусствода баян ету ушын ҳарбир халқ ҳартурли приемлар қолланады...»[2] деген созлери-де бзингше, белгили дарежеде усындай жағдайларды козде тутады.

---

[1] Н. Дауқараев, «Очерки истории дореволюционной каракалпакской литературы», из-то АН УзССР, 1959; И. Сагитов, «Бердақтынг творчествосы», ҚҚМБ, 1958—жыл, «Каракалпакская классическая литература», мақала, газета «Правда Востока» газетасы 23—сентябрь, 1956 г. № 225 (9981), И. Юсупов, «Қарақалпақ поэзиясынынг антологиясы», рецензия, «Қзыл Қарақалпақстан», газетасы, 15 январь, 1957 жыл, № 11 (7010); С. Ахметов, Б. Исмаилов, «Қарақалпақ адебияты», IX класслар ушын сабақлық, ҚҚМБ—1958—жыл.

[2] Л. Н. Толстой, «О литературе», стр. 569.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сондай-ақ қарақалпақ классик поэзиясының атынан көринип турғанындай-ақ поэзиядан ибарат болуы-да онда реализмниң болу мумкиншилигин бикарлай алмайды.

Адетте «жаңгалыққа бурылыс баринен-де бурын турмыстың рауажлануменен алға қойылған сияси—жамиетлик темаларға көбирек сезгир қатнаста болатуғын лирикалық поэзияда табылады»[1]. Реализм-де адебияттағы жаңгалыққа улкен бурылыс. Сонлықтан XIX асир қарақалпақ турмысында котерилген аҳмиетли сияси—жамиетлик маселелерди реаль саулелендирген қарақалпақ классик поэзиясында реализмниң адеби метод спатында қалиплесуи толық мумкин нарсе еди.

«Қарақалпақ адебиятына реализм қайдан келеди?» деген сорауды қойып, бул сорауға толық адрес, анкета толтырып жуап берилмесе, реализмниң болғанлығына гуманланып қараушы жолдаслар-да бар. Бзинше, маселеге бундай қатнас жасау-да қате.

Рус адебиятында реализмниң қалиплесу тарихын ҳамь дереклерин арнаулы изертлеген белгили адебиятшы Н. А. Соколовтың жумақларынан еки узинди келтирейик:

«Реализм рус адебиятына алле бир жақлардан сырттан ямаса аллеқандай бир қаптал жолдан келген жоқ, ол рус адеби процессиниң барысында ҳамь оның устине сол процесстиң алдыңғы табысларының натижеси болып қалиплести»...[2]

«Рус шынлығының рауажлануыменен тғыз байланыслы болған Пушкин реализми откендеги коркемлик адеби традициялар тикарында қалиплести».[3]

Қарақалпақ классик поэзиясындағы, оның корнекли уакиллери Жиен жрау, Кунхожа, Ажинияз, Бердақ ҳамь басқалардың творчествосындағы реалистлик бағдардың қалиплесуиниң-де улума жолы мне усындай.

Ҳарбир халқтың адебиятында болатуғын аҳмиетли ҳадиселер, соның ишинде реалистлик бағдар, демократиялық мотив сияқлы еӊ баслы прогрессив моментлер-де бринши гезекте сол халқтың озь турмысының шешуши тасирименен жузеге келеди, ал, сырттан болатуғын тасир, ол тасирдиң қандай характерде болуына қарай сол прогрессив моментлердиң тек рауажлануына себепши болады яки иркиниш жасайды. Уллы критик В. Г. Белинский-

[1] Н. А. Соколов. «От романтизма к реализму» стр. 7.
[2] Н. А. Соколов. «От романтизма к реализму», стр. 100
[3] Бул-да сонда, стр. 99.



www.ziyouz.com kutubxonasi

динг: «...Ҳаттеки бир халқтынг прогресси, басқа бир халқтан озлестиру арқалы жузеге келгенде-де, ол тағы-да миллетлик болады, онысыз прогресс жоқ»[1] деген созининг-де бир маниси усында.

Қарақалпақ классик поэзиясына реалистлик ҳамь демократиялық, кескин класслық бағдарды киргизуде ҳамь беккем орналастыруда XIX асир қарақалпақ адебиятынынг енг даслепки уакили Кунхожа творчествосынынг аҳмиети оғада улкен. Ол бриншы гезекте қарақалпақ халқынынг турмысында барған сайын кескинлесипатырған реаль класслық, социаллық жағдайлардынг, халқ массасында ояныпп, осип атырған реаль массалық протест ҳамь гурес сезимлерининг, аҳмиетли тарихи уақиялардынг тасирименен, аузеки халқ творчествосындағы, қарақалпақ халқы арасында таралған қонгсы халқлар адебиятындағы демократиялық мотивлерди жане демократиялық традицияларды озлестирип ҳамь рауажландыра отырып, озь шғармаларында XIX асирдеги қарақалпақ турмысын тарихи шынлыққа садық ҳамь сайкес турде дурыс суретлеп беретуғын шғармалар доретти. Шаирдынг шғармаларынынг мазмунын халқтынг ауыр турмысын, аш—аптадалық ҳуқуқсызлық жағдайын, езушилердинг зулымлық эксплуатациясын, ондирис қуралларына, жамиеттеги орынға, улума омир суруге болған праводағы бир—брине кескин қарама—қарсы класслық жикленуди ашатуғын конкрет уақиялар дузеди. Шаир суретлеген бул уақиялардынг барлығы XIX асирдинг типичный ҳамь характерли ҳадиселери.

Бул тарауда XVIII асир қарақалпақ шайыры, қарақалпақ жазба адебиятынынг ҳазирше бизге белгили бриншы уакили Жен жрау-да коп хызмет иследи.

Озь творчествосында Жиен жраудан, созсиз коп нарселерди уйренген Кунхожа қарақалпақ адебиятынынг темасын адеуир кенгейту арқалы оннан алға қарай тағы-да улкен бир адым таслады. Жиен жрау белгили «Посқан ел» поэмасында жаугершилик себебинен посып кошкен қарақалпақ халқынынг ауыр жол азабын, буған ҳеш жанлары ашымай, қайтама озь ишиндеги жарлысын, жетим-жесирин хорлауға ҳарекет еткен, халқты емес, мал дуньяны, жеке басынынг ғамын ғана ойлаған байларды, катқудаларды суретлеу арқалы, «Хош болынг дослар»

---

[1] В. Г. Белинский. Сочинения в трех томах, том 3. стр. 663.



www.ziyouz.com kutubxonasi

толғауында халқ созин айтқанлығы ушын озь басына тускен қуғынды суретлеу арқалы устем класс адамларынынг адилсизлик, парахорлық, напсиқаулық, топаслық ҳамь бифамлық сияқлы унамсыз белгилерин ашқан болса, Кунхожа бул мотивлерди жанга тарихи жағдайға байланыслы тағы-да кушейтти, конкретлестирди. Ол қарақалпақ жарлыларынынг—шопанлардынг, кунликшилердинг, жерсизмалсыз камбағал диқанлардынг аур турмысы менен сезимлерин, сонынгменен бирге жақсы адамгершилик белгилерин, турмыслық тлеклери менен идеалларын, турмыстағы айқын класслық, социаллық жикленуди, байлардынг, уру басы феодаллардынг паразитлик омирин, Хиуа ханлары менен ханлық тартиплердинг зулымлық, жауызлық характерин арнаулы турде, конкрет турмыс уақиялары менен конкрет адамлар арқалы суретлеуди адебиятқа алып кирди. Жиен жрау жалпы теманынг ишинде суретлеген коп ғана социаллық, класслық мотивлерди Кунхожа арнаулы темалар дарежесине котерип, онынг устине конкретлестирип ҳамь откирлестирип баян етти.

Кунхожа реализмнинг илими анықламаларын ҳамь қағидаларын билмегенменен, ол ҳаққында ози теориялық тикарлар айтпағанымменен, арнаулы илими—эстетикалық козқарасларға ие болмаған менен, турмыс шынлығын жазуды—шаирдынг уазипасы деп уғынды, усы тусинигине озь творчествосында амел ету арқалы, озине заманлас даурдынг сыр—спатын ашып берстуғын енг характерли турмыс ҳадиселерин тарихи ҳақиқатқа садық турде суретлеу арқалы реализмге келди.

Кунхожа озь шығармаларыменен массанынг тарепдары, экоплуататорларды ашкаралаушы, халқтынг оптимистлик кейиплерименен озине заманлас тартиплерге, ханлық властьқа болған баҳасын баян етуши болды. Биз Кунхожанынг шығармаларын оқыр екенбиз, езилген халқ массасынынг оны барлық журегименен суйетуғын жыршысынынг ҳауазын еситемиз.

Кунхожадағы туылған елге болған муҳаббат езилгенлерге болған муҳаббатпенен байланыслы. Шаирдынг қосықларын туылған елге болған жалынлы муҳаббат, онынг ауыр тағдирин қабырғасы қайысып қайғыру, онынг жақсы келешегин ынтық болып куту характерлеп турады.

Қулласы, шаирдынг бизге қалдырған адеби мирасы оны реалистлик ҳамь демократиялық адебияттынг улкен уакили спатында таныттып турады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кунхожанынг адеби мирасы лирикалық қосықлардан ғана ибарат. Олардан ҳазир бзинг қолымызда бары, улума колеми, 3000 қатарға жақын жетпистен аслам қосық.

Кунхожа қалдырған адеби мираслардынг бул муғдары онынг творчестволық омирименен салыстырғанда-да, шаирлық дангқыменен салыстырғанда-да кута аз. Сонлықтан биз Кунхожанынг адеби мирасы бизге толық келип жетпеген деп есаплаймыз.

Албетте, анау я мнау адеби искердинг тарихи ролин белгилеуде онынг шығармаларынынг саны шешуши критерия емес; Кунхожанынг бзинг қолымызда ҳазир бар мирасынынг ози оны жоқарыда биз характерлеген шаир сипатында танытады.

Брақ-та шаирдынг қолда бар шығармаларында, сондайақ шаир ҳаққындағы биографиялық материалларда гезлесетуғын, адебиятшыларымыздынг бурынғы уақларда жазған мақалаларында, сонгғы жыллардағы адеби экспедициялардынг материалларында ушырасатуғын гейпара мағлуматлар Кунхожанынг ҳазирги бзинг қолымызда бар шығармалары бойынша онынг адеби мирасынынг толық емеслигин корсетип турады.

Бул мағлуматлардынг гейпараларын келтиреик:

Шаирдынг «Кел-кел хожа озинге кел...», «Бишара кеулим қыл талап», «Айдосби кешти алемнен», «Аллияр тақсыр ханымыз»... деп басланатуғын қосықлары сияқлы бирқанша шығармалары бзинг қолымызда тек узиндилер туринде ғана бар, ҳаттеки гейпара узиндилердинг колеми бир, еки куплет ғана, узиндилердинг мазмуны бул қосықлардынг тутас текстиннинг адеур узақ болғанлығынан дерек берип турады. Ал шаирдынг қазақ ақыны Шерниязбенен айтысынынг, Хиуа ханынынг он еки мушесине шығарған қосығынынг, басқа-да бирқанша қосықларынынг тек айрым излери ғана бар.

Шаирдынг озь қосықлары ҳамь заманласларынынг қосықлары беретуғын мағлуматлар бойынша Кунхожанынг шаирлығы кута жас уақытларынан-ақ басланған. Брақ, усы даслепки жылларынынг қосықлары бзинг қолымызда кута аз. Кунхожа томенги қарақалпақлар арасында ғана емес, Сырдарья бойындағы қарақалпақлар арасында-да кенг белгили болған.

Бул туралы 1959—жлы Озбекстан территориясында жасайтуғын қарақалпақлар («жоқарғы қарақалпақлар»)



www.ziyouz.com kutubxonasi

арасында откерилген илими экспедицияның қатнасушылары А. Пахратдинов, С. Абдуллаевлар, Мамасабыр Қошқаров (экспедиция материаллары бойынша қарақалпақтынг мангғыт уруынан, Андижан областынынг Москва районынынг Найман аулсоветиндеги Сталин атындағы колхозда турады—И. Б.) деген кси берген томендеги мағлуматты келтиреди: «Биз... Кунхожанынг атын еситтик. Кунхожа деген адам кута атақлы, озбеклердинг Науайылардай адам болса керек, жуда атақлы шаир болған. Мен кишкене бала уақтымда Кунхожанынг атын жуда коп еситтим. Ол адам Жидели Байсын жақтағы қарақалпақлардынг арасында откен шаир, ол бзинг жақтынг шайыры емес... Кунхожа жуда ақыллы адам болған, суырып салма шаир болған... Кунхожанынг қосықлары бул жақтағы қарақалпақлардынг арасына жуда коп таралған. Жақын кунге шекем усы жерде. Байназар деген кси Кунхожанынг қосығын мнадай деп айтатуғын еди:

Кунхожанынг найзасы буын—буы"
Шимгентке барып тикти туын,

деп. Бул қосық коп еди, ҳазир ядымнан шығып отыр».[1]

Кунхожанынг қонгсы қазақ, туркмен халқларынынг арасында болған дауирлеринде жазылған шығармалары-да бзинг қолымызда тутасыменен жоқ дерлик.

Кунхожанынг шаирлық еткен жылларында қарақалпақ халқынынг озь азатлығы ҳамь ғарезсизлиги ушын Хиуа ханларына қарсы бирқанша котерилислери болды. Сол дауирдинг енг устаз шаирларынан бреуи спатында Кунхожанынг бул котерилислер туралы пкир айтпай қалуы ҳеш мумкин емес еди. Ҳақиқатында-да шаир бул ҳадиселерге битарeп қарап қалмаған. Откен темаларда айтылғанындай-ақ шаирдынг «Айдосби кешти алемнен», «Хожам саған не болды?...» сияқлы қосықлары, ханға сатылған озь ағасы Айдосбиге-де қарсы болған халқ батырлары Бегис пенен Мыржықтынг олимине жоқлау шығаруы буны айқын корсетип турады.

---

[1] ҚҚКИИ фонды, 1959-жыл, март—май, айларындағы Андижан Наманган, Самарқанд ҳамь Бухара областьларындағы әдеби экспедиция материаллары, А. Пахратдиновтынг дала жазуы, 7 — бет; С. Абдуллаевтынг дала жазуы, 5—6—бетлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Улума алғанда халқ жрын жырлаған, Хиуа ханлары менен олардынг тартиплерин ошпенли турде жек корген Кунхожа халқ гуресине, халқ иси ушын гуресkенлерге муҳаббатпенен қарап, халқ исининг сатқынларына теренг ғазеппенен қараған.

Белгили қарақалпақ совет драматурги Ж. Аймурзаевтынг «Бердақ» пьесасындағы Кунхожаға котерилиске тлеклес ҳамь ақылгой спатында берилген образ,[1] бзингше тарихи ҳақиқатқа, бул котерилислерге Кунхожанынг қатнасы туралы халқ ядында сақланып қалған ҳақиқи естеликлерге толық сайкес келеди деп есаплаймыз.

Кунхожанынг бул созь етилип отырған котерилиске қатнасын дурыс белгилеуде Отеш шаирдынг атақлы «Бердаққа жуап» қосығынынг жазылу тарихы ҳаққындағы табылған ескерту кута улкен аҳмиетке ие. Буннан жгирма-жгирма бес жыллар бурын С. Мауленов ҳамь Ш. Хожаниязовлар тарепинен жазып алыныш, брақ адебият илимимизде бурын кеул болинбей келген бул ескертуде томендегише мағлумат берилген:

«Бул қосық Матеке ишан дегеннинг мешитинен тауып алынды. Кунхожа қартайған уақытта бул қосықты Бердаққа қарсы жаз деп Отешке тапсырған усайды».[2]

«Бердаққа жуап» қосығында 1855—1856—жылғы котерилистинг басшысы Ерназар алакоздинг халқ батыры спатындағы характеристикасы, Айдосбидинг ҳамь Қарақум ишаннынг сатқынлық ҳарекетлери, халқтынг миллибирлик сезими дурыс ҳамь кута откир турде суретленген; қосық авторы Отеш шаир менен қосықты жазуға тапсырма берген устаз шаир Кунхожанынг бир пкирлес болатуғыны табиғи нарсе деп қарасақ, Отеш шаирдынг бул қосығында баян етилген пкирлер, созсиз, Кунхожанынг-да козқарасларын баян етеди. Бзингше, Кунхожа басқа шаирларға устаз спатында тапсырма, ақыл беруменен бирге, бул темада ози—де бирқанша шғармалар жазған болуға тиисли.

Тлекке қарсы шаирдынг бул темада созсиз жазғанлығы мумкин болған шғармалары-да бзинг қолымызда жоқ. Солай етип биз шаирдынг коплеген мираслары бизге келип жетпеген деп есаплаймыз.

---

[1] «Амударья» журналы, № 2, 1956—жыл, 24—61—бет.
[2] ҚҚКИИ-нынг фонды, қолжазба, У—32, 52—бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Устем езуши топарлар, руханилар тарепинен халқ талантларына олардынг три уақтындағы жасалған қсым олгеннен кейн-де дауам етти. Олардынг ҳасыл шғармаларынынг браз ғана болегининг бизге келип жетпеуине бул жағдай улкен. себепши болды.

Белгисиз себеплерменен Кунхожанынг революциядан кейн, атап айтқанда 30-ншы жыллардынг орталығында жиналған браз қосықларынынг-да жойылып кету фактлары бар.

Мсалы, қарақалпақ совет адебиятшылары Қ. Аимбетов ҳамь О. Кожуров жолдаслардынг 1939 — 1940-жылларда жазған мақалаларында: «Кунхожа... шғыстынг уллы шайыры Науайы, Фирдауси шғармаларыменен таныс болған. Бул онынг қосықларында Науайынынг, Фердаусидинг геройын келтируменен коринеди»[1]—деген қатарларды оқимыз. Брақ, Кунхожанынг бзинг қолымызда бар ҳешбир косығында Науайы, Фердауси шғармаларынынг геройлары ушыраспайды. Ал, Қ. Аимбетов ҳамь О. Кожуров жолдаслардынг усы мақалаларында атын атаған «Малым барда» қосығын[2] бизге ҳақиқатында-да сол уақыттағы қолжазбалардан он сегиз жылдан кейн табу мумкин болды. Бул қосықты биз 1958-жлы жоқарыда корсетилгендей-ақ Қазақстан Илимлер Академиясы орайлық илими библиотекасынынг фондындағы қолжазбалардан таптық. Тағы-да бир мартебе ескертетуғынымыз, —Кунхожанынг, Омардынг, Бегжан шаир дегеннинг, Сарыбайдынг, Аннақулдынг браз қосықлары бар бул қолжазбалар улкен бир қолжазбанынг қырқ—елуден бир болегин ғана дузеди. Қолжазбанынг тикарғы болегин ҳешбир илими библиотекадан таба алмадық. Усы жерге қоса кететуғын тағы бир нарсе—қарақалпақ адебиятшыларынынг Уллы Уатандарлық урыстан бурынғы мақалаларында қарақалпақ классик шаирларынынг шғармалары бар қолжазба спатында № 217 қолжазбанынг аты жии аталады. Тлекке қарсы бул қолжазба-да ҳазир ҳешбир библиотекада жоқ. Бул жағдайлар Қазақстан Илимлер Академиясынынг библиотекасындағы узинди қол жазба-

---

[1] **Қ. Аимбетов, О. Кожуров** «Қарақалпақ адебиятынынг турлери», «Қарақалпақстан адебияты ҳамь искусствосы» журналы, № 2, 1940—53—бет.

[2] Бул-да сонда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

лар усы № 217-нши қолжазбаның болеги емес-пе екен деген законлы шамалауды тудырады.

Бул фактларды келтиргендеги бзинг мақсетимиз Кунхожаның адеби мирасының болғаны усы деп, ҳаттеки табылып болғаны усы деп жумақ шғаруға асығудың орынсыз екенлигин ескерту.

Кунхожа творчествосына идеялық характеристика беруде «Жаз келер-ме?», «Керек маған?», «Тойда», «Козим», сияқлы қосықларының аҳмиети оғада улкен. Сырттан қарағанда озининг козден қалғанлығын ғана суретлегендей болып коринетуғын «Козим» қосығы теренг социаллық мазмунға-да ие. Қосықтағы:

> «Аға беглер қайғы—ҳасирет заманда,
> Қалай кун корермен досларым озим..,
> Уай ағалар бул не заман гаплетдур,
> Адамзатқа жаман қайғы гулпетдур,
> Ахыр менинг солдырмағай жузимди,
> Заман зардабынан кормейди козим..»[1]

деген қатарлар тек козден қалу сияқлы физикалық жағдайды ғана емес, ал заман ксуметинен налыну сияқлы рухи жағдайларды-да баян етсе, ал:

> «...Мендей болып бирнешшелер отер-ме,
> Ашылып жақты боп корер-ме козим?»[2]

деген қатарлар шаирдың заман қсуметинен налынғанда тек озь басының ғана емес, озиндей басқалардың-да қайғысын баян еткенлигин айқын корсетип турады.

«Тойда» қосығында социаллық тенгсизликтинг барлық турмыста болғаны сияқлы, халқтынг дастурь—салтында, мереке жиынларында-да орын алғанлығы ашылады. Бул конкрет бир уақия—Кулман деген байдың тойын, ондағы бай, атқа мнерлерге сый тамақ тартылып, жарлыларға ҳешқашан той асы болып кормеген жарма менен бламық тартылғанлығын, онынг да жетпей қалғанлығын суретлеу арқалы бериледи.

«Керек маған» қосығында шаирдың турмыслық идеал-

---

[1] Рукопись С—23, фонд ККҚНИИ, стр. 6.
[2] Бул-да сонда, 7—бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

лары — душпанға қарсы тайынбай гурескен марть жгитлер, ғайратлы адамлар, арлы—намыслы, миирбан, адил ерлер, пақырға саясын салып, ақсақ майып, соқырға қолын берген қайырхом адамлар, елдинг мапин ойлаған ҳамь ел хызметине тақ турған ғамхорлар, жақты дунья ҳаққындағы арьманлары баян етиледи.

Қарақалпақ жарлыларынынг илажсызлық, ауыр турмысын, машақатлы, қайғылы омирин, рухи азаплануларын баян ететуғын «Жаз келер-ме?» қосығы-да озининг тикарғы баян етежақ идеясы бойынша «Керек маған қосығына мазмунлас. Бул қосықта-да шаир халқтынг ауыр турмысын суретлей келип, усы жудеген елатқа жаз —яғни жақтылы кун келер-ме екен? деген халқ арьманын баян етеди.

Кунхожа творчествосынынг изертленуин созь еткенде ескерткенимиздей-ақ бул қосықлардынг Бердақтынг атына отип келгенлигине байланыслы бул қосықларменен ктап оқушылардынг Бердақ творчествосына арналған минетлер арқалы таныслығын есапқа алып ол қосықларға қысқа ҳамь улума ғана тоқтадық.

Кунхожанынг адеби мирасларынынг усындай ҳарқилы себеплерменен бзинг қолымызда еле толық емеслиги онынг творчествосынынг идеялық характеристикасын толық турде беру исин-де белгили дарежеде қиынластыратуғыны турған созь.

Брақта-шаирдынг ҳазирги бзинг қолымызда бар адеби мирасларынынг ози-ақ онынг реалист созь шебери, улкен демократ ҳамь патриот спатындағы қарақалпақ халқынынг жамиетлик тарихындағы алатуғын ҳурметли орнын белгилеуге толық жеткиликли.

...«Искусствода халқтынг турмысын ямаса онынг қандай болмасын бир тарепин баян еткен ҳарбир адам, ҳарбир сондай адам улкен ҳадисе болып есапланады. Ойткени, ол озь омирименен миллионлардынг омирин баян етеди»—деп жазған еди А. С. Пушкин озининг уллы мсалшы Крылов туралы жазған бир мақаласында.

Кунхожанынг адеби мираслары оны озине заманлас халқ турмысынынг барлық тареплерин халқ позициясында, заманнынг енг прогрессив ҳамь демократиялық идеялары позициясында турып баян еткен улкен шаир, демек қарақалпақ тарихында улкен ҳадисе спатында характерлеп турады.

Кунхожанынг барлық қосықлары теренг социаллық



www.ziyouz.com kutubxonasi

мазмунға не, онынг ҳарбир қосығында заманнынг енг характерли жамиетлик мотивлери котериледи. шаир озь творчествосына тикарғы белгилеуши тема болған социаллық тенгсизликти, жарлылардынг ҳуқуқсызлық, аш—аптадалық, омирдинг барлық лаззетлеринен жудалық жағдайын, олардынг басына тускен сансыз турмыс таршылықлары менен рухи азапларды, байлардынг, устем топар адамларынынг минетсиз ҳамь қайғысыз паразитлик омирин, мал дуньянынг жамиетте тутқан барлық нарсени белгилеушилик ҳамь барлық нарсени басқарушылық ролин ашып беру ушын озине заманлас турмыстынг ҳартурли тареплерин алып суретлейди. Шаир бул темаларды коп ғана қосықларында арнаулы-да созь етеди, ал, шаирдынг басқа темаға арнап жазған қосықларында-да бул тикарғы темалар албетте орын алып барады, шаир не туралы айтпасын, мейли ол озининг жеке қайғысын суретлесин, мейли кунделикли турмыстынг конкрет бир ҳадиселерин хабарласын, озининг омири, корген—билгенлери туралы айтсын, дидактикалық характердеги қосықлары болсын, барлығында социаллық тенгсизлик, минеткеш халқтынг ауыр турмысы, езушилерге наразылық ҳамь жеккорушилик маселелери шаирдынг дыққат орайында турады.

Бул жағдай Кунхожа творчествосынынг идеялық мазмунында жамиетлик мотивтинг енг жетекши ҳамь шаирдынг творчествосын характерлеуши мотив болғанлығын айқын корсетеди.

Енди биз, Кунхожаны реалист, демократ, патриот шаир ҳамь озь дауринннг прогрессив адамы спатында таныйтатуғын, онынг творчествосынынг идеялық мазмунын дузетуғын енг тикарғы, енг характерли маселелерге тоқтайық. Булар: Кунхожанынг шығармаларында заман шынлығы, Кунхожанынг шығармаларында жарлыларға козқарас ҳамь эксплуататорлардынг ашкаралануы, Кунхожанынг творчествосында ел—халқ темасы, Кунхожанынг социаллық идеаллары, Кунхожанынг козқарасындағы гейпара қарама-қарсылықлар сияқлы маселелер болып есапланады.

Албетте, Кунхожа творчествосынынг идеялық характеристикасы тек булармeнен шекленбейди. Бул саналып отилгенлер шаир шығармаларынынг тикарғы мотивлери ғана. Бул мотивлер озь-ара бир—бримeнен тығыз байланыслы болғаны сияқлы шаирдынг қосықларында аралас турде баян етиледи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

**Кунхожа шығармаларында заман шынлығы**

Кунхожаның шығармалары, оны, енг алдыменен, жасаған заманындағы барлық характерли ҳадиселерди озь заманынынг алдынгғы қатарлы ақылдар адамы, ҳарбир жамиетлик ҳадисени, турмыстағы уақияларды копшилик халқ массасынынг козименен корип ҳамь бурмаламастан суретлеген улкен реалист спатында таныпып турады.

Кунхожанынг қосықларында ози омир сурген XIX асир қарақалпақ турмысы ушын характерли болған барлық турмыс картиналары, барлық аҳмиетли уақиялар, халқтынг барлық кун корис касиплери—диқаншылық-та шаруашылық-та, балықшылық-та, бул касиплердинг барлық қиыншылықлары менен азаплары-да орын алған. Шаирдынг қосықларында қарақалпақ халқынынг басына феодаллық ханлар менен олар жургизген тартиплерден баслап ҳартурли табият стихиялары салған ауыр жағдайлар картинасы коринип турады.

Албетте, шаирдынг реалистлиги, барлық тарихи уақияларды, озь асиринде нелер болған болса, олардынг барлығын халқтынг кун—корис касиплерининг барлық турлерин, халқтынг нелерменен шуғылланғанын, нелерди ислегенлигин қалдырмай корсеткенлигинде ғана емес; шаир тек бунынгменен шекленсе, онынг хызмети улкен реалист дарежесине котерилмей, тек заманлас турмысты қалдырмай бақлағанлықтан ғана ибарат болар еди. Ал Кунхожа халқтынг диқаншылық, шаруашылық, балықшылық касиплерин суретлегенде, усы касиплерменен кун кеширген елдинг социаллық ауҳалын, бул касиплерменен шуғылланушылардынг қайсысынынг малды тауып, ғаллени ондирип, балықты аулағанлығын, қайсысынынг табылған малдан, онген ғалледен, ауланған балықтан раҳатленгенлигин, усыған байланыслы жамиетте тутатуғын орны бойынша турли— турли бул топарлардынг турмыс жағдайларын ашып корсетеди.

Озининг «Жайлауым» деген қосығында:

> «Бирнещени мақсетине жетирип,
> Бирнещени қайғы—қапа еттирип»[1]

деп жазған шаир озининг барлық қосықларында озь дауриндеги социаллық, класслық жикти—мақсетине жеткен

---

[1] Кунхожа, Танглаулы қосықлар топламы, 1949—жыл, 11—бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

байлар, улума устем топар адамлары менен қайғы-қапа, еткен жарлыларды болип алып суретлейди.

Бул откен асирдеги, улума революцияға шекемги қарақалпақ турмысынынг енг белгилеуши заман шынлығы еди. Ойткени, кескинлескен класслық жиклену—қарақалпақ халқынынг жамиетлик омирининг белгилеуши мангызы, сияси кориниси еди. Шаир мне усы коринисти уғына билди ҳамь озь творчествосынынг тикарғы объекти етти.

Қандай жазушыны яки шаирды алмайық, онынг озь шғармаларына объект етип нени алуы—усы объектти қалай баян етуименен қосылып онынг дунья козқарасынынг, творчествосынынг характерин, онынг кимнинг жыршысы екенлигин ҳарьтарепллеме белгилеп турады. Уллы рус критиклери Белинский, Чернышевский, Добролюбовларда адеби шғарманынг объекти етип жазушынынг нени танглап алуына онынг творчествосынынг бағдарын белгилеуши кута аҳмиетли корсеткиш спатында қараған. Шнында-да»... искусство объектин сайлаудынг ози-ақ онынг турмыслық мазмуны гражданды суық эстеттен, демократты реакционерден, гуманистти адамды жеккорушиден ажыратып турады».[1]

Кунхожанынг қосықларындағы жерсиз, малсыз жарлылардынг ауыр турмысын суретлеу—тарихи фактларменен анықланған XIX асир қарақалпақ турмысынынг сияси—экономикалық жағдайыменен дуп—дурыс келеди.

XIX асир қарақалпақ турмысынынг характерли коринислеринен бри—жер, су, ондирис қуралларынынг уру басы феодаллар, бай, молла, ишан, би—аталықлардынг қолында болуы десек, бул жағдайларды тастиқлайтуғын қатарлар онынг ҳарбир қосығында гезлеседи.

«Устинде шапаны терлери ағып,
Қанын сорып арқасына от жағып,
Ткен крип аяғынан қан ағып,
Етиксиз тогайда журген шопанлар»[2] —

деп шаруа байлар қолынан езилген шопанлардынг ауыр турмысын суретлейтуғын «Шопанлар» қосығында ашлық—аптадалықтан қаны қашып, кундиз—туни тынымсыз, жала-

---

[1] А. Караганов, «Чернышевский и Добролюбов о реализме» стр. 221.

[2] Кунхожа, Таңлаулы қосықлар топламы, 1949—жыл, 11—бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

шгаш—жалпы асқар қумлард ыаралаған, дуньяның барлық раҳатинен бос қалған, елсиз—кунсиз қула дузде жургенликтен кози тнып, қулағы сарсылған, қайғы—қапалық басқан, етлери қус туткендей тилким—тилким, тарыққан, бети тарғыл болып кеткен, арқасын бит жеп, таяқ тлип езилген, топыраққа былғанып, шанг жутып ыссыда-да, суықта-да тосексиз далада жатқан, коз жасларыменен Қзыл қумды сел еткен шопанлар турмысының аянышлы картинасын оғада шеберликпенен адамнынг коз алдына елеслеткен шаир, оларды бул азапқа кимлер салғанлығын, оларды бул азапқа ненинг душар еткенлигин, олардынг баққаны кимнинг малы екенлигинде ашып корсетеди:

> «...Қайысып баққаны байдынг қойлары,
> Бир ылаққа ушь жыл журген шопанлар...
> ...Қайнаған ыссыда қумларды басып,
> Аланглап козлери ақылдан сасып,
> Қойы жайылғанда арқасын қасып,
> Куни ушын журген ғарип шопанлар»

Бул узиндиде жарлы халқтынг жерсизлик, малсызлық салдарынан куни ушын байлардынг қойларын баққаны, мал иелери—тек байлар екенлиги анық коринип тур.

Улума шаирдынг қосықларында устем топар адамларынынг сансыз маллары менен жери, сань—салтанатлы, минетсиз омирлери ашып суретленуменен бирге, усыған қарама—қарсы жарлылардынг жупынылық жағдайы менен қуллық минетлери суретленеди. Онынг қосықларынынг ҳешбиринде жарлынынг жери ҳаққында-да, жайылып журген малы ҳаққында-да созь жоқ. Шаир сонша қосықларында жарлыдан тек озининг жалғыз ешкиси ҳаққында ғана созь етеди. Буны-да нағыз қарақалпақ жарлыларынынг бреуи болған шаир он бес жыл талап ислеп зорға ауыстырған. Шаирдынг қайсы қосығын оқысанг-да откендеги қарақалпақ халқынынг турмысы адам шдамаслық ауыр ҳамь қайғылы картиналарыменен коз алдынгда турады.

Турмыс шынлығын реаль суретлеген ҳарбир жазушынынг шғармасында Кунхожаға заманлас қарақалпақ турмысы усылай болып шғуға тиисли еди. Сонлықтан-да биз XIX асирдинг басқа улкен реалист шаирлары Бердақ Қарғабай улынынг, Отеш Алшынбай улынынг ҳамь басқаларынынг шғармаларында-да Кунхожа шғармаларына тань болған жағдайды коремиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ал, XIX асирдеги ҳамь XX асирдинг басындағы қарақалпақ реалистлик, демократиялық адебиятына қарамақарсы бағдардағы адебиятта басқаша жағдайды коремиз. Озининг даслепки творчествосыменен усындай бағдардағы адебияттыңг уакили болған Қазы Мауликтинг шығармаларын алып қарайық.

Қазы Мауликтинг шаир спатында қарақалпақ адебияты тарихында белгили орны-да болуға тиисли. Ол — «Ғаззели Чимбай», «Бир саугили ярсыз ол неге даркар», «Қызлар қосығы», «Қушайды», «Гунайым», «Перзент» дегенлер сияқлы бирнеше тарип характериндеги лирикалық қосықлардынг авторы. Сондай-ақ ол белгили «Ғарип ашық— Шаҳсанем» дастанын қарақалпақшаластырып, оған қосымталар қосып ислеп шыққан. Онынг қосықлары сыртқы сулулық, музыкалық жағынан шеберлигименен айрылады. Усы белгилерине қарай олар халқ арасында адеуир кенг таралған.

Қазы Мауликтинг қосықлары қалалы саудегерлик турмыстынг ишинде, солардынг дунья козқараслары, мапleри, қзығулары тикарында, ески сарай поэзиясынынг улгисименен дореген. Бул қосықларда социаллық маселелер ҳешқандай созь етилмейди, олар шетленип отиледи. Теренг социаллық мазмуннан айрылған ҳамь формалистлик усылда жазылған бул қосықлар феодаллық сарай поэзиясынынг қарақалпақ адебиятындағы улгиси спатында козге туседи.

Қазы Мауликтинг аты аталған қосықларында қарақалпақ реалист шаирларынынг шығармаларындағыдай озине заманлас халқ турмысынынг, социаллық тенгсизликтинг суретленуи дегеннен ҳешнарсе жоқ. Оларда тек жекке бастынг зауқы, кейп—сапасы ғана баян етиледи ҳамь олар «искусство искусство ушын» деп аталатуғын реакцион териянынг қарақалпақ адебиятындағы озиншелик бир кориниси спатында козге туседи.

Мсалы шаирдынг «Ғаззели Чимбай» қосығында, «откенлерге дуа айтып ҳақтынг санасын оқыпатырған» уламалар, тилла жға таққан, қолларына инжу—ҳасыл блезик салған бай қызлары, олардынг сань салтанатлары менен назлары, астында бедеу ойнатып, жем орнына ақ набат шайнатқан жгитлер, сонынгдай мась Чимбай ели» суретленеди.

«Жазында йигитлер атыны бақар,
Ат мойнына лайли—маржанлар тақар..



www.ziyouz.com kutubxonasi

Йигитлери шғар бедеу ойнатып,
Жем орнына ақ набатты шайнатып,
Қыз—жгитлердинг ишин қайнатып,
Ылақ ойнар йигитлери Чимбайдынг...»[1]

Қазы Мауликтинг коп ғана қосықлары муҳаббат темасына арналған. Брақ бул қосықлар шын манисиндеги муҳаббат қосықлары емес, оларға шын суйисуши жаслардынг журек сөзлери, сол дауир ушын характерли болған социаллық тенгсизлик басқа салған айралықтан туылған муҳаббат зарлары жоқ. Муҳаббат темасы бул қосықларда тарип, жасама сағыныш, айшу — ишретбазлық рухында баян етилген. Мсалы:

«Койлеги дарайы, онгри моншақлы,
Басында турмеси тилла шашақлы,
Бир дилбар дуньяға келген қушайлы»

Қарақалпақ халқынынг отжендеги турмысынынг бундай Қазы Маулик типиндеги шаирлардынг шғармаларында суретленуи менен салыстырып қарасақ Кунхожанынг улкен реалист спатындағы хызмети тағы-да айқынласа туседи.

Расми дереклерде жазылып қалған тарихи фактлар-да, халқтынг ядында қалған тарихи фактлар-да, турмысты бурмалап, ондағы қарама-қарсылықларды буркеп суретлеген шаирларды ашкаралап, Кунхожанынг ҳамь қалиплесуинде ол улкен хызмет корсеткен қарақалпақ классик поэзиясынынг файдасына сойлейди.

Кунхожанынг улкен реалист спатындағы хызмети ҳамь Қазы Маулик типиндеги шаирлардан айырмасы—ол халқ ишинде шыннан-да бар ҳамь халқтынг ауыр минетининг, манглай терининг есабынан ат ойнатқан бирли—ярымларды емес, ал тарихи ҳақиқатты, жатарына тосеги, мнерине колиги, атқа набат шайнатпақ туе ози жерине наны болмай журген копшиликти коре билди ҳамь солардынг омирин озь творчествосына объект етип ала билди.

Шаирдынг шопанлар омири ҳаққында жазғанлары сияқлы, қарақалпақ жарлыларынынг басқа топарлары ҳаққында жазғанлары-да ҳақиқат.

Ярымшылыққа жер еккен жарлы диқанлардынг, кунликшилердинг, шопанлардынг адам шдамаслық қиын ҳамь

---

[1] Сборник стихов. каракалп, поэтов, записанных Аимбетовым К. в 1934 г. фонд КККНИИ, рукопись, стр 56—57.



www.ziyouz.com kutubxonasi

хорлықлы турмысы ҳаққындағы ауыр естеликлер откендеги сол омирдинг ащы азапларын озь басларынан кеширген ғаррыларымыз арасында еледе барлық конкретлиги менен сақланып киятыр.

«Бурын жарлылар байға жерден алынатуғын зурааттинг оннан бир болеги ушын ислейтуғын еди,—деп мағлумат береди Бердибеков Дошмурат деген ғарры—енг коп дегени зурааттинг бестен бир болеги ушын иследи. Мен озим зурааттинг оннан бир болеги ушын байдынг хызметин еттим. Ол уақта ашлық деген болып туратуғын еди. Диқаннынг жыл бойы ислеп тапқаны қыс азығына-да жетпейтуғын еди, сонлықтан олар байдан ямаса басқа да қурғынлау хожалықлардан қарыз алуға мажбурь болатуғын еди. Бай қарызды осимменен беретуғын еди. Мсалы диқан ушь батпан ғалле қарыз алса, оны бес батпан етип беруи керек еди».[1]

Шопанлардынг жумысынынг жағдайын Чимбай районынан Пирнияз деген ғарры блай характерлейди: «азанда мал менен кетип, кеште малменен келетуғын еди. Буннан басқа азанда ҳамь кеште от жағатуғын, қой—ешкилерди сауууға жардемлесетуғын, ешкилердинг ылағын жберип, қайтарып гуенлейтуғын еди. Егер бундай уй жумысларын етпесе, хожайын тамақты-да қиналып беретуғын болған. Шопан мудамы дузде журген.» Ози 13 жастан баслап шопаншылық омирдинг азабын тартқан бул ғарры шопанлардынг минет ҳақысынынг кута томен болғанлығын-да айтады.[2]

Тарихи адебиятларда-да тап усы жағдай айтылған. Мсалы, ОзССР Илимлер Академиясынынг хабаршы ағзасы М. Ю. Юлдашев озининг «XIX асирдеги Хиуадағы жер иелеушилик ҳамь мамлекетлик дузилис» деген минетинде XIX асирдеги Хиуа ханлығы жағдайындағы диқаннынг жерсиз, уйсиз—жайсыз, жалланып ислеуши батраклар болғанлығын, олардынг турмыс ауҳалынынг арендаға жер егип ауыр салғырт толеушилерге қарағанда-да аур болғанлығын айрықша корсетеди. «Арендаторлардан озгеше диқанлар арендаға жер алып егуге ҳешқандай мумкиншиликке ие болмады. Аштан олмеслик ушын олар ҳешқан-

---

1 «Материалы экспедиции С. Камалова, «рукопись, фонд КККНИИ, стр. 22—23.

2 Жоқарыдағы экспедициянынг материалларында стр. 3 («запись А. Туреева»).



www.ziyouz.com kutubxonasi

дай мумкиншиликке ие болмады. Аштан олмеслик ушын олар қандай шартке болсада конип жер иелерине жалланып ислеуге мажбурь болған... Диқанлар қулларменен бирликте социаллық басқыштынг енг томенги дарежесин дузе отырып Хиуадағы енг езилгенлер ҳамь енг ҳуқуқсызлар болды».

Кунхожанынг жалпы қарақалпақ халқынынг камбағаллық, аш-аптадалық жағдайын, минеткеш халқ массасынынг басына тускен ауыр кунлердинг себеплерин корсетуге арналып жазылған қосықлары-да, қарақалпақ жарлыларынынг бир-бринен томен ауҳал-да тришилик еткен ҳартурли топарларынынг жағдайын корсетуге арналып жазылған қосықлары-да, жарлылардынг ауыр минетин корсетуге арналған қосықлары-да, жарлылардынг кунделикли омири (быт) ҳамь рухи жағдайлары менен ишки кеширмелерин корсетуге арналған қосықлары-да тарихи ҳақиқатларға толық сайкес келе отырып, усы тарихи ҳақиқатларменен бирликте откендеги қарақалпақ турмысын ҳаммеге тeп-тегис болған той-тамашалы омир етип бурмалап суретлеген дини феодаллық адебият уакиллерининг ойдырмаларын узил-кесил бикарлап таслайды.

Шаирдынг қарақалпақ минеткеш халқынынг адам шдамаслық ауыр кун кориси ҳамь неще турли азап-уқыбет, жудалықларын корсетуге арналған «Заман» қосығын келтирейик:

«Қарап турсанг бул заманға,
Сондай жайсыз шбын жанға,
Жылға-сайлар толды қанға
Алеумет бул қандай заман?

Жлаған коп, оксиген коп,
Ҳамь ашлықтан ит етин жеп,
Бир жутымға етеди еп,
Қайғы-қамал болды заман.

Жетим қатын, жетим уллар
Тентиреп ботадай бозлар,
Шабаққа сатылды қызлар,
Ҳасрет-қайғы болды заман.

Халқ посып маканынан,
Ҳамь айырды маканынан,
Табалмай излеп шерек нан,
Қайғы-қырғын болды заман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Малы барға ҳеш нарсе емес,
Оларға малсыз тенг емес,
Алсақ бул уақ кун емес,
Қара тунек болды заман.

Ата баладан айрылып,
Пулсыз тағы қарны аш,
Тамақ табалмай сарылып,
Журген қайғы болды заман.

Бала-шағалар жалангаш,
Канат, қуйрықтан майрылып,
Козинен ағып қанлы жас,
Қияметлик болды заман.

Егинлерди суық урды,
Ерте бастан су қурыды,
Кимлер асып кетти қырды,
Қиянгкести болды заман.

Коз кор болды жлай-жлай,
Су ақпады жаплар ылай,
Ем — дари болды басалай,
Аш—аптада болды заман.

Аштан олгенлер коп болды,
Оликке жылға тап болды,
Ашлыққа ауру жуп болды,
Қиянгкести болды заман[1].

Қосықты биз толығы менен келтирдик, ойткени, қосықтынг ҳарбир қатары, ҳарбир куплети халқтынг ауыр турмысы менен ауыр ишки кеширмелерининг характерли бир тарепин ашып турады. Қарақалпақ халқынынг откендеги омир картинасы шыннан-да усындай болған. Қосықта халқтынг узликсиз жаугершиликлердинг салдарынан корген азап ҳамь жудалықлары-да, ашлық-аптадалық жағдайыда, озлери гуресуге кушсиз болған табият стихияларынан тартқан жабирлери-де, жоқшылық ҳамь жаугершиликтинг кесапатынан туған маканды таслап қангғыруыда, ата баладан айрылып, қызлар шабаққа сатылған хорлықлы ҳамь ызалы кеширмелери-де, ашлық пенен аурудынг, жаугершиликтинг есап-сансыз коп қурбанлары-да толық қамтылған. Брақ булардынг барлығы — жаугершилик-те, ашлық-та, сусызлықта **«малы барға ҳешнарсе емес»**, мал-дуньялылар жаудынг-да кеулин таба алған, ал ашлық, сусызлық олардынг улеси — емес.

[1] ҚҚКИИнынг фонды, қолжазба, ф. 75—270—а, 270 б—бетлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Минеткеш халқтынг басындағы жалпы ауыр турмыс ҳамь оның себеплери шаирдынг «Шалықлап мақсетли жерге бара алмай...» деп басланатуғын қосығында-да жан-жақлы турде ҳамь кута характерли қатарларда суретленеди. Бул қосықтынг бир қурылыс озгешелиги-шаир бунда қарақалпақ жарлысынынг бреуи спатында жекке озь басынынг ауыр жағдайын баян етеди-де, буны жалпы халқ басына тускен ауыр куннинг бир болеги спатында ҳамь бирдинг басында бар жағдайды мынгнынг басында бар жалпы жағдай спатында тусиндиреди.

Шаир омиринше мақсетке жете алмағанлығын, қалегени болып бир еркин журе алмағанлығын, я тойып тамақ ишпегенлигин, я жалтырап киим кимегенлигин, я қатар-қурбыларыменен бас қосып ойнап-куле алмағанлығын, дуньянынг барлық қзығынан жуда болғанлығын, ауыр минет етип аз ҳақы алғанлығын, минетининг ҳешким тарепинен қадирленбегенлигин теренг налынуменен айтады:

„.Қатар-қурбым басын қосып жия алмай,
Қарным тойып бир кун тамақ жей алмай,
Омирликке путин шапан кийе алмай,
Жоқшылықтан қурып дингке, дарьманым».

Брақ, бул тек шаирдынг бир басындағы жағдай емес, жалпы халқтынг басындағы машақат:

«Бир—брин сағынбай ер менен зайып,
Нан таба алмай посып журген халайық...»

Бунда жарлылардынг жан-жаққа дағып, бир—биреуди ойлауға-да пурсасы болмай, ҳарким басы менен ғай болып кеткенлиги жуда айқын коринип тур.

Ҳарбир жарлы басындағы, жалпы халқ басындағы бундай ауыр ауҳалдынг себеби шаирдынг корсетуинше «жылдан жылға егиз болып келген ашлық пенен жаугершилик», устем топарлардынг езушилиги — «байлардынг жарлы наласына қулағын салмауы, ҳешкимнинг минетти есапқа алмауы» болып есапланады. Шаир халқ басына тускен аш—аптадалықтынг шектен тыс ауырлығын атап коросету ушын:

«Ат шоқай, қара оленг бизге ылайық,
Турин танымадым наннынг, жарманынг»—деп жазады.

Тикарынан автобиографиялық характерге ие, сонынгменен бирге шаирдынг озь атрапында болыпатырған тур-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мыс шынлықлары ҳаққындағы бақлауларын ҳамь усы турмыс шынлықларына қатнасын созь ететуғын колемли «Олим» қосығында-да халқтынг ауыр турмысынынг тағы бир енг характерли тарепleри—властьтынг, ханлық—феодаллық законлардынг қуатлауы жане қорғауыменен бар лық ондирис қуралларын озь қолларында услауыменен кушли байлар жарлылардынг арзан минет ҳақысын-да бермеушилиги, жарлы жаслардынг таланған, хорланған ҳамь қайғы—мунгменен қоршалған жаслығы, олардынг дарбедерлик омири, ҳешқандай дем алыссыз қуллық минет, я олиде, я триде бир—бреуге қол бере алмаслық дарежедеги илажсызлық жағдай кута конкрет турде суретленеди.

**«Байға журсе жарлы ҳақы ала алмас,**
**Ойнап—кулип жаслар шалқып журе алмас,**
**Бир кеткенлер ел дидарын коре алмас.**
**Бир басқа бир заман болды яранлар.**
**Дарьяда сулар жоқ, ағар қзыл қан.**
**Дем алыс жоқ, қиналып тур шбын жан,**
**Небир адамларынг ала алмас миман...**
**Биреу олсе бреуге бреу қарамас,**
**Қорққанынан арзы--ҳалын сорамас...[1]**

Қосықтынг «Қорққанынан арзы-ҳалын сорамас» деген қатарында шаир, созсиз тек ашлық, аур минет құрбанларын ғана емес, феодаллық тартиплер менен феодаллық жуенсизликлердинг қурбаны болып олген, сонлықтан-да оларменен ҳал сорасуды устем топарлар қадаған еткен адамларды-да козде тутқан. Бундай қурбанлар-да Кунхожа жасаған заманнынг кунделикли характерли коринислеринен еди.

Шаир халқ басындағы жалпы жарлылық жағдайды суретлеген қосықларындағыдан басқа жалланба минет адамларынынг омирин суретлеуге арналған озининг бирқанша «Шопанлар» «Кун қайда», «Орақшылар» ҳамь басқалар сияқлы тек Кунхожа творчествосынынг ғана емес, тутас қарақалпақ классик поэзиясынынг енг орайлық шғармаларынан болған атақлы қосықларын жазды.

Кунхожанынг бул жалланба минет адамларына айрықша дыққат аударуы реалист шаир ушын кута табиғи нарсе еди, ойткени, бул жалланба минет адамлары қарақалпақ минеткешлерининг енг тикарғы болеги, сонынгменен бирге енг езилген ҳамь ҳаммеден-де турмыс азапларын коп тартқан болеги еди.

---

[1] Кунхожа, Танлгаулы қосықлары, 1949-жыл, 19—20 бетлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кунликшилердинг турмысынан алып жазған «Орақшылар» қосығында шаир қиын турмыс қысқысы астында сергизданы шыққан, жупынылықтан копшилик жиналған жерге, той—жыынға бара алмай, кеулде қайғы, козде жас пенен узақ еллерде жумыс ислеп, елине қайта алмай сағыну сезимименен езилип журген кунликшилер турмысының реаль картинасын береди.

«Ийнинде кунлик шапаны,
Пақалға тырналып саны,
Барқулла қиналып жаны,
Атызда журь орақшылар.

...Оскен жерине жете алмай,
Жумысты таслап кете алмай,
Асқар қумларды оте алмай,
Зар жлап журь орақшылар.

Коп ислейди, аз алады,
Танде жаны қиналады,
Жипсиз кби байланады,
Азапта журь орақшылар»[1]

Бул қатарларда байларға жалланып ислеуши орақшылардынг барлық жағдайы—азаплы минети-де, илажсызлық куни-де сағыныш сезимлери-де, арзан минети-де конкрет суретленген. Олар адам шдамаслық жағдайда тынбай жумыс қлады, туған еллерин, бала шағаларын сағынып қан жутады, дени-де, жанында қиналады, брақ бунынг бари пайдасыз, «тапқанлары тиинға жетпейди», шаруабайларға жалланған шюпанлардынг коз жаслары қумды сел етсе, диқан байларға жалланған орақшылардынг, басқа-да кунликшилердинг коз жаслары егислик жерлерди жуады — қулласы шаирдынг кута реаль суретлеуи бойынша қарақалпақ жарлысынынг мойнында барлық жерде, ауыр минет пенен мутажлық турмыс азабы жатады.

Асиресе «Кун қайда» қосығында кунликшилердинг ауыр турмысы, олардынг шеккен минет азапларынынг-да, рухи—моральлик азапларынынг-да, усы турмысты барлық қыйншылықларыменен корсете алатуғын енг характерли моментлери қалдырылмай суретлеу арқалы бериледи.

---

[1] Кунхожа, Танглаулы қосықлар топламы, 1949-жыл, 47-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Биз, бул қосықта шаирдынг қосықпенен айтқанларын қара созге озлестирип келтирип отейик: кунликшилер орақ орады, отын шабады, жап қазады, ийнлерине қап салып масақ тереди, куни—туни пшен, салы орады, гузде тары жинайды, омир бойы ҳарып шаршап жас омири гулдей солып, сап болып, қуллық минет етеди, ҳаттеки кунликшилик омирдинг қыйншылығы астында не бреулер олип, «не жананлар тул қалады», брақ усынша машақатлы минет кунликши жарлынынг ҳешбир тлегин-де қанаатландырмайды. Қанша ислесе-де қара пул ала алмайды, омиринше қарынлары бир тоймайды, аш—жалангаш ауҳалда кун кеширеди, ийнине тартарлық кийми, косилип жатарлық уйи болмайды, тапқанлары қара тенггеге жетпейди, ауыстырып кийм алып кию блай турсын, қатарқурбы, женггеге базарлық алып барар ҳал-да жоқ, ҳаттеки кунликшининг озь суйиклисименен қосылуға бир нарсе жиямаи-ба деген тлеги-де жоқшылықтынг салдарынан оннан-да бос қалады. Усы ҳалға ауыр салық азабы тайын турады, солай етип жарлы абден илажсыз, бир жутым уайым болатуғын кунге туседи.

Усыларды айтып—айтып келип шаир:

«Не пайда жгитлер жалғаншы дунья,<br>Алдады бизлерди жол салып қия,<br>Қара басқа бул не деген уақия?<br>Бул журистен енди бизге кун қайда?»[1]

дейди. Ҳақиқатында, ҳарбир қарақалпақ жарлысы, ҳарбир кунликшининг грирптар болған бул жағдайы бир қара басқа не деген уақия, не деген аурлық?! Бул ауырлықты котерген бастынг турмыста жападан, азаптан, қайғыдан, кемситуден басқа ҳешнарсе кормегенлиги шаирдынг суретлеуинде барлық тутаслығыменен айқын коринип тур. Қосыққа кунликшилердинг ауыр минети-де, арьманы-да, рухи азабы-да, узилген тлеги-де қалмай кирген. Қосықтағы шаир берген мағлуматларды оқып отырып, кунликшилик турмысты ози корген-билген адам-да ямаса тарихи мағлуматларменен салыстырып қараған адам-да кунликшилик турмыс ҳақиқатында-да усындай болады деген тусиникти пайда етеди, кунликшилик турмыс ҳаққында ҳешқандай хабары жоқ адамға-да бул қосық откен асирдеги

---

[1] Адеби альманах —бринши ктап, 1938-жыл, 62-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

қарақалпақ жарлыларынынг турмысындары эксплуатациянынг бул тури ҳаққында толық тусиник береди.

Қарақалпақ жарлыларынынг улкен бир болегин дузген кунликшилердинг турмысын қысқа бир қосықта буншелли толық ҳамь буншелли дурыс суретлей алуда шаирға онынг озининг турмыс жағдайы, ози суретлеген ҳадисенинг тиккелей ишинде болып, тиккелей озь басынан кешируи, созсиз, улкен жардем берген.

Бул жерде откендеги Орта Азия турмысынынг реаль суретлеулерин озь шғармаларында шебер турде бере алушылығыменен айрықша козге тусков атақлы тажик совет жазушысы Садриддин Айнидинг (1878—1954) ози туралы айтқан томендеги созин келтиру кута орынлы.

«Егер мени реалист жазушы деп айтатуғын болса, — дейди С. Айни,—бунынг себеби мен коп нарселерди шыннан-да натурадан жаздым ямаса бастан кеширдим»[1]

Кунхожанынг «Ойда» қосығында-да «Кун қайда» қосындағы сияқлы кунликшилик турмыстынг усындай теренг реалистликпенен суретленгенлигин коремиз:

«Мен кеткели болды жетти жыл, жетти ай,
Азап—ақыретпенен омир отти-ай,
Елимди сағындым, дарьманым кетти-ай,
Ҳартурли қиял бар ойласам ойда...

Кирпишешен кби меннен жирылып,
Мнау журмен букирейип ийрилип,
Арқам жауыр болды қаптан сыйрылып,
Созимнен болмаса кушим жоқ бойда»[2]

Мне усындай ауыр—азапта минет етип журген жалшыны бир нарсе ғамлап келе-ме деп умитпенен уй-иши палапандай аузын ашып кутип отырады. Брақ, жети, сегиз жыл «букирейип, арқасы қаптан сиырылып» иси хызметин еткен жарлынынг қалтасында аббаз шайы бир пулы-да ауыспайды.

«Ауылыма, уйге ешейин бараман,
Сонша жылғы жургенменен не пайда?»

—деп жумақлайды шаир қосықтынг кейнин.

Шаирдынг бул қосығында кунликшилер омирининг онынг усы темаға жазған «Қун қайда?» қосығына кирме-

---

[1] Журнал, «Дружба народов», № 4, 1958-жыл, стр. 198.
[2] Рукопись ф. 75, фонд ККҚИИ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ген басқа тарепллери-де озь суретленуин тапқан. «Азап—ақыретпенен омир — оту» — кунликшилик, жалшылық омирдинг жалпы картинасы. Шаир усы жалпы картинаны айту менен бирге, оны детальластырады. Елди сағынып дарьманы кету, ҳартурли қиялменен бастынг менг—зенг болып журуи, абден сарқылып кушсизлену, букирейген бел менен жауыр болған арқа, байлардынг озь жалшыларына жеркенип, кемситип қарауы («кирпишешен кби меннен жиырылып»), аузын ашып неше жыллар кутип отырған бала—шағасынынг псынынг қуруы, азап—ақыретпенен омир отетуғын жалшылық детальлар-мне усындай ҳамь булар жоқарыда айтқанымыздай-ақ шаирдынг усы темадағы «Кун қайда?» қосығында айтылмаған детальлар.

Жол бойы Кунхожанынг бул «Орақшылар», «Шопанлар» қосықлары туралы берилген айрым қате баҳалардынг болғанлығын-да айтып оту зарурли. Басқа пкирлерге тоқталып отырмай-ақ революцияға шекемги қарақалпақ адебиятынынг енг корнекли қанигелеринен бри Н. Дауқараевтынг орайлық баспа созде дағазаланған бир мақаласынан мсал келтирейик.

Н. Дауқараев Кунхожанынг «Орақшылар», «Шопанлар» қосықларында қарақалпақ жарлыларынынг ауыр омирининг кута реаль ҳамь шебер суретленгенлигин дурыс таллай келип, мнадай адил емес баҳаға жол қойған:

«Бул қосықлар келешектеги азат болуға исенген ҳамь халқты қолына қурал алып гуресуге шақырған Бердақтынг барлық творчествосына путкиллей қарама — қарсы, Кунхожа халқтынг қуллық турмысынан шғудынг мумкиншилигин коре алмады. Ол турмысты налетледи, бахытсызлықты айтты, онынг қосығынынг жаунгерлик жалыны сонди...»[1]

Автордынг Кунхожанынг бул қосықларынынг Бердақ творчествосына путкиллей қарама қарсылығы, Бердақтынг барлық творчествосынынг халқты қолға қурал алып шақырудан ибаратлығы ҳаққындағы пкирлерининг ушқарылығын, улума Бердақтынг творчествосы менен онынг уллкен реалист ҳамь минеткеш халқ жыршысы болып адебият майданына келуин таярлауда аҳмиетли роль тутқан Кунхожа творчествосын блайша салыстырып таллаудынг

---

[1] Н. Давкараев, «Каракалпакская поэзия», альманах «Дружба народов», 1939 г. № 3, стр. 318—319.



www.ziyouz.com kutubxonasi

дурыс емеслигин далиллеп отырудынг қарақалпақ адебият илимининг бугинги жағдайында ҳажети жоқ.

Онынг устине қосықлардынг ҳақиқи мазмуны-да олар ҳаққында жоқарыдағыша жумақ шығаруға мумкиншилик бермейди; бул қосықларда дини—мистикалық, пессимистлик мотивтеги ҳешнарсе жоқ, шаир қарақалпақ жарлыларынынг ҳақиқат бар болған аур минетин, аур турмыс жағдайын, қайғылары менен кеширмелерин реаль турде суретлейди. Бул қосықлардағы, «козинен жасы тогилип, зар жлап журь орақшылар», «...ҳал сорасқанға шағынып қайғыда журь орақшылар» ямаса «қанлы жас қапланып еки козинде... қзыл қум сел болып коздинг жасынан...» деген қатарлар, болмаса шаирдынг орақшылар менен шопанлардынг бул қиын жағдайлары ҳаққындағы аур толғанулары бул қосықлар ҳаққында шаир творчествосынынг жаунгерлик жалыны, келешекке исеними сонди деп жумақ жасауға право бермейди.

Устем топарлардынг мапине ҳамь қалеуине қарама—қарсы жарлылардынг ауыр ауҳалынынг дурыс картинасын беру, жарлыларға олардынг озь жағдайларын тусиндиру—Кунхожа заманы ушын бул улкен жаунгерлик. Қарақалпақ жарлыларынынг Кунхожа суретлеп отырған бул аур жағдайлары туралы реалист ҳамь демократ жазушынынг қайғырмай айтуынынг ози мумкин емес еди.

Халқ турмысын реаль суретлеген ҳамь халқшыл шаирлардынг шығармаларында қайғылы мотивлердинг ушырауы озинше бир табиғи жағдай екенлигин озь уақтында уллы критик В. Г. Белинский-де атап корсетип, блай деп жазған еди:

«...Биз ушын омир той—тамаша, байрам шадлығы емес, ал минет, гурес, жудалықлар ҳамь қиналулар майданы. Бзинг лиризмимизде орын алған бул қайғы, бул мунг, бул толғану, сонынгменен бирге пкиршенглик усыдан келип шығады. Бзинг дауримиздинг лирик шаиры суйинуден ҳамь қуанудан горе кобирек мунгланады ҳамь дартин айтады, ҳаулығып— ҳаплығып бақырудан горе кобирек сорайды ҳамь қарастырады. Онынг қосығы шағынуонынг одасы—сорау...»[1]

Кунхожанынг творчествосында озь жекке басынынг қайғылары, озининг жарлылық турмысыменен бастан ке-

[1] В. Г. Белинский, Сочинения в трех томах, 1949 г. том I, стр. 109.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ширген аур сергизданлық уақиялары ҳаққында жазылған қосықлары оғада коп. Шаирдынг белгили «Жайлауым», «Жарымадым», «Менинг балам», «Балам олгенде», «Козим», «Олим», «Арьманда», «Ким блер?», «Қашан корермен», «Болар-ма екен?», «Коринбес» сияқлы коплеген қосықлары усындай характерге ие

Бул қосықлар сырттан қарағанда шаирдынг тек жекке басына тиисли жағдайларды созь етегуғын сап автобиографиялық характердеги қосықлар болып корингенименен, ҳақиқатында бул қосықларда шаирдынг ози-де уакили болған барлық қарақалпақ жарлыларынынг омири коринеди, бул қосықлар тек шаирдынг биографиясын ғана емес, ал халқтынг биографиясын тусиндиреди. Бул жағынан Кунхожанынг бундай қосықларына М. Горькийдинг украин халқынынг уллы шаиры Т. Г. Шевченконынг шығармаларын характерлеп айтқан «жекке тағдири ҳаққындағы онынг зарларында барлық Малороссиянынг зарлары еситиледи, онынг казак тағдири ҳаққындағы еске тусирулеринде сиз онынг халқынынг еске тусирулерин уғынасыз»[1] деген баҳасы оғада сайкес келеди.

Кунхожанынг усындай қосықларынан гейпара мсаллар келтирейик:

«Балаларым отыр жалангаш,
Куйикпенен ағарды шаш...
...Қыпта жаллангаш суйгеним,
Дуньядан сойтип куйгеним,
Болмады менинг дегеним.

*(«Жарымадым»)*.[2]

«...Тоным дэеме жетпеди,
Жламай куним отпеди...»
Бир жутымға жарымадым .»

*(«Не болдым?»)*[3].

«...Қурысын бул дунья раҳать кормедим,
Тенги—дусымменен ойнап кулмедим»

*(«Арьманда»)*[4].

Шаир «Шалықлап мақсетли жерге бара алмай...» қосығында ярымшылық етип жалшымағанлығын айтқан болса, «Боларма екен?» қосығында кунликшилик етип

---

[1] Тарас Шевченко, «Кобзарь». ГИХЛ. Москва. 1954, стр. 13.
[2] Кунхожа, Танглаулы қосықлар топламы, 1949-жыл, 27-бет.
[3] Кунхожа, Танглаулы қосықлары, топламы, 1949-жыл, 29-бет.
[4] Бул-да сонда, 52-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

жалшымағанлығын созь етеди, ал «Сазан ау» қосығында балық аулап-та жалшымағанлығын айтады.

Енг ақырында шаир:

> «...Бзинг талап келиспеди
> Қанша ғайрат салсам-да»

деп қандай касип етип, қаншелли минет шексе-де жалшымағанлығын айтады.

Бул келтирилген узиндилерде баян етилген аур турмыс жағдайлары менен қайғылар шаирдынг конкрет озь басына тиисли бола отырып. сонынгменен бирге жалпы минеткеш халқтынг турмысын-да, баян етеди, шаир озь басында барды баян етуменен бирге жалпы халқтынг турмысында ҳамь журегинде барды баян еткен, бул қатарлардан оқушылар шаир сондай болған екен дегенди ғана емес, шаирға заманлас қарақалпақ жарлылары сондай болған екен дегенди-де уғынады. Шнында шаирдынг заманласлары-да бул қатарлардан озь омирин корип, озь мунгын уғынған.

В. Г. Белинский Лермонтовтынг творчествосына арнап жазған бир мақаласында блай деп жазған еди:

«Уллы шаир, ози ҳаққында, озининг мени ҳаққында айта отырып, ҳамме ҳаққында — адамзат ҳаққында айтады, ойткени онынг натурасында адамзат нелерменен жасапатырған болса, солардынг барлығы жатады. Сонлықтан онынг қайғысында ҳарбир адам озининг қайғысын онынг журегинде озининг журегин таниды ҳамь онда тек шаирды ғана емес. ал адамды, адамшылық бойынша туысқанды кореди».[1]

Кунхожанынг автобиографиялық қосықлары-да тап усындай характерге ие.

Тарихи фактлерге толық сайкес турде жамиеттеги барлық байлықлардынг —жердинг-де, судынг-да, малдынг-да, кушколик, даскелердинг-де устем топарлар қолында екенлигин, минеткешлердинг адам шдамаслық аур ауҳалы, ҳуқуқсызлық жағдайы ҳаққындағы турмыс шынлықларын коре билген ҳамь реалистликпенен суретлеген шаир байлардынг жарлылар минети есабынан жасап отырғанлығын-да корди.

---

[1] В. Г. Белинский. Собрание сочинении в трех томах. Москва, том 1, стр. 671.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жарлылар жабын қазды, арбасын айдады, жерин суғарды, тухымын септи. тарбиясын етти, жинады. туйегин айдады, ҳаттеки қаплады, ғаллени байлар алды, байлар жеди, байлар сатып кийм етти, жарлылар маллардынг отшобин таярлады, бақты, қорасын, қыслауын таярлады, қорасын тазалады, қурғатты, гузетти, остирди, сауды, барлық раҳатин байлар корди, балықты-да жарлылар аулады, байлар жеди, байлар сатты. қандай табысты болсада жарлылар тапты, барлығынынг раҳатин байлар корди.

Халқтынг «Екkенде жоқ, тикkенде жоқ, қырманда ҳазир» деген нақылы-да усы жағдайға байланыслы келип шыққан.

Улкен реалист спатында Кунхожа бул маселени-де озь шғармаларында суретлей отырып, турмыстағы бул тенгсизликти оғада откир турде:

> «Арьмансыз адам жоқ патша болмаса,
> Байлар, молла, катқудалар болмаса,
> Яки даулети асқан султан болмаса—
> Арьманменен бул дуньядан отерсенг»[1]

деп корсетти.

Ҳақиқатында Кунхожа заманында киер киимге, ишер тамаққа жарымай минет еткен миллионлаған жарлылардынг минети есабынан онлаған патша, султанлар, бай, катқудалар, молла—ишанлар паразитликпенен арьмансыз омир сурди. Олардынг жегени халқ минети, халқ ҳақысы болды.

«Бреулер жетимнинг ҳақысын жеп шалқыр» — дейди бул туралы шаир тағы бир қосығында.

Шаир озининг «Ақ қамыс» қосығында-да усы тенгсизликти суретлейди. Бунда қамыстынг су ишинде турып қурауын, ескен самалменен қайысуын созь етип, сансыз—ғаллени жетистирип, сонынг ишинде ашырқаған, байлардынг зулымынан қабырғасы қайысқан диқанлар турмысынынг символикалық шебер образын береди.

Турмыстағы бул тенгсизликти шаир озининг «Бай баласы» ҳамь «Менинг балам» қосықларында-да жуда конкрет ҳамь образлы турде суретлейди. Бул еки қосық усы тенгсизликти ашу ушын арнап параллел турде жазылған сияқлы.

---

[1] Кунхожа, Топламы, 1949-жыл, 54-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Бай баласы» қосығында бай балаларының астында ат, устинде кийм, мерекеде алдынгғы орын алып, ишерге, киерге тарықпай еркин, жайнап журуин, акесининг малының абройыменен той—жыйыннан қалмауын, жаман болса-да жақсыға орын бермеуин:

Тарлықты хешбир ойламас,
Ылақ шауып тойдан қалмас,
Айтқанынга қулақ салмас,
Менмен болар бай баласы.

Болса-да еки кози соқыр,
Етсе-дағы мурны пыр—пыр,
Мерекеде алдында отыр,
Сондай уллы бай баласы»[1]

деп суретлесе, «Менинг балам» қосығында озининг баласынынг козин ашпайатырып гриптар болған ащы турмысын оғада аяныш лы турде:

«Балам менинг шарға болды,
Апасынан суть шықпай,
Ашлық болып гулдей солды,
Адым атып журе алмай»[2]

деп суретлейди.

Бул тек Кунхожаның озь баласы ғана емес, ози усаған мынглардынг, миллионлардынг баласы еди.

Шаир озининг «Елменен» қосығында социаллық тенгсизликлердинг барлығына:

«Адам болып уллы атақ алмағы,
Есигинде уйир—уйир малменен»[3]

деп жумақ шғарады.

Бул созь шаирдынг мал—дуньялы байға хурмет билдиргенлиги ямаса уллылық дунья—малда деп тусингенлигинде емес, ал, озь дауриндеги барлық нарсе мал дунья-менен олшенген тартиплерди снап берген откир баҳасы. Шаир озь заманында дунья-малға маллынынг райына қарай бийлик айтып турған болыс, бийлерди, дунья—малға қарай шарият жасап турған руханиларды, хожаны, порқанларды козименен корди;

---

[1] Кунхожа. Танглаулы қосықлар топламы, 1949-жыл, 24—25-бетлер.

[2] Бул-да сонда 40-бет.

[3] Бул-да сонда, 32-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Астына мнип жорғаны,
Кийипти онгкей торқаны,
Қасында болыс, порқаны,
Сондай болар бай баласы»[1]

Шаир корген турмыс шынлығы бойынша ҳамь онынг дурыс тусинип, дурыс корсетуинше—ҳукимет--те (болыс), дин-де,(порқан) мал—дуньялынынг жлауындағы нарселер.

Сонлықтан-да Кунхожанынг «адамнынг адам болып уллы атақ алуы-есигиндеги уйир—уйир малыменен» деп жазуы шаир жасаған заманнынг улкен бир шынлығы.

Бул шынлық коп ғана шаирлардынг дыққатын тартқан шынлық болды. Туркмен классик шаиры Мақтымқу лыдан, қарақалпақ классик шаиры Ажинияздан ҳамь басқа-да XVIII—XIX асир шаирларынан, улума барлық халқлардынг адебиятларынан буған мсаллар келтируге болады.

Бул жерде Кунхожанынг бир заманда ҳамь бир ханлықтынг қоластында жасаған, екеуи-де бир объектти алып суретлеген белгили оэбек шаиры Мухаммед Риза Агаҳийдинг (1809—1874) жазғанларын мсалға кетиру жуда характерли. Ол Хиуа ханлығынынг жамиетлик турмысында мал—дуньянынг улкен роль ойнағанлығын жавады. Бул бойынша онынг «Тенгге» деп аталған қосығы айрықша характерли. Бул қосығында шаир тырнақтай ғана тенггенинг улкен кушке ие екенлигин, ҳамме қумар болып онынг изинен жуыратуғынын, оған қолы жеткенининг итибарлы, абройлы адам болатуғынын жазады.[2]

Заман шынлығы спатында Кунхожа бул теманы ашуғада улкен кеул болди. Шаирдынг ҳартурли темадағы қосықларында араласып келетуғынан басқа «Корерсенг», «Сергиздан», «Малым барда» сияқлы дидактикалық характердеги қосықларында бул тема арнаулы турде сozь етиледи.

Шаир «Сергиздан» қосығында, асиресе, «Малым барда» қосығында байлық, жарлылық жағдайларды бир брине қарама—қарсы қойып, салыстырып суретлейди. Мал—дуньялы болу қсынбай-қмырылмай қайғысыз омир суру, озь еркининг озь басында болуы, жан—жағында қоршалап, жалпылдақлап журген дос-яран, сань — салтанат, мал — дуньялы болсанг — ақыллы-да сен, если-де сен, ал

[1] **Кунхожа,** Танглаулы қосықлар топламы, 1949-жыл, 24-бет.

[2] «Озбек тли ва адебияты масалалари» журналы, 1958-жыл, № 3 50—51 бетлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

мал—дуньясызлық бунынг барлығынан айрылу, есапсыз қайғы ҳамь сергизданлық омир, ҳуқуқсызлық, мал дуньянг болмаса есинг-де кетеди, досынг-да кетеди, дейди шаир «Сергиздан» қосығында:

«Малынг болса сачинг бар,
Сонда ғана кунинг бар,
Малсыз уйлер болған сонг,
Суйетуғын кминг бар.

Корер козим кор болды,
Кокирегим жер болды,
Қолымнан малым кеткели,
Кеулим толы шер болды»[1]

«Малым барда» қосығында-да шаир «Сергиздан» қосығында айтқан пкирлерин откирлестирип, оларды тағыда толықтыра туседи, мал—дуньяменен итибарға ие адам, мал-дуньядан айрылып қуарған қу атанады, мал—дуньяменен басқа дауран келип, мал—дуньяменен бастан дауран кетеди, дейди.

Қосықтағы маллы менен малсыздынг турмысы, омирдеги орны ҳаққында шаирдынг озининг атынан баян еткенлерин оқып отырсанг, коз алдынгда мал — дуньялы байлар менен мал-дуньясыз жарлылар омирининг бир — брине тиккелей қарама—қарсы болған турмыс жағдайлары туралы:

«Коп малымнынг барында
Миип едим жорғаны,
Қорада қойым турғанда,
Кийип едим торқаны.

Жорғаға салдым алтын ер,
Алақайыс жуенлеп,
Енди болдым қара жер,
Ешек миндим тобелеп,

Жаланг аяқ жар кештим,
Тарлықтынг тусип торына,
Ылайтып аққан су иштим,
Аппақ қатық орнына»[2]

Тағы бир еокертетуғын нарсе—бул еки қосықта-да шаир озининг бурынғы мал—дуньялы бай болып, сонг жарлы тускен жағдайын емес, ал жалпы халқ турмысындағы

---

[1] Қолжазба, Қазақ ССР Илимлер академиясы Орайлық илими библиотекасынынг фонды, № 852, 114-бет.
[2] Бул-да сонда, 115-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

байлық ҳамь жарлылықтынг парқын айтып отыр. Шаир бурынғы байлық жағдайын,сонг жарлы тусуин айтыуы жалпы мумкин-де емес. Ойткени, шаирдынг озь қосықларында корсетуи бойынша онынг акеси-де нағыз жарлы болып, құллық минет еткен, ози-де жастан атасынынг усы жарлы кунип—корген, адам рейми келерлик жарлылық шаирдынг ата—анасынынг-да, озининг-де пайы болған. Онынг бринши беттен, озь атынан сойлеуи. шнында адеби прием болып есапланады.

«Малым барда» қосығынынг кеинин шаир:

X

> «Қолымда малым турғанда,
> Устем едим Оразға,
> Басымнан бахыт тайғанда,
> Ҳалым кетти не пайда,
> Жетпейди ҳалым бул уақта,
> Биорынсыз шақырған,
> Корадағы қоразға»

деп питкереди.

Бул узиндидеги Ораз, бзингше, қарақалпақ тарихында-да, қарақалпақ адебиятында-да кенг белгили (мсалы ол ҳаққында атақлы қарақалпақ шаирлары Омардынг «Гунайым» деген, Аннақул шаирдынг «Ораз алды» деген қосығы бар) қолдаулы Ораз аталық болуға тиисли. Айтеур бир Ораз атлы адамды шаир «малым барда Ораздан устем едим» деп корсетуи мумкин емес ҳамь онынг айтарлықтай аҳмиети-де болмас еди.

Қунхожанынг белгили «мақтамадым аталықты, сойтип еттим хаталықты» деген созиндеги аталық-та усы Ораз аталық болуға тиисли.

Ойткени, қарақалпақ тариҳында Ораз атлы басқа аталық жоқ ҳамь аталық деген дареже Хиуа ханлары тарепинен кута санаулы торть—бес бийлерге ғана берилген. солардынг бреуи Ораз аталық, болып ол Қуаныш жарма. Есим ҳамь Кок озекти жайлаған қарақалпақларды басқарған, онынг аталық еткен жыллары-да Кунхожа заманына тура келеди, ол 1859—1870-жыллардынг расми документлеринде аталық спатында тилге алынады.[1]

Солай етип, шаирдынг устем болған Оразы ози мақ-

---

1 Андрианов «Система управления каракалпаками в Хивинском ханстве в середине XIX в.» газета «Советская Каракалпакия» 12—август, 1957 г. № 159 (6248).



www.ziyouz.com kutubxonasi

тамағын белгили Ораз аталық болып шығады. Бул фактти анықлаудынг шаирдынг «Малым барда» қосығынынг бир идеялық туйинин анықлауда улкен маниси бар, яғни шаир озь қосығында Ораз аталықтынг атын ешейин ғана емес, ал, малы—дуньясы барлар аталыққа-да, властьқа-да устем, власть—мал—дуньялылардынг қолындағы қуралы деп айтпақшы болған.

Шаир озининг «Корерсенг» қосығында мал—дуньясызлықтынг ақыбетлерин ҳаркуни кунделикли турмыста ушырасатуғын жай кун корис фактлары арқалы («Житейская проза» арқалы) ашып береди: малынг болмаса жастан кси хызметин етип, коретуғынынг шоль менен қум болады, мийинг қазандай қайнап, басынгды бир котерип журе алмайсанг, кси келсе берер тамақ жоқ, табатуғын дерек жоқ, уялып жерге крип олесенг, аш — жалангаш отырған бала-шағанга-да берерлик тамақ таппайсанг, дейди.

«Корерсенг» қосығында шаир жарлылардынг аур турмысынынг озининг басқа қосықларында айтылмаған тағы бир характерли деталын ашады, бул сауынсыз жарлынынг бала—шағасынынг айран—шалап сорау картинасы:

«Жоқ болса сауарлық сауынға малынг,
Жаздынг кунлеринде не болар ҳалынг,
Кесе алып айран сорар ҳаялынг,
Кемтарлықтан коп ақырет корерсенг»[1]

Шаирдынг бул қосығында мал—дуньяға урулық иелик ҳаққындағы фикцияны (жалғанды) ашкаралаушы қатарлар бар. Мал—дуньялы ағайиннинг озь уруласларын «баримиз бир ағайин, малды мен табайын, сен бақ» деп коз бояп езушилик қылуаларын ашкаралап шаир озь басынга питкен мал—дуньянг ғана есап, бай ағайиннен қайыр жоқ деген пкирди илгерилетеди:

«Манглайынга питкен малынг болмаса,
Астынга минерлик атынг болмаса,
Хамь-де коранг толы қойынг болмаса,
Жоқшылықтан не хорлықлар корерсенг»[2]

Кунхожа заманы ушын бул шынлықты ашудынгда улкен аҳмиети бар еди, бул жарлылардынг коз алдында

---

[1] Қолжазба, «Қарақалпақ елининг адебият шығармалары», № 852, 113 бет.

[2] Бул-да сонда, 112-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

урулас байлардынг срын ашып, урулық иллюзияны сиреклететуғын еди.

Улума алғанда, Кунхожанынг «Малым барда», «Сергиздан» «Корерсенг» сияқлы қосықларында халқ нақылында «Бардынг иси парманменен, жоқтынг иси арьманменен» деп оғада теренг ҳамь оғада ықшам турде анықлама берилген Кунхожа заманынынг улкен бир шынлығынынг конкрет детальларда баян етилгенлигин коресенг.

Қунхожа жарлылардынг аур турмысын, байлардынг паразитлик омирин, жамиеттеги социаллық тенгсизликти ашып корсету менен ғана тоқтап қалмайды. Ол жарлыны аур кунге салған, байдынг минетсиз раҳатин таминлеген себеплерди-де излейди, бул онынг шғармаларынынг реалистлик характерин тағы-да котереди. Онынг қосықларында бул жағдайлардынг себебин қудайға байланыстыру («Қуда бахыт бермедиме бизлерге», «Озим ауеремен ҳақтынг исине», «Бир қудайым қуат бергей денеме», «Не қламан мен қудретти, биздейлерге салмас бетти», «Алла бизди енпретти, жлатты» сияқлы) элементлери коп ушырайды.

Бундай козқараслар қарақалпақ турмысындағы феодаллық қаранғылық, дини идеология устем болып турған XIX асир перзенти Кунхожада гезлесетуғыны табиғи нарсе, брақ ол «қудайдан кору» менен шекленип қалмаған. Бул жағдайлардынг орын алу себеплерин шаир озь тусинигинше болса-да сияси—экономикалық жағдайменен байланыстыра билген, турмыслық фактлар излеп тапқан.

Қунхожанынг суретлеуинше, халқтынг аур ауҳалынынг тикарғы турмыслық—материаллық себеби — жоқарыда айтқанымыздай жердинг, судынг, малдынг байлар, устем топарлар қолында болып, жарлылардынг илажсыздан жерли, маллы байларға жалланууы болып есапланады.

Халқтынг аур турмысынынг екинши себеби—Хиуа ханлығынынг жургизген ел басқару сиясаты. Хиуа ханы озининг ел билеу сиясатында жергиликли амелдарларға суйенип, ози ететуғын жуенсизликлердинг барлығын жергиликли амелдарлардынг етуинеде ерк берди. Ханнынг озиде, ол суйенген ҳамь қоллаған жергиликли амелдарлар—уру басы би, аталықлар-да, дин иелери-де байды, жери, малы барларды қоллау, минеткеш массаны езу есабынан озь байлықларын топлады; олардынг барлығы барлық



www.ziyouz.com kutubxonasi

адилликти аяқ асты етип, озь мазмуныменен езушилердинг жарлы халқты езу қуралы болды.

Бул жағдайлар Кунхожанынг «Азулы», «Бай баласы», «Арьманда», «Туйе екенсенг», «Умытпаспан» қосықларында оғада анық фактлар ҳамь бояуларменен суретленген.

«Бай баласы» қосығында: «Қасында болыс, порқаны» —деп ел билеушилер менен дин иелерининг байларды жлаулап журетуғынын корсеткен шаир, озининг «Азулы» деген қосығында ел амелдарларын оғада аяусыз ашкаралап, олардынг байларды, тоқ адамларды қоллап, ашқа, жарлыға зиян беретуғынлығын корсетеди, оларды азулы қабанға тенгейди:

«Миримсиз залым бул шошқа,
Бармайды тоқ. уақты хошқа,
Байға жақсы, жаман ашқа,
Неғламан азулыны»

Бунда шаирдынг созь етип отырған бай менен жарлыны айыра алмайтуғын санасыз апуайы азулы шошқа емес, бай менен жарлыны айырып, брине қайыр, брине зиян тигизетуғын саналы азулылар — катқудалардан баслап Хиуа ханынынг озине шекемги ел амелдарлары болып есапланады.

Шаирдынг «Жау торғай» деген қосығында-да тап усындай мазмун бар.

Халқтынг аур турмысынынг ушинши себеби, ел басқарушылардынг куннен-кунге артқан зулымлығы, елдеги ханлық—деспотлық тутымлар менен законсызлық болып есапланады. Буны шаир озининг «Олим» ҳамь «Арьманда» деген қосықларында:

«Бзинг бул заманды харамы билеп,
Заман ҳарь тарепке донди яранлар...
Байгиден отуге белли сызық жоқ...
(„Олим")

...Бул дунья қурысын дарбе-дер етти,
Залым патша зулымлығын кобейтти»
(„Арьманда")

деп жазады.

Тортиншиден, ханлық тарепинен жарлы халқтан ондирилген шексиз аур салғыртлар—халқтынг аур турмысынынг енг тикарғы себеплеринен бри болды. Кунхожа творчествосынан бул-да орын алады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Хартурли урулық талас—тартыслар, феодаллық урыслар—феодалистлик жамиеттинг енг коп болып туратуғын ҳадисесининг бреуи. Нағыз артта қалған феодаллық ханлық спатында бул ҳадисе Хиуа ханлығынынг турмысында шексиз коп орын алды. Бул урыслар халқ қанынынг тогилуине себепши болса, екиншиден, урыстынг харежетлери, таланулар ози қамбағал халқты материаллық жақтан-да тағы-да томенлетеди.

Қарақалпақ халқы откен асирде бундай урыслардынг кута коп азабын шекти, коп қурбанлар берди, коп жудалықлар корди, Хиуа ханлығынынг мажбурлеуи бойынша урыстынг коп мусаллатын котерди. Урыслар қай жағынан болса-да халыққа есап-санақсыз қиыншылықлар келтирди. Кунхожа бул жағдайды-да теренг уғына отырып, халқтынг аур турмысынынг бир себеби етип усы феодаллық урысларды корсетеди.

Шаирдынг қосықларындағы:

«Не жананлар байы олип қалды тул,
Енди буған жайнап — жаснар кун қайда?»

*(„Кун қайда")*

Ҳамь:

«Аласат табылса барлық ел кошер,
Қобейип тур арамыздан қан ишер...»

*(„Жайлауым")*

деген қатарлардынг жии болып турған феодаллық урысларға, жаугерщиликлерге тиккелей қатнасы бар.

Кунхожа озь елиндеги ғана тенгсизликти корип қойған жоқ, басқа еллердеги-де тенгсизликти, халқтынг аур турмысын, озь елинийки сияқлы басқа еллердеги патшалардынг-да зулымлығын корди, тусинди, сонлықтан ол: «Қайсы еллер, қайсы шаҳар абадты?»—деп жазды.

Улума Кунхожа озь даурининг заман шынлығын корсете билген улкен реалист шаир болды. Реалист шаир дегенде, биз онынг озь дауриндеги социаллық тенгсизликти озь даурине ылайық тусине билгенлигине, социаллық тенгсизликке себепти турмыстан излегенлигине ҳамь буларды озь қосықларында халқ мапин козде тутып тартынбай жырлағанлығына тикарланамыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Атақлы рус революцион—демократ критиги Добролюбов турмыс шынлығын корсету анау, я мнау жазушынынг творчествосынынг бахалылық дарежесин, онынг талантын белгилеуде шешуши аҳмиетке ие екенлигин корсетип, блай деп жазған еди: «Коркем шығарманынг енг баслы бахалылығы деп турмыс шынлығын мойынлай отырып, биз бунда ҳарбир адеби ҳадисенинг биз ушын баҳалылық дарежесин ҳамь аҳмиетин белгиллейтуғын олшеуди-де корсетемиз. Жазушынынг козқарасынынг ҳадиселердинг нағыз мангызына қалай теренг кре алғанына, озининг суретлеулеринде турмыстынг ҳарқилы себеплерин қалайынша кенг қамти алғанына қарай онынг талантынынг қаншелли уллылығын-да шешу мумкин»[1]

Усы ҳақиқат дурыс критерияменен бахалағанда, турмыс шынлығын реаль суретлеушилиги, ози суретлеген турмыстынг ҳарқилы тареплерин кенг қамти алушылығы Кунхожа талантынынг уллылығын-да айқын корсетип турады.

**Кунхожа шығармаларында жарлыларға козқарас ҳамь эксплуататорлардынг ашкаралануы**

Кунхожанынг жарлы халққа болған суюшилик ҳамь тлеклеслик козқарасы онынг устем эксплуататор топарларға болған жеркенишли жеккорушилилиги ҳамь наразылығыменен айрылмас байланысқа ие. Сонлықтан шаирдынг жарлы халқтынг жрын жырлауыменен езушилерди ашкаралауы-да ажыралмас байланысқа ие. Усыған байланыслы биз-де шаирдынг творчествосында улкен орын тутқан бул еки теманы бирге таллау жасаймыз.

Кунхожанынг шығармалары реалистлик адебияттынг улгиси болуменен бирге, теренг халқлық адебияттынг-да айқын улгиси болып козге тусип, оны бизге улкен демократ шаир спатында-да таныйтады.

Бриншн гезекте шаирдынг озине заманлас социаллық уақияларды тарихи шынлыққа садық турде ҳамь жамиетлик мапти, А. В. Луначарскийдинг терминименен айтқанда, жамиеттеги копшилик класстынг мапин гозлеп реалистликпенен суретлеуининг ози шаирдынг адеби творчествосынынг улкен халқлық характерин белгилейди. Бул

---

[1] А. Н. Добролюбов, «Полное собрание сочинений», том II, стр. 52.



www.ziyouz.com kutubxonasi

бойынша белгили совет адебиятшысы В. Ивановтынг «...реализм озининг табияты бойынша халқлық, ойткени, турмыстынг объектив шынлығын саулелендиру барлық уақта халқтынг мапименен сайкес келеди»[1]—деген ескертуи оғада дурыс.

Ҳарбир шаир, ҳарбир жазушы турмыс шынлығын ҳеш-қандай мақсетсиз суретлемейди, ямаса оған озь творчествосынынг тикарғы идеялық мазмуны спатында озининг ешейин ҳаусеси қанаатландыру ушын кеул аудармайды, ал бир нарсени тастиқлау, бир нарсени бикарлау ушын, белгили бир топар адамлардынг жрын жырлап, белгили бир топар адамларға қарсы гуресу ушын кеул аударады ҳамь суретлейди.

Ҳаттеки, «битареп шежиреши» болғысы келген шаирда адебиятта битареп жағдайда қала алмайды, ол усы «битареп» қатнас жасауды угитлеуининг озинен-ақ адебиятта белгили бир топардынг мапин баян етеди.

Ал, бул тенденция реалист жазушыларда тағы-да басым, тек басым ғана емес, ал олардынг творчествосынынг мангызын белгилейтуғын тенденция болып есапланады. Тағы бир тикарғы жағдай турмыс шынлығын реалистликпенен ашу устем топарлар ушын соншелли зиянлы қауплиде, халқ массасы ушын соншелли файдалы; реалистлик адебиятта ашылған турмыс шынлығы халқ массасына унамлы тасир етип, олардынг турмысқа козин ашады, оларға турмыстағы жағдайлары менен кушлерин уғындырады, қай жерде қандай ауҳалда турғанлығын белгилеп берип, қайда баруын корсетеди, енг болмағанда жол излеуге умтылдырады, ал, озь устемликлерин, турмыс шынлығын буркеу, массанынг санасын топасландыру есабына беккемленип журген устем топар адамларынынг жамиетлик кушин абройын ҳалсиретеди, — бул, албетте халқ мапине сайкеслик болып есапланады.

Улума «реализм озь табияты бойынша халқлық» деуимиздинг-де, конкрет алғанда озине заманлас қарақалпақ турмысынынг реалистлик суретлеуин беруименен Кунхожа творчествосы халклық характерге ие болады деуимиздинг-де мангызы усында.

Халқлық адебияттынг тағы бир белгисин уллы рус

---

[1] В. Иванов.— «Ленинский принцип партийности». журнал «Коммунист», № 5, 1956 г.



www.ziyouz.com kutubxonasi

критиги Н. А. Добролюбов озининг «Рус адебиятынынг рауажланувында халқлықтынг қатнасы туралы» деген мақаласында томендегише характерлейди:

«...халқлық деп, биз тек жергиликли табияттынг сулулығын суретлей алушылықты, халқтан еситкен тигир созлерди қолланушылықты, дастурди, адетлерди, ҳамь басқаларды дурыс беруди ғана тусинбеймиз... ҳақиқат халқлық шаир болу ушын кобирек керек: халқлық рухпенен суғарылу, онынг омирименен турмыс кеширу, олрменен бир дарежеде туру, қатламлардынг, ктап илимининг барлық ырымларын ылақтырып таслау ҳамь басқалар болу керек...»[1]

Егерде бул қағиданы конкрет откендеги қарақалпақ адебиятынынг материалларына қолланатуғын болсақ, ҳақиқатында-да қарақалпақ жерининг табиятын, қарақалпақ тлининг байлықларын, халқтағы ҳартурли дастурлер менен адет—урплерди шебер суретлеуди, шебер файдалануды демократиялық ҳамь реалистлик емес бағдардағы адебиятта-да табамыз, ал, Кунхожа шығармаларында булармене бир қатарда халқлық рухты, турмысқа халқлық козқарасты, халқлық позициядан ҳамь халқтынг тарепин алып қатнас жасауды коремиз. Кунхожа халқ массасынынг жыршысы спатында тайсалмай созь айтады, халқ жыршысы болуды ҳақиқат шаирлық творчествосынынг миннети ҳамь мазмуны деп санайды, бул жолда ол озь заманындағы устем топарлардынг шарият сияқлы жазылған законларынынг, слар озь маплери ушын бекистирген урулық—феодаллық адет—урп сияқлы жазылмаған уставларынынг-да шегинен шығады.

Дурыс, Кунхожада бул бойынша исленген арнаулы сияси программа ямаса адеби—теориялық система жоқ, брақ, озь шығармаларынынг озь уақтында халқ массасына тигизген ҳамь ҳазирги оқушыда қалдыратуғын тасирининг объектив мазмуны бойынша сол дарежеге жеткен.

Сонынгменен бирге Кунхожанынг шығармаларында адеби творчествонынг ҳақиқатты суретлеу арқалы халққа хызмет етуге тиислилигин талап ҳамь қағида етип қоятуғын қатарларды-да табу мумкин. Мсалы:

Кунхожа озининг «Бара алмас» қосығында:

---

[1] «А. С. Пушкин в русской критике», сборник статей, издание второе, Москва, 1953 г. стр. 497—498.



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Шаир айтар шағлағаный,
Шағламаса дағлағаный»[1]

деп жазып, шаир болу—қосық шығару ғана емес, шынлықты жырлау, жақсыны жақсыдай, жаманды жамандай корсету, оқушыға қуанышынгды-да, қайғынгды-да боямай айту деп адеби творчествоға дурыс талап қояды ҳамь усы қосығынынг озинде бул пкирин:

«Шаир халқтынг созин айтар»[2]

деп теренглетеди. Шаир озь басынынг жағдайын емес, халқтынг басындағы жағдайды айтсын, шаирдынг сози халқтынг сози болуы керек, дейди. Усы гуманистлик пкирди тартынбай айтқан XIX асир перзенти Кунхожаынынг ол асирде халқтынг шадлығын арьман етуи болмаса, халқтынг қайғысынан басқаны жырлай алуы мумкин емес еди XIX асир қарақалпақ турмысында халқтынг аур турмысын реаль суретлеп, халқтынг келешеги туралы арьман ету, халқтынг қайғысын жырлау ҳарбир шаирдынг азаматлық уазипасы, халқтынг созин айтуы еди. Кунхожа мне усылай етти. Ол халқ деп ханларды, ел амелдарларын емес, қзыл қумда қайысып қой баққанларды, суық суға малынып балық аулағанларды, пақалға саныи тырнатып орақ орғанларды—улума минеттинг, тенгсизликтинг салғыртлардынг, жаунгершиликтинг жапасын шеккен жарлыларды атады.

Кунхожа хан менен амелдарларды халқ деп емес, ал озь атларыменен, жарлы пуқаранынг ҳақын жеген уятсыз байлар, амелдарлар, залым ханлар деп ямаса душпан деп, жлан—шаян, азулы деп атайды.

Шаирдынг «Халқ» деген созди қолланған ҳарбир қатар қосығынан бул создинг минеткеш халқ массасын козде тутатуғынлығы ап-ашық коринип турады. Шаир ози ҳаққында айтқанда-да ози менен тағдирлес усы халқты козде тутады.

Ози ҳаққында озиндей барлық жарлылардынг, ҳуқуқсызлардынг атынан сойлейтуғынлығын, заман зулматларын шегип атырғанларменен тағдирлес екенлигин Кунхожа озининг «Менинг куним» деген қосығында арнаулы турде ескертеди-де. Бул қосығында шаир бринши беттен ягни озь атынан бақытсызлық қарангғылық, жабир — зулымлы омир туралы аур қайғыру сезимлерин образлы

---

[1] Кунхожа, Танглаулы қосықлары, 1949-жыл, 62-бет.
[2] Бул-да сонда сол бетте.



www.ziyouz.com kutubxonasi

турде «менинг куним—ай, жулдызда саулесин бермеген қаранғы тунь, жанып отқа денем менинг дағланып», «зары ҳеш жерге жетпейтуғын бахытсыз» х. т. б. деп баян етип келеди-де, бул озь атынан айтып отырған зарлардынг қаранғылықта, зулымлықта туншыққанлардынг, автордынг озь созин файдаланып айтқанда «кунсизлердинг» зарлары дейди:

«...Менинг зарым — кунсизлердинг зарлары...»[1]

Кунхожанынг «қобыз» қосығындағы:

«Адамға мегзес иегинг,
Халқты жубату тлегинг...»[2]

деген қатарлар-да онынг «шаир халқтынг созин айтсын» деген пикирименен кута унлес. Аур турмыстан езилген халқты жубату. оған қол беру-де, созсиз, онынг созин айту.

Бринши мартебе Кунхожа поэтикалық турде баян еткен «*Халқтынг созин айту*»—*халқлық*—демократиялық бағдардағы барлық қарақалпақ классик шаирларынынг творчестволық программасы болды. Қарақалпақ халқынынг феодаллық—патриархальлық турмысынынг ишиндеги теренг социаллық, класслық жикленуди коре алған, барлық уруладынг-да езилген минеткеш топарларынынг ҳаммеге тенгдей аур турмыс ауҳалын тусине алған, усы тусиниклер натижесинде барлық урулардынг езилген топарларын жамлеп озь тусиниклеринде халқ деп аталған бул шаирлар озь творчестволарынынг турмыслық мақсети етип усы халқтынг созин айтуды қойды. Мсалы Отеш шаир озинининг атақлы «Дарькар» деген қосығында теренг халқлық—демократиялық жане еркинлик идеяларын созь ете келип,қосықтынг кейнин:

«Шаир Отеш айтты халқтынг созини,
Пасек тутып тарип етти озини,
**Халқы ушын тамам создинг изини,**
Баркулла айтуға шаирға дарькар»

деп питкерди.

Қосықларынынг социаллық откирлиги жағынан енг кушли қарақалпақ классик шаирлардынг бреуи болған Отештинг шаирлық творчество алдына қойған бул талабынынг оғада жоқары социаллық жане эстетикалық кун-

---

[1] Кунхожа. Танглаулы қосықлары, 1949-жыл, 38-бет .
[2] Рукопись, фонд ККҚНИИ. инв. № 1096, стр. 65.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ға ие екенлигин атап корсетуменен бирге, бул жониндс оған озининг улкен устазы Кунхожаның-да тасири тиди деп есаплаймыз.

Бердақ шаирдынг ҳартурли қосықларынан мсаллар келтирейик:

«Қорер ғарип жузь мынг азар,
Бердимурат дағын жазар....»[1]
Менинг созим халқтынг сози...[2]
Шаир едим, козим коргенин жаздым,
Кеулимнинг блип, сезгенин жаздым,
Заман қысметинен сарғайдым, аздым,
Болар-ма деп жақты кунлер халқ ушын...»[3]

Усы мазмундағы қатарларды Ажинияз Қосыбай улы, Омар Сугиримбет улы сияқлы шаирлардынг шғармаларынан-да келтиру мумкин. Езилген, аур турмыстағы ҳуқуқсыз минеткешлер массасынынг жрын жырлауды қарақалпақ адебиятынынг реалист ҳамь демократ уакиллери бахыт, азаматлық миннет залымларға қарсы гурес, халққа хызмет ету, мақсетке жетудинг жолы деп жоқары баҳалады.

Кунхожанынг қосықларынан биз жарлы халққа шын муҳаббат ҳамь тлеклесликпенен қарайтуғын, адам ҳамь шаир спатындағы озь тағдирин, омирлик мақсетлерин соларменен байланыстыратуғын ҳақиқат демократты танимыз.

Рустынг атақлы революцияшыл —демократ шайыры Н. А. Некрасов 1856-жыл Л. Толстойға жазған бир хатында адебияттынг жамиетлик хызметин характерлеп, жазушынынг ролин хорланғанлардынг ҳамь езилгенлердинг жақлаушысы болу деп корсеткен еди.[4]

Мне усы хорланғанлардынг ҳамь езилгенлердинг жақлаушысы болу—Кунхожа творчествосынынг идеялық мазмунынынг тикарғы бир болегин дузеди.

Кунхожанынг шғармаларын озь басынынг қайғысы менен халқ басынынг қайғысын қосып жырлау характерлеп турады. Халқтынг аур турмысын жырлаған шаир, оны қабырғасы қайысып жырлайды.

---

1 Бердақ, Тангламалы шғармалары. 1956-жыл, 59-бет.
2 Бердақ, Тангламалы шғармалары, 1956-жыл, 123-бет.
3 Бердақ, Тангламалы шғармалары. 1956-жыл, 12-бет.
4 Н. Ф. Бельчиков «Великие традиции русской классической литературы». Ленинград, 1953, стр. 11.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кунхожаның ҳарбир қосығы жарлылардынг корген азап-ақыретлерин сырттан бақлап, гурринг етип отырған шаирды ғана емес, халқтынг ауыр кунине қайғырып, халқ қайғысы себепли уайымға тусип, озининг тағдирин сол халқтан кутип отырған гуманистти елеслетеди.

Қайда бармасын ашлық азабына, аур минетке, жуенсиз законлардынг қысқысына ушырап киятырған жарлылар Кунхожанынг ҳарбир қосығында оғада аяныштлы сезимменен суретленип отырады.

Шаир халқты теренг қайғырып аяу ҳамь суюден, шын тилеклесликтен ибарат болған жоқары дарежели симпатияменен суретлейди.

Мсалы, ол: «Жетимлер телмирип жерди қазарлар» деп минеттинг барлығын жарлылардынг ислейтуғынын корсетсе, «жлай-жлай сорлы куни кешеди» деп олардынг минетининг босқа кетип атырғанлығын, қанша минет етседе, аур турмыстан қутылмағанлығын баян етеди.

Кунхожа халқтынг аур турмыс кеширулерининг себеби, халқтынг жерсизлиги, малсызлығы, байлардынг жарлылардынг минет ҳақысын-да бермеуи, хан, амелдарлардынг халқты аяққа басып, маллынынг, жерлининг созин сойлеуи деп баҳалайды, жарлы халқты қинаған жамиетлик курылыстынг барлық жарамсызлықларын кушли жеккорушиликпенен ашып таслайды, халққа зиян жеткизген адамларды «залымлар, душпанлар» деп атайды.

Халқтынг аур минетин, сонда-да жалшымаған аур турмысын, халқты бул кунге салып отырғанларды қуатлайтуғын заманды созь ете келип шаир аур налынуменен:

«Сонынг ушын бул дуньяда йыглarман,
Азаппенен қара бауым дағлармач
Қашан уақтым, бахтым келип шағларман?
Адамнынг рухы геде яранлар» —

дейди.

Бул мсаллардан шаирдынг кимди душпан блип, жеккорушилик пенен қарайтуғын, кимди дос блип, сонынг қайғысын бирге қайғыратуғын шаир екенлигин айыру қиын емес.

Жарлы халқтынг мапи ушын қудалануға-да қайыл болып, халқты езипатырғанларды қорқпай «залым» деп айта алған, оларға озининг душпан екенлигин ашық айта алған шаир созсиз жарлы халқтынг шаиры еди.

Озининг «Жарымадым» қосығында: «Балаларым



www.ziyouz.com kutubxonasi

отыр жалангаш, куйикпенен ағарды шаш» деп, тапқанының тиынға жетпегенлигин, «Не болдым» қосығында ишерге киерге жарымағанын, ҳарь кунининг жлау, қайғыруменен откенлигин, «Ақ қамыс» қосығында қураған қамыстай солғанын, турмыстынг қысқысынан кок тайғақта жургендей қсылып-қиналып жургенлигин, «Сазан ау» қосығында табанын тас қопарып балық ауласа-да қазан қайната алмағанлығын—басындағы барлық кемтарлығын созь еткен шаир, буларды тек озь басынынг қайғысы, озининг ғана турмыста корген тарлығы ретинде суретлемейди, ал озиндей мынглаған жарлылар турмысынынг суретленуи спатында жазады ҳамь усы озиндейлерге қол беруди, жардем корсетуди ойлайды:

«Бирнеще адамнынг қудайы берген,
Аларны масьтана козлерим корген,
Менингдек боп неще адамлар журген,
Ғарипке қол жетер-ме екен яранлар».

Шаир жарлыларға шын журегинен жақсы тлеклер тлейди, соларға бахытлы кун келсе екен. олар ҳешбир нарседен қиналмаса, қсынбаса екен дейди, озине жолдас дара жарлыларға-да, жалпы жарлыларға-да шаир усы тлекти билдиреди. Мсалы: «Қун қайда?» қосығында кунликшилик талапта бирге журген жас кши жолдасы Сайымбет дегеннинг жастан гриптар болып, турмыстынг даслепки ууын жутқанлығын суретлеуменен бирге, шаир оған «жол тап шрағым сынбасын сақтынг» деп жас улкенлик кенгес береди ҳамь жақсы тлек билдиреди, ал «Жайлауым» қосығында:

«Пухаранынг таймағайлар-да куйи...»

деп жазып, барлық жарлыларға бахытлы заман тлейди.

Кунхожа Хиуа сапарынан киятырғанда жолда кунликшилик етип, байлардынг егинин орып журген қарақалпақ елининг жгитлерин кореди. Олардынг аур минетин ҳамь ауҳалын, ҳуқуқсызлығын қайғырып суретлеп, белгили «Орақшылар» деген қосығын жазады. Шаир қосықта олардынг аур ауҳалын қайғырып ғана қоймайды, тунгилуге-де тусип қалмайды, олардынг кеулин жубататуғын созлер айтады, оларға озининг жақсы тлеклерин билдиреди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Аулға аман қайтқайсыз,
Балаларынгды қуантқайсыз,
Душпанларды мунгайтқайсыз,
Хош аман бол орақшылар»

деп оларменен хошласады. Жарлылардынг жақтылы кунин тлеген шаир, бул жақтылы кунди душпанлардынг яғни жарлыларды аяусыз езушилердинг мунгаюына байланыслы етип корсетеди.

Жарлылардынг аур турмысына жаны ашып, оларға шын кеуилден тлеклес болған шаир абден куйип кеткен уақытта ози диндар болуына қарамастан «қудайға-да тил тигизеди».

1. «Қудретинге еттим илая парьман,
Сенинг ислерингe етермен гуман,
Қун-куннен қапылыл мнекей заман,
Ада болмас ислер болды найлейин?»
(„Суға кетти")

2. «Мен сорлынынг иши дартли,
Не қлайын мен қудретти,
Биздейлерге салмас бетти,
Сонынг ушын жарымадым»
(„Жарымадым")

3. «...Корсет қудай бар болсангыз карамат,
Сен-де бир лайлисенг козге коринбес»
(„Коринбес")

Бринши мсалда шаир жарлылық аур турмыс пенен феодаллық тартиплердинг қурбаны болып суға кетип олген еки жастынг трагедиялық тағдирлеринен тасирленип қудайлық ислерге гуманланса, екинши мсалда тек ози ғана емес, озиндей басқа жарлыларға-да бет бурмағаны ушын қудайға наразылық айтады, ал ушинши мсалда шаир тағы-да откирлесе тусип, «қудай бар болсанг караматынгды корсет» дейди.

Бул келтирилген ушь мсалдынг ушеуинде-де озиншелик бир, мейли стихиялық турдеги-ақ болсын, еретик нота-да бардай сезиледи. Брақ-та биз мсалды буны далиллеу ушын емес, ал, шаирдынг жарлы халқтынг аур турмысына жаны ортенип қайғырғанлығын далиллеу ушын келтирдик.

Жарлылар турмысына бундай қатнас-Кунхожанынг ҳарбир қосығынан козге тасланатуғын тикарғы мотив.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мейли шаир еретик-те, атеист-те болаалмай-ақ қойсын, барибир жарлынынг қайғысыменен қайғырып, жарлынынг тлегименен жасайды.

Кунхожа шығармаларында жарлылар — тек аур минет пенен ащы турмыс азабын тартқан, қайғы — мунгменен журеклери толған адамлар ғана емес, ал, халқтынг енг жақсы белгилерин озь бойларында сақлаушы, енг жақсы адамгершилик иелери болып суретленеди. Булар сонынгменен бирге, шаирдынг унамлы геройларынынг тикарғы улгиси болып есапланады.

Кунхожа жарлылардынг ақыл-ойын суретлеуде-де, мнез-хулқын суретлеуде-де енг жақсы бояуларды қолланады.

Олардынг ақыл-ойларын, мнез-хулқларын, фейлин байлардикинен жоқары қойып суретлейди.

Ол озининг «Шопанлар» қосығында куни-туни қойдынг изин-де сарылып, таз болып, басынан торағы ағып, топырақты тосенип, аспанды корпе етип журген шопанларды, «артық ҳаммелерден ақыл-ойлары» деп суретлейди. Ол шопанлардынг ақыл-ойларын, мнез-хулқын қарабасынынг мапи ушын бийлик айтатуғын билердинг, шарият жасайтуғын молла-ишанлардынг, ксининг ҳақын жеп дунья арттыратуғын байлардынг ақыл-ойынан артық санайды.

Кунхожа озининг «Ешким бар» деген қосығында мал дегеннен жалғыз малы — он бес жыл кунликшилик етип ауыстырған бир ешкиси туралы сözь етеди. Сырттан қарағанда бул қосық жай бир кушли социаллық мазмуны жоқ қосықтай болып коринеди. Брақ шаир усы жай қосығы арқалы жарлылардынг жақсы мнез-хулқын байлардынг аш козлик мнез—хулқына қарсы қойып суретлейди.

Қосықтағы шаир озининг жалғыз ешкисининг бар екенлигин айта келип:

> «Ҳарь бреуге етип мирать,
> Кордим аға жуда раҳать» —

деп жазылған апуайы қатарында жарлы халқтынг пейлининг кенглигининг, олардынг бир-брине миирбанлылығынынг, олардынг адамды ҳурмет етип қараушы мимандослығынынг оғада шебер суретленуи берилген. Бир-бреуди силау, тапқанды, бир жутым су болса-да, бир тислем нан болса-да ортаға қойып жеп-ишу, жолдаслық, дослық



www.ziyouz.com kutubxonasi

мирать, ащы-дущыны бирге татысу — булардынг барлығы улума халқ дастурининг енг жақсы спаты, жарлы халқтынг арьман еткен ҳамь қадирлеген идеал моралининг бреуи еди. Кунхожа жоқарыдағы қатарларменен мне усы идеал моральди жырлайды.

Усы қосығында шаир озининг жалғыз ешкисин: «артық байдынг жузь малынан», — деп корсету арқалы, уйир-уйир малы болса-да, дуньясы ирип-шрип жатырса-да, қатығы, сути туе, айран-шалабын туысқанларына-да сатып беретуғын байлардынг ашкозлигине жарлылардынг кенг пейиллигин қарсы қояды.

«Кешулер болса кешип кет,
Шешулер болса шешип кет,
Ағажан келип суть ишип кет,
Реим аға бир ешким бар» —

деген оғада апуайы, брақ оғада шын кеулден айтылған қатарларда халқтынг ийгиликли дастурининг қаншелли сезими, дослық, жолдаслық мирать ҳамь силасыққа болған қаншелли ҳурмети жатыр!

Шаир озининг «Изимбет» деген қосығында-да ақ кеул, сада, ҳадал, миирбан, жақсы созли адам образын жасайды. Ол нағыз тирсеги шиқылдаған жарлы, ҳаттеки, «аяғында етиги жоқ, уйинде наны жоқ, жалғыз жаман шапаны бар», брақ «ол адамға жағар сози коп, қаумы-қарындаш кози коп», ашық кеул, ҳақ ниет адам. Кунхожа ушын енг тикарғысы усы белгилер. Сонлықтан шаир: «Ендиги адам Изимбет» — деп жумақ жасайды.

Шаир кунликшилер омири туралы жазған шғармаларында-да жарлыларды бирликли, тату, миирбан, бирбреудинг қайғы-мунгын шериклесетуғын, туылған елин, ата-анасын, бала-шағаларын, қурбы-қурдасларын шын журектен суйетуғын, ар-намыслы адамлар етип суретлейди. Олардағы туған елди узилип сағыну, ата-аналарын, бала-шағасын асырау ушын неше турли қиыншылықлар шегип минет ету, елдинг адамлары менен табиятына болған суюшилик сезимлери, олардынг дуры созлилик, кенг пейиллилик, ҳадаллық белгилери оларға оқушынынг улкен симпатиясын оятады, улги-де болады. Оқушыдағы олардынг адам шдамаслық ауҳалына аяныш сезими, оқушынынг оларға деген муҳаббатын тағы-да арттыра тусип, сондай адамларды елден-куннен айырған, сансыз жапа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лар менен жудалықларға душар еткен омирге ғазебин ҳамь жеккорушилигин кушейтеди.

«...Ғариплерде азизлик бар, бузық жоқ» ...

деп жазады шаир «Олим» деген қосығында.

Бул қатарды тап усы қосықтынг озиндеги:

«Дин Хорезмге парьман айлеген,
Удайына отирик созь сойлеген,
Залым болып ели-журтын билеген,
Залымлардан айра тусир яранлар»

деген қатарларменен бирге алып қарасақ шаирдынг езилген болса-да, халқтынг енг жақсы қасиетин озь бойында сақлаушылар-жарлылар, минеткеш халқ массасы, ал ел басқарушылардынг мнез-ҳулқы залымлықтынг кориниси деп тусингенлигин ангғару қиын емес.

Купхожа усылайынша минет адамларынынг унамлы образларын, халқтынг енг жақсы милли характерлерин адебиятта саулелендиру бойынша-да бир улкен адым таслады.

Шаирдынг «Менинг балам» қосығында-да унамлы образ жасаудынг озиншелик бир усылын байқау мумкин. Бул усылдынг озгешелиги шаир бул қосығында жақсы адам ушын зарурли гейпара белгилерди идеал спатында баян еткен сияқлы.

Блайынша қарағанда «Менинг балам» қосығында шаир озининг жеке қайғысын-баласынынг олимин баян еткендей болып корингеди. Бракта қосықта улкен тиқарғы мотив болып жамиетлик мапь алға қойылған.

«Менинг балам бала еди,
Душпаннан ошь алғандай,
Менинг балам сондай еди,
Жауға ойран салғандай...
Менинг балам
Олмегенде палуан боп,
Бел буынып
Тусер еди гуреске...»[1]

Шаир озь баласынынг олими арқалы озиндей путкил қарақалпақ жарлыларынынг омирине тиисли болған тағы бир шынлықты аша отырып, сонынгменен бирге баласынынг олимине байланыслы улкен қайғысын тек акелик

[1] Рукопись, инв. № 1096, фонд ККНИИ, стр. 1.



www.ziyouz.com kutubxonasi

жудалықта, перзенттен айрылуда ғана кормейди, ал алда халққа хызмет етуге тиисли азаматтан айрылуда-да кореди.

Бул жерде шаирдынг «балам гуреске тускенде еди» деп арьман етип, жаслай қыршын болып тусе алмай кетти деп қапаланып отырған гуреси — халқ бахты ушын гурес, шаир айтып отырған душпан — шаирдынг жеке озь душпаны ғана емес, жалпы халқтынг душпаны.

Шаир душпаннан ошь алғандай, жауға ойран салғандай ғайратлы, жгерли болуды, бел буып халқ иси ушын тайынбай, гуреске тусуди — жақсы адамнынг белгиси спатында усынады. Шнында-да шаирдынг баласы ҳаққындағы арьманы — ауладлар ҳаққындағы арьманы, ата шаирдынг жасларға улги етип айтып отырған ақылы.

Кунхожанынг жарлы халққа жаны ашыр дослық қатнасын, оны енг жақсы мнез-хулқ нормаларына шақыруын корсетуи жағынан онынг «Берман қара» қосығы-да улкен аҳмиетке ие.

Қосықта шаир жгерсизлик, уайымшылық, ынжықлықталпынбаушылық айдауға конип, ҳеш ҳарекет етпейтуғын адамлардынг арына тиип сойледи:

«Басына урса билмеген,
Айтқанды еске илмеген,
Бир кун ойнап-кулмеген,
Қайғы басқан берман қара

Иркилип козин ашпаған,
Ақылын артық шашпаған,
Қанатын қағып ушпаған,
Ақылсыз сен берман қара»[1]

Демек, шаир бул сияқлы пассивлик қасиетлерди қаралайды екен, бул — шаир бас еркинлиги ушын ҳарекет етуди, жақсылыққа умтылуды ,омир суру ушын гуресуди, басқа-да актив қасиетлерди угитлейди деген созь.

Қосықты минет адамларынынг коплеп коширип жазып алып журуи-де онынг усы активлик характерине байланыслы болуы керек. «Бул қосық 1937-жлы Тахтакопир районнынг қарауындағы Кок шоқат деген жердеги мал шаруашылығындағы Сайымбет Сейтек улынынг қолжазба қыссасынан коширилип алынған».[2]

Кунхожанынг жарлылар массасына болған жақсы коз-

---

[1] Кунхожа, Танглаулы қосықлары, 1949-жыл, 36-бет.
[2] Рукопись инв. № 1096, фонд КККНИИ, стр. 4.



www.ziyouz.com kutubxonasi

қарасы езуши байларға ҳамь амелдарларға болған жаман козқарасыменен тғыз байланыслы. Кунхожа байларды, амелдарларды «халқты шағатуғын шаян» ,«залым», «пығлы жаман мақау-пес», «азулы» деп атайды. Оларды озининг булай деп атағанына шаир олардынг халқтынг ҳақысын жеп, халқты тонау, езу сияқлы минетсиз раҳать кешируи, сутхорлық, ашкозлик, ҳуждансызлық қасиетлерин себеп етип қояды. Оларды шаир адамгершиликтен айрылған мақлуқлар спатында суретлейди.

«Менинг куним» қосығында озининт турмыстан корген қыйиншылықларын қайғы менен тунерген қара кешке теңгеген шаир бул тунерген турмысқа тусуининг себеби етип «Жлан шагып сау денемди исирди» деп байлардынг, амелдарлардынг еткен зулымлығын корсетеди.

Шаир озь дауриндеги тартиплердинг барлығын надурыс тартиплер, амелдарлардынг барлығын инсапсызлар деп атады, халқтынг бахытсызлығынынг себеби инсапсыз амелдарлардынг жургизипатырған надурыс тартиплери дейди:

«Биинсаплар дуры жолды
Тутпаған сонг жарымадым»

*(„Жарымадым")*

Кунхожа тек феодалистлик жамиеттеги ел басқарушылардынг томенги ҳамь орта звеносын ғана ашкаралап қоймайды, олардынг барлығынынг-да тикары ҳамь треги болған Хиуа ханнынг озин-де аяусыз ашкаралайды. Озининг «Умытпаспан» қосығында Хиуа қаласынынг қайғылы коринисин, адилсизликти, гунасыз адамлардынг олтирилуин, халқтынг куннен-кунге азып-тозуын созь ете келип, бул бахытсызлықлардынг барлығынынг себепкери ханды «ақылсыз» деп атайды:

«Мен ойладым сол уақытта,
Хан ақылсыз деп тахытта».

Усы асирде омир сурген украин халқынынг суйикли шаиры Тарас Шевченконынг «Тусь» поэмасында патша Ниқолайдынг анасын мазақлағаны ушын узақ сургинде болуын козде тутсақ, Кунхожанынг ханды дуп-дуры «ақылсыз» деп атауы тек ханды ашкаралаушылық ғана



www.ziyouz.com kutubxonasi

емес, тутас жамиетлик стройды ашкаралайтуғын гуресшенглик сияси аҳмиетке ие болады.

Кунхожаның «Умытпаспан» қосығы-қарақалпақ классик поэзиясынынг енг ҳасыл шығармаларынынг бреуи. Турмыс шынлығын ҳеш тартынбай реаль турде суретлеудинг, зулымлыққа, қуллыққа азаматлық мартликпенен қарсы турудынг. олимге бетпе-бет турып халқ созин айтудынг ажайып улгиси болған бул қосық Хиуа ханларынынг қанлы сиясаты ҳаққында шығарылған улкен айыплау акты болып козге туседи.

Қосықта даслеп шаир озининг ырзалығына қарамай зорлықпенен ханнынг ҳамири бойынша жасауллар арқалы Хиуаға алдырылғанлығын баян етип, не ақырет-азап пенен Хиуаға жеткенлигин жазады.

«Коз жас тогилип далаға,
Қарамай бала-шаға.
Келдик атақлы қалаға,
Буны ҳешбир умытпаспан».

Атақлы қалаға келуден шаирдынг козине тасланған нарсе ханлықтынг орайы болған қаланынг қанлы картинасы

Хиуадағы ханлық сиясаттынг тиккелей натижеси болған Хиуа қаласынынг бул адам турщигерлик қанлы картинасын шаир томендегише суретлейди:

«Ушь ағаш тур кенг майданда
Орналасып қзыл қанға,
Қиылып ҳамь шбын жан-да,
Турғанларын умытпаспан.

Бул дар еди коринген,
Коп адамлар илдирилген,
Табанлары тилдирилген
Буларды ҳеш умытпаспан.

Адам олген жайып қушақ,
Коздинг жасы моншақ-моншақ,
Колларында откир пшақ,
Жалладларды умытпаспан».

Бул суретлеу XIX асирдеги Хиуанынг озине-де, Хиуа ханлығынынг қол астындағы барлық территорияға-да оғада адил баҳа еди. Бул қиылыпатырған жанлардынг барлығы халқты гурестен шетлету, халқтынг рухын тусирип, козин қорқыту мақсетинде хан тарепинен олти-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рилген айыпсыз мынглағанлардынг жаны екенлиги туси-никли.

Хиуанынг қанлы картинасын суретлеген усы куплет-лер-қосықтынг тикарғы болеги спатында козге туседи. Ойткени, шаир буған шекемги куплетлерде озининг Хиуаға қандай себеппенен ҳамь қандай машақатларменен келгенлигин баян етеди-де, ал бул куплетлерден сонгғы куплетлерде хан жасаулларын сақшы етип қойып бақсы-ларды айтқызып снағанлығын, озин мақтағанларға байрақ берип, шынлықты айтқанларды жаман корГенлигин, со-лардынг бреуи спатында озининг-де хан тарепинен ыза-хорлыққа ушырағанлығын баян етеди. Ал, биз қосықтынг тикарғы болими деп атаған куплетлерде шаир жалпы халқ басындағы аур жағдайды, Хиуа ханларынынг зулымлық-ларын, оларға деген озининг халқ жыршысы ҳамь азамат спатындағы ғазебин баян етеди. Усы тикарғы болимди шаир:

«Кирдик қалаға тез журип,
Анталады итлер урип,
Тахт устинде дауран сурип,
Турған ханды умытпаспан»

деген куплет пенен питкереди, буннан кеин жоқарыдағы бақсыларды айттыру процессин суретлеуге отиледи.

Бзингше, шаирдынг дар ҳамь жаллатларға жалғасты-рып «анталады итлер урип, тахт устинде дауран сурип, турған ханды умытпаспан» деген қатарларды бир куплет-те беруинде-де улкен мани бар. Шаир бул арқалы хан амелдарларынынг адамларды иттей талауын ҳамь хан-нынг усы арқалы дауран сурип отырғанлығын айтқан. Кунхожа «Умытпаспан» қосығынынг кейнин:

**«Қайтып Хиуаға келмеспен,**
**Созь айтты сра демеспен,**
**Озь еркимди ҳеш бермеспен,**
**Хорлықларын умытпаспан.**

**Хорлығы отти озиме,**
**Жаслар толтырды козиме,**
**Қалғанлар қарап созиме,**
**Буны-дағы умытпаспан»**

деп питкереди. Солай етип ханлық орайда корГенлери шаирдынг ханға ҳамь онынг тартиплерине болған ошпен-ли жеккорушилигин шегине жеткерип, шаирдынг бас ер-кинлигине умтылу сезимин тағы-да теренглете туседи.

Егерде Кунхожа суретлеген уақтағы Хиуа ҳаққындағы тарихи мағлуматлар менен «Умытпаспан» қосығынан жо-



www.ziyouz.com kutubxonasi

қары-да корсетилген узиндилерди салыстырып қарасақ, шаирдынг Хиуадағы қанлы картинаны қаншелли реаль ҳамь бурмаламай суретленгенлиги тағы-да айқынырақ козге туседи.

«Хиуа—пайтахт ҳамь ҳешнарсеге тусинбейтуғын ханнынг жане уруларднынг барлық белгили адамларынынг жасайтуғын жери», — деп жазады XVIII асирдинг ахыры XIX асирдинг басында Хиуада болған Бланкеннагель деген врач.[1]

Ханлық властьты беккемлеу, дунья топлау ушын узликсиз аскери атланыслар, адамларды олтиру Хиуанынг ханлық турмысынынг кунделикли адеттеги иси болған. Хан яки онынг амелдарлары тарепинен азырақ ғана гуманланған адамлардынг озлери-де, бала-шаға, жақынжуықлары-да тексерилип отырмастан-ақ олтирилип жберилген, олим жазасыменен жазаланғанлардынг копшилиги сонша, ҳаттеки ози олимге ҳуким еткен коп адамлардан ханнынг ози-де хабарсыз қалған, егер озь властына қауипли болса, хан озининг жақын—туысқанларын-да бала-шағаларыменен жыртқышларша олтирип жберетуғын болған. Бағынбаған ағайинлерин қрып жберу, ханға наразыларды узликсиз жазалау—ханлықты беккемлеудинг енг тикарғы илажларынан болған.[2] «Властына қарсылық еткенлерди аяусыз жане жан туршигерлик турде узликсиз жазалауларменен ол озбеклерди ҳамь ханлықта жасаушы басқа-да қаумлерди жуасытты», — деп жазады Мухаммед Рахимнинг ханлық сиясаты туралы 1819 — 1820-жыллар-да Хиуада болған рус дипломаты Н. Муравьев.[3]

«..Ол, — деп жазады тағы-да, Н. Муравьев, — коп мынглаған гунасыз қурбанлардынг ҳамь қанлар ағысынынг устинде озининг жекке қауипсизлиги, байлығы жане дангқы ушын дерлик путкиллей жанга мамлекет... тикарлады».[4]

Н. Муравьев дарға асып олтирудинг ханнынг жазалау усылларынынг ишинде тикарғы орын тутқанлығын-да корсете отырып, онынг толық характеристикасын береди.

---

1 Веселовский, «История Хивы с древнейших времен...» стр. 245.

2 Веселовский «История Хивы с древнейших времен...» стр. 248, 267, 268.

3 «Путешествие в Туркмению и Хиву в 1819—1820 г. гвардейского генерального штаба капитана Николая Муравьева, посланного в сии страны для переговоров» , часть вторая.

4 Бул-да сонда, стр 44.



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Олим жазалары кобинше мнандай еки турде болады: Бринши тури—дар. Ҳуким етилген адам ханнынг сарайына алып барылып, сарай даруазасынынг алдында ямаса хан кенгесининг алдында ҳуким иске асырылады. Сондай-ақ жаза гейде майданларда ҳамь базарларда откериледи, жазаланған адамнынг денеси бирнеше кунлер дауамында халқ келип коруи ушын дарда асулы қалады (созлердинг астын мен сыздым — Б. И.) ҳамь сонг барып туысқанларынынг отиниши бойынша жерлеу ушын оларға бериледи. Гейде мнадай-да болады: айыпкерлерди аяғынан асады-да, ол параличтен олгенге шекем оны усы азаплы жағдайда қояды»[1].

Кунхожанынг «Умытпаспан» қосығы усы тарихи фактлардынг поэтикалық турде образлы суретленуи сияқлы.

Жоқарыдағы тарихи мағлуматлар бойынша Кунхожанынг «Умытпаспан» қосығынынг белгилеп отилуи тиис, тағы бир аҳмиети — бул қосық озь мазмуны бойынша тек қарақалпақ темасы емес, қосықта залым ханлардынг ханлық қол астындағы барлық халқларға, ханнынг қанлы панжесине илген барлық бахытсызларға ислеп отырған жыртқышлығы ашкараланады «Умытпаспан» қосығындағы суретленген Хиуа ханларынынг қанлы сиясатынынг қурбаны болып дарға асылған адамлар ҳартурли халқ уакиллери болып есапланады. Озь пухараларынынг омирине ҳамь олимине қалай болса солай озь кеулинше ҳамир ету, озлерининг деспотлық властьларынынг қауипсизлигин таминлеу ушын тутас халқлар ҳамь дара адамлар устинен болған озлерининг ҳешнарсеменен шекленбеген ҳакимшиликлерин беккемлеу, мал-дунья арттыру ушын дара адамларға қарата-да, тутас халқларға қарата-да шафқатсызлық жазалау илажларын, булардынг енг тикарғы фактлары спатында олим ҳамь қырғын илажларын қоллану — Хиуа ханларынынг ел басқару сиясатын характерлеуши тикарғы жағдайлар еди.

Ханлықта жасаушы қарақалпақлардынг-да, озбеклердинг-де, қазақлардынг-да, туркменлердинг-де қуллық жағдай басларына тусип сатылып келген руслар ҳамь персиянлардынг-да уакиллери (Хиуада бирқанша мынг қуллар-да болған) усы сиясаттынг қурбанлары болып Хиуа ханларынынг дарларына, қарақалпақ адебиятында

---

1 «Путешествие в Туркмению и Хиву в 1819 и 1819 г.» часть вторая, 1822 г. стр. 70.



www.ziyouz.com kutubxonasi

енг биринши мартебе Кунхожа тарепинен қолланылған атама бойынша айтқанда ханнынг ушь ағашына асылды. Шаирдынг булардынг барлығына тенгдей жаны ашиды, шаир бул қанлы ҳадиселерди тек озь халқынынг уакили емес, барлық хорланған адамзаттынг уакили болып суретлейди, ози суретлеген қанлы картиналарға улкен гуманисттинг журегименен қайғыланады ҳамь ғазепленеди.

Тек озь халқынынг ғана емес, эксплуататорлардынг зулымлығынан жабирленген барлық жарлылардынг жрын жырлап, мунгын мунглау Кунхожанынг басқа қосықларында-да гезлеседи. Ол ҳешбир елдинг ханын, султанын, байын, катқудасын суймегени сияқлы, ҳешбир елдинг жарлысына жатсынып қарамады. Бунынг бир мсалы болып Кунхожанынг «Аллияр тақсыр ханымыз...» деп басланатуғын қосығындағы қазақ жарлыларынынг мунгын мунглап ханға баруы, онда қазақ байларынынг халқты талаушылық ҳамь булдирушиликлерин айтуы хызмет етеди.

Усыған байланыслы белгилеп кететуғын бир нарсе, Кунхожа озь заманынынг алдынгғы қатарлы адамы, реалист созь шебери спатында барлық халқлардынг жарлысы, байы бар екенлигин, барлық еллерде халқтынг аур турмыста жасауын блу арқалы Хиуа ханлығындағы барлық халқлар арасында тенгдей орын алған кескин класслық жикленушиликти сол уақтынг айрым расми тарихшыларынан дурыс тусиндире алғанлығын коремиз. Мсалы ҳартурли тарихи дереклер тикарында Орта Азия туралы мағлумат берген В. Н. Скопин деген кси блай жазады: 7.00000 жаннан туратуғын Хиуа халқынынг басым болеги диқаншылықпенен шуғылланатуғын ҳамь **бул жерде устем класс болып есапланатуғын** (созлердинг астын мен сыздым И. Б.) озбеклерден турады «...**Озбеклер —елдинг аристократиясы**» (Бул жерде-де созлердинг астын мен сыздым — И. Б.).

Ал, Кунхожа болса, устем ҳамь устем емеслерге анау я мнау халқты емес, ҳарбир халқтынг ишиндеги бай ҳамь жарлыларын боледи. Кунхожанынг тусинигинше бир халқ аристократия болып, басқа халқлардынг уакиллерин аур азапқа, қанлы дарға гриптар етип атырған жоқ, ал ҳарь халқтан шғып хан атрапында ауыз жаласқанлар барлық халқтынг уакиллерин-де аур азапқа, қанлы дарға гриптар етип отыр.

Шаирдынг атақлы «Туйе екенсенг» қосығында-да Хиуа ханынынг ипласлық қылуаларын ашқаралау кушли орын



www.ziyouz.com kutubxonasi

алған. Бринши гезекте Кунхожаның қылт еткен нарсеге адам жанын қиюынан тартынбай ханның берген силығын копшилик алдында ащы кулкиге алуының ози бир жағынан шаир ушын улкен батырлық болса, екинши жағынан хан ушын, ханның абройы ушын улкен соққы; Кунхожа «хожанг берсе қойнынга сал» етип ханнан жалтақламайды, ханның масқара қлу ниетине қарсы озь басының ары ушын гуресип, ханның алдында қайтама оның озин масқара қлатуғын қосық шғарады. Ханның ҳешқандай уқыпсыз, брақ озин мақтаған бақсыларды сарпайлап, дурысты сойлеген, коптинг созин айтқаны ушын озин жаман корип, хорлау мақсетинде олимтик бир туйе бергенлигин шаир озининг «Умытпаспан» қосығында-ақ тилге алған:

«Шерттим дутар, айттым қосық,
Кеулимде қайнап қосық,
Табылмады ҳешбир ДОСЛЫҚ,
Кобейди коптинг душпаны.
Бақсыларға байрақ берди,
Жақсыларды жаман корди,
Лапкой деп шауқым котерди,
Мен оларға ҳеш жақпадым.
Акелди алдыма туйе.
Жағылды бетиме куйе,
Олимтикке болдым ие.
Буны ҳешбир умытпаспан».

Бул туйенинг нағыз суретленуи шебер кулкименен «Туйе екенсенг» қосығының озинде берилген:

«...Шылбыр емес, буйданг аур,
Куртлар жеген қатта баур,
Озинг арық, арқанг жаур,
Туғанынгды блермисенг?..

Адамзатпенен исинг жоқ,
Иелер сени ксинг жоқ,
Аузынгда жалғыз тсинг жоқ,
Жантақ жеуди блермисенг?

Ойлап-ойлап, ойлап турсам,
Шаҳарге пайтах жар урсам,
Тобелеп ет қлып сойсам,
Насбай пулы болармысанг?..

Жаҳанның келген апаты,
Шаҳның берген бизге аты,
Хива ханының зияпаты,
Жол ғаражет болармысанг?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кел дегенде келермисенг,
От жеймен деп журермисенг,
Козинг соқыр сусармысанг,
Усы уақытта олермисенг?..

Ослей-шықпай қалған жунинг,
Ози жасық арық етинг,
Ҳарам олип дузде конинг
Қалатуғын туйе екенсенг...»

Хиуа ханы Муҳаммед Аминнинг Кунхожаға берген «силығынынг» сиқы мне усындай. Шаирдынг ханға берген «силығы-да» — қосығынан коринип турғандай-ақ тиимсиз емес.

Қосықта туйеге қосып ханнынг озин масқаралайтуғын мнадай-да қатарлар бар:

«Патшанынг сенсенг жас малы,
Уқсаған малға дусмалы,
Мадемин ханнынг бас малы,
Жети атасын блермисенг?..»

Хан туе, бай, бидинг «пшығына пиш дей алмайтуғын» заманда ханнынг озине бунынгдай ангиме айту ханды зулымлықлары, ипласлығы, ақылсызлығы ушын ошпенли турде жек корген, оны ашкаралау ушын неге болса-да тайын турған адамнынг қолынан келетуғыны тусиникли.

Тағы-да белгилейтуғын бир нарсе — шаирдынг «Мадемин ханнынг бас малы, жети атасын блермисенг» деген созлерининг айрықша маниси бар, яғни шаир қосықты конкрет ханнынг мазақ ушын берген ғарры туйеси ҳаққында жазса-да, қосықта созь шыннан-да конкрет усы туйе ҳаққында барса-да, шаир ғарры туйени ханнынг пухара халқтынг устинен кулуининг, оларды мазақлауынынг ҳамь хорлауынынг-да тимсалы етип алған сияқлы «Туйе екенсенг» қосығындағы «Тоқтамыстан аррағырақ, Шынгғыс ханды блермисенг... Шынгғыс ханнан берреги-рек, Мадеминнен (яғни Кунхожа туйе берген Муҳаммед Амин) аррағырақ Мадреим ханды блермисенг» деген қатарлар-да жоқарыдағы пкирге алып келеди. Дурыс, буларды айтқанда шаир албетте, хан берген туйенинг аса ғаррылығын барынша белгилеп корсеткиси келген. сонынг менен бирге, бзингше, шаир бул қатарлар арқалы «халқты хорлау, халқ устинен кулу—барлық патшалардынг касиби» деп-те айтпақшы болған. Қосықтағы мна бир куплет-те усы пкирди тастиқлайтуғын факт болып козге туседи:



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Патшалық жол буннан қалған,
Қусты жинап зауал салған,
Жер жузине патша болған,
Сулайманды блермисенг?»

Шаир бул қатарлар арқалы Сулайман патшадан баслап халқтынг коргени хорлық, мазақ, зулымлық, соны хан Мухаммед Амин-де ислеп отыр демекши. Шнында, туйеге айтылған бул анггиме ханнынг озине қаратылған: «Сулайман қусларды жинап зауал салған болса, сен бизлерди жинап заулим салыпатырсанг» дейди шаир ханға. Шаирдынг «Умытпаспан» қосығындағы «Хиуа ханы келди қасыма, салды заулимди басыма» деген қатарлар-да «Туйе екенсенг» қосығында баян етилген жоқарыдағы қатарларменен унлес.

Кунхожанынг «Суға кетти» деген қосығында-да шаирдынг залым ханларға, конкрет алғанда Хиуа ханларына қарсы айтқан оға-да откир пкирлери бар. Бунда шаирдынг ханларды ошпенлиликпенен жеккоруининг тикарғы себеби-*ханлар удайына халққа зулым етеди, ғарип-қасерлерди*, минеткеш халқты бахытсыз етеди:

«...Ғариплердинг қара болған бахтына,
Отлар жақсам залым патша тахтына,
Зулым етер удайына халқына,
Ада болмас ислер болды, найлейин.»[1]

Қосық кунделикли турмыс (быт) та болған бир конкрет уақияға—бир қыз бенен жигиттинг суға кету уақиясына арнап жазылған. Басқа-да омир азабына гриптар еткенлиги сияқлы бул бир-брин суюши еки жасты суға кетип олу трагедиясына заман қсумети, ханлық тартиплер гриптар етеди, олар озь мақсетлерине ерису ушын душпанлардан—оларға тоқынлық жасаушы тартиплер менен адамлардан қашып журип суға кетеди.

Еки жастынг олимине себепкерлер—жорға минген байлар менен олардынг малайлары болған шуғыллар. Шаир мне усы еки жастынг заман қсуметлерине, залым патшаларға, *озь душпанларына* болған ғазеплери менен жеккорушиликлерин олардынг тлинен баян етеди. Олардынг ғазеплерин баян етуди шаир озине миннетли ис ҳамь душпанға қарсы гуресу деп уғынады:

«Қулақ салынг айтқан созге,
Коринип тур айтсам козге,
Баян етпек керек бизге,
Еки ашық суға кетти...

[1] Рукопись, инв. № 109, фонд. ККНИИ. стр. 10:



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ашықлардынг айтқан зарлы сөзлерин,
Қулақ салынг озим баян етейин,
Ояйын залымнынг еки козлерин,
Қулақ салынг барин баян етейин...»[1]

Мне усыдан кейин шаир зулым заман құрбаны болған еки жастынг озлерининг тлинен олардынг заман тарлығы, арьманлы омири, иске аспаған мақсети ҳаққындағы мунглы сезимлерин, абден жанларынан тойғанлықтан айтқан қудайдынг ислерине-де гуманланып қарау сезимлерин, залым патшаларға қарата айтқан откир наразылықларын избе-из дзип келтиреди.

Кунхожа озининг қосықларында Хиуа ханын ашкаралап баян етуменен бирге, оны тариплеушилерди-де ашкаралайды, ханды тариплеушилерди-де ханнынг ози сияқлы жек кореди. Жеке басынынг мапи ушын бийлердинг сыйсауғатына қзығып ханлықты тариплеуши шаирлар — азғынлар болып есапланады. Бундай азғын шаирларды Кунхожа озининг қосықларында жии-жии ҳамь ғазеппенен тилге алады:

«Шаирлардынг қалем алып жазғаны,
Адамнынг-да шаян шағып азғаны,
Тулпарлардан ябылардынг озғаны,
Ажептауир заман болды яранлар»

(„Олим")[2]

«Шаирлар тарип етип журь,
Ақыл-ҳушым кетип тур»

(„Бара алмас")[3]

Егерде Кунхожаға заманлас жасаған, 1910-жылларда қайтыс болған Разбек Қоразбек улынынг творчествосыменен қысқаша таныссақ, Кунхожанынг жоқарыдағы сөзлерининг кимлерге қаратылғанлығын кута ангсат ғана тусину мумкин.

Разбек Қоразбек улы XIX асирдинг ахыры ҳамь XX асирдинг басындағы қарақалпақ демократиялық адебиятына тиккелей қарама-қарсы дни-феодаллық адебияттынг, ханлық салтанатпенен урулық-феодаллық ҳамь дини идеологияны жырлаған адебияттынг айқын уакиллеринен бреуи спатында козге туседи.

---

[1] Рукопись, инв. № 1096. фонд КККНИИ, стр. 9.
[2] Кунхожа, Танглаулы қосықлар топламы, 1949-жыл: 46-бет.
[3] Бул-да сонда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Разбек Қоразбек улынынг шығармалары кута аз ҳамь олар халқ арасында кута сирек таралған. Коп жерлерди гезген Разбек Қоразбек улы «Тарип» деп аталған ҳаял-қызлардынг тарипи ҳаққындағы идеясыз қосықлардынг авторы. Усы қосықларынынг ози онынг козқарасынынг кушли урушылық шекленушилигин, динди угитлеушилигин айқын корсетеди. Ол озь қосығында Хиуа ханлығынынг салтанатын улкен котерингкиликпенен жырлайды.

«Тарип етсем Ургениш йуртын,
Пиряр уали Хиуададур,
Тарип етсем шаҳарь кантин,
Сарь жғалы Хиуададур.

Спайылар, бегзадалар,
Шаҳнынг улы шаҳзадалар,
Ханнынг улы ханзадалар,
Ҳасыл затлар Хиуададур.

Келди тлиме созлер,
Қырмызы йуз, алма козлер,
Қырқ канизли бике қызлар,
Паризатлар Хиуададур»[1]

деген қатарларды оқимыз — Разбек Қоразбек улынынг «Тарипин» де. Бул қатарларды халқшыл, демократ шаирлардынг ханды, ханнынг тартиплери менен салтанатын аяусыз ашкаралаушы шығармаларыменен, айрықша Хиуанынг қанлы картинасынынг реал суретлеуин берген Кунхожанынг атақлы «Умытпаспан» қосығыменен салыстырып қаралса, Разбек творчествосынынг реакциялық — дини-феодаллық характери тағы-да айқын ашылады.

Кунхожа азғын деп мне усындай халқтынг ҳамь онынг ҳадал перзентлерининг жек корген хан, беклери менен тартиплерин мақтаған феодаллық омирдинг малайларын атаған.

Бир заманда жасаған, брақ, еки бағыттағы адебияттынг уакиллери болған Кунхожа менен Разбек Қоразбек улынынг бир объект туралы, яғни ханлық пайтахт туралы жазғанларында бир-брине қарама-қарсы еки турли сурет-

---

[1] Сборник стихов дореволюционных каракалпакских поэтов, записанных Аимбетовым Калли в 1934 г., г. Чимбай, Тахтакупыре во время экспедиции проф. А. А. Соколова, фонд ККНИИ, рукопись, стр. 38.



www.ziyouz.com kutubxonasi

леуди корип отырғанда, пролетариаттынг уллы жазушысы М. Горькийдинг томендеги созлери дарьҳал еске туседи:

«Егерде биз жержузилик адебиятты алатуғын болсақ,—деп жазады М. Горький озининг «Жас адебият ҳамь онынг уазипалары» деп аталатуғын бир мақаласында, — ...биз барлық даурлерде адебиятта бизге қанша жақынлаған сайын турмыс шынлығына критикалық ашкаралаушылық жане бикарлаушылық қатнас басым болғанлығын мойынлауға тиис боламыз. Тек қуныкқ адамлар, ктаплары аллеқашан умытылып кеткен таланты усақ адебиятшылар ғана турмыс шынлығыменен қанаатланып, онынгменен келисип, оны мақтады. Адил турде «уллы»деген ат тағылған коркем адебият ҳешқашан социаллық омирдинг ҳадиселерине мақтау одаларын айтқан жоқ. Боккачио, Рабле, Свифт, Сервантес, Лопе де Вега Кальдерон, Вольтер, Байрон, Гете, Шелли, Пушкин, Лев Толстой, Флобер ҳамь усылардынг колеминдеги жане аҳмиетиндеги басқалар — «уллы адебияттынг» дузушилери—мне солар болып есапланады. Брақ, олардынг ҳешқайсысы турмыс шынлығын тастиқлайтуғын ҳамь адулейтуғын «ауа»ны айтқан емес. Бул уллы художниклердинг уллы хызмети. Олар омирдинг кемшиликлерин ҳамь адамлардынг кемислерин аямастан ашық корсете отырып, жақсыға умтылу тлегин тарбиялады, олар уйретти»[1].

Рус революцион-демократлары-да адебияттағы критикалық бағдарды озь дауриндеги халқлық адебияттынг зарурли шартлеринен бреуи етип қойды. Олар озлерине заманлас турмыстағы ипласлықларды, законсызлықты аяусыз ашкаралау пкирин алға илгерилете отырып, буны адамгершиликти тастиқлаудынг тикарғы коринислеринен бреуи деп қарады, олар озь заманындағы «қарангғылық салтанатына» (термин А. Н. Добролюбовтики — И. Б.) жеккорушиликти угитлей отырып, буны халққа, уатанға болған муҳаббаттынг кориниси деп қарады.

Бул бойынша рустынг уллы революцион-демократ шаиры Н. А. Некрасовтынг 1858-жлы Толстойға жазған хатынан томендеги узиндини келтиру кута характерли.

«...Сиз шынлыққа қатнас жағымлы болуы керек дей-

---

[1] М. Горький, «О литературе,» из-тво «Советский писатель», стр. 360 — 361.



www.ziyouz.com kutubxonasi

сиз, брақ жағымлы қатнас жағымлы шынлыққа ғана болуы керек екенлигин умытасыз. Жорта реимсизликке салыну бузықлық, брақ, мен шын реимсиз ашудан жарылып кететуғын адамнынг алдында диз бугер едим —бизде оған банелер аз-ба? Ҳамь биз қай уақта кобирек реимсиз ашуға минсек, сол уақта жақсырақ яғни кобирек суйемиз, озимизди емес, ал озь уатанымызды суйемиз»[1]

М. Горький айтқандай озине заманлас турмыс шынлығына критикалық-ашкаралаушылық жане бикарлаушылық қатнас, онынгменен келиспеушилик, Н. А. Некрасов айтқандай озине заманлас турмыс шынлығына реимсиз ашуменен қарау —Кунхожа творчествосынынг енг улкен ҳамь енг тикарғы характерлеуши белгилеринен бреуи.

Шаирдынг ҳарбир қосығында қарақалпақ жарлыларынынг, жалпы халқтынг аур турмысы қандай дарежеде мудамы коз алдында турса, оны шаир ҳарбир қосығында қандай дарежеде турақлы турде теренг аяныш ҳамь тлеклесликпенен суретлесе, эксплуататорлардынг зулымлықлары-да сондай дарежеде мудамы шаирдынг коз алдында турады ҳамь шаир эксплуататорлардынг зулымлықларын сондай дарежеде турақлы турде жеркениш ҳамь ғазепли наразылық пенен суретлеп отырады.

Шаирдынг бир ғана «Олим» деген қосығынан мсал келтирсек, шаир усы бир қосықтынг озинде эксплуататорларды бирнеше жерде ҳамь «залым», «душпан», «жлан, шаян» деген енг жаман атларменен атап тилге алғанлығын коремиз:

«Алла бизди енгиретти, жлатты,
Сау денемди теспей залым қанатты...
Бул басым берк екен жарылған емес,
Залымлардынг куни тарылған емес...
«...Залым себебинен арьманда болып»...
«...Залымнан, беглерим коп кордик азар...»
«Залымлардынг туплерине жетейин...»
«Душпанға срынгды кылмағыл аян,
Узақ омиринге етерлер зиян,
Шағып улы-заҳарли сурлы ҳамь жлан,
Бразлардынг омири отти яранлар...»
«Бул бзинг заманды ҳарамы билеп...»
«Сонынгдай залымнынг қаҳари қатты...»

[1] Н. А. Некрасов, «Полное собрание сочинений и писем», Гослитиздат, 1952 г., том X, стр. 284.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул қатарлардан эксплуататорлардынг жарлы халққа барлық уақытта, турмыстынг барлық ҳадисесинде зулым жеткизетуғынлығы айқын коринип тур, сонлықтан халқ жрын жырлаған шаирдынг-да барлық хиялы солардынг зулымлықларын ашкаралауменен, халқты солардан сақландыруменен банть.

Усы «Олим» қосығынынг озинде шаир эксплуататорлар туралы булардан басқа-да коп орынларда жазып, ел билеушилерди безинуменен ҳамь жеркенишпенен отирикшилер, биҳуда, мазмунсыз омир кеширушилер, халқты табан астына салып езуменен омир откеретуғын жаузлар спатында характерлейди.

«Олим қосығында»:

«Залымлардынг бир қлығы ел гезер,
Оннан бетер халқты етер телбезер,
Қолынан келгенше табанға езер,
Бир басқа бир сауда болды яранлар».

деген қатарларды революцияға шекемги айрым расми тарихшылардынг минетлеринде келтирилетуғын гейпара мағлуматларменен салыстырып қарау кута қзықлы.

Мсалы, ханнынг бир жлы Есим озегининг бойына анға шғуын белгили изертлеуши барон Каулбарс томендегише суретлеген:

«...Бул гузде болды. Ханменен бирге анға онынг коп санлы яранлары (свита) келди, олардынг 2000 дай атлары ҳамь 1000 дай туйелери болды...»[1]

Ханнынг бунынгдай бимани қдырыспаларынынг халқтынг мойнына кута аур мусаллат болып тусетуғыны, бундай сапарға тек қдыриспа ушын ғана шғылмай, ханнынг ғазинесин толтырv ушын, елди талау ушын-да шғылатуғыны турған созь. Кунхожа-да созсиз ханнынг усындай ел гезуин назерде тутқан.

Кунхожа озининг ҳамь басқа жарлылардынг кунликшилик омирин суретлеген қосықларында-да езушилерди ашкаралауға улкен кеул боледи.

Шаир ушын хан ҳамь басқа-да катқудалар сияқлы жарлыларды аур жағдайда ҳамь аур шартлерменен хызмет еткизетуғын байлар-да душпанлар, жлан, шаянлар болып есапланады.

---

[1] А. В. Каулбарс, «Низовья Аму-дарьи...» «Записки императорского географического общества, том девятый, Санкт Петербург 1881, стр. 571.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Усы шаир «душпан, жлан, шаян» деп атаған байлардынг қсымы — жарлылардынг қайғысынынг, аур турмысынынг себепшиси, шаирдынг тусиндируинше жарлылардынг шадлығы-да усылардынг «қара қайғыға тутылуыменен», оларға «сазай беруменен» байланыслы:

«...Сур жлан қсымлап, шаянлар сорып.
Ғыжнаған уайым шықлайды ойда...»
(„Ойда")[1]

«Ажел алги жағам тутты,
Жлай-жлай омир отти,
Душпанлар азап корсетти,
Қутылар кун болар-ма екен?

Азап-ақыреттен қутылып,
Алдымызға умтылып,
Қара қайғыға душпан тутылып,
Журер кунлер болар-ма екен?

Жетти жыллар жургенлерди,
Азап-ақырет коргенлерди,
Душпанға сазай бергенлерди,
Айтар кунлер болар-ма екен?
(„Болар-ма екен")[2]

Шаир «Қашан корермен» қосығында-да усы пкирлерин дауам еттирип, буған қосымша бай менен патшалардынг социаллық жағдайлары менен маплерининг бирдей екенлигин, екеуининг-де тенгдей жарлы халққа душпанлығын ескертеди.

«...Дуньяынг жабири жаман-ды,
Душпанның басы аман-ды,
Бай-патшаға зор заманды,
Сонлықтан йығлап журермен...»[3]

Кунхожанынг социаллық маселелерге арналмай-ақ қадимги кунделикли турмыс (быт) ҳадиселерине арнап жазған қосықларында-да шаирдынг барлық қосықларындағыдай-ақ «душпан» деп аталған эксплуататорларға ғазеп журеди. Бир қзық жери, шаир оларды адам баласына зиянлы жаман нарселер туралы созь еткенде, соларға қоса созь етип жбереди.

Мсалы шаирдынг «Донгыз қабақ», деген қосығын ал-

---

1 Рукопись, инв. № 1096, фонд ККҚНИИ.
2 Кунхожа, Танглаулы қосықлары, 1949-жыл, 58—60-бетлер.
3 Рукопись, инв. № 1096, фонд ККҚНИИ 79-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

айық. Бул қосықты шаир егинди шошқадан қорғау ушын донгыз қабақ қурғанлығын, онынг жардемименен егинге келген шошқаларды қорқытқанлығын айта келип, қосықтынг кейнинде:

«Корсенгизлер карамат,
Душпанға коп маламат,
Шғарғанларға коп рақмет,
Улкен қурал донгыз қабақ»

—деп жазады.

Солай етип шаир ушын халқтынг омирине, минетине зиян келтирушининг барлығы-да, ол мейли патша болсын, мейли бай болсын, мейли шошқа яки басқа жыртқыш ҳайуан болсын, барлығы—душпан.

Кунхожанынг адамға жау қуслар ҳамь ҳайуанлар арқалы астарлы турде эксплуататорларды ашкаралап жазған «Азулы», «Жау торғай» сияқлы қосықлары-да бар.

«Азулы» қосығында диқаннынг еккен тарысын шашып жоқ қлып, қауынын туйип кеткен «миримсиз залым шошқа» азулы суретленеди. Бул азулынынг ози «мақау-пестей, қарны су салған местей», тури «жан алғыштай қабақ уйген» бале. Онынг жаманлығы буларда ғана емес, ал енг жаман қасиети—ол байды, ашты айырып қарайды, байға тимей, ашты булгиншиликке ушыратады. Солай етип бул азулы—сыртқы физиономиясы бойынша-да, ишки психикасы бойынша-да, адамларға қатнасы бойынша-да—нағыз Кунхожа жасаған заманнынг амелдарлары.

«Жау торғай» қосығында шаир жау торғайдынг (жау шымшықтынг) корсеткен азабын айтады: жау торғай минетимди куйдирди, тап бирге жер тогисип, тухым егискендей барлық остирген дақылымды жеп қойды, дейди:

«Жау торғай ангды алдырды,
Есимди жане талдырды,
Бала-шағаны напақасыз қалдырды,
Не қламан жау торғайды?...[1]

«Азулы» қосығында «не қламан азулыны?» деп аштынг егинин булдиретуғын залымнан налынған шаир «Жау торғай» қосығында аштынг жетистирген дақылын жеп, бала-шағасын напақасыз қалдыратуғын жау торғайдынг зулымынан налынады. Жау торғайдынг усы қлықларын,

---

[1] Рукопись, ф-75, фонд ККНИИ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

онынг дастинен шеккен жабирди усылайша баян ете келип, блай деп жазады:

«...Ол-да бизлердей болғай
Унем жоқ боп шырлап қалғай,
Бизлер бир муҳмин боз торғай,
Не қламан жау торғайды?

Айтайын енди созимди,
Солдырар мнау жузимди,
Ушырмасам шоқыр козимди,
Мурдар налет жау торғайды?

Ушырсам уллы дау болды,
Маған бир жаман жау болды,
Алдыма қурған ау болды,
Не қлайын жау торғайды?..»[1]

Қосықта шаирдынг жау торғай деп халқтынг манглайын қыршып неше турли жер салығын, жан салығын, дин салығын ондирген ханнынг салық ондирушилерин, руханиларды ҳамь басқа-да халқ басына мусаллат болып тускенлерди айтып отырғанлығы айрықша усы келтирилген узиндиде айқын коринген: «бизлер (жарлылар)—муҳмин жау торғаймыз, налети жау торғайлар бар тапқанды жеп, аш-жалангаш напақасыз қалдырып баратыр, оларды ушырмасанг козингди шуқып (олтирип) баратыр, ушырсанг—уллы дау болады»—дейди. «Ушырмасанг» деген созининг манисин шаир қосықтынг жумақлаушы куплетинде «жақын достым қара торғай, жоқ қлайық жау торғайды» деп конкретлестиреди.

«Жау торғай» қосығындағы:

«Ҳарь жуериге бир шымшық»—

деген қатар-да кута характерли. Бул арқалы шаир халқ минетин жеуши ҳарамтамақлардынг, хан налогларынынг коплигин айтқан. Қарақалпақ классик шаиры Бердақ-та озининг «Шежиресинде:

«Аз еместур қарақалпақ коп,
Май пулы деп, шопь пулы деп,
Пухараны ҳамелдар жеп,
Жуда бизар қылған екен»[2]

деп жазған еди.

---

[1] Рукопись ф-75, фонд ККҚНИИ.

[2] Бердақ, Танглаулы шығармаларынынг толық жинағы ҚҚМБ. 1956-жыл, 212-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кунхожа айтып отырған «ҳарь жуериге бир шымшық» —мне усы пухарадан есап-санақсыз салықларды ондирип бизар еткен амелдарлар болып есапланады.

Кунхожа озининг айрым қосықларында езушилердинг атын айтпай-ақ «байлар залым, бийлер жауыз» деп отырмай, жарлылардынг аур жағдайын суретлеу арқалы-ақ эксплуататорларды ашкаралайды. Бундай қосықлардағы шаир тарепинен теренг қайғыруменен суретленген жарлылардынг турмысын коре отырып, оқушы бул байлардынг, билердинг зулымынынг ақыбети екенлигин ангсат-ақ тусине алады.

Бул бойынша шаирдынг айрықша «Шопанлар» қосығы характерли. Мсалы:

«Кмининг арқасын таяқлар тилген,
Бразынынг қолы отларға куйген,
Жасы жетпей қыпша беллер бугилген,
Сансыз қой кейнинде журген шопанлар».

Бул қатарлардан шопанлардынг арқасын тилген таяқ—байдынг таяғы, бийдинг таяғы екенлиги, олардан илажсыз жарлынынг жазықсыз жеген таяғы екенлиги, куни бойы қой бағып дингкеси қурыған шопанлардынг уйге келген сонг-да тным таппай байдынг отын жағып, кулин шғарып журип қолын куйдиргенлиги тусиндирмей-ақ айқын.

Шаирдынг шопанлардынг аур турмысын суретлеуи, онда созь шопанлар ҳаққында барғаныменен, қосықта «байлар ойтти, ханлар буйтти» деген қатарлар яки созлер болмағаныменен алдыменен оқушыға эксплуататорларды ашқаралау акты болып уғынылады. Қосықтағы кун тынбай, тунь тынбай қой бағып журген байдынг басқа-да аур хызметлерин ислеген, ҳуқуқсызлық, илажсызлық жағдайда жасайтуғын, аяғын басуға-да дингкеси жетпей қула дузде журген, сонда-да азып-тозып, адамшылық лаззет атаулынынг ҳешқайсысына қолы жетпей, омир сурип емес, қуры тришилик етип журген шопанлардынг жан туршитерлик азаплы ауҳалын тусинесенг, мне усы тусиник оларды усындай кунге салған эксплуататорларды сенинг коз алдынгда жауызлар, адам қанын соратуғын жыртқышлар спатында ашкаралайды. Оларменен бирге усы ауҳалды сиыстырып отырған, қуатлап отырған законлар менен тартиплер-де жауызлық, жыртқышлық тартиплер спатында ашкараланады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кунхожаның шығармаларының эксплуататорларды ашкаралаудағы тағы бир белгиси—байлардың ҳамь ел билеушилердинг сыртқы қурылысын, олардынг ишки мазмунын, мнез-хулқын, пейлин суретлеуде-де шаирдынг оларға кушли жеккорушиликпенен қарағанлығын ангсат тусиниш алуға болады.

Ол «Бай баласы» қосығында бай баласынынг келбетин:

«Болса-дағы мурны пушық,
Мынгқ-мынгқ етип айтар қосық,
Келбетин қарасанг пасық,
Сонда-да зор бай баласы.

Аузы қисық болса-дағы,
Геренг болса-да қулағы,
Қисық болса-да аяғы,
Дузу санли бай баласы»[1]

деп суретлеп, байларды оғада жаман бояуларменен бояйды.

Шаир бай баласынынг сыртқы келбетин усылай суретлеуменен бирге, мнез-хулқын-да жаман бояулрменен суретлейди:

«. .Айтқанынга қулақ салмас.
Менмен болар бай баласы.
...Иши қара толған пкир,
Арданглайды бай баласы»[2]

Бай баласына берилген бул қасиетлер олардынг оскен ортасы—байларға-да толығыменен тань белгилер.

Бул жерде бир нарсени ескерту керек, бай балаларынынг сыртқы келбетин, бет-апшерин жоқарыдағыша суретлегенде, албетте шаир оларды мурнынынг пушықлығы, аузынынг қисықлығы ямаса козининг соқырлығы ушын айыпламайды. Блай жазу арқалы шаир бриншиден, феодалистлик жамиеттеги ҳартурли дене кемшиликлерининг кемситилуи сияқлы моральлик фактлардынг болғанлығын тастиқласа, екинши жақтан бул жарамас тартиптинг-де класслық характерин яғни физикалық кемислиги ушын тек гедейлер ғана кемситилип, байлардынг ҳешқандай мнининг коринбеуин, оларды гедейлердей етип кемситуге, далкек етуге ҳешкимнинг журек ете алмайтуғынлы-

---

[1] Кунхожа. Танглаулы қосықлары, 1949-жыл. 25-бет.
[2] Бул-да сонда, 24—25-бетлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғын ашып таслайды. Турмыста-да ҳақиқатында сондай болды. Ойткени қара кушин сатып ксининг аур минетин етип ғана кун коретуғын гедей ушын онынг он еки мушеси-малы-да, дуньясы-да еди, он еки мушеси сауда, кун-тунь тынбай аур минет етип жургенде киер киимге, ишер тамаққа жалшымаған жарлы бир мушесинен айрылса, ҳеш иске жарамай абден хор-зар болатуғын еди, ал байдынг мал-дуньясы, амелдарлардынг атақ-дарежеси, ханнынг тажы-тахты—олар ушын аяқ-та, қол-да, ауз-да болатуғын еди, сонлықтан олардынг аузынынг қисығы-да, қолынынг снығы-да, аяғынынг майыбы-да, козининг соқыры-да ҳеш кемислик келтирмейтуғын еди. «Аузы қисық болса-да байдынг улы сойлесин» деген халқ созиде усыдан шыққан. Қунхожа-да озь заманынынг мне усы турмыс шынлығын корсетуди назерде тутқан.

Байлардынг балалары туралы жоқарыдағыларды айтқан шаир, байлардынг озлери туралы «Сок санар» деген қосығында:

«Бармағынгды бугесенг,<br>
Адамды жонсиз согесенг.<br>
Бермести жаман коресенг,<br>
Қара, берман сок санарым»

деп жазады. Бул қатарлар арқалы шаир «аларманға алтау аз, берерменге бесеу коп» деген сияқлы халқ мақалларынынг келип шғуына себепши болған сутхор байлардынг ашкозлигин, жуенсизлигин отирикшилигин, дунья-хорлықларын кулки астына алады.

Бул байлардынг қора толы қойы, уйир-уйир жылқысы, грес-грес малы бар, танап-танап жери бар, ура толы дани бар, брақ аштан жаман жлайман, ксиге қайыр ету дегенди билмейди, отирик сойлеп у жалайды, бар қайғысы малы:

«Сонша малынг бар қорада,<br>
Туйенг жайылар сорада,<br>
Коп данинг жатыр урада...

Қарыз сорап келдим саған,<br>
Не нслеринг бар дединг маған,<br>
Антлар иштинг сойлеп жалған,

Ахыры жоқ боларсанг сен...<br>
...Анау қойынг орис-орис.<br>
Сиырынг журь грес-грес



www.ziyouz.com kutubxonasi

Анау атларынг уйирде,
Қос огизлеринг егинде.
Жлайсанг ылақ олгенде,
Пейлинг тар екен сенинг...»

Бул келтирилген қатарлар сонынгменен бирге Кунхожа жасаған заманда барлық жер, су, мал байлардынг, улума устем топарлардынг қолында жамленгенлиги ҳаққындағы тарихи факты-да тастиқлайды.

Кунхожа озь қосықларында эксплуататорларды халқтынг енг жаман коретуғын қасиетлерининг бри намартликте-де айыплайды. Мсалы ол «Бара алмас» деген қосығында «намарттинг белгиси коп-ти...» деп характерлей келип, бул коп белгининг бреуи спатында-да эксплуататорлардынг жарлынынг ҳақысын толемеушилигин айтады:

«Дуньянынг малын жиса-да,
Ғайратты огизше салса-да,
Даулети асқан бай болса-да,
Ҳақыны ладан бере алмас».

Шаир усылайынша озь творчествосында эксплуататорларды ашкаралауға улкен кеул боледи, олардынг барлық ис-ҳарекетлери ҳамь мнез-хулқларына минеткеш халқтынг аур турмысынынг, рухи азапларынынг себеплери болғаны ушын ғазеп жане жеркенишпенен қарайды.

Шаирдынг халқ басына тускен барлық аурманлықлардынг енг бас себепшиси болған, барлық бузықлық ҳамь адилсизликлерге тикар ҳамь қорған болыпатырған Хиуа ханларына деген ғазеби айрықша кушли.

«Жер астына тускен залымнынг тахты» деп жазады шаир озининг бул ғазебин тартынбай сыртқа шғарып. Кунхожанынг бул ғазепли сози тап Кунхожа сияқлы деспот патшаларды жеркенишли турде жек корген рустынг уллы шаиры А. С. Пушкиннинг атақлы «Еркинлик» одасында айтқан:

«Жауз патша — журтты сораған залым,
Жеркенишим тажы — тахтынга, саған,
Саған ҳамь насличге дарыса олим,
Улкен қуаныш болады маған»[1]

---

[1] **А. С. Пушкин**, Полное собрание сочинений в шести томах, издание третье, Госиздат. Москва—Ленинград, 1935 г. том 1 стр. 292 Биз азырақ еркин аудардық, русшасы томендегише:

«Самовластительный злодей!
Тебя, твой трон ненавижу,
Твою погибель, смерть детей
С жестокой радостью вижу...»



www.ziyouz.com kutubxonasi

деген созлерименен кута ғана унлес. (Бул салыстыруды биз халққа жақсылық тлеген уллы шаирлардынг барлығынынг-да зулым патшаларды ғазеппенен жек коргенин корсету ушын келтирип отырмыз).

Улума Кунхожа халқтынг жрын жырлағанда, онынг ишиндеги езилген жарлыларды ҳамь езуши байларды айырып жырлады. Озининг барлық аяныншлы сезимин жақсы созлерин, тлеклеслигин, идеалларын жарлылардынг жрын жырлауға жумсады, байлар турмысын барлық жеккорушилик ҳамь сатиралық кушименен суретледи, оларға налет айтты, оларды ашкаралады, олардынг қирауын тледи, омирининг ахырына шекем дос деп озиндей жарлыларды, душпан деп езушилерди таныды ҳамь суретледи.

Кунхожанынг озь елининг копшилик массасы болған жарлыларды жақсы козқараспенен суретлеуи, жарлылардынг ауҳалына аяныш сезимин билдирип, олардынг шаттлы турмысына тлек тлеуи, барлық езушилерге жарлылардынг атынан ҳамь козқарасынан жеккорушилик билдируи, езушилердинг жерменликлерин, зулымлықларын, класслық жамиеттеги тенгсизликти, адилсизликти аяусыз ашкаралауы, езушилердинг езу қуралы болған патшалық тахтынг қирауын тлеуи—булардынг барлығы оны нағыз демократ ҳамь патриот шаир спатында характерлейди.

Озь елининг тағдирин ҳақиқи патриот спатында жырлаған шаирдынг шғармаларын ханға қарсы бунтарлық—гуресшенглик сезим, еркти сую, халққа суйену, халқшылық безеп турады.

«Умытпаспан» қосығында ханнынг корсеткен хорлығын хан сиясатынынг паслик, адамнынг еркин басқылаушы характерин тусинген шаир, ханға кушли наразылық билдируменен бирге, адам баласынынг еркин оғада жоқары котереди:

«Қайтып Хиуаға келмеспен,
Созь айтты сра демеспен,
Озь еркимди ҳеш бермеспен,
Хорлықларын умытпаспан» —дейди.

Халқ басындағы барлық қыиншылықты суретлей келип, «Жарымадым» қосығында:

«Созимди тынгла халайық,
Усы-ма бизге ылайық,
Ортаға созди салайық.
Арьманменен жарымадым»,



www.ziyouz.com kutubxonasi

деп шаир озь қайгысын халқпенен ортақласады халқпенен бирге аур турмыстан қутылу жолын излейди. бул туралы халқпенен ойласады.

Кунхожа жарлылардынг жрын жырлады, езушилерге жек корушиликпенен қарады, патриот, халқшыл шаир болды, адамнынг еркин, азатлықты қадирледи, озь дауриндеги жамиетлик қурылыстынг қирауын тледи. дегенде, онынг шғармаларындағы озь заманынынг тусинигине ылайық:

> «Ядымда сақлайын барьҳама ҳақты,
> Ашқайлар бирубар ақыры бахты»

деген сияқлы еркинликти, шадлы турмысты қудайдынг қайырхомлығынан куту сияқлы қатарларды-да ядта туту керек. Озь асирининг перзенти опатында тексерилгенде Кунхожанынг бул кемшиликлери ҳешқашан-да оны халқтынг пассив жыршысы дарежесине томен тусирип тасламайды.

**Кунхожа шғармаларында ел-халқ темасы; шаирдынг социаллық идеаллары.**

«Патриотизм... асирлер ҳамь мынглаған жыллар дауамында бекиокен енг теренг сезимлердинг биреуи»[1]—деп корсеткен еди В. И. Ленин. Халқтынг рухи турмысында онынг аузеки халқлық творчествосы менен халқлық адебиятында халқ басынан откен ҳархилы тарихи жағдайларға байланыслы туылып, бекисип киятырған «Озь уатанынгды сую, онда адамзат идеалынынг иске асуын жалынлы турде қалеу ҳамь озь қолынгнан келгенинше буған қолғабыс тигизу»[2] ден ибарат бул теренг сезим-де реалист, демократ шаир болған Кунхожа творчествосынынг енг тиқарғы бир идеялық мазмунын дузеди. Блай болуы толық табиғи ҳамь законлы нарсе. Ойткени В. Г. Белинскийдинг жуда дурыс корсетип ҳамь конкрет турде тусиндиргениндей-ақ «Толық ҳамь сау журекте уатан тағдири зил болып жатады, ҳарбир ар-намыслы адам уатанменен қан қатысқан жақынлығын ҳамь байланысын теренг сезинеди... Жанлы адам озь рухында, озь журегинде, озь қанында жамиеттинг турмысын сақлап журеди; ол онынг

---

1 В. И. Ленин, Сочинения, том 28 стр. 167.
2 В. Г. Белинский, Сочинения в трех томах, 1949 г. том I, стр. 639.



www.ziyouz.com kutubxonasi

аурулары менен қиналады, онынг азаплары менен жапа шегеди, онынг саулығы менен жаснайды...»[1] Бундай өтпеген омирди уллы критик олим деп айтады.[2]

Кунхожанынг барлық творчествосы—оны усындай озь уатаны менен қан-қатысқан жақынлығын ҳамь байланысын сезип, бирдейине озь халқынынг тағдири ҳаққында ойланып жасаған, озь туылған елин барлық журегименен суйген улкен патриот спатында таныдады. Шаирдынг озине заманлас халқ турмысынынг аянышлы картиналарын аур қайғыру ҳамь шын тлеклесликпенен жырлауында, халқты аур кунге салған барлық эксплуататорларды тартынбай ашкаралауында, ҳешқандай қуғын ҳамь жаузлық жазалаулардан тартынбастан халқтынг созин айтып езилушилерге бахытлы келешек, езушилерге апат тлеуинде шаирдағы усы теренг патриотлық сезим басшы роль ойнады. Кунхожа жасаған аур асирде Кунхожа айтқан созлерди айту ҳамь Кунхожа ашқан ҳақиқатларды ашу ушын—озь елин, озининг минеткеш халқын шын журектен суйген, сонлықтан онынг иси ушын, онынг созин сойлеп, жрын жырлау ушын барлық қиынлыққа азаматлықпенен бас тиккен патриот болу керек еди. Кунхожа мне усындай патриот болды, шаирдынг ҳарбир қосығында онынг патриотлық ҳауазын еситемиз, онынг ҳарбир қосығы халқтынг омирименен, рухыменен, қайғысы ҳамь умитлерименен дореген.

Шаир озь елин, озь халқын, озь жерининг барлық табиятын, халқынынг енг жақсы дастурлери менен мнезхулқын оғада теренг суйеди. Брақ елинде бардынг барин жалпыламай суймейди, халқты езип, азаплап отырған езушилерди, олардынг иплас мнез-хулқларын жеркенишпенен жек кореди. Шаирдынг озь елине, минеткеш халққа болған муҳаббаты езуши залымларға болған жеккорушилигименен тағы-да толығып, тағы-да теренглеседи. Кунхожа творчествосынынг идеялық мазмуныя дузуши басқада мотивлердинг барлық қосықларда араласып келе бергени сияқлы ел-халқ темасы-да, шаирдынг социаллық идеалларын белгилеуши қатарлар-да онынг ҳарбир қосығында басқа мотивлерменен аралас келип отырады

---

[1] В. Г. Белинский. Сочинения, в трех томах, Москва. 1949 г. том 1 стр. 639.

[2] Бул-да сонда, 638-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳамь турақлы мотив спатында шаирдынг ҳарбир қосығынан закоплы орын алады. Асресе ел-халқ темасы менен шаирдынг социаллық идеаллары бир-брине басқа мотивлерден-де тғыз жақын болып саулеленеди. Шаир озь халқынынг тағдири, ел-халққа озининг теренг муҳаббатын баян еткен ҳарбир орында халқтынг жақсы омири ҳаққындағы социаллық козқараслары менен идеалларында, албетте, қосып айтады.

Шаирдынг туған елине болған жыллы муҳаббаты онынг автобиографиялық характерге ие «Жайлауым» қосығында айрықша теренг баян етилген. Қосықтынг:

«Ата журты Туркстаннан келгели,
Ата-бабам қоныс басқан жайлауым,
Анадан туғалы, есим билгели,
Ойнап қатар оскен қалынг жайлауым»[1]

деп басланатуғын бринши куплетинен баслап-ақ оқушыға туылып оскен елге деген шаир муҳаббатынынг жыллы леби урады. Буннан кеин шаир туылып оскен жерининг географиясын, табиятын, адамларын, елдинг касибин, озининг жаслығыменен байланыслы болған естеликлерин озининг туып-оскен жерин, туысқан халқына деген енг жақсы тлеклерин, халқынынг келешеги туралы жақсы умитлерин, халқынынг жақсы дастури менен дослық, мийрибанлық, бирлик сияқлы жақсы минез-хулқын суретлейди. Усыларды суретлеп келип шаир туылған елине:

«...Коз ашып корген им ҳамь жургеним сенсенг
Козиме тотия туған жайлауым»—

деп ундеу етеди.

Ел халқтынг мапин емес, озь жекке басларынынг маплерин ғана ойлаған, сол ушын қарақалпақ халқынынг милли бирлигине, қарақалпақ уруларынынг жамленуине қзықпаған уру басы феодаллардынг козқарасларына, уру басы феодаллардынг бундай козқарасларынан мапьдар болып қарақалпақ уруларынынг ала аузлығын расми турде гужитип, беккемлеп келген Хиуа ханларынынг сиясатларына тиккелей қарама-қарсы шаир қарақалпақ халқынынг бирлиги, тату дослығы сияқлы адули идеалла-

---

[1] Кунхожа, Танглаулы қосықлары, 1949-жыл, 9-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ры илгерилетеди. Шығысы жағынан қолдаулы уруының перзенти болған Кунхожаға қарақалпақтынг басқа урулары-да ҳешқандай жат емес, шаир олардынг тағдири менен турмысына ҳеш-те битареп қарамайды, бир созьбенен айтқанда, Кунхожа барлық қарақалпақ халқынынг перзенти спатында халқ бирлигин енг жақсы, енг зарурли белги спатында характерлейди. Мсалы шаир:

«...Қтай, қонграт, ҳамме қалынг елменен
Ата-баба ауқат еткен жайлауым...
...Бес тоқсан *муйтеннинг ата-бабасы.*
*Аны туған миҳрибаны анасы,*
Орбип-осип жалшымаған баласы,
Устингде олар-да оскен жайлауым...»[1]

деп озь елин барлық қарақалпақ халқынынг суйикли ели спатында характерлей келип, душпанларына қарсы барлық халқ «..брикенде кокейлерин кескенбиз» деп корсетеди

«Жайлауым» қосығында шаир туған елине теренг муҳаббатын баянлауыменен бирге, халқтынг басындағы аур қайғылы турмысты-да, сол аур турмысқа байланыслы халқтынг патриот перзенти спатында озининг мунглы сезимлерин-де, елден айра тусу, сағыныш сезимлерин-де жан-жақлы баян етеди. Қосықтағы:

«Жетим жлай, ылақ манграй кун кешер...»
«Арьманблен айра тускен жайлауым...»
«Дартим қозғалады айтқанда сени...»

сияқлы коплеген қатарлар усыны корсетип турады.

Ал, қосықтағы:

«Жайлауым Жалайыр копир ҳамь Богет
Су келер-ме деген бизде бар умит,
Шақақ урар ақыр бир кун қыз-жгит,
Арьманменен қайғы-да оскен жайлауым...
...Сау болса ақыры адамнынг дени,
Саубет қурар бирге оскен жайлауым...»[2]

деген қатарлар шаирдынг озь туған елининг мутажын, келешек ҳаққындағы жақсы тлеклери менен умитлерин баян етеди.

---

[1] Кунхожа, Танглаулы қосықлары. 1949-жыл. 9—11-бетлер.
[2] Кунхожа, Танглаулы қосықлары, 1949-жыл. 10—11-бетлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Халқтынг бирлигин адулеу, халқтынг қайғылы турмысын, келешектен жақсы умитин, жат журтларда жалланып минет етип журген қарақалпақ жарлыларынынг елди сағыну сезимлерин баян ету Кунхожанынг басқа-да копшилик қосықларынынг характерли белгиси болып ҳамь булар—шаирдынг творчествосындағы патриотлық мотивтинг бир болегин дузеди.

Мнекей шаирдынг ондай мазмундағы қосықларынан гейпара мсаллар:

«Бир кеткенлер ел дидарын коре алмас...
Айра тустим туып-оскен елимнен...»

(„Олим")[1]

«Туған жерлерин сағынып,
Қайғыдан ҳайкел тағынып,
Ҳал сорасқанға шағынып,
Қайғыда жур орақшылар.

Оскен жерине жете алмай,
Жумысты таслап кетеалмай,
Асқар қумлардан оте алмай,
Қайғыда жур орақшылар.»

(„Орақшылар")[2]

«Он жыл болды елден кеттим,
Хиуада хызмет еттим,
Елди сағынып зар еттим,
Халқымды қашан корермен?..»

(„Қашан корермен")[3]

«Корер козге аҳу-зарым қайдасанг,
Барлығы-да талабымнынг ойдасанг,
Ашық болып жайнап-жаснап жайласам,
Жайлау қайда- — думаннан ел коринбес.»

(„Коринбес")[4]

Келтирилген мсаллардан ап-айқын коринип турғанындай-ақ елден жудалық қайғысы, елди сағыну сезими— жарлы халқ басындағы аур-азаплардынг ажыралмас ҳамь улкен болеги етип суретленеди.

Шаирдынг «Кел-кел Хожа озинге кел» деген қосығындағы:

---

[1] Кунхожа. Танглаулы қосықлары, 47-бет.
[2] Бул-да сонда, 19-бет.
[3] Бул-да сонда, 58-бет.
[4] Бул-да сонда, 61-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

«...Ағайин болсын коп болсын,
Аузы бирликли, шоқ болсын»[1]

деген қатарлар болса, «Жайлауым» қосығында баян етилген ел бирлиги ҳаққындағы идеяменен толық унлес.

Кунхожанынг озь қосықларында ҳалқты бирликке, милли жамленуге, қарақалпақ уруларынынг озь-ара жамленип тату жасауына шақыруынынг-халқтынг ҳақиқат тлегин ҳамь турмыслық идеалын баян ете отырып, бул маселедеги улума ханлық, бай-феодаллық жане дини козқарасларға путкиллей қарама-қарсы келетуғын шаирдынг патриотлық умтылуларын корсетуменен бирге, онынг социаллық-жамиетлик козқарасындағы улкен прогрессив момент екенлигин-де айрықша белгилеп оту керек. Хиуа ханларынынг қарақалпақлардынг милли бирлигин ыдырату бойынша арнаулы сиясат тутқанлығы ҳамь қарақалпақ феодалларынынг-да усы сиясатқа садық хызмет еткенлиги тарихи факт. Халқтынг бирлигин ыдыратып, уруларды ала аузлықта услау — улума барлық феодал ханлардынг расми сиясаты болған. Откен асирдеги белгили қазақ илимпазы Ч. Валихановтынг минетлеринде келтирилген қазақ ханы Аблайдынг озь балаларына айтқан томендеги уасияты бзинг бул айтқанымыздынг кута характерли мсалы бола алады. «Ҳешқашан,— деп уасият еткен Аблай,—қырғыз (қазақ—И. Б.) урулары арасындағы исти толық шешпеу керек, ойткени, келиспеушилик пенен ала аузлық ғана хан властынынг беккем треги болады»[2] Хиуа ханларынынг қарақалпақлардынг милли бригуине тосқынлық жасауынынг, улума милли бирлик маселесине ханлық-феодаллық, дини козқарастынг сры-да, дерегиде мне усында.

Откен асирде қарақалпақ арасында болған Каулбарстынг берген мағлуматлары-да бул маселеде улкен аҳмиетке ие. Каулбарс жалпы алғанда халқлардынг араласып ҳамь тату жасап отырғанлығын, сонынгменен бирге айрым ала аузлылықлардынг-да орын алғанлығын айта келип, буны «Дельтада жасаушы қаумлердинг ҳазирги бир-брине душпанлық қатнасы... дини характердеги себеппенен кушейди...»[3] деп корсетеди. Усы жағдайды ха-

---

[1] ҚҚКИИ-нынг фонды, А-36, 84-бет, қолжазба.
[2] Ч. Балиханов, «Статьи и переписки» стр. 13.
[3] А. В. Каулбарс «Низовья Амударьи...». стр. 499.



www.ziyouz.com kutubxonasi

рактерлей келип автор бул жерде жасаушы халқлардынг арасындағы дослық қатнастынг орайдан узақланған сайын кушли екенлигин айрықша атап корсетип блай деп жазады:

«Орайдан узаған сайын дини фанатизмнинг пасейуи,— бунда албетте бас рольди ойнайды»[1] Сондай-ақ автордынг баян етуинен халқлар арасындағы алакозлик «енг бай, қарақалпақлар арасында абройлы (яғни бай—И. Б.) адамларға » тань екенлиги-де айқын коринип турады.[2]

Усы фактлар тикарында Кунхожанынг халқты бирликке шақыру идеясы расми ханлық сиясат пенен расми устем дини-феодаллық идеологияға қарсы ҳақиқат халқлық ҳамь прогрессив козқарас еди.

Шаирдынг озь елининг табиятын муҳаббатпенен суретлеуи-де онынг патриотлық сезимлерин баян етеди. Ел табияты—қанша қиыншылық корсе-де, шаирдынг озь ели, балалығы, жаслығы откен жер, ата-анасы, туысқан-туғаны, халқы жайласқан жер, сонлықтан онынг корки, ҳарбир қры менен ойы, суы менен шоби шаирға саулатлы, суйкимли болып коринеди. Шаир ози суретлегендей-ақ «не қиын ислери бастан откен» Қзыл қумға-да мақтау ҳамь муҳаббатлы қатарлар бағышлайды.

> «Мунарланып коринесенг алыстан...
> Қрымнынг қрындай туринг Қзыл қум...
> Қара таудан кеин емес келбетинг,
> Думанға тутылып турады шетинг...»[3]

ҳ. т. б.

Кунхожа минеткеш массанынг аур турмысын суретлеп, халқты аур турмысқа тусирип отырған жағдайларды излеп ғана қойған жоқ, ол озинше халқтынг аур турмыстан қутылу жолын-да изледи. Ол озининг алдына халқтынг турмысы қандай, ким жақсы, ким жаман омир суреди, бреулер неге жақсы, бреулер неге жаман омир суреди деген сорауларменен бирге, қандай жолменен минеткеш халқтынг жақсы омирге жетуи мумкин, турмыстынг трегиt неде? деген сорауларды-да қойды ҳамь озинше жуап берди. Бул бойынша онынг усы тема басқа қосықларға қарағанда арнаулы созь етилген «Елменен», «Неге керек» қосықлары аҳмиетли орын тутады. Бул еки қосығын-да

---

1 А. В. Каулбарс «Низовья Амударьи...», стр. 529.
2 Бул-да сонда, стр. 529.
3 Кунхожа, Танглаулы қосықлары, 38-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

шаир Хиуа сапарынан қайтқаннан сонг ханға жуап спатында жазған сияқлы.

«Неге керек» қосығы насиҳатлық мазмунда жазылған болып, шаир бунынг даслепки қатарларында турмыс, табият ҳадиселерининг, касипке, кункориске байланыслы затлардынг нзамлылықларын созь ететуғын дидақтикалық пкирлер айтады: ашылған гул сайраған булбилменен ҳамь манггилик солмауыменен жақсы, аққан сулар егинди қандыруы, уақтында тасып, уақтында қайтуыменен жақсы, асқар таулар тобеси бултқа тиген бииклиги, ескен қатты самалыменен коркем, қара жамғыр керекли уақытта жауса ғана файдалы, кейнинен жадыраған жаз келтирип, жерди гуллетуименен жақсы, алдынан шыққан ауды алса, патленип қағып, жоқ жерден анг тапса ғана қаршығаны ҳамь тазыны мақтау орынлы, қос бедеудинг жорки—жуйриклигименен белгиленеди; шаирдынг пкиринше, қандай нарсени болса-да мақтау онынг адам турмысынынг талабын қалай қанаатландырғанына тикарланууы керек:

...«Сарқырап суы ақпаса,
Еккен егинлер қанбаса,
Уақтында тасып-тынбаса,
Аққан сулар неге керек?...

...Жадырап жазы болмаса,
Шуақлы когал қылмаса,
Озь уақтында жаумаса,
Қара жамғыр неге керек?..»[1]

Брақ булар «Неге керек» қосығынынг тикарғы мазмуны емес, ал қосықтынг тикарғы мазмунына крис есабында хызмет ететуғын тусиндируши болим. Шаир қосықтынг тикарғы мазмуны етип, елдинг жақсы кунге шғуы ушын ел қорғайтуғын перзенттинг, ел басқаратуғын басшынынг, ел билеуши хан, катқудалардынг алдына қойылатуғын талапты созь етеди. Елдинг жақсы перзенти болатуғын адам батыр болсын, ҳешнарседен қорқпай, кун сайын, белин беккем бусын, ески кекти қусын, душпанға қарсы таймай гуреске туссин, буларды ислемесе ол елдинг ҳадал перзенти бола алмайды, дейди шаир. Бундағы шаирдынг «ески кек» деп отырғаны қарақалпақ халқынынг талай рет жасаған котерилисининг хан ҳамь билер тарепинен қанлы турде бастырылуынан халқтынг журегинде киятыр-

---

[1] Кунхожа, Танглаулы қосықлары, 1949-жыл, 22-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ған ызалы кеклер, душпан деп отырғаны халқты күн сайын турли-турли булгиншиликке салатуғын урыспаз феодаллар ҳамь езушилер болып есапланады. Шаир батырлықтынг шарти—тек кушлилик ҳамь қорқпаслық деп қарамайды, ал сол куш ҳамь журеклиликти елди жаудан қорғауға жумсау, халқпенен дослық қатнаста болу деп қарайды, бундай етпеген батырды-да, палуанды-да шаир «Қорқақ палуан, қуры батыр» деп атайды. Шаир батырлықтынг шарти етип ел ҳамь халқ ушын хызмет етуди, ата-ананы ҳурмет етуди, жақсы мнез-хулқлы болуды есаплайды:

«...Беллерин беккем бумаса,
Отген ошлерди қумаса,
Анадан артық тумаса,
Пасық перзент неге керек?

Бойы кун сайын оспесе,
Душпан кокейин кеспесе,
Таймай гуреске туспесе,
Қорқақ палуан неге керек?..

...Халққа сози жақпаса,
Дарьядай болып ақпаса,
Елди жаулардан бақпаса,
Қуры батыр неге керек?..»

Кунхожа тарепинен сол даурде-ақ ел перзентининг алдына қойылған бул дурыс талаплар бзинг бугинги кунимизде-де озь кушин жойытпаған пкирлер болып есапланады.

Елдинг пухарасы-да, батыры-да, байы-да, катхудалары-да, ханы-да бирге болсын, бирге ойнап-кулсин, бир-брине колқабыс тигизсин басшы бары-жоқты барлап, аштынг ауҳалына қарасын, халқтынг арын арласын, тахт иеси халққа адил болсын, жлағанды жубатсын, халқтынг татқанын татсын, ащы-дущыны халқпенен бирге корсин, катхуда адил бийлик етсин, халқпенен бирге қайғырып, халқпенен бирге кулсин, дауагерге-де, айыпкерге-де тенг козбенен қарап, ҳарбир истинг ақ-қарасын айырып адил буйрық етсин, буны етпеген басшы «ауан басшы», ондай басшы-да, ондай хан-да, катхуда-да керек емес, дейди шаир:

«Халқтынг арын арламаса,
Бары-жоқты барламаса,
Аш ҳамь тоқты қарамаса,
Ауан басшы неге керек?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Халқына адил болмаса,
Жлағанды жубатпаса,
Халқ татқанды татпаса,
Тахт иеси неге керек?

Еки жақты тенг кормесе,
Дуры адиллик бермесе,
Халқпенен ойнап·кулмесе,
Қатхудалар неге керек?»

Кунхожанынг жамиетлик қурылыс ҳаққындағы сияси пкири усындай. Ол ханлардынг, басшылардынг, катхудалардынг алдына ел, халқпенен бирге болуды, адил болуды, халқтынг тағдирин қайғыруды талап етип қоянды, адил патша арқалы тенгликке, жақсы турмысқа ерису мумкин деп есаплайды. Онынг ел, халқпенен бирге болуды, ел ҳамь халқтынг мамлекет тағдириндеги шешуши ролин корсетуи, адилликти қадирлеуи озь даури ушын созсиз оғада прогрессив ҳамь демократиялық характерге ие коз-қараслар болып есапланады. Брақ-та класслық жамиетте ҳамь онынг мамлекетлик қуралы болып есапланатуғын патша бар уақта адилликти кутуи, адил патша арқалы жақсы турмысқа шғу мумкин деп есаплауы онынг кемшилиги. Кунхожа улума адил патша болмайтуғынын, класслық жамиетте тенгсизликти сапластыру мумкин емеслигин, патша бар жерде адилликтинг болмайтуғынын, жақсы турмысқа тек революциялық гуреспенен жету мумкинлигин, ҳақиқи халқ ҳукимети дузилген, қарама-қарсылықсыз жамиетте ғана адилликтинг, тенгликтинг иске асырылатуғынлығын тусинбеди. Буны тусинуге Кунхожа омир сурген XIX асирдеги қарақалпақ турмысында жеткиликли жағдай-да жоқ еди· Сонлықтан-да Кунхожанынг жоқарыдағы надурыс пкирлери онынг саналы хатеси емес, даурге байланыслы кемшилиги деймиз.

«Неге керек» қосығындағы Кунхожанынг ел, халқ ҳамь адиллик ҳаққындағы пкирлери тағы-да конкрет турде ҳамь тағы-да кушлирек сезимменен онынг «Елменен» деп аталатуғын улкен колемли дидактикалық қосығында баян етилген. Қосық сонынгменен бирге халқ философиясынынг-да жуда жақсы улгиси.

Барлық нарсенинг корки ел, турмыстынг ҳарекетке келтируши куши ел ҳамь халқ, дуньядағы ашылған гуллер-де, қапестеги сайраушы булбиллер-де бағу·ҳарем, шаменлер-де халқтынг дореткен нарселери ҳамь олар халқпенен ғана коркем коринетуғын нарселер, халқсыз,



www.ziyouz.com kutubxonasi

елсиз, олар когермейди-де, коркем-де болмайды Меруерттен салынған жайлар-да, ғазине толысы алтын ақшаларда, бреулердинг киип журген қамқа паршалары-да, сандық-сандық алтынлары-да, ҳаули-ҳарем, бағлар-да халқтынг доретkени, халқтынг манглай терининг натижеси, елсиз жерде ,халқсыз ел-де ҳаттеки аспандағы айдынг-да ҳешқандай қымбаты жоқ:

«...Опасыз дуньяда ашылған гуллер,
Қапестеги сайрап турған булбиллер,
Дуньядағы бағу-ҳарем шаменлер,
Анынг рауиши, корки елменен...»

Шаир озининг «Елменен» қосығында ел ҳамь халқтынг мамлекет турмысындағы шешуши ролин, ел-халқтынг жоқары қасиетин усылайынша философиялық ҳамь демократиялық сулу пикирлерменен суретлейди.

Уллы пролетар жазушысы Максим Горькийдинг «Деревня тарихы» деген мақаласында откендеги халқ турмысы ҳамь тарихы туралы мнадай жақсы пикирлер бар:

«...Минеткеш халқ тарихты жасады, брақ ол оны жаза алмады, тарихты класслық жақтан оған жат ҳамь душпан адамлар жазды. Мне усы апуайы себепке байланыслы тарихты дузуши қара рабочий тарихи ктапларда гейде ғана ҳамь жақсы адамлардынг тыншлығын бузушы, бунтовщик спатында қаралады. Материаллық маденияттынг дузушилери спатында диқан ҳамь рабочий тарихта жоқ. Ал нағыз солар феодал-дворянлардынг берк қорғанларын салды, қалаларды ҳамь ажайып храмларды салды, жоллар салды, батпақлықларды қурғатты, қзыл кендирди, зғырды, телетинди, жунди, ағашты, металлды келе қылды, командалық етуши класстынг аяғын, усти-басын кииндирди, жасандырды»[1].

М. Горькийдинг бул айтқанлары Кунхожанынг «Елменен» қосығын оқып отырғанда албетте еске туседи ҳамь шаирдынг дунья козқарасынынг, турмыс ҳаққындағы тусинигининг бир характерли тарепин ашу ушын-да, шаирдынг творчествосынынг улкен бир тарихи аҳмиетин ашу ушын-да жуда баҳалы критерия болып есапланады

Булар—бринши жағынан, шаирдынг барлық омирдинг дереги халқта екенлиги, барлық нарсени доретуши халқ

---

[1] М. Горький, «О литературе», из-тво «Советский писатель», 1955 г., стр. 848.



www.ziyouz.com kutubxonasi

екенлиги, барлық нарсенинг коркемлиги халқпенен екенлиги ҳаққындағы ҳақиқатты дурыс тусинуи болса, екинши жағынан, расми устем позицияға қарсы халқтынг хызметин ҳамь ролин озь қосығы арқалы тарихқа киргизуи болып есапланады. Бул созсиз, XIX асирдеги артта қалған патриархаль-феодальлық жамиетте жасаған шаир Кунхожа ушын улкен прогрессив козқарас ҳамь улкен тарихи хызмет еди.

Кунхожа барлық затты халқ доретти деуменен ғана шекленип қалмайды, барлық адамлар халқтынг арқасынан кун кореди, халқ болмаса, елдеги қул болмаса халқты сорап отырған хан ҳамь патшалардан баслап халқты талап шалқыған, ойына не келсе соны ислеп, халққа қсым етип журген адамлар-да, малы қоп мунгсыз байларда, молла-ишанлар-да кун коре алмайды, олар ғарип-қасер елдинг, сорлы қулдынг минетин жатып ишип шалқыйды, елсиз-халқсыз ханнынг-да амелдарлардынг-да, законнынг-да, шарияттынг-да, молланынг-да, ишаннынг-да кереги жоқ, сонлықтан елдинг онгар жағын гозлеген адам барлық нарсени халқпенен ислесип халқпенен бригип туйин шешсин, ойткени, елге жақпаған, халққа суйенбеген батыр-да куписиз деген пкирлерди илгерилетти.

«Атқа мнип дангқын кокке жетирген,
Қсымлығын куннен-кунге отирген,
Озине жақсынынг исин птирген,
Олардынг-да куни кешер елменен.

Ғазине толысы алтын ақшанынг,
Ҳаули-ҳарем жане бағу-бақшанынг,
Халқты сорап турған хан ҳамь патшанынг,
Шалқығаны ғарип-қасер елменен.

Меруерттен салынған сарай жайлардынг,
..Малы коп дуньяда мунгсыз байлардынг,
Шалқуына себеп сорлы қулменен...»

деген қатарларды оқу арқалы Кунхожанынг озь дауриндеги жамиетлик қурылысты қаншелли дурыс суретлегенлигин коремиз.

Ал қосықтағы:

«Аспанға ушарсанг болса қанатынг,
Шад боларсанг шадлы болса елатынг,
Халқынгменен болса мақсет-мурадынг,
Кеулинг шадланады узақ жылменен.»



www.ziyouz.com kutubxonasi

деген қатарларда ел ҳамь халққа болған қаншелли қадирлеу оезиминиңг бар екенлигин тусинемиз. Шаир ҳаттеки турмыстыңг қысқысынан иши қайғыға толып аур тунгилуге берилген уақытта-да халқты ядынан шығармайды, «олгенимше елменен ырзаласып кетермен» дейди; ҳешуақытта озин елден болек усламайды.

Кунхожа ел, халқты, адилликти қадирлеуменен бирге, егерде халқты сорайтуғын хан, амелдарлар залым болса халқтыңг куни қайғыменен отеди дейди:

«Халқыңгды сораса залым патшалар,
Қассап янглы куни кешер дарменен»[1]

деп ханды қассапқа тенгейди, оныңг кунделикли касиби адам олтиру болады, себеби ондай патша:

«Адамға қаст етип мийрими келмес,
Ким жаман, ким жақсы парқыны билмес»[2]

деп корсетеди.

Кунхожа озиниңг «Елменен» қосығында «Неге керек» қосығына қарағанда пкир жағынан адеур илгерилей туседи. «Неге керек» қосығында жақсы турмысты тек адил патшадан кутуши шаир «Елменен» қосығында:

«Халқтыңг адам болып халқ болуы,
Қарангғы тунектиңг жарық болуы,
Кокрепиниңг шадлықларға толуы,
Талап етсе, ҳужим етсе елменен»[3]

деп гуресшенглик мотив киргизеди, яғни қарангғы турмыстан жақтылы турмысқа шғу ушын халқтыңг ози қол усласып ҳужим етуи, талап етуи керек деп халқты гуреске шақырады.

Соңынгменен бирге шаир зулымнан қутылып бахытлы омирге жетудиңг, озь созименен айтқанда «қара тунде жол табудыңг» енг зарурли шарти спатыңда барлық ел болып, бир-бреуге туысқанлық қол берип ҳарекет ету екенлигин корсетеди:

«...Бир-бреуге туысқанлық берип қол.
Қара тунде сарьдар болып таппақ жол,
Пту ушын удайына онглы-сол,
Ислеу керек барлық жағын елменен»[4]

---

1 Кунхожа, Танглаулы қосықлары, 1949-жыл, 30-бет.
2 Бул-да сонда, 30-бет.
3 Бул-да сонда, 32-бет.
4 Бул-да сонда, 31-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул қатарлар-да халқты озь бахты ушын бирлесип ҳужим етуге шақырудан ибарат гуресшенглик мотиви жағынан оғада ўлкен сияси аҳмиетке ие.

Брақта, бул гуреске шақыру мотиви Кунхожанынг творчествосын тутасыменен характерлейтуғын мотив емес.

Кунхожа барлық эксплуататорларды қаншелли жеккоргенименен,, халқты жамиетлик турмыста шешуши куш деп тусингенименен, барибир жамиетлик турмыстынг шешуши куши болған халқтынг-да озь бахытын, озь азатлығын қалайынша женгип алуынынг жолын билмеди, азатлық ушын халқ массасынынг гуресининг аҳмиетин, бул гурестеги халқтынг ролин, улума халқтынг азатлық ушын гуресининг мақсетин ҳамь аҳмиетин тусинбеди. Кунхожанынг демократияшыл козқараслары саналы революционер-демократлар дарежесине котериле алған жоқ, ал халқтынг стихиялық наразылығын, басында адил патша турған мамлекет дузу ҳаққындағы халқтынг арьманын баянлаушы козқарас болды.

Озь козқарасы бойынша Кунхожа Орта Азия халқларынынг барлық адеби мирасларына дерлик тань болған адил патша ҳаққындағы мотивтен ары отип кете алмады.

Кунхожанынг сияси программасы тутасыменен алғанда «адил патша» тлеуден ибарат болды. Онынг пкиринше: халқты ап-аптадалыққа, тенгсизлик жағдайға тусирип қойған, узликсиз урыслар жургизип, пухараларына наҳақ ҳамь жауызлық жоллар қолланып отырған ханлар, патшалар жоқ болып, олардынг орнына бир адил ел басқарушы патшалар отырса—барлық класслық тенгсизликлер, зулым ҳамь урыслар, аур налоглар менен наҳақ жазалаулар жоқ болып; гедейлер езушиликтен, ерксизликтен, зулымнан қутылуы мумкин.

Кунхожанынг жамиетлик козқарасларындағы бул шекленушиликтинг себебин дурыс тусинуде уллы косемимиз В. И. Лениннинг Л. Толстой, А. Герцен, Н. Чернышевский ҳамь басқа-да рус жазушылары ҳаққындағы пкирлери басшы пкир болып хызмет етеди.

В. И. Ленин озининг белгили «Лев Толстой рус революциясынынг айнасы спатында» деген мақаласында уллы жазушынынг жамиетлик-сияси козқарасларына тань болған кемшиликлер менен қарама-қарсылықларды белгилей отырып, онынг творчествосындағы бундай жағдайлар тосыннан болған нарсе емес, ал, XIX асирдинг сонгғы 30 жлында (яғни Толстой творчествосысынынг дауринде)



www.ziyouz.com kutubxonasi

рус турмысы дус болған қарама-қарсылықлардынг баян етилуи екенлигин корсетеди. Бул халқтағы оскен, қанасына симай атылған наразылық пенен еле толық осип жетисе алмаған сананынг озь-ара сайкес келмеуи еди. «Толстой,— деп жазады В. И. Ленин,—қайнаған жеккорушиликти, псип жетискен жақсылыққа умтылушылықты, ескиден қутылу тлегин ҳамь қиялдынг жетилиспегенлигин, сияси тарбияланбағанлықты, революциялық босанглықты саулелендирди»[1].

В. И. Ленин ҳарбир жазушынынг идеялық қалиплесуи ушын ол жасап турған даурдинг тарихи,сияси, жамиетлик жағдайынынг шешуши ролин корсетеди. Усы позициядан баҳалағанда Кунхожанынг жамиетлик козқарасындағы шеклену—қарақалпақ халқынынг жамиетлик-экономикалық жақтан, сияси ҳамь мадени жақтан артта қалуына, қарақалпақ халқынынг арасында реакцияшыл ислам диининг кушли тасирине, халқтынг тегисименен дерлик сауатсыз болуына, елде ири ондирис орынларынынг ҳамь ҳақиқат революцияшыл класс рабочий класынынг болмауына байланыслы болды.

Кунхожанынг жамиетлик козқарасы шекленген характерге ие болғанысменен озь даури ушын улкен аҳмиетке ие болды. Ол озь творчествосында халқты аур кунге душар етип отырғанлардынг кимлер екенлигин тусиндирип берди, халққа онынг жамиеттеги тутатуғын улкен орнын ашып берди, халқта озь кушин тусину санасын оятуға жардемлести.

Бул жағдайлардынг халқты озь азатлығы ушын гурeске таярлауда улкен роль ойнағанлығы созсиз. Сонлықтанда Кунхожанынг жамиетлик козқараслары озь даури ушын ғана емес, бзинг заманымыз ушын-да улкен аҳмиетке ие болды деп қарауымыз керек.

Кунхожа адилликти, адил патшанынг болуын жақтылы турмысқа шғу жолы деп есаплады дегенде, усы пкирлерди корсетуге арналған қатарлардынг озин шаирдынг озь дауриндеги адилсизликти ашкаралауы ҳамь усы адилсизликке қарсы наразылығы екенлигин-де ядта туту керек. Ойткени, Кунхожа озине заманлас ауан басшылардынг, залым патшалардынг, хуждансыз катқудалардынг елге еткен зиянын коре отырып, сол тажрибе тикарында олар-

---

[1] В. И. Ленин, Сочинения, том 15, стр. 185.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ды ел тағдири ушын керексиз деп есаплады, оларға путкиллей қарама-қарсы болған дурыс басшыларды, адил патшаларды, ҳужданлы каткулаларды арьман етти.

Шаир жаман ел басқарушылардынг халқ омирине зиян тигизетуғынлығын озининг «Басты хор айлер» деген қосығында-да:

«...Жақсынынг халқ ерер қалмай кейнине,
Жаманнан бас болса басты хор айлер»

деп атап корсетеди.

Улума халқты езген залымларға апат тлеу, езилген халққа жақтылы заман, бахытлы омир тлеу — Кунхожанынг енг тикарғы социаллық идеалы.

Шаир залымлардынг жасауында заман тарлығын, халқтынг аур турмысынынг, озь қайғысынынг себебин, ал залымлардынг апатында озининг уақтыхошлығын кореди, озь мақсетининг иске асуын кореди:

«Бул заман тарылды кейни болмады,
Залымлардынг қзыл гули солмады,
Кеуилимнинг уақты хош болмады,
Басқа ахырзаман тусти яранлар»

*(„Олим")*

Залымлардынг апатын тлеу шаирдынг жарлылардынг жақсы кунин тлеуименен байланыслы. Шаир залымлардынг апатын тлегенде кейнги келешек аулад биз корген азапты кормесин деп тлейди:

«Залымлардынг коз жасыны кормесин,
Буннан арьман шалқып дауран сурмесин,
Кейнгиге бундай азап бермесин...»

Улума озь дауриндеги адам шдамаслық аур жағдайларды суретлей келип шаирдынг тлейтуғын улкен тлегининг бри—бундай даурдинг келешек аулад басына туспеуи:

«Бизлердей болмағай қзынг ҳамь улынг,
Бир басқа бир заман болды яранлар».

Жумақлап айтқанда, Кунхожа озь творчествосында ел ҳамь халқты, адилликти қадирлеуди орайлық тематика етип жырлады, ол озь дауриндеги жамиетлик қурылыстынг барлық майда-шуйделерине шекем қалдырмай суретледи, озь елининг аур турмысын коре отырып ҳамь



www.ziyouz.com kutubxonasi

жырлай отырып, усы аур турмыстан халқты қутқарудынг жолын изледи, озинше жуап-та тапты, брақ жақсы турмысты адил патшадан кутип, дурыс революциялық жолды тусине алмады.

Онынг шығармаларындағы ел, халқ ҳамь адиллик тематикасы биз ушын Кунхожанынг озь даурине жараса демократияшыллығы, патриотлығы, класслық айырмашылықларды ашып корсете блуи, халқты бирликке, ел қорғауға шақыруыменен улкен аҳмиетке ие.

**Кунхожанынг шығармаларындағы гейпара қарама-қарсылықлар, олардынг характери ҳамь дереклери.**

Алдын ала ескертуимиз керек: биз усылай атағанменен, тикарынан тек шаирдынг келешекке коз қарасындағы қарама-қарсылықларды ғана созь етемиз. Ойткени, шаирдынг творчествосындағы басқа маселелерде коринетуғын гейпара қарама-қарсылықларды-да, кемшиликлерди-де, олардынг себепшерин-де мумкин болғанынша ҳарь қайсысына озь тусында тоқтадық.

Биз жоқарыда Кунхожанынг халқтынг аур турмысын, халқтынг аур турмысына себепши болған жағдайларды коре алғанлығын ҳамь суретлей билгенлигин, тайсалмастан халқ тарепинде турып халққа зулымлық еткен адамларды ҳамь тартиплерди аяусыз турде тартынбай ашкаралағанлығын, халқ ушын жақсы турмыс, бахытлы турмыс тлегенлигин корип оттик.

Кунхожа усы ози арыман еткен ҳамь халқ ушын тлеген бахытлы заманнынг болуына қандай козқараста болды?

Бул сорауға дурыс жуап беру ушын Кунхожа шығармаларындағы бахытлы турмыстынг орнауына болған оптимистлик ҳамь айрым пессимистлик қарама-қарсылықларға бул қарама-қарсылықлардынг онынг шығармаларында орын алуына себепши болған жағдайларға, Кунхожа шығармаларындағы пессимизмнинг характерине тоқталып оту керек.

Шаирдынг «Жайлауым», «Умытпаспан», «Жарымадым», «Сазан ау» «Арыманда», «Елменен» қосықларын оқып отырғанда бул қосықлардынг ишинен онынг келешектеги жақсы турмысқа болған оптимистлик козқарасларын корсететуғын коп ғана қатарлар козге туседи.

Бул қатарлардынг гейпарасында шаир бахытлы, еркин турмысқа шығу ушын не ислеу керек, қандай жолменен ба-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ру керек, бахытлы турмыс ҳаққындағы арьман қай уақытта, қандай жағдайда иске асады? деген сораулар қойып, буларға конкрет жуаплар бере алмаса-да, айтеуир, ақыр бир кун бахытлы турмыс орнайды, халқ шадлы турмысқа жетеди, деген исеним корсетеди:

«...Сау болса ақыры адамнынг дени,
Саубет қурар бирге оскен жайлауым...
...Шақақ урар ақыр биркун қыз-жгит,
Арьманменен қайғы-да оскен жайлауым»

*(„Жайлауым")*

«...Ақыр бир кун бзинг талап келисер»

*(„Сазан ау")*

Бул қатарларда бахытлы турмысқа жету конкрет фактларменен ҳамь онынг жолларыменен тикарланып берилмесе-де, шаирдынг бахытлы турмыс ҳаққындағы исеними ап-айқын коринип тур. «Сазан ау» қосығында:

«Ретинде жасықларым тас кесер,
Сол уақытта гауҳар жанар басымда...»—

деп жазады.

Кунхожа халқтынг турмысы ҳамь арзу-арьманлары менен тиккелей байланыслы қосықларынынг халқ аузында қалатуғынлығына, келешек ауладларға-да барып жетип, олар тарепинен ядланып журетуғынына исенеди. Буны—озининг орынланбай кеткен арьманынынг иске асуы деп тусинеди:

«...Қалғанлар қарар созиме,
Буны-дағы умытпаспан»

*(„Умытпаспан")*

«Мен олермен, созим қалар кейнимде,
Созим журер нещелердинг тлинде...»

*(„Сазан ау")*

Шаирдынг озь қосықларынынг халқ ядында сақланып журуине болған исеними, созсиз, онынг алдан куткен жақтылы турмысқа болған исенимине тиккелей байланыслы .Ойткени, адалатсыз заманда ози қудаланып, сози қадаған етилген шаирдынг созлерининг халқ тлинде еркин журуине исенимли ой — умити адил заманда ғана иске асатуғын нарсе еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кунхожаның «Басты хор айлер» деген қосығы онынг келешек турмысқа теренг оптимистлик козқарасын белгилеуде кута характерли шғарма болып есапланады. Шаир бул қосықта ози жасап турған заманнынг халқ ушын тарлығын, зулымлықтынг ҳадден зиятлығын айта келип, «келешектен умитпенен жасаҫанг, кеулингди уайымнан аулақ таслап, жгерменен, қаддингди тик усласанг, бигайрат болмай, ҳарекет етсенг, кушли боласанг, егерде дурыс жолға назер аудармай, бирдей уайымменен жасасанг коретуғын жабир-жапанг тағы-да коп болады» деген пкирди илгерилетеди, жақтылы куннинг албетте келетуғынлығына беккем исенимменен ҳамь образлы турде томендегише баян етеди:

«..Ақыл жора бул созимди ядта тут,
*Асману-заминди алса-да гунггирт,*
Жел қуып думанды бир кун кетер булт..»[1]

Қосықтағы «думанды жел қуып, булт кеткен кунде»ги адамлардынг тағдири ҳаққында айтылған пкир-де кута теренг маниге ие:

**«Бахыт ашылса солсанг-дағы жан берир,**
Ай-гун блен нур саулели нур берир,
**Ҳаркимге мунасип торде йол берир,**
**Анынг парқын билген уақтын хош айлер»**[2].

Жарлы халқтынг илажсыз «кок тайғақтынг устинде турған» жағдайын суретлеген, теренг қайғылы мотивтеги «Ақ қамыс» қосығында-да шаир қандай илажсыз ҳалда болсанг-да, қыншылықтан шғуға умтылу зарурлигин ескертеди: қураған қамысқа жапырағынгнынг барлығы сарғайған кок бреуи жоқ, су ишинде турып шоллеп қурыпсанг, сонша тамыр урсанг-да желдинг патинен қайысасанг, тамырларынг беркинбеген, ескен шамал ер жетпей ақ гумшангды тогип, гулингди ушырыпты, бул турыстан сенинг коклеп — жасаратуғын, жақтыға шғатуғын кунинг жоқ» деп ундеу ете келип, қосықтынг кейнин барибир:

*«Қара берман қамыс сен-де,*
Қурама су ишинде»

деп питкереди.

---

[1] Рукопись Ф—75, фонд ҚҚҚНИИ.
[2] Бул-да сонда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шаир озининг гейпара қосықлары арқалы жақсы келешек ушын бирлесип ҳарекет ету зарурлигин-де ескертеди:

«Бир-бреуге туысқанлық берип қол,
Қара тунде сарьдар болып таппақ жол,
Пту ушын удайына онглы-сол,
Ислеу керек барлық жағын елменен.

Халқтынг халқ болып адам болуы,
Қарангғы тунектинг жарық болуы,
Қокрегининг шадлықларға толуы,
Талап етсе, ҳужим етсе елменен»

*(„Елменен")*

Шаир сондай-ақ халққа келетуғын усы жақты келешекти «шын жаннет» деп атайды, «шын жаннетке» душпанды қирату арқалы бару мумкин, деп тусиндиреди, халққа усы «шын жаннетке» қарай журь, «бир-бреуди шақырып жол силте» деп ундеу етеди:

«Яранлар созь тынгла қулақ салмаға,
Қаст еткен душпаннынг басын алмаға,
Шын жаннетке достынгменен бармаға,
Қолды былға, жолды силте яранлар»

*(„Олим")*

Шаирдынг қосықларындағы айрым қатарларда озининг келешегине болған исенимин «бенделик бахытқа», «қудайлық жардемге» байланыстыру мотивлери-де гезлеседи. Мсалы, бул мотив онынг белгили — «Елменен» қосығындағы:

«Егер берсе бендесине заманды,
Ели шалқыр омиринше кунменен»

деген қатарларда айқын сезилип тур ҳамь бундай қатарлар айрым қатарлар спатында шаирдынг басқа-да бирқанша қосығында ушрасады.

Бзингше, озининг келешегине исенимин қудайға байланыстыру—дунья козқарасы озь заманындағы устем дини идеологиянынг тасири натижесинде шекленген шаирдынг кемшилиги болғанменен, ол — ҳеш-те дини — реакциялық козқарас болып есапланбайды. Ойткени, қудайдан кору, қудайдан куту халқтынг аур ауҳалынынг социаллық дереклерин ҳамь бул аур турмыстан қутылудынг ҳақиқат



www.ziyouz.com kutubxonasi

дурыс жолларын ҳартарепleme көре алмаудан келип шығады, халқтынг аур турмысын көрип ойланған, оннан халқты қутылдыру жолын излеген, брақ оларды таба алмаған шаир озь заманынынг дини идеологиясы санаға қуйған дастурь бойынша қудайға үндеу етеди. «Егерде адам, — деп жазған еди белгили марксист Скворцов—Степанов,—озь тлеклерининг иске асуынынг ҳақиқат реаль қуралларын билсе, ол ҳешқандай қудайдынг ҳамь қудайлардынг барлығына исенбес еди»[1].

Усы айтқандай, Кунхожанынг қосықларындағы қудайға үндеу-де озь тлеклерининг иске асуынынг ҳақиқат реаль қуралларын билмеуден келип шыққан.

Марксизм-ленинизм талиматынан белгили болғанындай-ақ «...ҳарьқандай дин, демек ислам-да халқ ушын уу болып есапланады... ҳарьқандай дин... адамлардынг санасын қарангғылық заҳарименен улайды, массаны жолдан адастырып эксплуататор класслардынг мапине хызмет етеди... кенг массаны эксплуататор классларға тилсиз бағындыру ушын дин минеткешлерге күшсизлик жане илажсызлық идеясын сингдиреди... адамды қудайдынг бендеси деп дағазалап оны актив иокерликтен шетлетеди»[2].

Дин барлық нарсени қудайлық тағдирге байланыстырып, минеткешлердинг жарлылығын қанша ҳарекет етседе қутылмас бале деп, бай адамлардынг байлығын манггиге кетпес даулет деп, устем класслардынг байлығы жер, су, малға, властьқа иелигинде, минеткешлердинг аур турмысы булардынг ҳешқайсысына ие болмауында екенлигинен минеткешлердинг дыққатын шетлетип адамнынг озь бахты, озь правосы ушын ислейтуғын ҳарьқандай ҳарекети файдасыз деп тусиндиреди.

Кунхожа ози жасаған асирдинг перзенти спатында дини инанымларға, адам баласынынг омири жане тағдирининг, бахытсызлық ҳамь бахыттынг «қудайдынг ихтиярынан» ғарезлилигине исенди дегенде, ол усы шенгберден шықпай қалды деген пкирден путкиллей аулақ болу керек.

---

[1] И. М. Скворцов — Степанов «Мысли о религии», Госполитиздат, 1954 г. стр. 34.

[2] И. Муминов, «Из истории развития общественно-философской мысли в Узбекистане в конце XIX и начале XX в.» Госиздат УзССР. Ташкент, 1957 г. стр. 33.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Озь асирининг прогрессив адамы спатында озь халқының турмыс жағдайын, турмыстағы анау я мнау жағдайдынг орын алу себеплерин, халқтынг енг жақсы умтылулары менен тлеклерин, онынг усы тлеклер жолындағы гуреслерин, котэрилислерди, булардынг объектив натижелерин (яғни женгилиске ушырағанменен ханды титиретип састырғанлығын, халқтынг озь кушин сезинип, жамленгенлигин) корип барған **халқ котерилислерининг идеологларынан** бреуи спатында Кунхожа (созлердинг астын мен сыздым, бул атама профессор С. П. Толстовтики болып, биз-де озь тарепимизден буны қуатлаймыз — И. Б.). барлық жағынан дини инанымдағы адамлар ҳеш-те айта алмайтуғын, онынг устине дини идеология қадаған ететуғын пкирлерди айтады.

Шаирдынг қосықларында дини-мистикалық адебияттынг уакиллеринде ямаса халқтынг санасын заҳерлеу ушын бле горе-ақ фани (откинши), бақи (ҳақиқи) деп аталатуғын еки дунья бар емиш, ҳазир биз жасап турған дунья паянсыз деп угитлеуши дин идеологларында ушырасатуғын омирден безинуге ,«ол дунья раҳатине» шақыру мотивлери ҳеш ушыраспайды. Шаир барлық жақсы нарсени усы биз жасап турған ҳамь ҳақиқатында бирдеп-бир дунья болған усы дуньяда коргиси келеди, озине-де, халққа-да бахытты усы дуньяда тлейди. Шаир омирди теренг суйеди, бул дуньяға келгенине, дуньяда омир сургенине ҳеш-те қапа емес, оны қапаландыратуғын заман, тенгсизликтен келип шғатуғын заман қайғылары:

**Арьманым жоқ бул дуньяға шыққан сонг,**
**Арьманым коп қайғыға ишим толған сонг.**

Бул арьман, қайғылар шаирдынг жекке басынынг ғана емес, жалпы халқтынг қайғысы жалпы халқ арьманы. Шаир озининг ҳарбир қосығында бул моментти айрықша белгилеп корсетип отырады.

Улума алғанда залым ханлар менен жауз байлардынг ҳамь атқа мнерлердинг апатқа ушырауынан, сол арқалы езилген жарлыларға жақтылы кун келуинен ибарат озь идеалынынг келешекте қашан-да болса иске асуына оптимистлик козқарас — Кунхожа қосықларынынг тиқарғы белгилеуши мазмуны болып есапланады.

Кунхожа шғармаларындағы бул оптимистлик пкирлердинг барлығы халқтынг еркинлик сезими, еркинликти анг-



www.ziyouz.com kutubxonasi

саған котерилисшенг кейпи, халқтынг избе-из болып турған азатлық гуреслерининг Кунхожаға еткен кушли тасиринен келип шыққан нарселер болып есапланады.

Брақ-та Кунхожанынг шғармаларында онынг беккем оптимистлик, ҳаттеки гуресшенглик козқарасларына қарама-қарсы мазмундағы қайғыға, уайымға, умитсизликке тусу мотивлери-де жии ушырасты. Мсалы шаир озининг «Жарымадым», «Не болдым» қосықларында келешекке екиленип, гуманланып қарайды, бул екилену, гуманлануда келешекке, болған исенимнен горе келешекти ойлап қамығу ҳауазы кушли еситиледи, шаир қайғы батпағына батады, бул батпақтан шғуға озин кушсиз сезеди, коз алды қайғы думанменен греуленип, жақтылықты коре алмайды:

**«Қозим тынды греуленип,**
**Ғаррылық ншаны енип,**
**Қабырғамды қайғы согип,**
**Қайғы қаплады не болдым?»**

*(„Не болдым")*

**«Бул дунья кейни бар-ма екен,**
**Яки буннан-да тар-ма екен?»**

*(„Жарымадым")*

Сырттан қарағанда жай бир картинаны, олип жатырған балықты суретлегендей болып коринетуғын «Олген балық» қосығы ҳақиқатын-да тутасыменен шаирдынг пессимистлик сезимлерин баян етуши қосық болып козге туседи. Бул қосығында шаирдынг қайғы-уайымға берилу, кушсизликтен куйину, усылардынг натижесинде тунгилу сезимлери англасылады. Ол олген балықты «қалашы порсыған, окпесин дартлер болип кеткен, дузелмес ауруға дус болып, басынан бағы тайған, қабыршағы қурап, денеси кол бойында сасыған, желкесинен шанышқы тиип, шекесинен мии аққан» етип суретлейди.

Қосықтағы қайғылы тунгилу тонынынг шаирдынг қатты тунгилушилик жағдайын баян етип турғанлығын айтпағанда-да усы олген балықты қосыққа объект етип алуынынг ҳамь оны жоқарыдағыша суретлеудинг ози шаирдынг кейпин кута айқын корсетип турады.

Кунхожанынг «Бара алмас» қосығында-да бахытлы турмысқа жету туралы тлектинг орынлануына исенбеу сезими, усы себепли тунгилу сезими кушли еситиледи, яғни ол «бул дунья ҳайран етип тур, тлегим менинг бола



www.ziyouz.com kutubxonasi

алмас» дейди «Олим» қосығында «заман тарылды, қиын болды» деп шаир алдағы жақсы кунлерге-де гуманменен қарайды, қосықтынг:

> «Бул дуньянынг опасы жоқ бипаян,
> Ол сенинг озинге ауелден аян»

деген қатарларында озининг бул тунгилушилик сезимлерин теренглестиреди: бундай опасызлық етип қысқыға салып киятырған дуньянынг усы опасызлығыменен кететуғынлығы анық, малим нарсе деген жумаққа келеди. Шаир гейде озининг пессимистлик жумақларына халққа белгили ири фигуралардынг ащы тағдирлеринен далиллер келтиреди, «қиядан жоллар салған Мақтымқулы-да дуньядан арьманменен отти, турмыстынг қаранғы тунегинде туншықты, бизлердинг тағдиримиз-де солай болуы мумкин» дегендей пкирди айтады.

Кунхожа шығармаларындағы гейпара умитсизлик элементлердинг себеби неде?

Кунхожа творчествосындағы оптимизм, келешекке исеним сезимлерин келтирип шығаруға езилген халқтынг гуреслери, кейплери себепши болса, онынг творчествосындағы пессимизм элементлерининг келип шығуына-да езилген халқтынг усы ҳарекетлерининг трагедиялық тағдири енг тикарғы себеп болды.

Адам шдамаслық аур турмыстағы минеткеш халқтынг озь азатлықлары ушын алып барған узликсиз гуреслери улума прогрессшил шаир, жазушыларға табиғи тасир ететуғынлығы сияқлы Кунхожаға-да кушли тасир тигизди, оған жгер берди, ғайратландырды, онда зулымлыққа қарсы гурес сезимин пайда етти, гуреске шақырушы-да етип жетистирди. Ол гейде гуреске шақырса, гейде озь заманындағы дини идеологиянынг тасиринен шға алмай, «худа», «карамат» иелеринен-де жардем сорады, олардан езилгенлерге бахыт, езушилерге апат тледи, жамиет ҳаққында илми қалиплескен козқарасқа ие болмаған шаир, гейде адил патшаларды, адил патшалардынг қайырхомлығынан келуи керек адил заманды кокседи. Ол қалай етсе-де турмыс аурлығын котерип журген копшилик халқ массасы ушын жақсылық тледи, усыны кутти. Бунынг барлығы халқ ҳарекетининг тиккелей тасиринен келип шықты.

Брақ, белгили сияси мақсетке ие болмаған, бир басшы орай атрапына бирлеспеген, еле гуресте женгу ушын ке-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рекли жағдай таяр болып жетпеген халқ котерилислери бастырылып барды, «адил патшалар», олар болдыратуғын «адил заманлар» орнамады, турмыс аурланған устине аурланды. Патша бар уақытта адилликтинг, адил заманнынг болмайтуғынын, «қудай», «карамат иелерининг» жоқлығын тусинбеген шаир усындай аур жағдайларда кута дағдарысқа тусип, ҳаттеки озининг қате «қудайлық» умитлеринен-де умитин узип алып журди. Кунхожа шығармаларындағы пессимистлик элементлердинг келип шығуына тикарғы себеп болған жағдайлар—мне усылардан ибарат болды.

Ел тағдирлерин озь қолларына услаған хан, би, аталықлар халқтынг ҳарекетлерин бастыруменен ғана қоймады, оларды талады, ел басын бриктирушилерди, адиллик, азатлыққа шақырушыларды, ҳаттеки адиллик, азатлық ҳаққында арьман етушилерди-де қуғынға ушыратты. Бул жағдай-да Кунхожанынг сезимине аур тасир етти, онынг қосықларында умитсизлену элементлерин, гурестен шетлену сезимлерин келтирип шығарды. Бул ҳаққында шаир озининг «Арьманда» қосығында анық етип:

«Суйегингиз қалар манзил қияда,
Ундегеннен ундемеген зияда»

деп корсетеди.

Кунхожанынг шығармаларында айрым пессимистлик элементлердинг орын алуына онынг озь жекке омириндеги ҳархилы қыынлық, бахытсызлықлардынг-да қосымша себеп болғанлығын бикарлауға болмайды. Корип откенимиздей-ақ шаирдынг ози жастан ата-анасынан жетим қалды, жасынан кси қолында жалланып иследи, кунтунь тынбай минет етсе-де я баспана жайға, я киер киимге, я ишер тамаққа жарымады, ашлықтынг салдарынан баласы олди, ози аурулы болды, бунынг устине халқтынг аур жағдайына куйину сезиминен қараған шаир дене азапларыменен бирге, есапсыз рухи азапларға-да душар болды, қудаланды, ғаррылық басты. Қысқасы омири бойы турмыстынг аур қысқысынынг астында турмыс кеширди. Бул жағдайлардынг шаирдынг умитсизлену сезимлерине себепши болғанлығын «Менинг балам», «Олим», «Не болдым» сияқлы бирқанша қосықларында шаирдынг ози-де ескерткен. Мсалы, шаир озининг «Не болдым» деген қосығында:



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Қозим тынды греуленип,
Ғаррылық нщаны енип,
Кабырғамды қайғы согип,
Қайғы қаплады не болдым?»

деп жазса, тағы бир қосығында:

«Дуньянынг жабри жаман-ды,
Душпаннынг басы аман-ды,
Бай, патшалар зор заман-ды,
Сонлықтан жлап отермен.

Ажел келип жағам тутты,
Жлай-жлай омирим отти,
Душпанлар азап корсетти,
Енди арьманда отермен».

деп жазады.

Кунхожанынг шғармаларындағы айрым пессимистлик элементлердинг усы себеплерин созь етуменен бирге, айрым адебиятшылардынг бурынғы минетлеринде ушырасқан гейпара пкирлердинг қате екенлигин-де ескерте кету керек.

Мсалы, марҳум Н. Дауқараев 1939-жлы Қарақалпақстан совет жазушыларынынг екинши съездинде қарақалпақ поэзиясы туралы жасаған докладында: «...Кунхожанынг шғармаларына туркменнинг атақлы шаиры Мақтымқулынынг тасири кушли болған, жлаушылыққа тусуиде Мақтымқулынынг еткен тасири...»—деп жазады.

Тап усы пкирди сол жылларда басқа формилировкада адебиятшылар Қ. Аимбетов, О. Кожуров жолдаслар-да айтқан: «Кунхожа оле-олгенше туркменнинг шаиры Мақтымқулынынг тасирининг астында откен».[1]

Бул келтирилген пкирлердинг кута ушқары айтылғанлығы ҳақиқатында далиллеусиз-ақ коринип тур. Ойткени, Кунхожада болғанындай Мақтымқулыда-да пессимистлик мотивлер гезлескенименен, ол ҳақиқат творчествосы бойынша-да, оған адебият тарихы беретуғын характеристика бойынша-да ҳеш-те пессимистлик адебияттынг уакили емес, сол сияқлы биз-де Кунхожаны пессимистлик адебияттынг уакили деп есапламаймыз; екиншиден, Мақтымқулы қаншелли улкен шаир болмасын, созсиз, тап сол сияқлы улкен шаир болған Кунхожанынг оле-олгенше

---

1 Қ. Аимбетов, О. Кожуров, «Қарақалпақ адебиятынынг турлери», мақала, «Қарақалпақстан адебияты ҳамь искусствосы» журналы № 2 ,1940-жыл. 53-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мақтымқулының тасиринде болып улкен оригиналь шаир болуы мумкин емес.

Ал, белгили «Олим» қосығында-да шаир қатты қудалау ҳамь қадағалау астында жургенликтен айтарын айта алмай, уайымға, тунгилуге тускенлигин ескертеди:

«...Не пайда, жгитлер, айтқан созингнен,
Қайтарады душпанларынг дзингнен...»

«Ким блер» деген қосығында-да шаир озининг ҳарьқандай ойлану—толғануларға, қайғыға тусуининг себеби заман қсумети, уақыт аурлығы болғанын жазады:

«Аспан блен жерди-кокти
Мен сордынг зары гунгрентти,
Мна заман ҳайран етти,
Ҳайран екенимди ким блер?»

Бердақ шаир Қарғабай улы-да озининг белгили «Заманда» қосығында даурдинг ақыллы адамларды улкен дағдарысқа салған ҳадден зият қиыншылығын суретлейди:

«Жылдан—жылға заман териске айналды,
Жол таба алмай ақыллылар ойланды,
Жуйрик шешен тиллеринен байланды,
Қаранғы қаплаған қайғы заманда»[1]

Бердақтынг «тлинен байланған жуйрик шешенининг» бреуи, созсиз, Кунхожа болып есапланады. Ал, Бердақ шаирдынг белгили «Коринди» деп аталатуғын қосығында Кунхожанынг жоқарыда мсалға келтирилген «суйегингиз қалар манзил қияда» деген ойына путкиллей сайкес қатарлар бар:

«Ойлан Бердимурат, қысқарт созингди,
Қысқартпасанг топырақ басар жузингди,
Залымлар корсетпес басқан изингди,
Жамалынг бир саат миман коринди»[2]

Брақ-та, бзингше, бул келтирилген узиндилер ҳақиқатында еки шаир ушын-да олардынг творчествосынынг мазмунын характерлейтуғын мотив емес, ал омирдеги шегинен шғып қиналған айрым моментлердеги кеул сезимининг кориниси болып сыртқа шыққан қатарлар ғана.

---

1 Бердақ. Танглаулы шғармалары, 1956-жыл, 49-бет.
2 Бул-да сонда, 47-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кунхожа шығармаларында пессимистлик элементлер ушырасады дегенде мна жағдайларды-да есапқа алу керек.

Кунхожа шығармаларындағы пессимизм турмыстағы аурлықларды коре сала шошынып кеткен, адамларды омир суруди таслауға шақыратуғын пассив пессимизм емес, сондай-ақ, «дуньянынг жалғанлығы», ол дуньядағы раҳатли турмыс ҳаққында уаз айтып, жар салып журетуғын суфылық, турмыстан бас тартушылық сиялқлы дини мистика-да емес. Кунхожа омир суруди суйди, омирдинг тенгликли, адил болуын, халқтынг жақсы омир кешируин тледи, гуреске-де шақырды, бул тлектинг иске асуы ушын озь созименен айтқанда «ҳарь нарселерди ойлады», «(Не болдым» қосығы), жол изледи, жол баслайтуғын адам изледи, жолдас изледи. Бул арьманлары шаирдынг омиринде иске аспады. Сондай жағдайларда шаир тунгилуге, халқ гуресининг ахыры бир женгетуғынына беккем тусинбеушиликке, басшынынг-да, жолдынг-да, жолдастынгда табылатуғынына озинде берк исеним болдыра алмаушылыққа тусти. Онынг «Жарымадым», «Олим», Арьманда» қосықларындағы:

«...Биз сорлыға ҳешким келип жол салмас...»
«...Жолды таба алмадым барьҳа умтылып...»
«...Бул Хорезмди изледим,
Ашна тауып жарымадым»

— деген сиялқлы қатарларда шаирдынг жақты турмыс ушын умтылуы, брақ соған куши жетпегенликтен ғана умитсизликке берилуи коринип тур. Бул ҳаққында шаир озининг «Жарымадым» деген қосығында:

«Ҳешнарсе келмес қолымнан,
Келсе бир ис қлар едим»

деп ашық корсетеди.

Максим Горький Лермонтовтынг шығармаларында ушырасатуғын пессимизм туралы «...Лермонтовта пессимизм белгилери бар, брақ Лермонтовтағы пессимизм — жанлы сезим, бул пессимизмде заманлас турмысқа жеккорушилик ҳамь оны бикарлау, гурести ангсау ҳамь қайғы, жалғызлығын мойынлаудан ҳамь кушсизлигин мойынлаудан умитсизлену айқын еситилди. Онынг пессимизми тутасыменен ақ суйеклер жамиетине қарсы қаратылған еди»



www.ziyouz.com kutubxonasi

деп корсеткен еди.[1] М. Горькийдинг бул айтқанлары Кунхожа творчествосында ушырасатуғын пессимистлик элементлердинг характерин тусиндируде улкен жардем етеди.

Лермонтов декабристлер ҳарекети бастырылғаннан сонгғы аур реакция жылларында прогрессшил адамлардынг кушли қудалануынан азатлық ҳаққында ашық пкирлесетуғын адамлар таппай пессимизмге туссе, брақ-та азатлық тарепдарларын қуғынға, қысқыға ушыратқан реакцияшыл топарлар менен ҳешқандай келисимге бармай, оларға кушли ошпенлилик ҳамь жек корушилик билдирсе, гуресшенглик кейпинен қайтпай гурестеги жалғызлығынан налынып қапаланса, кушсизлигин саналы турде мойынласа, усы жағдай Кунхожада-да ушырасады. М. Ю. Лермонтовтынг рус тарихынынг айрықша аур ҳамь қатал бир дауринде омир сурип, озь творчествосын дореткени сияқлы Кунхожа-да қарақалпақ халқы тарихынынг усындай бир даурин озь басынан откерди.

Бриншиден, Кунхожа қарақалпақ халқынынг Хорезмге кошип келип, турмыс дережесининг бурынғыдан-да аурласқан дауринде, қарақалпақлар милли-сияси жақтан бротала Хиуа ханынынг қол астына қараған дауринде омир сурген енг бринши шаир болды, ол усы турмысты бринши рет жырлады. Бул даурде халқ турмысын жырлаған шаир бурынғы халқтынг езилуининг устине, халқтынг милли-сияси еркten айрылуын-да қосып жырлауы керек еди. Усы аурлықты бринши жырлау Кунхожанынг улесине тиди ҳамь оған аур тасир етти. Бзингше, Кунхожаны пессимизмге суйреуши бир жағдай усы аурманлық ҳамь бул қиын шараятта жол таба алмай қиналу болды.

Екиншиден, қарақалпақ халқы милли-сияси еркинлиги ушын-да, класслық еркинлиги ушын-да стихиялық гуреслер алып барып отырды, брақ бул гуреслер женгилиске ушырады. Гуреслердинг бастырылуы еркинлик ушын гуресушилердинг адам шдамаслық қуғынға ушырауын келтирип шғарды. Усыған байланыслы халқтынг гуресшенглик кейпи белгили уақытлар арасында путкиллей жасырын турде жасады, олар ашық турде озь-ара пкирлесе алмады, куш қоса алмады. Мне усы шараятта қалған Кунхожа ҳешкимменен ашық ойласа алмады.

Бундай жағдайда халқтынг жақсы келешегин тлеген,

---

[1] М. Горький, «История русской литературы» Гослитиздат, Москва, 1939 г. стр. 165.



www.ziyouz.com kutubxonasi

сол ушын гуреске шақырған шаирдынг пессимизмге тусуи, жалғызлықтан қайғыға берилиуи, кушсизлигин саналы турде мойынлауы, ози жасаған даурге қарсы ошпенлилик, наразылық билдируменен шегараланып қалуы-да табиғи еди.

Кунхожа мне усындай болды.

Кунхожанынг дуньядан тунгилген дауринде-де халқты ядынан шығармауы, халққа болған тлеклеслигине, суюшилигине садық болып қалуы-онынг пессимизмининг-турмысты суйе алмайтуғын пассив пессимизм емес, ал ози ушында, халқ ушында жақсы омирди тлеп, хорлықлы омирди ғана жеккоретуғын, жақсы омирге жете алмағанын саналы мойынлап, қайғыланатуғын, адилсизликке, езушиликке қарсы наразылық протест билдиретуғын пессимизм болып коринеди.

Тағы бир характерли жери шаир қандай тунгилуге тускенде-де елден-халқтан қол узбейди, удайы озине «елменен бол, халқпенен бол» деп ескертип отырады, сонынгменен бирге озин тунгилуден, умитсизликтен-де қайтарып мартликке шақырып отырады.

Бул жағынан онынг томендеги созлери кута характерли:

> «Кел-кел Хожа озинге кел,
> Намартписенг, бидартписенг,
> Намарть болсанг жлап откил,
> Сен-де елмисенг, журтпысанг?..»[1]

Жумақлап айтқанда, Кунхожа шығармалары онынг алдағы турмысқа исеними жағынан гейпара қарама-қарсылыққа ие. Гейде онынг оптимистлик пкирлери менен пессимистлик пикрлери шатасып жатады; ол минеткеш халқтынг аур турмысын дурыс корип, хеш қорқпастан озь омирининг ахырына шекем солардынг тарепинде турды, езушилерди ашкаралады, минеткеш халқ ушын бахытлы турмыс тледи, озь тусинуи бойынша гуреске шақырды. Брақ ол гейде қайғы-уайымға, умитсизликке-де тусти. Ол адил патшалар, адил патшалар орнатқан адил нзам, адил заманлар кутти, гейде «қудайдынг жардеминен-де» дамели болды.

Булар албетте XIX асир перзенти Кунхожанынг саналы хатеси-де емес, халқты кейнге тарту нийети-де емес, ал

---

1 ҚҚКИИ-нынг фонды, Қолжазба А-36, 84-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

озь даурине, сол даурдеги озь халқынынг сияси-экономикалық жағдайларына байланыслы келип шыққан кемшилиги болып есапланады.

Кунхожанынг шғармаларында гезлесетуғын гейпара пессимистлик элементлерди созь еткенде, айрым изертлеулерде шаирдынг гейпара қосықларына орынсыз пессимистлик мазмун берушиликтинг болғанлығын-да айтпай кетуге болмайды. Мсалы, Қ. Аимбетов, О. Кожуров жолдаслар шаирдынг пессимистлик характердеги қосықларынынг улгиси спатында онынг «Кун қайда», «Жайлауым» қосықларын корсетеди.[1] Аты аталып отырған қосықлардынг ҳақиқат мазмуны менен конкрет тексти бундай баҳанынг тутасыменен адил емеслигин айқын далиллеп турады. «Жайлауым» қосығынынг теренг патриотлық сезим менен ҳамь оптимистлик рухпенен жазылған шғарма екенлигин биз жоқарыда бирнеше мартебе конкрет мсалларда созь еттик. Ал, жалшылардынг аур минети, мутажлық омирин суретлейтуғын «Кун қайда?» қосығында-да пессимистлик мазмун жоқ. Қосықтынг ҳарбир куплетининг кейнинде қайталанатуғын «...Бул журистен енди бизге кун қайда?» деген қатар турмыстынг қыыншылығын айрықша атап корсету ушын риторикалық сорау усылында қолланылған болып, бул сорауды қою арқалы шаир ҳешқандай-да «енди барлығы тамам, бул дуньяда ҳешнарсе жоқ» деген пкирди айтпайды.

Кунхожанынг белгили «Неге керек?» қосығындағы:

> «Гулдей болып жайнамаса,
> Булбил болып сайрамаса,
> Қуанып ойнамаса,
> Қу омирлер неге керек?»—

деген қатарлар-да риторикалық сорау приемы менен жазылған болып, бул қатарлар шаирдынг омирди суймеуин емес, ал, бахытсыз омирге наразылығын баян етеди. Мне усы қатарлар жии-жии марҳум Н. Дауқараев тарепинен Кунхожаны пессимист шаир спатында характерлеуге себепши болған еди. Тарих илимлерининг кандидаты С. Қамаловтынг бул қатарлардан бундай жумақ шғарудынг

---

[1] Қ. Аимбетов, О. Кожуров, «Қарақалпақ адебиятынынг турлери», «Қарақалпақстан адебияты ҳамь искусствосы», № 2, 1940-жыл, 55-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

шынлыққа жатпайтуғынлығы ҳаққында айтқан пкирин[1] биз-де озь тарепимизден қуатлаймыз.

Кунхожаны орынсыз пессимист деп характерлеген пкирлер туралы бирнеше рет ескертулер жасап отырғанымыздынг себеби шаирды адил емес турде пессимист спатында баҳалаушылық браз жайылып кетти. Ал, гейпара адебиятшылар болса, оны пессимист деп атап, сол ушын адебият классиги дзиминен оширу тенденциясына-да тусти.[2] Бул, албетте, турпайы хате болып есапланады. Бундай козқарасларға шаирдынг озининг қалемине тиисли болған томендеги еки қатар қосықпенен жуап қайтару кута орынлы:

**«Менинг созим ялғаншыда мунглыдур,**
**Мунглы болса-да жуда онглыдур.[3]**

---

[1] С. Камалов, «Қарақалпақ халқынынг Хиуа ханларына қарсы XIX асирдеги халқ азатлық гуреслери», 60-бет.

[2] Х. Сеитов, «Қарақалпақ адебиятынынг мектеби Бердақтынг атрапында болды», мақала «Қзыл Қарақалпақстан» газетасы 14-май, 1948-ж. № 94 (4770).

[3] Кунхожа. Танглаулы қосықлар топламы, 1949-жыл, 47-бет.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚУНХОЖА ТВОРЧЕСТВОСЫНЫНГ КОРКЕМЛИК ХАРАКТЕРИСТИКАСЫ

Қунхожа творчествосынынг толық коркемлик характеристикасын беру озь алдына арнаулы изертлеуди талап етеди.

Сонлықтан биз Қунхожа творчествосынынг коркемлик характеристикасына қысқаша ғана турде тоқталып, шаирдынг суретлеу приемлары, шығармаларынынг коркемлеу қуралларыۥ қосық қурылысы ҳаққында енг характерли болған гейпара моментлерди ашуменен шеклеемиз.

Қунхожа творчествосынынг идеялық мазмунында болғаны сияқлы коркемлигининг барлық тарепине характерли болған енг тикарғы белги — бул айқын демократиялық, халқлық бағдар болып есапланады. Адеби творчествосынынг жамиетлик-социаллық хызметин «шаир халқтынг созин айтар» деп белгилеген, усы халқтынг созин халқтынг тлименен, тусиниклерименен баян етуди, халққа жақын идеяларды халққа жақын, халққа тусиникли формаменен баян етуди шаир озь шығармаларында тикарғы творчестволық принцип етип услайды. Шаирдынг қосықлары ушын онынг гейпара заманласларынынг, атап айтқанда феодаллық—дини бағдардағы адебияттынг уакиллерининг шығармаларына характерли болған идеясыз ғайрынақышлар, жылтырақ сулулықлар, қосық лексикасынынг халққа тусиниксизлиги сияқлы белгилер жат. Шаир ҳарбир суретлеуин, коркемлеу қуралларын халқтынг озь турмысынан, озь тусиниклеринен алады, барынша оны апуайы, айқын тусиникли етуге ҳарекет етеди. Бул жағдай онынг творчестволық принципининг халқлық характерин ғана болдырып қоймастан, сонынгменен бирге реалистлик спатын-да қу-



www.ziyouz.com kutubxonasi

шейтип турады. «Халық ушын шығармалар ози халқты билген ҳамь халқпенен жасайтуғын жазушыларда жақсы болып шығады»[1]—деп жазады Л. Н. Толстой диқанлардан шыққан С. Т. Семенов деген жазушыға. Тап усындай пкирди ол М. Горькийге-де жазған еди: «Мужиклердинг жазғанларын қарангыз,—дейди ол,—барлығы апуайы, сада, аз, ал сезимлери—коп».[2]

Кунхожанынг қайсы қосығын қарасанг-да бул критерияға толық жуап береди. Кунхожа қосықлары суретлейтуғын объектлери бойынша-да, суретлеу приемлары ҳамь тли бойынша-да халққа жақын, апуайы, брақ мазмунлы, олардынг созлери аз болса-да, сезимлери коп. Мнекей «Неге керек?» қосығынан еки мсал:

1. «...Узақтан козге туспесе,
Шамалы қатты еспесе,
Тобеси бултқа тимесе,
Асқар таулар неге керек?..»

2. «...Халққа сози жақпаса,
Дарьядай болып ақпаса,
Елди жаулардан бақпаса,
Қуры батыр неге керек?...»

Бриншн мсалда ушь қатар қосықта-ақ асқар таудынг барлық белгилери кута апуайы ҳамь кута қысқа, брақ онынг енг характерли спатларыменен жане реаль турде баян етилген. Онда барлығы: асқар таудынг бииклиги-де, онынг тобесине тиип отип турған бултлар-да, онынг ескен қатты самалы-да бар. Тағы-да қосықтағы ҳарбир созь халққа жуда тусиникли, ол созлерде баян етилген ҳарбир картина халқтынг кунде корип журген таныс суретлери. Шаир нағыз мне усындайларды танглап алған ҳамь оларды поэтикалық жақтан шебер жамлей алған.

Екинши мсалда-да усы жағдайды коремиз. Бир куплет қосықтынг ишинде ҳақиқат батырдынг спатыда-халқпенен байланыслылық, ғайратлылық, жгерлилик, уазипасы-да—елди душпаннан бағу анық, тасирли турде корсетилген.

Шаирдынг «Орақшылар» қосығынынг барлық колеми қырқ қатар. Усы қырқ қатардынг ишинде кунликшилик турмыстынг барлық картинасы, оған қоса шаирдынг ози-

---

1 «Л. Н. Толстой в воспоминаниях современников», Гослитиздат, Москва, 1955 г. Т. 1, стр. 340.

2 Бул-да сонда, стр. 237.



www.ziyouz.com kutubxonasi

нинг кунликшилерге козқарасы толық озь суретленуин тапқан. Шаир қосықта кунликшилердинг аур минетин-де, сергизданлық омирин-де, ҳуқуқсызлық жағдайын-да, туылған елге болған суюшилик сағынушылық сезимлерин ҳамь барлық нарселерден жуда болған илажсызлық кунин-де, олардынг минетининг арзанлығын-да, кемситулерден ауруған кеулин-де, ҳаттеки ислеп атырған жумысларынынг турь-спатын-да қалдырмай суретлейди. Сонынгменен бирге қырқ қатар қосықтынг ишинде:

«Аулға аман қайтқайсыз,
Балларынгды қуантқайсыз,
Душпанларды мунгайтқайсыз,
Хош аман бол орақшылар»—

деп оларға деген озининг жақсы тлегин-де билдирип улгереди. Усы торть қатардынг ишинде қанша мазмун бар ҳамь ҳарбир қатарда айтылған тлек шаирдынг суретлеп отырған адамларынынг, олардан-да басқа солардай кунликшилердинг журегин мынг толғатып журген ойлар менен созлер болып есапланады.

Шаирдынг басқа қосықлары ушын-да бул жағдай енг характерли белги болып есапланады.

Кунхожанынг бизге келип жеткен адеби мирасы— тутасыменен алғанда қысқа лирикалық қосықлардан ибарат. Олардынг ишинде «Жайлауым», «Умытпаспан», «Олим», «Арьманда» сияқлы бирқанша узақ қосықлар-да бар. Буларда шаир кобинше озь басынан откен уақиялардынг, ози жасаған, корген-билген жерлердинг толық суретлеуин береди, таза лирикалық моментлерге қоса айрым сюжетлер-де береди. Олардынг колемининг басқа қосықларменен салыстырғандағы сезилерлик дарежеде улкенлиги-де усы жағдайларға байланыслы келип шығып отырады. Мсалы: шаирдынг «Суға кетти» қосығы алпыс қатар, «Умытпаспан» қосығы бир жузь торть қатар. «Жарымадым» қосығы сексен қатар, «Жайлауым» қосығы сексен қатар, «Арьманда» қосығы сексен сегиз қатар ал «Олим» қосығы еки жузь қырқ торть қатардан ибарат. Булардан «Суға кетти» қосығы сюжетли қосық, онда шаир даслеп байлық—феодаллық қатал тартиплердинг кудалауыменен бир-брине еркин қосыла алмай еки жастынг суға кету уақиясын қысқа сюжетте суретлей келип, сонг қосыққа таза лирикалық момент—еки жастынг зары менен наразылығын киргизеди. «Умытпаспан» қосығында



www.ziyouz.com kutubxonasi

болса, шаир озининг Хиуа сапарынынг қалай болғанлығын онынг жеке детальлерн ҳамь эпизодларыменен баян етеди, солай етип бул қосықта-да лирикалық болеклерден басқа озиншелик бир сюжет бар. «Арьманда», «Жарымадым», «Жайлауда» қосықларында болса, шаир озь омирининг коп жыллық кеширмелерин баянлайды. Колеми бойынша айрықша айрымланып туратуғын «Олим» қосығын алатуғын болсақ, бул қосық-та озь дузилиси бойынша «Арьманда», «Жарымадым», «Жайлауым» қосықлары сияқлы; бул қосықта-да шаирдынг коп жыллық омирининг суретленуи, онынг устине бул кобинше майда деталь ҳамь эпизодлар келтиру арқалы-да бериледи. Тағы бир жағдай бул қосықтынг шаирдынг жаслық дауринде-де, сонг қартайған дауринде-де жазылған болимлери бар.

Мсалы қосықтағы:

**«Ата-анам олди, туысқан қалды,**
**Бул палек басыма аламат салды,**
**Агалар бул олим ақлымды алды,**
**Кейиниме тусил бул залым олим...**

**Зар жлап отырған уйимнинг иши,**
**Менинг жайым жер толгчинг муйеши,**
**Еки ул бар аға озимнен киши,**
**Не қларман енди бугин ағалар».—**

деген қатарлар шаирдынг жаслық жылларында, яғни шаир жастан «қангғырған жетим»болған жылларында жазылған болса, ал:

«Айра тустим туып-оскен елимнен,
Қартайдым, дмарым кетти белимнен,
Жрақ болып турғаным жоқ олимнен,
Бир басқа бир сауда болды яранлар».—

деген қатарлар шаирдынг ғаррылық жылларында жазылған. Мне усы турли жыллардынг қосығынынг бир жамленуи-де бул қосықтынг басқа қосықлардан адеуир колемлилигин келтирип шғарады.

Солай етип шаирдынг аты аталған қосықларында лирикалық момент пенен қоса эпикалық моментлер-де аралас келип отырады-да, лирикалық момент жетекши рольди иелейди. Бул қасиет шаирдынг басқа қосықларына-да коп тарепleme тань. Шаир суретлеген нарселерине озь қатнасын ямаса озь кеулининг жағдайын баянлап ғана қоймайды, керек жерлеринде озининг жеккорушилигин,



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғазебин яки симпатиясын, қанаатлануын, қайғысын яки қуанышын келтирип шығарған уақияларды-да сойлеп береди.

Мсалы, «Умытпаспан» қосығынынг кейни:

«...Қайтып Хиуаға келмеспен,
Созь айтты сра демеспен,
Озь еркимди ҳеш бермеспен,
Хорлықларын умытпаспан.
Хорлығы отти озиме,
Жаслар толтырды козиме...»

деген шаирдынг ызасын, кегин, ашуын, ғазепленгенлигин ҳамь басқа-да усындай сезимлерин баянлайтуғын қатарларменен тамамланады.

Шаир бреуди жек корсе тек жек корген сезимин ямаса жақсы корсе, тек жақсы корген сезимин ғана баян етуменен шекленип қалмайды, албетте онынг себеплерин-де қоса тусиндирип береди. Мсалы: «Бай баласы» қосығында шаир бай баласын жек коpушиликпенен суретлейди, шаирдынг оған деген антипатиясы ҳа деганнен-ақ козге тасланып турады. Шаирдынг оны жек коретуғынлығынынг себеби: ол менмен, жуенсиз, адамларға кемситип қарап оскен, онынг «иши толған қара пкир», арданглап, ойына келгенин ислейди, басқалардынг сезимименен есапласпайды, енг тикарғысы—бай баласынынг омири, ис—ҳарекети шаир ушын социаллық тенгсизликтинг айқын бир кориниси, шаир жрын жырлаған жарлылардынг езилуи есабынан жастан-ақ паразитлик омир суруши. Мне усы ушын оны жеркенишпенен суретлейди ҳамь оған озининг усы сезимин барынша анық баян ете алатуғын созлер, бояулар қолланады:

«Болса-дағы мурны пушық,
Мынгқ-мынгқ етип айтар қосық,
Келбетин қарасанг пасық,
Сонда-да зор бай баласы...

Болса-да еки кози соқыр,
Етсе-дағы мурны пыр-пыр,
Тойда корсенг алдында тур,
Сондай уллы бай баласы...» ҳ. т. б.

Мне усы бояулардынг астында шаирдынг бай баласына қолланған «жақсы созлери»— де терис мани берип кетеди. Мсалы:

«Сондай уллы бай баласы»

деген қатарда, болмаса:



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Астына мнип жорғаны,
Қиипти онгкей торқаны...»

деген қатарларда бул жағдай кута анық коринип тур.

Буған қарама-қарсы шаирдынг «Изимбет» қосығын алайық: қосықтынг даслепки «аяғында етиги жоқ, уйинде ҳеш жетиги жоқ» деген қатарларын оқи баслағаннан шаирдынг оған деген симпатиясын сезинемиз. Ойткени, шаирдынг жарлы Изимбеттинг аур жағдайына байланыслы аяушылық сезими, онынг ҳақ кеуиллилик мнез-хулқына болған силасық сезимименен қосылып оған деген теренг симпатияға айналады. Шаирдынг мне усы сезимининг тасирименен қосықтағы «арқасында топаны бар, жалғыз жаман шапаны бар» деген суретлеулер Изимбеттинг образындағы суйкимлиликти тағы-да кушейтип турады.

Солай етип биз шаирдынг лирикалық суретлеулерининг далилли, теренг мазмунлы, анық, откир болып келгенлигин ҳамь буған онынг коп жағдайларда лирикалық суретлеу менен эпикалық баянлауды шебер байланыстыру арқалы ерискенлигин коремиз. Шаирдынг «Сок санар», «Ешким бар», «Менинг балам», «Жетимнинг ҳақын-жеп қойма» ҳ. т. б. коплеген қосықларында-да бул жағдай айқын коринеди.

Кунхожа творчествосында дидактикалық поэзия-да белгили орын тутады.

Дидактикалық поэзия, бурыннан қарақалпақ омиринде улкен орын иелейди. Халқ озининг турмыс тажрибелерин, жас ауладқа айтажақ ақыл-насиятын усы дидактикалық поэзияда баян еткен. Барлық жағынан нағыз қосықлар сияқлы шын поэзия болмаса-да, озининг қурылыс, уйқас, ырғақ озгешеликлери бойынша поэзияға кута жақын, сонлықтан-да бирқатар адебият теоретиклери тарепинен поэзияға жатқарылып журген нақыл, мақаллар-да, қарақалпақ аузеки халқ творчествосында кута кенг таралған, мазмунлары бойынша нақыл-мақаллардынг жиынтығы спатында козге тусетуғын, брақ, оларға қарағанда қосықлық спаты жан-жақлама басым термелер-де дидактикалық поэзиянынг айқын улгиси болып есапланады. Дидактикалық поэзия—қарақалпақ аузеки халқ творчествосынынг басқа-да майда турлеринде-де, сол сияқлы эпосларда-да кута жии қолланылатуғын прием.

Гейде айрым адебиятшыларымызда конкрет талғаусыз дидактикалық поэзияны жалпыламай кемситип қарау тен-



www.ziyouz.com kutubxonasi

денциясы көринип қалып журь. Жай мораль оқудан ибарат қурғақ дидактика, албетте, мақтарлық прием емес. Брақ-та барлық дидактикалық поэзияны усы тарезиге салып олшеуге болмайды. Ҳарбир шығарманынг мазмун кушин, философиялық теренглигин конкрет есапқа алып, дореген дауринде тутқан орнименен қоса тексеру керек.

Ҳарьқандай шығарманынг идеялық мазмунын поэтикалық образ арқалы ашу енг тикарғы прием болып отырған қарақалпақ поэзиясынынг ҳазирги рауажлану басқышында айрықша аҳмиетли роль ойнамайтуғын дидактикалық поэзия Кунхожа заманындағы расми адебиятта устемлик еткен формалистлик поэзияменен салыстырғанда оғада улкен прогрессив характерге ие болған творчестволық прием еди. Ойткени ол, идеясыз қурғақ риторикаға ямаса дини мистиканы угитлеуге қурылған формалистлик поэзияға қарама-қарсы теренг мазмунлы, халққа жақсы—жаманды, турмыс тажрибелерин тусиндиретуғын поэзия болды. Тек Кунхожа творчествосындағы ғана емес, ал, жалпы қарақалпақ классик поэзиясындағы дидактикалық приемды усы тарихи козқарастан баҳалау керек. «Насият қосықпенен айтылса тиимли болады» дейди екен Кунхожа, Бердақ, Ажиниязлардынг поэтикалық традициясын озинг дауиримизде дауам еттирген қарақалпақ халқ шаиры Аяпберген Мусаев.[1] Бунда дидактикалық поэзиянынг мақсети-де, аҳмиети-де айқын баянланып тур.

Кунхожа дидактикалық поэзия приемын шебер файдалана отырып жуда коплеген афористлик (ҳикметли) пкирлер айтады, оларда шаир угит-насият береди, турмысты тусиндиреди. Қосықпенен айтылған бул афоризмлер оқушыға, тынглаушыға шыннан-да тиимли, олар кушли тасир етеди, ықшам жане мазмунлы, есте сақлауға-да, озлестирип уғынуға-да қолайлы. Кунхожа афоризмлерининг тағы бир ҳамь енг тикарғы баҳалылығы — олар турмысқа халқтынг тлеклери менен ой-пкирлерин баян етеди.

Усындай конкрет баҳалау — дидактикалық приемды Кунхожа поэзиясынынг жақсы белгилеринен бреуи етип таныстады.

Кунхожанынг творчествосында орайлық орын иелейтуғын «Неге керек?», «Елменен» қосықлары, сондай-ақ, «Басты хор айлер», «Коресенг» сияқлы қосықлары ди-

---

[1] 1956-жылғы адеби экспедиция материаллары, автордынг озь дала жазулары.



www.ziyouz.com kutubxonasi

дактикалық поэзия приемыменен жазылған.

«Елменен» қосығынан үлгилер:

«...Адамға қаст етип мийрими келмес,
Ким жаман, ким жақсы парқыны билмес,
Жласанг-да көзденг жасыны көрмес,
Патшанг жаман болса күнинг зарменен.

...Опасыз дуньяда ашылған гуллер,
Қапестеги сайрап турған булбиллер,
Дуньядағы бағу--ҳарем шаменлер,
Анынг рауиши, көрки елменен...

...Ғазине толысы алтын ақшанынг,
Ҳаули-ҳарем жане бағу-бақшанынг,
Халқты сорап турған хан ҳамь патшанынг,
Шалқығаны ғарип-қасер елменен...» ҳ. т. б.

Қосықтынг барлық мазмуны жане қурылысы усылай болып келе береди. Олар қурғақ насияттан, уаздан ибарат емес, ал турмыс тажрибелери жумақланып айтылған теренг ақыл жане қағидадан ибарат. Енг тикарғысы—қосықта шғарылған жумақ пенен айтылған ақыл турмыс шынлығына толық сайкес келеди ҳамь турмысқа деген ҳақиқат халқлық ҳамь прогрессив козқарасларды баян етеди. Дидактикалық поэзия приемы дини-феодаллық бағдардағы адебиятта-да кута жии қолланылады. Мсалы жраулар айтатуғын:

«Аллангнан буйрық келгенде,
Геуденгнен шғар ширин жан,
Омирдинг шекпей жапасын,
Откен жоқ ҳешким ялғаннан...»

Ямаса:

«Қатхуда, би мақтанса,
Қамшысынынг зоры бар,
Байбатшелер мақтанса,
Ғазинеде хоры бар,
Жарлы адам мақтанса,
Манглайынынг соры бар...»[1]

деген қосықлар бар.

Брақ булардынг сайлап алатуғын объекти, тусиндируди талап етип қоятуғын мақсетлери Кунхожанынг, бир Кунхожанынг ғана емес, жалпы халқлық демократиялық адебияттынг дидактикалық поэзиясыменен салыстыр-

---

[1] Адамлар аузынан автордынг өзи жазып алған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғанда путкиллей басқа, басқа ғана емес, тиккелей қарама-қарсы. Мсалы жоқарыда келтирилген бринши узиндиде козде тутылған мақсет—дини-мистикалық позициядан тынглаушыға олимди елеслетип шошындырып қою, барлық нарсени қудайдынг қолында деп мийге сингдиру, бул дунья—демек қудайдынг ҳамири бойынша жабир орны, ол ҳамменинг басында бар ҳамь басынан отетуғын «нзамлы» «қубылыс», оған налынудынг, оған қарсы ҳарекет етудинг зарурлиги жоқ, деп уғындырудан ибарат. Қосықта усы куплеттен кеин Мухаммед пайғамбердинг бреуге жалшы болып жаллланғанлығы, коп азап-ақырет, қыйнлық коргенлиги ҳаққында гурринг дауам ететуғынлығын айтсақ, қосықтынг дини-мистикалық, эксплуататорлық мангызы тағы-да айқынласады. Екинши узиндиде шыннан-да турмыс ҳақиқатлығы бар, брақ оны шғарушы феодал шаир устем топарлардынг кушлилигин, езушилердинг ҳалсизлигин, олардынг ҳарьқандай ҳарекети натижесиз деп атап корсету, халқ санасына сингдиру мақсетин козде тутқан. Кунхожанынг «Елменен» қосығында келтирилген узиндиден арнаулы тусиндирусиз-ақ айқын корinip турғанындай бир жағынан залым патшалардынг халқ басына салатуғын жан туршигерлик зулымлығы, екинши жағынан, халқтынг барлық омирдеги аҳмиетли орны тусиндирилип тур. Қосықтағы ҳарбир деталь, ҳарбир жумақ халқтынг кундеги корип-блип отырған ҳадиселерн менен ойлап отырған ойлары.

Кунхожа халқтынг басындағы бар жағдайды дурыс баянлай отырып, онынг адам шдамаслық характерин дурыс аша отырып, халққа озь тусинигинше нағыз адамшылық омирге жету жолын-да нусқайды:

«Халқтынг халқ болып, адам болуы,
Қаранггы тунектинг жарық болуы,
Кокрегининг шадлықларға толуы,
Талап етсе, ҳужим етсе елменен...»

Солай етип, Кунхожа творчествосында дидактикалық поэзия омир ҳаққындағы озиншелик бир поэтикалық илим ҳамь адамларды омир суруге уйрететуғын озиншелик бир поэтикалық устав.

Сонлықтан-да Кунхожанынг

«Аспанга ушарсанг болса қанатынг,
Шад боларсанг шадлы болса елатынг»,



www.ziyouz.com kutubxonasi

деген сияқлы көп ғана қосық қатарларынынг халқ нақыл-мақалларына айналып кеткенлиги толық законлы нарсе.

Кунхожанынг дидактикалық қосықларын халққа жақын ҳамь қадирли ететуғын тағы бир жақсы қасиет—олар шаирдынг қандай аур қайғылы сезимлерин, ҳаттеки тунгилулерин баян етпесин, халқлық оптимизменен бай болып келеди. Бул қасиет шаирдынг тикарғы приемларынан бреуи болған дидактикалық поэзияға ғана емес, жалпы барлық қосықларына тань қасиет. Анау я мнау қосықтағы ҳарьқандай элегиялық басламалар яки қосықтағы ара-арасында коринип қалатуғын элегиялық моментлер жии-жии оптимистлик жумақларменен алмасып турады ҳамь енг ахырында усы оптимистлик тон қосықтынг тикарғы мазмунын белгилеп кетеди. Мсалы, «Елменен» қосығын озининг перзентсизлик мунгын баян ететуғын:

«Перзентсиз муҳминге тил тигизбенглер.
Перзентсиздинг куни кешер зарменен»

деген қатарлардан баслайды. Қосықта:

«Мен жлап кимлерге налыс етермен,
Бул дуньяда бул қапести нетермен»,

деген теренг қайғылы қатарлар-да гезлеседи.

Булардынг ҳешқайсысы қосықтынг характерлеуши мотиви емес, қосықтынг характерлеуши мотиви—елменен халқпенен, онынг жақсы тлеклерименен, омирменен тығыз байланыслылық болып есапланады.

Озининг оптимистлик мазмуны бойынша шаирдынг «Басты хор айлер» қосығы айрықша кушли. Шаир бул қосығында халқ басындағы оғада аур, қаранггы тунеклик омирди онынг барлық коринислерименен суретлеп келип:

«Асману-заминди алса-да гунггирт,
Жел қуып думанды бир кун кетер булт...»—

деп жумақ жасайды.

Кунхожанынг гейпара дидактикалық қосықлары риторикалық сорау приемыменен жазылған. Шаир поэтикалық прием спатында риторикалық сорауды басқа қосықларында-да қолланады. Риторикалық сорау приемы шаирдынг қосықларына озинше бир айрықша тасирлилик, откирлик ол айтқан ақыл-насиятқа узил-кесил дурыслық бағыш-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лап турады. Мсалы «Неге керек» қосығында шаир табият қубылыслары, жамиетлик турмыс ҳаққында пкир жургизгенде оларды жақсы етуге тиисли белгилерди дзип санап келеди-де, бул белгилер болмаса, олардынг неге кереги бар, ҳеш кереги жоқ деп узил-кесил жумақ шғарып бара береди:

«Сайраған булбил болмаса,
Иши ҳауазға толмаса,
Барқулла жайнап турмаса,
Ашылған гул неге керек?..
Еки жақты тенг кормесе,
Дуры адиллик бермесе,
Халқпенен ойнап-кулмесе,
Қатқудалар неге керек?..»

Шаирдынг «Кун қайда?», «Қашан корермен?», «Болар-ма екен?» «Ким единг?», «Ким блер?», «Не болдым?» сияқлы басқа-да бирқанша қосықлары усы риторикалық сорау приемыменен жазылған.

Шаир озь созин тынглаушыға тиккелей қаратып айтады, онынгменен сырласып, мунгласып, шын журектен сойлесип, мапь, тлек-арзуларын айтысып отырады. Шаирдынг басқа бреулерге арнау характерине ие қосықларында ғана емес, ози туралы, озь басынынг қайғылары туралы жазған қосықларында-да усы тиккелей ундеу етип баян ету приемын жии-жии ушыратамыз. Бундай стиль — аузеки халқ творчествосында жуда жии қолланылатуғын приемлардан болып есапланады. Аузеки халқ творчествосынынг халққа таралу озгешелигининг ози коп жағдайда тынглаушыменен тиккелей сойлесуди талап етеди. Шаир тарепинен жазба адебиятта-да кута шебер, сондай-ақ бзингше, законлы жане орынлы қолланылған бул прием ҳақиқатында шаирдынг стилине откирлик, оқушыменен жанлы байланыс, оқушыға максималь тасирлилик бағышлап турады.

Шаирдынг қосықларында:

«...Созимди тынгла халайық,
Усы-ма бизге ылайық,
Ортаға созди салайық...»

Ямаса:

«..Қаранглар менинг жузиме,»



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ямаса:

«...Перзентсиз муҳминге тил тигизбенглер»

Ямаса:

«...Заман тар ағалар қулақ салсангыз...»
«...Жлай-жлай сорлы куни кешеди...
Не қламан енди бугин яранлар?..»

деген сияқлы қатарлар жии-жии ушырасып отырады ҳамь булар ҳарь қайсысы озинше жоқарыда айтқанымыздай-ақ шаирдынг қосықларына файдалы эффект берип турады: я кушли тасирлендиреди, яки оқушыменен байланыстырады, я оқушынынг дыққатын шаирдынг ози ушын кута аҳмиетли деген меселенинг устине айрықша жамлейди, оқушыны ойлануға мажбурлейди. Мсалы: бринши мсалда шаир халқтынг аур турмысын, ҳуқықсызлығын, физикалық қиналуы менен рухи езилуин баянлап айтып-айтып келип, «қанекей халқ, ауҳал усы, ҳал усы. усы ҳал—ауҳалға қалайынша адам конер, усы меселени шынтлап бир ақылласып корейик» деп қосықта халққа айтайын деген пкирининг туйинин туйеди, ал, екинши узиндиде шаир оқушынынг дыққатын жарлылардынг бир уакили болған озининг ҳал-ауҳалын таныстыруға аударып алып, соннан кеин избе-из баянлауға отеди. Шаир қосықта озининг жарлылық ауҳалын айтып ғана қоймастан, жарлылар жрын жырлаған шаир спатында қуғындағы ауҳалын-да айтады. Шаирдынг бул приемменен жазылған басқа қосықларынынг-да ҳарьқайсысынынг озининг конкрет мазмуны бар болғаныменен, жалпы характери усындай болып келе береди.

Қунхожа, уақияны бринши беттен биографиялық баянлау характериндеги приемды жии-жии қолланады. Бунда шаир ямаса конкрет озь коргенлерин. озь басынан откен уақияларын, озь кеулининг мунг ҳамь сырларын ямаса озиндей басқалардынг басынан откен уақияларды-да озь басынан откен уақия спатында сойлеп береди. Бул еки жағдайдынг қайсысында болмасын, баян етилген мазмун сырттан шаирдынг озь биографиясы болып корингенменен, ҳақиқатында окушыға жалпы минеткешлер массасынынг биографиясы болып тусиниледи. Буны шаир халқтынг турмысындағы енг типичный, енг улумалық ҳамь енг



www.ziyouz.com kutubxonasi

характерли спатқа ие турмыслық фактларды дурыс жамлеп, дурыс жумақ жасай алуы арқалы иске асырып отырады.

Лирикадағы автордынг жекке озь кеширмесининг тутатуғын орны ҳамь жамиетлик роли ҳаққында маркслик-ленинлик эстетиканынг улкен бир теоретиги А. В. Луначарский блай деп жазған еди:

«Жамиетлик козқарастан лириктинг уазипасы — енг ахырына шекем жекке адам болып қалудан, ози ҳамь озининг кеширмелери ҳаққында жекке озиники спатында айтудан ҳамь сол уақыттынг озинде бул кеширмелерди жамиетлик манили етуден ибарат. Кеширмелери ҳешқандай жамиетлик аҳмиетке ие болмаған лириклер улума адебияттынг есапларынан шығарып тасланады. Озининг лирикасына жекке қызғыныи путкиллей киргизбеген лирик омирсизликке ҳамь асресе лирикаға тань болған нағыз куштен айрылып қалуға душар болады»[1].

Усы критериядан баҳалайтуғын болсақ, Кунхожа қосықларындағы биографиялық, озь басынынг кеширмелерин баяи ету моментлерининг ҳақиқат лириканынг талапларына толық жуап беретуғынлығын коремиз.

Кунхожанынг биографиялық баянлау характериндеги поэтикалық приемларынынг ишинде жол очерки характериндеги қосықларды-да ушыратамыз. Буларда шаир озь басына тускен уақияларды ямаса озь козименен корген басқалардынг басындағы жағдайларды суретлей отырып, турмыстағы қарама-қарсылықларды, устем топарлардынг зулымлығын, олардынг жаузлық законлары менен тартиплерин, минет адамларынынг ҳуқуқсызлық ауҳалларын ашады. Шаирдынг атақлы «Умытпаспан», «Орақшылар», «Қашан корермен», «Болар-ма екен?» сияқлы бирқанша қосықлары усы жол очерклери опатында жазылған. «Умытпаспан» қосығында шаир избе-из турде оны басқа бақсы, шаирларменен бирге ханнынг Хиуаға қалай шақыртып, қалайынша зорлықпенен барғанлығын, жолда, ханлықтынг пайтахты Хиуа қаласында корген небир жаузлықлары менен жан туршигерлик картиналарын, ханнынг алдында қосық айтқызудынг қалайынша откерилгенлигин баянлап суретлеп береди. Усыларды суретлеу арқалы халқтынг аур турмысын, жазықсыздан аур жазалауға

[1] А. С. Пушкин в русской критике» сборник статей, Москва, 1953 г., стр. 57.



www.ziyouz.com kutubxonasi

гриптар етилуин, ханнынг дарында қурбан болуын ашып, ханнынг зорлық, адилсизлик ҳамь жыртқышлық ислерин, паразитлик омирин ҳамь дангқпаразлығын ашкаралайды. Шаир озининг «Орақшылар» қосығында-да усы Хиуа сапарынан киятырып, жол бойы кунликшилик етип журген қарақалпақ жгитлерин корип жазған. Ал, «Қашан корермен?» ,«Болар-ма екен» қосықларында шаир озининг басқаларменен бирге гриптар болған аур кунликшилик омирин, елден узақ жерлерде журип корген азапақыретлерин суретлейди.

Шаирдынг жол очерклери характерине ие бул адеби приемлары қарақалпақ классик поэзиясында жангалық еди. Даслеп Жиенде-де ушрасқан бул прием сонг Бердақтынг, Ажинияздынг, Омардынг бирқанша қосықларында-да қолланылды. Мсалы, Бердақтынг «Тары», «Упик маҳрем», Ажинияздынг «Шықты жан», «Яранлар», Омардынг «Не пайда», «Бар екен» сияқлы қосықларында усы прием бар.

Кунхожа творчествосында юмор ҳамь сатира-да улкен орын иелейди.

Бир жағынан қарағанда шаирдынг озь дауриндеги турмыстынг ҳамь тартиплердинг барлық аурманлықларын ҳамь ипласлықларын аяусыз ашкаралаған тутас творчествосын, мейли олар қандай поэтикалық приемменен жазылса-да, озине заманлас феодаллық жамиетке откир сатира деп баҳалауға болады. Н. В. Гоголь, атақлы рус драматуртлери Фонвизиннинг «Нарепте» («Недоросль»), Грибоедовтынг «Ақылдан бале» пьесалары туралы пкир жургизе келип, «Булардағы... жамиеттинг ерси тареплери устинен женгил кулу емес, ал бзинг жамиетимиздинг жаралары ҳамь аурулары...»[1] деп жазған еди.

Жамиеттеги жараларға ҳамь ауруларға реимсиз қараған уллы жазушынынг озь шғармалары-да оқушыларға оған заманлас жамиет ҳаққында тап усындай тусиник береди. Бул бойынша Гогольдинг озининг мна бир еске тусируи характерли. Ол «Оли жанлар» поэмасынынг даслепки бапларын А. С. Пушкинге оқып бергенлигин англиме ете келип: «Оқу тоқталған уақта ол мунглы дауспенен: «Япырмай, бзинг Россиямыз қандай қайғылы еди!» деди», —деп жазады.

Кунхожанынг юмор-сатираменен жазылмаған басқа

---

1 Гоголь, «О литературе» Гослитиздат, Москва, 1952 г. стр., 194.



www.ziyouz.com kutubxonasi

қосықларын-да оқып отырып, биз шаир жасаған даурдинг барлық «жаралары менен ауруларын» айқын корип, откендеги қарақалпақ турмысы «қандай қайғылы еди» деген сезимге келемиз.

Кунхожа нағыз юмор-сатира туринде жазған қосықларында юмордан коре-де сатираны кобирек қолланады. Ҳаттеки юмор туринде жазылған қосықларынынг озинде-де сатиралық зил басым болып отырады. Бул шаирдынг юмор-сатиралық қосықларынынг барлығынынг дерлик улкен социаллық мотивлерге арналғанлығынан, ал ози объект етип алған нарселерге, адамларға шаирдынг жеккорушилик ғазебининг кушлилигинен келип шығып отырады. Мсалы: шаирдынг «Туйе екенсенг» қосығы блай қарағанда таза юмор. Бул қосықты шаир ханнынг оны мазақлағысы келип берген туйесине шығарған. Тикарынан шаир ханнынг берген «сауғаты» спатында туйенинг минлерин: «коп жасаған» ғаррылығын, олимтик арықлығын, ҳеш дартке аспас соқырлық, аурулығын суретлейди. Туйенинг аса ғаррылығын корсету ушын «ханнынг жети атасын», ҳаттеки легендалық патша «Сулейманды блемисенг?» деп сорау қояды, туйенинг арықлығын, «озинг арық, арқанг жаур» деп суретлейди, онынг ҳеш дартке аспағанлығын, «тобелеп ет қлып сойсам, наспай пулы болармысанг?» — деп корсетеди. Брақ туйе туралы усылардынг барин айтып-айтып келип, шаир таяқтынг бир ушын, яғни откир ушын ханнынг озине тигизеди:

«Мадемин ханнынг бас малы» — деп жазады. Қосықтынг тутас мазмунында шаир «малға дусмалы усаған» бул туйени-ханнынг дурыслықты айтқан адамларды масқаралауынынг символы спатында жумақ шығарады, ким дурыслықты айтса, хан усылайынша хорлап, мазақлайды демекши болады шаир. Қосықта тағы-да мнандай куплет бар:

«Патшалық жол буннан қалған,
Қусты жинап зауал салған,
Жер жузине патша болған,
Сулейманды блермисенг?»

Бул қатарлар оқушыға ауел-ахырында патшалардынг еткен иси халқты хорлау, зорлық, жауызлық, талаушылық болды, сол патша ханлардынг бреуи болған Хиуа ханларынынг иси-де усындай деген тусиник берип турады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Солай етип шаирдынг таза юмор болып коринетуғын туйе ҳаққындағы қосығы, суретлеуде ҳазиллик тоннынг улкен орын иелегенлиги болмаса, Хиуа ханларынынг зулымлығын ашкаралайтуғын кушли сатира болып шыққанлығын коремиз.

Шаирдынг «Арба» типиндеги қосығын юмор деп қарауға болады. Шаир бул қосығында халқтынг мутажын жонлеп қанаатландыра алмайтуғын арбанынг устинен куледи, оны «огиздинг мойнын талдырасанг, ырғатылып жолды алып, жолды-да булдиресенг, дгиршегинг дрилдеп, май жақпаса уай-уайлайсанг, сынсанг жолда қаласанг, ҳаслынг ағаш» деп суретлейди. Егерде қосыққа теренгирек унгилип қарасанг, кулкининг астында шаирдынг улкен қиналуы, халқтынг мутажын питкерерлик арбадан жақсырақ дасkенинг жоқлығына куйинуи жатырған сияқлы. Усы қосықты оқып отырғанда тағы бир ойландырып, шамалау пайда ететуғын мнандай қатарларды ушыратасанг:

«Огиз жексе зорға журген...»
«Огиз қоспай айналмайсанг...»
«Озинг блип қозғалмайсанг...»

Ҳақиқатында-да бул қатарларды оқып отырып шаир бул қатарлар арқалы сол уақта қарақалпақ турмысында жоқ болса-да басқа орайлық жерлерде орын алған поезд, пароход сияқлы коликсиз «ози журетуғын» транспорт қуралларын козде тутпадыма екен деген шамалауға келесенг. Кунхожанынг басқа жерлерде пароходты, поезды коре алуы, енг болмаса есите алуы мумкин жағдай еди. Ойткени ол қарақалпақ жеринен сыртта-да коп жерлерде болған.

Кунхожанынг «Сок санар», «Бай баласы» сияқлы қосықлары откир сатиранынг улгилери болып есапланады.

Атақлы рус сатириги М. Э. Салтыков-Щедрин блай деп жазған еди: «Сатира ҳақиқаттан-да сатира болып, озь мақсетине жету ушын, ол, бриншиден, доретушининг қайсы идеядан рухланғанлығын оқушыға уғындыра блуи керек, ал, екиншиден, ол заҳарининг неге қарсы қаратылғанын толық ҳамь анық турде блуи керек»[1].

«Бай баласы» қосығында Кунхожа турмыстағы социаллық тенгсизликтинг бир кориниси спатында бай ба-

[1] Салтыков-Щедрин «О литературе», Москва ,1952 г., стр. 408.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ласының ҳешнарсе менен шекленбеген өмирин суретлеуди мақсет етип қояды: бай баласының қандай кемиси болса-да блинбейди, оның басқада болғанда бақырайып туратуғын ҳәмь феодалистлик жамиетте кемситилетуғын ҳешқандай мни коринбейди. Ол «жаман болса-да жақсыдай», «аяғы қисық болса-да дузу санли», «пасық болса-да зор», ойына не келсе соны ислейди, оған тақ дейтуғын адам жоқ, болыс-та соның жлауында, порқан-да соның жлауында журеди. Булардың барин шаир озь созининг «заҳарин неге қарсы қаратқанлығын», кимнинг тарепин алып отырғанлығын (яғни Щедрин созименен айтқанда «қайсы идеядан рухланғанлығын») айқын корсете отырып баянлайды. «Сок санар» қосығында шаир дуньяхор, пейли тар сутхор, смилтир байдың образын жасайды. Қосықтың атынан баслап-ақ сутхордың характери, айқын коринип тур. Ол ҳаттеки кута усақ сокти-де санайды, ол бар болса-да жоқтан жаман, ксиге қайыр ету дегенингди билмейди, ҳешкимге қарыз-да бермейди, барын жоқ деп мынг рет антхорлық етуден-де тайынбайды.

«Сонша малынг бар қорада,
Туйенг жайылар сорада,
Коп данинг бар урада...
Анау қойынг орис-орис,
Сырынг журь грес-грес,
Туйе деген ол бир ырыс...
Анау атларынг уйирде,
Қос огизлеринг егинде...»

Кунхожа дуньяпаразлардың бир уакили арқалы олардың образын аша отырып, тек ашкаралауменен шекленип қалмайды. оған деген жек корушилик сезимин-де ашық баян етеди.

Кунхожаның «Жау торғай», «Азулы» типиндеги қосықлары тымсал менен лириканың озиншелик бир шебер араласпасы спатында козге туседи. Бул қосықларда шаир жау торғай ҳамь азулылар арқалы бир жағынан минеткеш халқтынг жауз душпанларын тымсаллап корсете отырып, усы ҳайуанатларға тань болған жаман қасиетлер арқалы езуши класс уакиллерининг халққа ететуғын жабирлерининг ҳарь турли тареплерин ашкаралайды, екинши жағынан, шаир усы тымсаллаудынг жардемименен ашқаралаған адамларына ҳақиқат лирикалық приемменен озининг ызалану ҳамь жеккорушилик сезимлерин ашық баян етеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кунхожанынг езуши класс уакиллерин азулы, жау торғай туринде тымсаллап берген бундай қосықларын толық тымсал приемыменен жазылған шығармаларменен, мсалы бринши қарақалпақ тымсалшы шаиры Сарыбайдынг «Жарғанатпенен айтыс», «Шымшықпенен айтыс» шығармаларыменен салыстырып қарау бул қосықлардынг жоқарыда биз айтқан қасиетин тағы-да айқынырақ корсетеди.

Бундай прием, озбек классик адебиятында-да ушырасқан жағдай болды. Лирик шаирлар Мухимидинг «Шбын», «Арбанг», Зауқидынг, «Пещелер» сияқлы қосықлары тымсалшы Гулханидынг мсалларыменен салыстырғанда, бзингше, жоқарыдағыны байқау мумкин. Мсалы, Зауқидынг «Пещелер» қосығындағы адамға тынышлық бермейтуғын пещелерди суретлеу арқалы сол даурдеги ипласлық, жаузлық ҳамь паразитлик турмыс кеширушилер устинен кулушилик[1] Кунхожанынг «Азулы», «Жау торғай» қосықларындағы мотив ҳамь приемлар менен жуда ғана уқсас.

Кунхожа суретлеу приемы спатында сирек-те болса пейзажды-да қолланады. Мсалы, шаирдынг «Қзыл қум», «Қара тас» сияқлы қосықлары усындай. Бундай қосықларында шаир туылып-оскен жерге болған муҳаббатын баян етеди. Бир белгилейтуғын нарсе шаир ушын туылған жердинг табияты сулу болса-да, сулу болмаса-да қадирли ҳамь суйикли; шаир туылып-оскен жерининг сулулығын айтуды емес, озининг оған болған жыллы суюшилик сезимин айтуды мақсет етип қояды, сонлықтан, ол суретлеген туылған жер табияты сулу болсын, болмасын шаирдынг оған қарата баян еткен жыллы сезимининг тасирине боленип оқушыға-да суйкимли болып коринеди. Қзыл қумнынг табияттынг сулу орны емес екенлиги белгили нарсе. Ол—тербелген егислик, шайқалған бағ бақша, қубылған гулзар мақаны емес, ал асқар қум, қақсыған шоль, тунерген думан, уйтқыған дубелей маканы. Онынг осимликлер дуньясы-да жарлы жане кориксиз болды. Кунхожа-да озининг «Қзыл қум» қосығындаҚзыл қумнынг усы барын суретлейди.

**«Басынгда сексеул, маялыш, шенггел,**
**Жынгғылынг тағы бар сенинг Қзыл қум...**
**Думанменен толып турады шетинг**
**Ургин урип, оған бурылса бетинг...» ҳ. т. б.**

---

[1] К. Раззаков «Жизнь и творчество Завки», автореферат, Ташкент, изд-во АНУзССР, стр. 4.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Брақ, усыған қарамастан, Қзыл қумнынг бул жарлылығын шаирдынг оған баян еткен бай ықласы менен муҳаббаты жауып кетип, Қзыл қум оқушынынг коз алдында кута сулу, кута суйкимли пейзаж берип турады. Шаир усы жарлы Қзыл қумға:

> **«Мунарланып коринесенг алыстан,**
> **Қрымнынг қрындай туринг Қзыл кум...»**

деп ундеу етеди.

Шаирдынг «Жайлауым» қосығында-да айқын турде берилмеген болса-да пейзажлық элементлер бар. Бунда-да шаир ози туылып-оскен жерининг бар табиятын қалай бар болса, онынг колин-де, қамысын-да, тенгизин-де, балығын-да, сусызлық, егинсизлик жағдайын-да ҳеш котермелемей суретлейди, ондағы халқтынг касибин-де, машақатлы турмысын-да корсетеди. Брақта қандай жарлы болса-да, қандай машақатлы болса-да туылып-оскен жайлауы-шаир ушын қадирли ҳамь суйкимли.

«Козиме тотия туған жайлауым» деген бирқатар қосықта-ақ шаирдынг бул сезими кута айқын, кута теренг баян етилип тур.

Шаирдынг «Ақ қамыс» деген қосығында-да пейзажлық элементлер бар. Ол қурап қалған қамысты жапрақларынынг жасылы кетип сарғышланып кеткен, су ишинде батып-шумип, желден қалтырап турған, еокен шамал белин қайыстырып турған, бри узын, бри қысқа болып шоллеп турған етип суретлейди. Брақ, булардынг барлығы шаирдынг қамыстынг бул жағдайын суретлеуде алға қойған мақсети, қосық арқалы баян еткен идеясы бойынша тикарынан пейзажлық хызметти атқармайды, ал, символикалық маниге ие. Барлық жапрағы сарғайған, су ишинде турса-да шоллеген, тамыры беркинбегенликтен ескен желменен қалтырап бугилген, ер жетпестен ғумшасы ушқан ақ қамыс арқалы шаир барлық нарсени жетистирсе-де, соған ози жалшылмаған, ҳуқуқсызлық, социаллық тенгсизликтинг себебинен аур турмыстынынг реймсиз айдауына тускен, жудеген жарлылардынг символикалық образын жасаудынг коркемлеу қуралы болып хызмет еткен.

Озининг «Менинг куним» деген қосығында болса, шаир қаранғы тунь, қар, ургин, думанды ҳамь усындай «ҳауа райынан» (бул қостырнақтағы атаманы шартли турде



www.ziyouz.com kutubxonasi

алдық — Б. И.) пайда болған озь кейпименен қосып суретлеу арқалы аур ҳамь машақатлы турмыстынг символикалық образын жасайды:

«Қаранғы кеш қайғыменен елерген,
Туршигип ҳамь менинг кеулим тунерген,
Менинг купим қаранғылық ҳамьде тунь,
Ай, жулдыз-да нур саулесин бермеген:...

Қар ушқыны урип аспан-жерлерге,
Зиянын тигизди ашық еллерге,
Қаранғылық, қара думан жане тунь,
Ашық нурын тусирмейди бизлерге...»[1]

Улума символикалық образ Кунхожанынг жии қолланатуғын приемларынынг бреуи ҳамь буны ол тек пейзаж арқалы ғана жасамайды. Мсалы, «Олген балық» қосығын алайық; бул қосықта шаир ауға тусип, желкесинен шаншқы тиип кол бойында қалашынан порсып олипатырған балықты суретлегени менен, биз қосықтан шаирдынг балықтынг усы жағдайына болған кейпин тусинбеймиз, ал, олар ҳаққында қосықта бир ауз созь болмаса-да ҳақиқат адам тағдирин, шаирдынг жарлылық, ҳуқуқсызлық турмыстынг мынглаған қурбанларынынг ауҳалына байланыслы туылған аур кейпин тусинемиз.

Кунхожа шығармалары коркемлеу қуралларына-да бай. Шаир халқтынг аузеки сойлеу тлиндеги, аузеки халқ творчествосындағы жии қолланылатуғын коркемлеу қуралларынынг байлықларын озь шығармаларында пухталықпенен файдаланған. Ози-де коплеген оригиналь коркемлеу қуралларын дореткен.

Шнында, тилдеги созлерди коркемлеу қураллары болатуғын созлер, коркемлеу қураллары болмайтуғын созлер деп болу оғада қиын, ҳаттеки орынсыз. Ҳарбир созь адеби шығарманынг ишине киргеннен кейн, турған орнына, автордынг қалай қоллануына қарай коркем шығарманынг составында белгили бир поэтикалық хызмет аткарады, коркемлеу қуралы болады. Тек ғана шаир ҳарбир созди озь орнын-да шебер файдалана блуи, ҳарбир созге поэтикалық нагрузка бере блуи керек .Кунхожа-да озь қосықларына кирген созлерди усылайынша шебер файдалану арқалы халқтынг сойлеу тлиндеги қолланылатуғын созь байлықларын, суретлейжақ ҳадисенинг, адамларынынг, уақияларынынг, образларынынг, сезим ҳамь кейплерининг

---

[1] Кунхожа, Қосықлары, 1949-жыл, 37—38-бетлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

характерине байланыслы ози жасаған созь дизбеклерин коркемлеу қуралларына айландырған. Сонлықтан-да шаирдынг қосықларына кирген ҳарбир созь олардынг турған орнына, асиресе шаир тарепинен жукленген поэтикалық уазипаға қарай коркемлеу қуралы болып есапланады. Усыған байланыслы шаир творчествосындағы барлық коркемлеу қуралларына баспа-бас таллау жасау мумкинде емес, зарурь-де емес ҳамь шаирдынг қосықларында ушырасатуғын коркемлеу қуралларынынг анау я мнау турине мсаллар келтирсек, олар тек мсаллар болып есапланады жане шаир творчествосындағы коркемлеу қуралларынынг тикарғы белгилерин ғана баян ете алады.

Бул тикарғы белгилер мналардан ибарат:

Шаир озь творчествосынынг тематикасы, идеялық мазмуны бойынша ғана емес, барлық коркемлик озгешеликлери, тли бойынша-да минеткешлер массасынынг турмысыменен тғыз байланыслы. Шаир озь шғармаларынынг барлық тематикасы менен идеяларын алғаны сияқлы, тлин-де, коркемлеу қуралларын-да халқ турмысынан, халқ тлининг бай ғазинелеринен алған, шаирдынг шғармаларынынг идеялық мазмуны сияқлы коркемлик белгилери-де халқ рухын ,айқын халқлық бағдарды корсетип турады.

Шаир улкен созь шебери спатында аузеки халқ творчествосынан файдаланған коркемлеу қуралларында болсын, халқтынг аузеки сойлеу тлиндеги актив созлерден алып файдаланған коркемлеу қуралларында ямаса ози жасаған оригиналь коркемлеу қуралларында болсын халқ турмысын максималь дарежеде дурыс жане реаль, халққа тусиникли етип аша алуды тикарғы критерия етип тутады.

Расми дини-феодаллық идеологияға ҳамь сол уақыттағы устем топарлар тарепинен қуатланған расми дини-феодаллық бағдардағы адебияттынг принциплерине қарамақарсы шаирдынг қалеген ҳарбир қосығында коринетуғын озь шғармаларынынг тикарғы тил материалы етип халқ тилининг байлықларын алуы, ҳарбир коркемлеу қуралынынг откирлиги, анықлығы, халққа тусиниклилиги ушын пухта ис алып баруы онынг творчествосынынг жоқарыдағы белгилерин анық далиллеп турады.

Шаир халқ тлиндеги идиомалық созлерди, фразеологиялық оборотларды шеберликпенен творчестволық турде файдаланады.

Мнекей, гейпара мсаллар:



www.ziyouz.com kutubxonasi

«...Акелди алдыма туйе,
**Жағылды бетиме куйе...**
...Хиуа хан келди қасыма,
Салды заулимди басыма...»

*(„Умытпаспан")*

...Танде жаны қиналады,
**Жипсиз кби байланады...**

*(„Орақшылар")*

**...Аузы қисық болса-дағы...**
Дузу санли бай баласы...
...Қол созып ушқан ғазларға...

*(„Бай баласы")*

**«...Дуньяның таттыңг дузыны...**
**Думан қаплап жер жузини...**
**Куйикпенен ағарды шаш...»**

*(„Жарымадым")*

«...Шғып дуньяға не кордим,
**Қайғы қаплады, жер болдым...**
**...Тоным диземе жетпеди,**
Жламай куним отпеди»

*(„Не болдым?")*

**«...Аспанға ушарсанг болса қанатынг,**
**Шад боларсанг шадлы болса елатынг...»**

*("Елменен")*

**«...Басына урса билмеген,**
Айтқанды еске илмеген...»

*(„Берман қара")*

**«Мен қайтып келгенше азып ҳамь тозба,**
**Аспандағы айға қолынгды созба...»**

*(„Ярым хош енди")*

Жоқарыда келтирилген коркемлеу қуралларынынг барлығы халқтынг сойлеу тлинде актив қолланылатуғын созь дизбеклери. Олар анау я мнау ҳадисенинг характерин ықшам, кута коркем ҳамь айқын баян етеди, халқтынг тлинде беккем қалиплесип кеткен созь дизбеклери болғанлықтан олар халққа жуда тусиникли-де. Мне усындай созлерди тауып алып ҳамь қосыққа киргизип, орынлы турде поэтикалық нагрузқа бергенликтен, олар шғармада максималь коркемликти болдырып тур ҳамь озлери суретлейтуғын тусиниклерди, ҳадиселерди максималь дарежеде айқын тусиндирип турады. Булардынг базы бреулерин шаир халқ тлиндегини улгисинен азын-аулақ озгертип-те файдаланған. Мсалы: «Аузы қисық болса-да байдынг улы сойлесин» деген халқ нақылын шаир тағы-да кенгейтингки-



www.ziyouz.com kutubxonasi

реп қолланады, ал «Қус қанатыменен ушып, қуйрығыменен қонады» деген халқ нақылын «Аспанға ушарсанг болса қанатынг» деп озгертип қолланады.

Кунхожа творчествосындағы коркемлеу қуралларынынг тағы бир жақсы жағы-онда милли колорит, коркемлеу қуралларынынг халқтынг турмысыменен тығыз байланыслығы айқын козге тасланып турады.

Буған-да гейпара мсаллар:

1. «Залымнынг ушқыны кимнинг ушқыны,
Қоксингнен арьманда шаншур шанышқыны...»
*(„Олим")*

2. «...Қара берман қамыс сен-де,
Қурама су ишинде,
Сендей болып турман мен-де...
Кок тайғақтынг устинде»
*(„Ақ қамыс")*

3. «Сарқырап суы ақпаса,
Еккен егинлер қанбаса,
Уақтында тасып-тынбаса,
Аққан сулар неге керек?»
*(„Неге керек")*

Жоқарыда келтирилген бринши ҳамь екинши узиндилерде қарақалпақ халқынынг тенгиз жағалап кун кеширген омирине, балықшылық касибине байланыслы колорит айқын коринип тур. Ал, ушинши мсалда шаир судынг қуның белгилегенде бир жағынан егинди қандырып, екинши жағынан онынг уақтында тасып, уақтында тнуын критерия етип услайды. Блайынша суретлеу, созсиз, қарақалпақ халқынынг откен даурде судынг бресе жеткиликсиз болып, бресе басып кетип корген азабынынг тасирименен келип шығып отыр.

Кунхожанынг қосықларында булардан-да басқа коп ғана оригиналь коркемлеу қураллары ушырасады. Олар қарақалпақ классик поэзиясында бринши мартебе Кунхожа тарепинен файдаланылған ҳамь оннан сонгғы қарақалпақ шаирлары тарепинен-де кенг қолланылған. Мсалы, «Ушь ағаш»—қарақалпақ классик поэзиясында Кунхожанынг «Умытпаспан» қосығынан баслап дардынг тенгеуи болып қалды;

«...Ушь ағаш тур кенг майданда,
Орналасып қзыл қанға...
Бул дар еди коринген...»—
*(„Кунхожа, Умытпаспан")*



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул теңгеу соңғы уақытларда басқа шаирлар тарепинен кута жии қолланылды. Мсалы:

«Хиуа ханнан келди быйл Жанибек,
Ушь ағашын қурды, салық ондирмек,
Адамды асуға болды қол комек,
Қошымның хорлығын айтпасам болмас»—

деп жазды Омар шаир «Айтпасам болмас» деген қосы ғында.[1]

«...Ерназар дарьядай тасты,
Ушь ағаш қурып кси асты,
Арзы қосқа адам қосты...»—

деп жазды Бердақ шаир «Болған емес» деген қосығында.[2]

**«Жаз» ҳамь «жайнап-жаснар кун»** —жақсы тлектинг кориниси спатында Кунхожа шығармаларында жии-жии қолланылады. Буған қарама-қарсы шаир жаман турмысты, қйыншылықты, қаранғы тунек, қыс ҳамь гузекке теңгеп корсетеди.

Мсалы:

**«Жаз кунлерим болды гузек»**—

дейди шаир Хиуа ханы шақырып қосық айттырғанда корген аур қсымын баян етип, ал, халқтынг аур турмысын суретлей келип, жақсы турмыс ҳаққындағы арзу-арьманың-да жазғы кундей кулип-жайнауға байланыстырады;

«Жадырап жазы болмаса...
Кундей кулип-жайнамаса,
Қу омирлер неге керек?»..

*(„Неге керек?")*

Ал, «Бай баласы» қосығында бай баласының қызларға беретуғын ызасын:

**«Салқынын тусирип жазларға»**

«Кун қайда» қосығында:

«Не жананлар байы олип қалды тул,
Енди буған жайнап-жаснар кун қайда?»[3]
«Жол тап, жан шрағым, сынбасын сақтынг,
Жайнап-жаснап туратуғын кун қайда?»[4]

---

[1] «Адеби альманах», бринши ктап, 1938-жыл, 64-бет.
[2] Бердақ «Толық жинақ», 1940-жыл. 182-бет.
[3] «Адеби альманах» бринши ктап, 1938-жыл, 62-бет.
[4] Бул-да сонда, 63-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

дейди шаир бирге бастан откерипатырған кунликшилик аур турмысын избе-из баян етип қасындағы жолдасына. Бул еки жағдайда-да «жайнап-жаснаған кун»—шаирдынг бахытлы турмыс ҳаққындағы идеалынынг турақлы тенгеуи болып козге туседи.

Кунхожанынг бул «жаз», «жайнап-жаснаған кун», «қыс», «гуз» тенгеулери-де қарақалпақ классик шаирлары тарепинен жуда жии-жии файдаланылды. Буған бир Бердақ шаирдынг озинен бирнеше мсал келтируге болады:

«...Я болмаса гуз келер-ме?
Я болмаса қыс келер-ме?
Жайма шуақ жаз келер-ме?..
...Сауда тустилер басыма,
Жайнап-жаснар кун болмады...
...Шалқып айтар заманы жоқ,
Жайнап-жаснар кун болмады...»

*(„Болмады")*

«...Жаз кунлери қыстай болып коринди»

*(„Коринди")*

Жазды жақсы турмыстынг тенгеуи спатында Бердақтынг «Халққа қадирлидур созим» деген қосығында-да ушаратамыз.

«...Жазым суыққа айналып,
Қысқа донди гузимменинг»

Жазды-халқ алдан куткен бахытлы куннинг тенгеуи спатында Отеш шаир-да кута жии қолланады.

«...Коп узамас, қыс кетер, яз келер...
Тезлемесе тезден журмегинг дарькар...
Жайна қанат қағып гулленип жаздай...»
«Сегизден келип тоғызға,
Журдим йошып келсем жазға...»
«Заман келсе бахыт келер қызларға,
Қыс кунлери айналады язларға...»

«Жайнап-жаснаған кун»—Ажинияз Қосыбай улынынг қосықларында-да бар.

«Сорлы пухара халққа,
Қол созып барьҳа жарыққа,
Конбей бирнеше салыққа,
Жайнап-жаснар заман керек».



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ал, Ажинияз «жаз» ды —баоқашарақ оттенкаменен де қолланады, бари-бир ол унамлы образ берип турады.

«Ышқы эмистаным мисли жаз етип,
Журисин мсалы ғубба ғаз етип...»

Кунхожаның «ушь ағаш», «жаз», оның қарама-қарсысы «қыс» сияқлы коркемлеу қураллары ҳазирги заман қарақалпақ совет халқ шаирларының творчествосына-да откенлигин коремиз. Мсалы, қарақалпақ совет халқ шаиры Садық Нурымбетов Қарақалпақстанның 20 жыллығына арнап жазған бир қосығында, қарақалпақ халқының откендеги омири туралы айта келип:

«Қаҳарли қыс кби, заманлар откен
Қайғыдан сарғайып адамлар откен..»
«Ушь ағашын қурып Хиуа ханлары,
Ҳайуандай жумсалып адам баллары...»[1]

деп жазады.

Барлық шаирларда болатуғыны сияқлы Кунхожа шығармаларында-да енг коп ушырасатуғын коркемлеу қураллары—алдыменен, тенгеу ҳамь эпитетлер болып есапланады.

Шаир тенгеулерди-де, эпитетлерди-де озининг класслық козқарасына, анау я мнау социаллық топарларға болған озининг симпатиясына яки антипатиясына бағындырып танглайды жане қолланады. Мсалы устем топарларды ашкаралауда олардынг зулымлығын, жаузлығын, ипласлығын ашатуғын, оларға деген озининг жеккорушилик жане ғазеп сезимлерин баян ететуғын сатиралық коркемлеу қуралларын, ал минеткеш халқтынг уакиллерин суретлегенде олардынг аур турмысын, жақсы адамгершилик мнезлерин аша алатуғын, оларға деген озининг аяушылық, тлеклеслик сезимлерин баян ете алатуғын тенгеулер менен эпитетлерди танглайды. Шаирдынг басқа-да коркемлеу қуралларын пайдаланудағы принциплери-де усындай.

Томендеги мсалларға кеул аударайық:

«...Халқынгды сораса залым патшалар,
Қассап янглы кунинг кешер дарменен...»
«...Менинг куним жақтылығын оширди,
Жлан сорып сау денемди исирди...»

---

[1] Н. Дауқараев, рукопись, том 9, фонд ҚҚНИИ стр. 11.



www.ziyouz.com kutubxonasi

«...Қан қалмай сарғайып қзыл жузинде...»
«...Қанлы жас қаплаған еки козинде...»
«...Жетим болып шарға болған бойлары,
Артық ҳаммелерден ақыл-ойлары...» ҳ. т. б.

Келтирилген мсалларда шаир патшаларға, устем топардынг басқа-да уакиллерине «залым», «қассап янглы», «жлан сорып» сияқлы эпитет, тенгеу, метафораларды қолланса, минеткеш класстынг уакиллерине, шаирдынг оларға деген жақсы козқарасын баян ететуғын эпитетлер қолланып отыр. Улума шаир халқ деп езилген минеткешлер массасын айтады-да, ҳартурли звенодағы эксплуататорларды англату ушын турақлы турде «душпан», «қан ишер», «жлан-шаян», «жаллат», «қассап», «азулы», «жау торғай» сияқлы созлерди қолланады. Бул коркемлеу қураллары Кунхожадан сонгғы қарақалпақ классик шаирлары, асиресе Бердақ ҳамь Омар шаирлар тарепинен жии қолланылды.

Кунхожанынг шығармаларында коркемлеу қуралларынынг қалеген турине, ҳаттеки тенгеулерге қарағанда-да эпитетлер айрықша коп гезлеседи. Булардынг ишинде «қзыл», «қара», сияқлы турақлы эпитетлер-де, сондай-ақ ҳарбир конкрет жағдайға қолланылатуғын эпитетлер-де бар болып, сонгғысы тикарғы орынды иелейди.

Бундай эпитетлердинг қурылыслары-да, жасау жолларыда турли-турли.

1. Жайылған байлардынг сансыз қойлары...
2. Ҳақиқат жайлауым болмады менинг...
3. ...Хиуа ханнан адам келди,
Қайыстырды мықлы белди...

4. Келдик атақлы қалаға...
5. Қолларында откир пшақ,
Жаллатларын умытпаспан...
6. Кми-жаман, кми-жақсы...

7. Қотыр туйе байрақ берди...
8. Полат орағы қолында...
9. Асқар қумлардан оте алмай...
10. Жапрағынг жасыл емес...
Бойларынг-да биртенг емес...
11. Арьманлы адамнынг ренгки жоқ болар,
Арьмансыз қуп-қуыақ ҳамь-де шоқ болар.

Бул эпитетлер ҳарбир конкрет жағдайды баянлау ушын шаир тарепинен жуда орынлы танглап алынуменен



www.ziyouz.com kutubxonasi

бирге, копшилиги ҳақиқат жайлауым, атақлы қалаға, полат орақ, асқар қум, жасыл емес, бойлары бир тенг емес жапрақ, ренгки жоқ, арьманлы адам, қуп-қунақ, шоқ, арьмансыз адам шаирдынг таньҳа озь бақлауларынынг жемиси болып дореген.

Шаирдынг қосықларында бирнеше созлерден жасалатуғын эпитетлер, қатар келетуғын қурамалы эпитетлер-де улкен орын тутады, ал, гейпара қосықларында тутас қатарлар қурамалы эпитетлер болып келеди:

1. Ойнап қатар оскен, қалынг жайлауым...
2. Тенгизлерде ауқат еткен, жайлауым...
3. Арьманменен қайғыда откен жайлауым...
4. Козиме тотия туған жайлауым...

5. Туйе болсанг малдан озған,
Бура корсенг арқанг қозған,
Шилле-шилле козинг тозған...
6. Қуртлар жеген, қатпа бауыр,
Озинг арық арқанг жауыр...
7. Оспей-шықпай қалған жунинг,
Ози жасық арық етинг,
Ҳарам олип дузде конинг,
Қалатуғын туйе екенсенг.

Жоқарыда келтирилген бринши, алтыншы мсалларда бир созден ҳамь оннан коп созлерден-де жасалған эпитетлер қатар келип тур, екинши, ушинши, тортинши мсалларда бир эпитеттинг ози бирнеше созлерден жасалып тур, ал бесинши, жетинши мсалларда тутас қатарлар эпитет хызметин атқарып, ҳарь куплет қосықтынг кейниндеги тортинши қатарды спатлап тур.

Кунхожа шғармаларындағы тенгеулер-де жалпы қарақалпақ поэзиясында жии ушырасатуғын улгиде «тай-тей», лай-дей» сияқлы жалғауларднынг, «кби», «янглы» сияқлы созлердинг жардемименен жасалады.

«...Мажнун кби арьманда откен жайлауым...»
«...Мақтымқулы мағриптей алдынгды болжа...»
«...Ашлық болып гулдей солды...»
«...Қрымнынг қрындай коркинг Қзыл қум...»

«...Онг қолын турип суғынған
Жаллат кби берман қара...»
«...Бизлердей болмағай қзынг ҳамь улынг...»
«...Тилсиздей телмирип телбезер болдым...»

«...Қус туткендей тилким-тилким етлери
Азапта шға алмай журген шопанлар...»



www.ziyouz.com kutubxonasi

«...Саурысын корсенг қалақтай,
Окпеси искен талақтай;
Сути таудағы булақтай.
Реим аға бир ешким бар...»
«Аға сырдай бир ешким бар...
Жалғыз болса-да мынгдай маған...» ҳ. т. б.

Шаир гейпара тенгеулерди жоқарыда келтирген адеттеги жалғау созлерден басқа созлерди қоллану арқалы болмаса жадғаусыз-ақ жасайды. Мсалы: «Алмас болып ҳамь кесесенг» деген қатардағы «алмас болып» деген созь ҳақиқатында «алмастай» деген манини англатып тур ҳамь озининг грамматикалық мазмуны жағынан-да, поэтикалық нагрузкасы жағынан-да нағыз тенгеу болып тур. Тағы бир мсал:

«Қорсет қудай бар болсангыз карамат,
Сенде бир лайлисенг козге корннбес...»

деген қатардағы «лайлисенг» деген созь формасы жағынан метафорадай болып турғанымене. «лайлидейсенг» деген манисти англатып, тенгеу болып тур. Ҳақиқатында тенгеу менен метафора кута жақын, гейпара адебият теоретиклери айтқандай-ақ «метафора-қысқартылған тенгеу»[1] болып есапланады. Соған қарамастанда «лайлисенг» деген созди тенгеу деп атау дурыс болады.

Кунхожа метафораларды-да жии қолланады. Шаирдынг метафоралары-да онынг эпитет, тенгеулери сияқлы ози характерлеген ҳадисени, затты, кейпти ҳамь тағы басқаларды максимум дарежеде анық ҳамь халқ тусинигине жақын етип баянлап турады.

Кунхожа шығармаларындағы метафораларға мсаллар:

1. «...Адам олген жайып қушақ,
Коздинг жасы моншақ-моншақ...»
2. «...Болдым сонда жетим гожек...»
3. Аспандағы айға қолынгды созба...»

4. «...Болсанг-да сорлы жолбарыс,
Арыслан екенимди ким блер?..»
5. «...Тулпарлардан, ябылардынг озғаны,
Ажеп-таур заман болды яранлар.
6. «...Менинг ишим болды тутин,
Ишкенлерим болды иринг,
Жегенлерим болды желим...»

---

[1] Ж. Вандриес, «Язык», Москва, 1937 г. стр. 170.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул метафораға келтирилген мсаллардан Кунхожа шғармаларындағы тенгеу ҳамь метафоралардынг айырмашылығы-да кута айқын коринип турыпты. Адетте, тенгеуде бир нарсенинг бир нарсеге уқсаслығы, жақынлығы «сондай», «соған қусаған», «сол сияқлы» формасында тенгелип баян етилсе, метафорада «мнау дегенимиз нағыз сол» деп уқсаслық, жақынлық кесип айтылады. Мсалы, егерде бриншли мсалдағы «моншақ-моншақ», «моншақтай» екинши мсалдағы «жетим гожек»ти, алтыншы мсалдағы «тутин болды», «иринг болды», «желим болды» ларды «тутиндей болды», «ирингдей болды», «желимдей болды» деп келтирсек тенгеу болар еди, ал, ҳазирги турысында метафора болып тур. Буларды шаир тек форма ушын ғана емес, ал, айтажақ пкирин, баянлайжақ жағдайын метафоралық бояуменен тағы-да кенгейтингкирип беру ушын қолланған. Ал, алтыншы мсалдағы созь дизбеклери «ишим тутин, сыртым путин», «ишкеним иринг, женгеним желим» туринде халқ арасында кенг мани беретуғын ықшам созь дизбеги ҳамь идеома спатында қалиплесип кеткен. Бесинши мсалда Кунхожа шаирлар ҳаққында созь жургизилип, озь заманындағы дурыслықты айтқан жақсы шаирлардынг қудаланып, жағымпазлық еткен жаман шаирлардынг мартебе алып жургенлигин айтқан. Егерде мсалларға келтирилген қатарлардағы «тулпарлардынг», «ябылардынг» деген метафоралардынг орнына «тулпардай шаирлардан», «ябыдай шаирлардынг озғаны» делинсе, путкиллей ерси болар еди: шаир сонлықтан тенгеу қолланбастан, туллар менен ябынынг жуйриклиги жағынан болған парқын салыстыра отырып, жақсы шаирдынг орнына — тулпарды, жаман шаирдынг орнына — ябыны қойып, метафоралық суретлеуди қолланған. Буннан биз коркемлеу қуралынынг анау я мнау турин қолланудынг поэтикалық зарурликке тикарланғанлығын коремиз.

Кунхожа тропалардынг метаномия турлерин-де жии пайдаланды.

«...Кобейип тур арамыздан қан ишер,
Жетим жлап, ылақ манграп кун кешер...»
«...Омиримде бир ис кордим,
Оны ҳешуақ умытпаспан.
Жанга едим ҳамь гонердим,
Буны ҳешуақ умытпаспан...»
«...Сонгғы куни келди гезек,
Жаз кунлерим болды гузек...»



www.ziyouz.com kutubxonasi

«...Гулдинг шақасына булбил қондырма...
Кетсем тез келермен ярым хош енди...»
«...Алла бизди енгретти, жлатты,
Сау денемди теспей залым қанатты...
Жлай-жлай шрақларым ошеди...»

Бул келтирген узиндилерден асты сзылған қатарлар метаномиялық суретлеуулер болып есапланады.

Шаир гипербола («козден кол-дарья болып ақтылар жасым», «дарьяда сулар жоқ, ағар қзыл қан», «қзыл қум сел болып коздинг жасынан...»), литота («жетпей тапқаным жутымға»), ирония, («патшанынг сенсенг бас малы, уқсаған малға дусмалы...») ҳамь басқалар сияқлы коркемлеу қуралларын-да пайдаланған.

Шаир апуайы созлерди-ақ шебер ҳамь озь орнында қоллану арқалы-да озининг айтажақ пкирлерининг айрықша тасирлилигин болдырып отырады. Мсалы, шаир озининг киимсизлигин, тамақсызлығын, тосексизлигин ускенесизлигин, коликсизлигин жай баянлай келип:

«...Уйимде бар жаман тулып,
Тулыпқа-да жарымадым...
Атамнан қалған жунь шанаш,
Шанашқа-да жарымадым...»

деп жазады.

Бул қатарларды оқып отырып оқушы-да малдуньянынг енг қурығаны-тулып пенен шанашқа жарымаған болса, абден гедей екен деген тусиник озинен-ози туылады.

Тағы-да бир мсал: шаир «Олим» деген қосығында ашаршылықтынг ҳадден зият, шектен шыққанлығын тусиндиру ушын апуайы ғана:

«Не бир адамларынг ала алмас миман,
Ашаршылық заман болды яранлар...»

деп қоя қояды.

Кунхожа поэтикалық портрет жасаудынг айрықша шебери спатында козге туседи. Шаирдынг бир ғана «Шопанлар» қосығынынг ози оған усы баҳаны алуға право береди.

Портрет деп, адебият теориясында тикарынан «...коркем шғармада адамнынг сыртқы коринисин, онынг бет жузин, киимлерин ҳамь тағы сондайларын суретлеу»ди ай-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тады.[1] Сондай-ақ адебият теориясында гейде «геройдынг ишки портрети» деген термин-де қолланады. Буннан шғармада адамнынг характер спатларынынг жумағы, онынг ишки кеширмелер дуньясы тусиниледи.[2]

Ал .Кунхожанынг «Шопанлар» қосығында геройлардынг бет-жузи, киимлери, характер белгилери, ишки кеширмелери ғана емес олардынг ис-ҳарекетлери, барлық журис-турысы, омир суру шараяты, минетининг аур жағдайы, шегип журген машақатлары ҳамь усылардан келип шғатуғын тула бойындағы, журегиндеги барлық физикалық, моральлик характеристикасы толығыменен бериледи. Шнында, қосықта ҳаттеки суретшининг сурет арқалы корсете алуы гуман картиналардынг барлығы бар. Қосықтынг бул қасиетин қысқартып озлестирип толық туринде баян етудинг қиынлығынан ҳамь жақсы портретлик қосықтынг улгиси спатында қосықтынг текстин толық келтирген мақул деп есаплаймыз:

«Сарылып кун-тун қойдынг изинде,
Қан қалмай сарғайып қзыл жузинде,
Қанлы жас қапланып еки козинде,
Қула дузде журген мнау шопанлар,

Ийнинде жумыры салынған торға,
Меслерин арқалап қозғалып зорға,
Тослери қайқайып шға алмай қырға,
Асқар қумды аралаған шопанлар.

Шарықтан шырмалып еки аяғы,
Аур болып талдан кескен таяғы,
Аур созге ҳамь сарсылып қулағы,
Қула дузде қайғы-да журь шопанлар.

Устинде шапаны биитлери ағып,
Қанын сорып, арқасына от жағып,
Ткен крип аяғынан қан ағып,
Етиксиз тоғайда журген шопанлар.

Кмининг арқасын таяқлар тилген,
Бразынынг қолы отларға куйген,
Жасы жетпей қыпша бели бугилген,
Сансыз қой кейнинде журген шопанлар.

Ата-аналары олип жасынан,
Таз болып торағы ағып басынан,
Қзыл қум сел болып коздинг жасынан,
Жай табалмай журген мнау шопанлар.

---

[1] Л. Тимофеев и Н. Венгеров «Краткий словарь литератураведческих терминов», Учпедгиз, Москва, 1955 стр. 106.
[2] Бул-да сонда, стр. 107.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аш болса кейинне ͡ермей интлери.
Тарыққаннан тарғыл болып бетлери.
Қус туткендей тилким-тилким етлери,
Азаптан шғалмай журген шопанлар.

Жетим болып шарга болған бойлары,
Артық ҳаммелерден ақыл-ойлары,
Қайысып баққаны байдынг қойлары.
Бир ылаққа ушь жыл журген шопанлар.

Қайнаған ыссыда қумларды басып,
Аланглап козлери ақылдан сасып,
Қойы жайылғанда арқасын қасып,
Куни ушын журген ғарип шопанлар.

Беллери бугилип, козлери тнып,
Жатаалмай дем алып бир майдан жлып,
Топраққа былғанып терлери ағып,
Тосексиз далада жатқан шопанлар».

Тусиндирусиз-ақ коринип турғанындай, «Шопанлар» қосығынынг жоқары поэтикалық спаты, онынг қосық геройларынынг портретин оғада толық ҳамь реаль жасай алғанлығында ғана емес, ал усы портреттинг кута шебер жасалғанлығында, сол арқалы қосықтынг оғада жоқары коркемлилигинде.

«Коркемлик-деп жазған еди Н. Г. Чернышевский, -- ҳарбир создинг озь орнында туруынан ғана емес, онынг зарурлигинен, сонысыз мумкин емеслигинен ҳамь мумкин болғанынша создинг аз болуынан ибарат»[1] Усы айтқандай-ақ қосықта ҳарбир созь орнында ғана болуменен бирге ҳарбир созь зарули хызметти орынлап, қысқа турде кенг мазмун баянлап тур.

Кунхожанынг «Орақшылар», «Бай баласы», «Менинг балам» сияқлы қосықларында-да унамлы ҳамь унамсыз геройлардынг—шаирдынг тлеклес жане жек корген адамларынынг шебер портретлери жасалған.

Кунхожанынг қосықлары қурылыс жағынан созь еткенде алдыменен козге тусетуғын нарсе-онынг қосықларында ҳарбир созь, ҳарбир қатар еркин орналасқан, зорлап оларды тықпалау жоқ, музыкалық жане интонациялық тасирлилиги кушли болып келеди. Ҳаттеки, қарақалпақ тлин билмеген адам-да қосықлардағы интонациялық

---

[1] Н. Г. Чернышевский» «Полное собрание сочинений» том VII, стр. 452.



www.ziyouz.com kutubxonasi

жуткерликти, бай уйқасықты, ритмалық анықлықты еминеркин сезинип отырады.

Ал, шаирдынг қосықларынынг ритма, рифма қурылысларын, буын, қатар, куплет ҳамь басқа-да детальларынынг системаларын ашу арнаулы изертлеуди талап етеди. Бул тараудағы Кунхожанынг озгешелигин ашу ушын маселени тутас қарақалпақ фольклорынынг, революцияға шекемги ҳамь революциядан сонгғы қарақалпақ поэзиясынынг муғдарында алып созь ету талап етиледи. Бул уазипаны шешуди мойынға алмастан, жалпы бақлау натижесинде келген жумақ спатында-ақ албетте айтылуы керек бир нарсе: Кунхожа қосықларынынг қурылысы-усы уаққа деин революцияға шекемги қарақалпақ қосығынынг қурылысы ҳаққында айтылып журген пкирлерден[1] алле қайда кенг болып козге туседи.

Бул жағдайды корсету ушын биз Кунхожа шығармаларынынг қосық қурылысы жағынан формалық байлығын корсететуғын мсаллар келтируменен шекленемиз.

Шаирдынг енг жии қолланатуғын қосық қурылысларынан бреуи-даслепки куплети абаб, ал қалған куплетлери ааав уйқасында келетуғын 8 буынлы ямаса аралас 7 — 8 буынлы ҳамь 11 буынлы қосықлар болып есапланады. Бундай қурылыстағы қосықларда қосықтынг даслепки куплетининг бриншн ҳамь ушинши қатарлары, екинши ҳамь тортинши қатарлары озь-ара уйқасып келеди-де, қалған куплетлерде даслепки ушь қатар бир уйқасады, ал тортинши қатар болса даслепки куплетлердинг тортинши қатарыменен уйқасып бара береди.

Мсалы «Жайлауым» қосығын алайық:

1. Ата журты Туркстаннан келгели-а
Ата-бабам коныс басқан жайлауым,-б
Анадан туылғалы, есим билгели,-а
Ойнап қатар оскен, қалынг жайлауым,-б

2. Кол бойына байыр етип турақлы,-а
Мен кетермен арьманменен жрақлы,-а
Қымыс орып алтау-жетеу орақлы,-а
Терис тобе, Узын қайыр жайлауым,-б

---

[1] Қарангыз: Қ. Аимбетов «Қарақалпақ поэзиясынынг қосық қурылысы», «Жас Ленинши» газетасы, 23-август 1951-жыл, № 68 (1003); И. Сағитов «Бердақтынг творчествосы», ҚҚМБ, 1958-жыл; С. Ахметов «Қарақалпақ поэзиясынынг қосық қурылысы туралы», «Жас Ленинши» газетасы, август 1957-жыл № 67, 68, 69, 70, ҳ. т. б.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул келтирилген еки мсалдынг бриншиси-қосықтынг бринши куплети, ал, екиншиси-сонгғы куплетлеринен бреуи. Бундай қурылыстағы басқа қосықларда тек бринши куплет ғана бринши мсалда келтирилгендей уйқаста келеди-де, қалған куплетлери қанша болса-да екинши мсалдағы улгиде уйқасып бара береди. Кунхожанынг «Қаратас», «Сок санар», «Берман қара», «Ярым хош енди», «Неге керек?», «Олген балық», «Бай баласы», «Жарымадым», «Елменен», «Қзыл қум», «Туйе екенсенг», «Орақшыл-ар», «Шопанлар» сияқлы коплеген қосықлары усы aaaб уйқасыменен жазылған.

Брақта булардан «Қара тас», «Сок санар», «Ярым хош енди», «Арба», «Қзыл қум», «Неге керек?», «Шопанлар», «Бай баласы», «Олген балық» қосықларында даслепки куплеттинг абаб уйқасы сақланбайды. Қосықтынг басы

Полат орагы қолында-а
Журген талаптынг жолында-а
Атыздынг онглы-солында-а
Журь кун-туни орақшылар-б

болып басланып кете береди.

«Не болдым» қосығында-да усындай айрым шетлену бар.

Мсалы: қосықтынг даслепки куплети:

Шықтым дуньяға не кордим,
Жасап дуньяда не болдым,
Кайғы капладыы жер болдым,
Қсым болды шбын жанға.

—деп басланады. Коринип турғанындай-ақ бул куплетте басқа қосықлардынг даслепки қатарларында сақланатуғына абаб тартибининг-де, кейнги куплеттинг aaaб тартибининг-де сақланбағанлығын коремиз, яғни даслепки куплеттинг ози aaaб, ҳаттеки гааб тарибименен басланған. Ал, кейнги куплетлерде aaaб уйқасы дауам етеди.

Гейде бул беккем тартип мазмун талап еткен жерде бузылады-да. Мсалы «Умытпаспан» қосығы-да тутас алғанда aaaб (даслепки куплети абаб) уйқаста келген; қосықтынг бирқанша куплетлери уйқастынг бул тартибинен шығып яғни даслепки ушь қатардынг aaa уйқасы сақланғанменен, куплеттинг жумақлаушы тортинши қатары путкиллей озгериске ушыраған. Қосықтағы бул озгерис 13-куплеттен басланып 18-куплетке шекем, оннан кейн



www.ziyouz.com kutubxonasi

20-ншы куплеттен басланып 23-куплетке шекем дауам етеди. Бул куплетлердинг уйқас тартибин томендегише белгилеу мумкин:

13-куплет-ааав
14-куплет-аааг
15-куплет-аааг
16-куплет-аааг
17-куплет-ааад
18-куплет-аааж
19-куплет-ааае
20-куплет-аааи
21-куплет-ааак

Қосықтағы бундай уйқаслық озгерис мазмунының талап етуименен келип шыққан. Шаир турақлы турде аааб уйқасын сақлау мазмунға зиян келтиретуғын болған жерде, формаль турде ол тартипке бағынып отырмаған. Қосықтынг жалпы коркемлиги ҳамь уйқастынг мазмунға ылайық орында озгертилуи қосыққа ҳешқандайда-да сньқ келтермейди.

Кунхожаның «Ақ қамыс» қосығы бастан-аяқ абаб уйқасы менен, яғни ҳарбир куплеттинг бринши ҳамь ушинши қатарларынынг бир турли болып, ал, екинши ҳамь тортинши қатарларынынг бир турли болып уйқасып келуименен дузилген.

Жапрағынг сарғышланып-а
Коринеди козиме,-б
Қайғыменен коп қиналып,-а
Уқсатаман озиме-б.

Қосықтынг қалған куплетлери-де усылайынша дауам етип кете береди.

Шаирдынг «Менинг куним» қосығынынг уйқасы бастан-аяқ ааба уйқасы туринде, яғни ҳарбир куплеттинг бринши, екинши ҳамь тортинши қатарлары бир уйқасып келип, ушинши қатардынг уйқасқа қосылмауы туринде дузилген. Мсалы:

«Менинг куним жақтылығын кеширди,-а
Жлан сорып, сау денемди исирди,-а
Жанған отқа денем менинг дағланып,-б
Қайнатып, жайратып ҳаруақ писирди,-а»

Бул қурылыстағы 8 ямаса 11 буынлы қосықларда ҳарбир қатардағы созлер тикарынан 4+4=8 туриндеги ырғақпенен (егер сегиз буын болса), 4+4+3=11 ямаса



www.ziyouz.com kutubxonasi

6+5=11 туриндеги ырғақ пенен орналасады, гейде булар аралас-та келе береди.

Онбир буынлы қосықлардынг қосық қатарында 4+4+3=11, 6+5=11 туриндеги ырғақпенен орналасуы гейде бир қосықтынг озь ишинде-де, ҳаттеки дара куплетлер ишинде-де араласып келе береди.

Мсалы шаирдынг белгили «Кун қайда?» қосығынан томендеги еки куплетти алайық:

4 4 4 3
1. Кунн-туни /ордық пшен/, салыны.
4 4 4 3
Гуздинг куни /жидық пискен/ тарыны
4 4 4 3
Омиринше /бир тоймаған/ қарыны,
4 4 4 3
Аш-жалангаш /биз сорлыға/ кун қайда?
6 5
2. Не пайда жгитлер /жалғаншы дунья,
6 5
Алдады бизлерди/ жол салып қия
4 4 4 3
Қара басқа /бул не деген/ уақия,
4 4 4 3
Бул журистен /енди бизге/ кун қайда?

Бул жағдайды 8 буынлы қосықларда-да гезлестиремиз. Бундайда олардынг ырғақ тартиби 5+3 яки 3+2+2 туринде келеди.

Кунхожанынг гейпара қосықларын алатуғын болсақ, ҳартүрли колемдеги ырғақ тартибининг араласуынан ғана емес, ал 7—8 буынлы қосықлар менен 11 буынлы қосықлардынг араласпасынан дузилгенлигин-де коремиз. Шаирдынг «Сазан ау», «Суға кетти» сияқлы бирқанша қосықлары усындай. Мсалы: «Сазан ау» қосығынынг басы·

«Салдым сени колге апарып-8 (9),
Түсер-ме деп сазанлар-7,
Табанымды тас қопарып-8,
Қайнар-ма деп қазанлар-7»,

деп басланады-да, кейнги жағы:

«Ахыр бир кун бзинг талап келисер-11,
Сазан ауым қала ғойса артымда-11,
Ретинде жасықларым тас кесер-11 (10),
Сол уақытта гауҳар жанар алдымда-11

деген куплет пенен птеди.

Қосықлардынг бундай аралас қурылысын революция-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ға шекемги басқа шаирларда ҳеш ушыратпаймыз яки кута сирек ушыратамыз.

Озлерининг қурылысы бойынша шаирдынг «Менинг балам», «Балам олгенде» сияқлы қосықлары дыққатты айрықша озине тартады. Бул қосықлардынг қатарлары ҳеш-те музыкаға емес, тутас интонацияға бағындырылып қурылған. Бундай қосық қурылысын биз революцияға шекемги қарақалпақ шаирларынан тек Кунхожанынг озинде ғана гезлестиремиз.

Бул қосықлардынг қурылыс улгиси томендегише болып келеди.

**«...Менинг балам-4**
**Олип кетти-4**
**Дедигине жете алмай-8,**
**Омир жасын қысқа етти-8**
**Адым атып журе алмай-8**
**Балам олди-4,**
**Қайғырды журт-4**
**Жласты-3,**
**Бәурласлар-4**
**Кол сарсылып шуласты-7.**
**Балам олди-4,**
**Белим сонда қайысты-7,**
Алеп-жалеп болып-6,
Кеулим хабарды-5 ҳ. т. б.

Кунхожанынг шығармаларында терме қосық турлериде ушырасады. Бундай термелердинг улгиси мнадай:

«Бир ғош йигит туса керек,
Омир жасы узақ болсын.
Ханға, бекке созь айтпаға,
Шоқ қатере жузи болсын.
Шундақ ердинг арқасында
Бес-он аламан керек,
Заманынг жоқ заман керек,
Журтқа бир адил хан керек,
Сол дегеним болмаған сонг,
Болдым десенг ялған керек...
Ханлыққа торть нишан керек...»[1]

Улума алғанда, Кунхожа шығармаларынынг қосық қурылысы-да озининг формалық байлығыменен айрылып турады. Енг тикарғы бир нарсе—шаир ҳарбир қосық қурылысын тек формалық байлық ушын ғана ойлап таппаған ямаса қолланбаған, ал, ҳарбир қосықтынг мазмунын тусиникли жане теренг аша алуды мақсет етип козде тутқан.

[1] ҚҚКИИ-нынг фонды, қолжазба А-36, 85-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# 8. ЖУМАҚ

Кунхожа озининг барлық омири, барлық творчество-сы, барлық тлеклери жане арыманлары бойынша минет-кеш халқпенен тғыз байланысқан ҳақиқат халқ шаиры, ози жасаған даурдеги жамиетлик турмыстынг енг харак-терли шынлықларын коре алған ҳамь суретлей алған ул-кен реалист, халқтынг турмысында жане санасында туы-лып, жетилип атырған алдынгғы қатарлы идеяларды баян еткен озь заманынынг прогрессив адамы, озь творчество-сыменен халқтынг, елдинг мунгын мунглап, жрын жырла-ған жалынлы демократ жане патриот болып есапланады. Онынг творчествосынынг характерлеуши белгилери-де онынг шғармаларында жасаған заманына ылайық орын алған ҳарьқандай кемшилик яки шекленулерге қарамас-тан мне усы халқшылық, демократиялық, патриотлық мо-тивлер менен прогрессив, реалистлик бағдар болды.

Сонлықтан-да Кунхожа озининг творчествосыменен қарақалпақ классик поэзиясынынг қалиплесуине ҳамь рауажлануына, жалпы қарақалпақ халқынынг сана-се-зимининг, рухи омирининг осуине улкен улес қоса отырып, революцияға шекемги коп ғана қарақалпақ шаирлары-нынг устазы, тек қарақалпақ халқынынг ғана емес, қара-қалпақ халқына қонгсылас отырған, шаир озь творчество-сыменен хызмет еткен, ози арасында болып танылған басқа-да туысқан халқлардынг суйикли шаиры спатында болды.

Кунхожанынг халқ арасындағы шаирлық дангқын ҳамь оған деген халқтынг суйиспеншилик ҳурметин айқын корсететуғын бир қанша характерли мсаллар келтирейик: сонгғы уақытларда халқ арасынан жазып алынған Бер-дақ шғармаларынынг ишинде: «Қалынг малсыз» деп ата-



www.ziyouz.com kutubxonasi

латуғын бир қосық бар. Мазмунына қарағанда бул Бердақтынг жас жгитлик жылларында, онынг шаиршылығынынг енг даслепки басланған уақытларында жазылған. Қосықта созь етилуи бойынша Бердақ (Бердимурат) озин бир қызға шаирман деп таныстырады. Сонда қыз оған:

«Кунхожанынг созин халқым жаратты,
Ажинияздынг-да дангқын қосық таратты,
Брақ билмес едик Бердимуратты,
Булбилгоя болған жолынгда сенинг».[1]

—деген сорауды қояды. Ал, Бердақ озин абден шаир етип корсету ушын томендеги жуапты айтады:

«Токкенимде манглайдан тер,
Шарханамнан онеди зер,
Жиреншедей созге шебер
Кунхожа деп қарағайсанг»[2]

Бул келтирилген узиндилерден бир жағынан халқтынг Кунхожа созлерин жақсы блип ғана қоймастан, унатып тынглағаны, қадирлеп сақлағанлығы коринип турса, екинши жағынан Кунхожанынг атақлы қарақалпақ шаирлары тарепинен шаирлық дангқтынг жоқары критериясы етип усланғанлығы коринип тур. Бердақ Кунхожаны қарақалпақ, қазақ, қырғыз халқларынынг аузеки творчествосында халқ даналығынынг кориниси болып есапланатуғын Жиреншеменен тенг-қатар қояды, сол арқалы оны дана шаир спатында баҳалайды.

Бердақ озининг «Болмады» деген қосығында-да Жиреншени журттан озған созь шебери спатында тилге алады.

Егер Бердақтынг усы созлерин қарақалпақ совет шаиры Аяпберген Мусаевтынг белгили «Тарип» қосығындағы «Мир Алишер, Жиреншеге тақаббил, атақлы шаирлар қарақалпақта» деген қатарлар менен байланыстырсақ, Аяпбергеннинг сол атақлы шаирларынынг бреуи спатында, созсиз, ози шғармаларын суйип оқыған ҳамь суйикли устаз деп билген Кунхожаны козде тутқанлығы ап- айқын болады.

---

[1] Бердақтынг 1958-жыл Т. Абдимуратов тарепинен жиналган қосықларынан, ҚҚКИИ-нынг фонды, қолжазба, 25-бет.
[2] Бул-да сонда, 35-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Белгили қарақалпақ классик шаиры Отеш Алшынбай улы озининг «Дуньядан отти» деген қосығында Жиен жраудан берги барлық атақлы қарақалпақ шаирларынынг биографиялық ҳамь творчестволық характеристикасын берип, оларға болған халқтынг қатнасын баян еткен. Ол усы қосығында Кунхожаны, «шаирлықта сoзлери кута жоқары еди, заманынынг жағдайын дурыс корсетти» деп характерлеп, онынг олимине халқтынг қатты қайғырғанын жазады:

**«...Халқ жлады сорлы Хожа олгенде...**
**...Намазына халқ қалмай жиналды,**
**Қарақалпақ, қазағы-да қиналды,**
**Табытын шакирти қалмай айналды**
**Арьманенен Кунхожа отти дуньядан...»[1]**

Ҳақиқатында халққа усындай суйикли болған Кунхожа сонынгменен бирге ози сияқлы халққа суйикли басқа шаирлардынг улкен устазы-да болды. Асресе онынг атақлы қарақалпақ классик шаиры Бердақ Қарғабай улына устазлық роли кушли болған.

Бердақ озининг коп ғана шғармаларында Кунхожаны теренг ҳурметпенен талапшанг жане ғамхор устаз спатында тилге алады. Бердақ озинен бурынғы откен улкен шаирлардан Жиен жраудынг созлеринен-де улги алған (Отеш шаирдынг жоқарыдағы «Дуньядан отти» қосығындағы «Улги алды Жиен жраудынг созинен» деген қатарды қарангыз), Ажинияздынг-да созин еситкен, бирге журген, ал Кунхожадан тиккелей сабақ алған, шғармаларынынг кемис жерлерин онглатқан, ҳақиқат шакиртлик қатнаста болған. Бул туралы Бердақ озининг «Омирим» қосығында:

**«Белгили халққа нщаны,**
Ядымда тур ҳарь қашаны,
Қартайғанда Кунхожаны,
Корген кунлерим, кунлерим.

**Айтып созлерди тынглатып,**
**Кемис жерлерин ҳамь онглатып,**
Бир ярым ай бирге жатып,
Ҳазь етип откен кунлерим»[2]

---

[1] **Қосық**тынг тексти толық туринде жазушы А. Бегимовтынг уй **архивинде.**

[2] **Бердақ,** Танглама лы шғармалары, 1956-жыл, 18—19-бетлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—деп жазады. Сонлықтан-да адебиятшыларымыздынг Бердақтынг улкен шаир болып жетисип шығуында басқа шаирларға қарағанда-да Кунхожанынг айрықша аҳмиети болғанлығы туралы тастиқлаулары жуда адил пкир болып есапланады. Мсалы Бердақ творчествосы ҳаққындағы арнаулы изертлеуинде филология илимлерининг кандидаты И. Сағитов Бердақ творчествосынынг улкен бир дереги XVIII—XIX асир қарақалпақ классик шаирлары Жиен жрау, Ажинияз, Кунхожалардынг демократиялық, халқшыллық идеялары екенлигин кута дурыс айта келип «бул шаирлардан Бердаққа идеялық жақтан асиресе жақын турған шаир Кунхожа екенлигин корсетип кету керек»[1] деп жазады. Сонынгменен бирге И. Сағитов конкрет турде Кунхожанынг «Жарымадым», «Не болдым», «Елменен», «Неге керек?» деген қосықларынынг Бердақтынг «Омирим», «Билмедим», «Халқ ушын», «Ким айтар» деген қосықларыменен тиккелей идеялық, мазмунлық жақынлыққа ие екенлигин корсетеди.[2]

Еки улкен шаирдынг идеялық жақынлығына конкрет мсал болып хызмет ететуғын бундай шғармалардынг дзимин тағы-да толықтыру мумкин. Сондай-ақ озь творчествосыменен Кунхожа тасир тигизген ҳамь тиккелей устазлық еткен шаирлардынг дзимин-де толықтыру мумкин.

Бердақ сияқлы Отеш Алшынбай улы-да Кунхожаға шакиртлик қатнаста болған. Онынг озининг атақлы «Бердаққа жуап» қосығын Кунхожанынг тапсыруы ҳамь кенгесименен жазуы-бул еки шаир арасындағы қатнасты белгили дарежеде уллы рус жазушылары А. С. Пушкин менен Н. В. Гоголь арасындағы қатнасқа уқсатады. Ойткени, белгили болғанындай-ақ Н. В. Гоголь озининг ажайып «Ревизор» комедиясын А. С. Пушкиннинг кенгеси ҳамь берген сюжети бойынша жазған.

Тағы бир атақлы қарақалпақ шаиры Омар Сугиримбет улы-да Кунхожанынг жерлеси ҳамь рухи шакиртлеринен бреуи болды.

Омар Сугиримбет улынынг атақлы«Не пайда?» қосығы тематикасы бойынша-да, мазмуны, суретлеу приемлары бойынша-да Кунхожанынг «Кун қайда?» қосығыменен жуда жақын унлес. Шаирдынг басқа қосықларында-да Кунхожа творчествосыменен рухи жақынлық байқалады.

Омар Сугиримбет улы менен қатарлас омир сурген

---

[1] **И. Сағитов**, «Бердақтынг творчествосы», 25-бет,

[2] Бул-да сонда, 26-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аннақул шаирдынг (1860—1916 жыллары) творчествосында-да, асиресе, онынг «Кетермен», «Қазуда» сияқлы қосықларында озинен бурын откен Кунхожа ҳамь Бердақлардынг традициялары кута айқын козге туседи.

Тағы бир қзық жери—«Кок озек бойы» деген қосығына қарағанда Аннақул—Кунхожанынг жерлеси-де болған. Онынг устине қосықтынг мазмуны озининг оригиналлылығын сақлай отырып, Кунхожанынг белгили «Жайлауым» қосығынынг мазмунымен кута унлес.

Бул қосықтағы:

«Анамыздан туып камалға келген.
Тангланып жақсы ҳамь жаманды билген,
Азғана омирде дауранлар сурген,
Козиме ып-ысық Кок озек бойы...»
«...Унине бес жузь бау пшенлер орған...»
«...Он алты жасымда бузаулар баққан...»—

деген сондай апуайы, брақ сондай жыллы қатарлар Кунхожанынг «Жайлауым» қосығын ғана емес, ал, сол қосықта суретленген жерлерди, сол жерлерге болған еки шаирдынг перзентлик муҳаббатын ерксиз есинге бирге қосып тусиреди.

Улкен халқ шаиры спатында Кунхожанынг шғармалары озь дауринде халқтынг-да, халқ шаирларынынг-да суйикли ғазинелери бола отырып, усы аҳмиетименен сонгғы ауладқа-да қалды. Заманлас халқ шаирлары сияқлы сонгғы ауладтағы халқ шаирлары-да Кунхожаға улкен устаз, атақлы созь шебери спатында қатнас жасады, халқ енг баҳалы ғазине спатында онынг шғармаларын сақлады, ядлады, мапине қолланды.

✓Кунхожа шғармаларынынг басқа-да халқ мапин жырлаған шаирлардынг шғармаларыменен бирге халққа қандай рухи азық, моральлик суйеу болғанлығын, оларды халқтынг қалайынша жоқары баҳалап, қадирлеп қолланғанлығын қарақалпақ совет жазушысы М. Дарибаев озининг «Мынглардынг бри» деген повестинде жуда реаль суретлейди. Повестьтинг усы жеринен узинди келтирейик: «...Ерполат ақ таяқты дутар етип қолға алып, ушажақ кустай комланып «Кунхожа» деген намаға Кунхожа шаирдынг «Шопанлар» атлы қосығынан озининг блетуғын жерлерин айтты...

...Бул қосықтан Кунхожа усы шопанлардынг омирининг суретин, коринисин корип отырып жазғандай болып коринди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Айтайын деген ойын сулу сөзбенен қисынын келтирип, қиюлап тоқсан түрлендирип, қырқ құбылдырып, жанға жағымлы етип шығаратуғын шаирлардынг-да арьманы бар-ма екен?—деди қосықты қунығып тынглап отырған Жиемурат.

— Шаир қзыл тилдинг дарьясы-ғой... Өзининг өмири бойынша жарлылардынг өмирин, турмысын жырлаған шаирлардынг атын халқ ҳешбир умытпайды. Жиен, Кунхожа, Өтеш, Бердақ, Ажинияз, сияқлы шаирлардынг атағын қарақалпақ минеткешлери мудамы тарийплейди...»[1]

Бул келтирилген үзиндиде қарақалпақ жарлыларынынг Уллы Октябрь революциясы алдындағы аур турмысы суретленген. Буннан биз аур турмыс жағдайында жүрген жарлылардынг Кунхожа шығармаларынынг мазмунын өзь турмысларынынг суретленуи деп уғынғанлығын, минеткеш халқ жрын жырлаған шаирдынг усы өзи жыршысы болған минеткеш халқ арасындағы улкен шаирлық данггқын көремиз. Ал, Октябрь революциясынан кейин шаирдынг:

«Мен өлермен, сөзим қалар кейнимде,
Сөзим жүрер нещелердинг тлинде»

деген теренг оптимизммен айтқан пкири толығыменен иске асты. Бурын баспасөздинг жоқлығынан, үстем топарлардынг үзликсиз қудалауынан, усы үстем топарлар тарепинен халқлар арасындағы мәдени байланысқа жасалған тосқынлықтан басқа туысқан халқлар түе, өзь халқынынг арасында кенг таралу мүмкиншилигине ие болмаған Кунхожанынг творчествосы ҳәзир жылдан-жылға кенг белгили болмақта. Онынг творчествосы республикамыздынг мектеплеринде ҳәмь жоқары оқу орынларында үйренилмекте, шаирдынг бирқанша шығармалары рус, өзбек тиллерине аударылды, сондай-ақ онынг аты қарақалпақ халқынынг улкен классик шаирларынан бреуи спатында қазақ, түркмен ҳәмь басқа туысқан халқларда-да белгили.

Солай етип, Кунхожа творчествосын изертлеуден шығатуғын бир жумақ—Кунхожанынг улкен устаз ҳәмь суйикли халқ жыршысы спатындағы кем-кемнен кенг таралып атырған шаирлық данггқы болып есапланады.

Кунхожа творчествосын үйренуден шғатуғын тағы бир аҳметли жумақ—Кунхожа творчествосы улума қарақалпақ классик шаирларынынг, сондай-ақ Орта Азия халқла-

---

[1] М, Дарибаев «Шығармалары», 1958-жыл, ҚҚМБ, 33—34-бет,



www.ziyouz.com kutubxonasi

ры уллы шаирларынынг творчестволарыменен қосылып, бул халқлардынг бай маданиятын бикарлап келген откендеги буржуазиялық илимге-де, онынг ҳазирги замандағы коринислерине-де қатты соққы береди. Буржуазиялық илимнинг бундай бикарлаушылық қатнасларына қарсы Орта Азия ҳамь Қазақстаннынг алдынгғы қатарлы адамлары еле откен асирлерде-ақ кушли протест билдирип, бул халқлардынг бай маданиятқа, сонынг ишинде адебиятқа ие екенлигин айтқан еди. Бул бойынша атақлы қазақ илимпазы Чохан Уалихановтынг томендеги сози жуда характерли:

«Кошпели уру-қаумлер туралы, — деп жазған еди ол,—Европада усы кунге шекем бир надурыс тусиник бар: оларды қатал, жонь билмейтуғын, жабайы деп қарайды... Ҳақиқатында усы надан, жабайы халқлардынг кобининг жазба, аузеки адебияты бар...»[1] Орта Азия халқларынынг адеби байлықларға иелигине шек келтиру, оларды маданиятсыз спатында тусину ҳамь тусиндиру, маданияттынг барлығын айтқанда-да оған кемситип қарау тенденциясы тек Чохан Уалиханов даурине шекем ғана болып қалмастан, буржуазиялық илимде сонгғы уақытларға шекем орын алып келди. Мсалы, Милий Достаевский деген автор озининг «Россиянынг мадени ғазинеси» деген серияменен уллы Октябрь революциясынынг алдында ғана басылып шыққан ктабында блай деп жазады:

«Ол —(Хиуа сзбеклери дегени —И. Б.) тап озининг атрапындағы кошпелилер сиқлы жабайы».[2] Онынг ктабынынг 55—59-бетлеринде «Орта Азиянынг адебияты» деген арнаулы болим бар. Брақ, автор бул бойынша айрықша ҳешнарсе кормейди. Озине шекемги ҳамь озь дауриндеги буржуазиялық илими топарлар арасында қалиплескен пкирди характерлеп «...биз шғыс ҳамь цивилизация—бир-брине ҳеш уйлеспейтуғын тусиник деп ойлауға уйренип кеткенбиз...»[3]—дейди ол. Автор усы тусиникке дузету, толықтыру киргизбекши болып, Орта Азия халқлары арасында поэзия барлығын айтқанынынг озинде-де, онынг социаллық аҳмиети менен коркемлик қасиетлерин кемситип тусиндиреди.

---

[1] **Ч. Ч. Валиханов**, Сочинения, 1904 г. стр. 193.

[2] **Милий Достаевский** «Старина и быть Средней Азии» из-тво «Образование», Москва, 1917 г. стр. 17.

[3] Бул-да сонда, стр. 55.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бундай қате пикирлер Совет Шығысы халқларының откендеги маденияты туралы буржуазиялық адебият илими тарепинен ҳазирги уақта-да айтылмақта ҳамь Совет шығысының халқларына душпанлық осектинг улкен бир болеги болып хызмет етпекте.

Уллы Октябрь революциясынынг женгиси арқалы озь халқларыменен бирге жанга ҳамь ҳақиқат омирге ие болып отырған Совет шығысынынг уллы адебият уакиллерининг қатарында Кунхожа творчествосы-да буржуазиялық-реакциялық козқарасларды ҳамь душпанлық осеклерди пыт-шыт етуде улкен адеби материал болып хызмет етеди.

Жолдас Н. А. Мухитдинов шығысты изертлеушилердинг 1957-жлы июнь айында Ташкент қаласында болып откен бринши Путкилсоюзлық конференциясында блай деген еди:

«Коп асирлер дауамында Шығыстынг халқлары адамзатқа коркем созь шығармаларынынг ажайып улгилерин берди. Қтайдынг ҳамь Индиянынг, Орта Азиянынг ҳамь Закавказьенинг алдынгғы қатарлы ойшылары озь шығармаларында гуманизм, адиллик, тынышлық ҳамь дослық идеяларын котерип шықты. Бул доретпелер батыс халқларынынг енг жақсы доретпелерименен бирге жержузилик адебияттынг осуине унамлы тасир тигизип асирлер бойы жасайды»[1]. Кунхожа-да озбек Науайы, Фурқат, Муқимий, қазақ Абай, Ибраим Алтынсарин, азербайжан Мырза Фатали Ахундов, туркмен Махтымқулы ҳамь Кемине жане басқалар сияқлы усындай коркем созь шығармаларынынг ажайып улгилерин берген, оларда адамзаттынг енг жақсы идеяларын котерип шыққан улкен адебият искерлерининг бреуи болып есапланады.

А. В. Луначарский озининг бир мақаласында украин халқынынг уллы революцион-демократ шаиры Шевченконынг жамиет алдындағы кута улкен, хызметин жоқары баҳалай келип, блай деп жазған еди:

«...Брақ, ол коп нарсени жаза алмай кетти. Онынг бойындағы коп қасиетлерди заман туншықтырып таслады. Озин азапқа салды. Сойтип онынг қанатын кенг силтеп ушуына мумкиншилик бермеди.»[2]

---

[1] «Правда Востока» газетасы, 12-июнь, 1957-жыл.

[2] А. В. Луначарский, «А. М. Горький туралы», цитата «Қазақ адебиети» газетасы бойынша алынды 28-март, 1958-жыл № 13.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тап усы сиякҳлы Кунхожа-да ози жасаған қарангғы тунек заманда қанатын кенг силтей алмай, коп нарселерди дорете алмай кетти. Онынг устине шаирдынг коп ғана доретпелери феодал устем топарлар тарепинен ози сиякҳлы қатты қуғынға ушырап, бзинг дауримизге келип жете алмады.

Соған қарамастан бзинг қолымыздағы адеби мирасларынынг ози-ақ Кунхожаны адамзат маданиятынынг ғазинесине жуда баҳалы улеслер қосқан улкен шаир спатында таныта алады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ

Бети

Крису . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 3
Кунхожа—қарақалпақ классик поэзиясының корнекли уакили . 19
Кунхожа творчествосын изертлеудинг ҳазирги жағдайы . . . . 27
Кунхожаның омири ҳаққында мағлуматлар . . . . . . . . . 49
Кунхожа жасаған даурдинг тарихи-адеби характеристикасы . . 93
Кунхожа творчествосының идеялық характеристикасы . . . . 133
Кунхожа творчествосының коркемлик характеристикасы . . . 238
Жумақ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 276

www.ziyouz.com kutubxonasi

*На каракалпакском языке*

КАРАКАЛПАКСКИЙ ФИЛАЛ АНУзССР
ИНСТИТУТ ИСТОРИИ, ЯЗЫКА И ЛИТЕРАТУРЫ

(БАБАШ ИСМАИЛОВ)

# ЖИЗНЬ И ТВОРЧЕСТВО КУНХОДЖИ

www.ziyouz.com kutubxonasi

Редактор *А. Каримов*
Карап шығарған *Ж. Каипов*
Тех. редактор *Н. Сапарниязов*

* *

Теруге берилген уақты 10/Х-1960 ж.
Басуға рухсат етилген уақты 20/I-1961 ж. РК 25006
Қағаз форматы 84х108$^1/_{32}$. Колеми 17,75 баспа табақ.
14,55 шартли баспа табақ 15,0 есап баспа табақ.
Тиражы 2000. Баҳасы 65 т. муқабасы 15.

ҚАРАҚАЛПАҚ МАМЛЕКЕТ БАСПАСЫ
Нокис қаласы, Карл Маркс кошеси, 3.

* * *

ҚҚАССР МАДЕНИЯТ МИНИСТРЛИГИ
Нокис полиграфкомбинаты. Заказ 280

www.ziyouz.com kutubxonasi